# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2018

# Псалъащхьэхэр

## «Iуащхьэмахуэ» журналыр илъэс 60 ирокъу

**Шыпш Даянэ.** ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ. *Интервью*.................... 3
**Хъуэхъухэр** .................................................................................................. 15
**Елгъэр Кашиф.** Зи цIэджэгъум хуэфащэ ди «Iуащхьэмахуэ» щэджащэ. *ГукъэкIыжхэм щыщ*.................................................. 28
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Лъэпкъ литературэм и гъэунэхупIэ........................49

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*

**Гъут Iэдэм.** Къру пашэ.............................................................................. 62
**Нало Заур.** *Новеллэхэр*.................................................................... 67
**Нало Заур.** *Усэхэр*........................................................................................ 83

## Прозэ

**Мыз Ахьмэд.** Дыщэ жыг. *Повесть*........................................................ 91

## Усыгъэ

**Ацкъан Руслан.** *УсэщIэхэр*.................................................................. 125

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Европэм адыгэгур къыщоуэ............................. 139
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь................................ 156

## Культурэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Театрыр зи гъащIэ...................................... 161

## Анэдэлъхубзэ

**БищIо Борис.** Ди бзэр тхъумэжыну дыхуеймэ.................................... 163

## ЩIэблэ

**ГъукIэ-Мэремкъул Маринэ.** Жьапщэ. *Рассказ*............................ 169

Псалъэзэблэдз.................................................................................................. 174

# ЩІЫХЬ ЗЫПЫЛЪ ГЪУЭГУАНЭ

*Мы махуэхэм илъэс 60 ирокъу «Іуащхьэмахуэ» журналым и япэ къыдэкІыгъуэр дунейм къызэрытехьэрэ. Абы къикІуа гъуэгуанэмрэ нобэ и Іуэху зыІутымрэ тедгъэпсэлъыхьын мурадкІэ, дэ иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ.*

**– Ди гуапэ хъунт «Іуащхьэмахуэм» и тхыдэм кІэщІу утхутепсэлъыхьамэ. Сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэта икІи зэманым дауэ зыдиужьа журналым?**

– Дэтхэнэ лъэпкъми и зыужьыныгъэр псом япэу къызэралъытэр ар културэ и лъэныкъуэкІэ здынэсыфа лъагапІэрщ. Културэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэу щыт литературэр къапщтэмэ, ди адыгэ тхакІуэхэм зы лІы ныбжьым къриубыдэу яхузэфІэкІащ утемыукІытыхьу сыт хуэдэ утыкуми щыбгъэлъагъуэ хъуну литературэ нэс зэрагъэпэщыну. Псом хуэмыдэу дэ ехъулІэныгъэ ин дыдэхэр щызыІэрыдгъэхьащ Поэзием. ИкІи дигурэ ди щхьэрэ зэтелъу жытІэфынущ ди усакІуэ пажэхэм я тхыгъэ нэхъыфІхэр дунейпсо усыгъэм и щапхъэу ягъэлъагъуэхэм зыкІи къазэрыпимыкІуэтынур.

Адыгэ литературэр художественнэ псалъэкІэ зэІуща зы унэшхуэу уи нэгу къыщІэбгъэувэмэ, абы и лъабжьэр зыгъэтІылъахэми, и блыныр дэзыщІеяхэми, щхьэ тезылъхьэжахэми, ноби а унэр псэм и хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ зыгъэнщІхэми егъэлеяуэ фІыщІэшхуэ яхуэфащэщ. А фІыщІэм щыщ Іыхьэ, шэч хэмылъу, къылъос «Іуащхьэмахуэ» журналми. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ лъэпкъ литературэр зэфІэувэнымрэ анэдэлъхубзэм зегъэужьынымрэ хуэунэтІауэ абы зэфІигъэкІар.

Ди тхакІуэ нэхъыжь дыдэхэм къищынэмыщІа (абыхэм тхэн щыщІадзагъащІэм «Іуащхьэмахуэ» журналыр щыІакъым), мыдрейхэм япэ лъэбакъуэр щачар «Іуащхьэмахуэм» и напэкІуэцІхэрщ. «Іуащхьэмахуэрщ» ахэр гъуэгу махуэ тезыгъэувар. Ди журналыращ япэу къызытехуар КІыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, МафІэдз Сэрэбий сымэ я романхэр, ЩоджэнцІыкІу Іэдэм, КІэрэф Мухьэмэд, Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий сымэ я повестхэр, Нало Заур, Мэзыхьэ Борис сымэ я новеллэхэр, Тхьэгъэзит Зубер, Елгъэр Кашиф, Къагъырмэс Борис, КІэщт Мухьэз, Гъубжокъуэ Лиуан, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Уэрэзей Афлик сымэ я усэхэр, Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид, КхъуэІуфэ Хьэчим, ХьэкІуащэ Андрей, КІурашын БетІал, Гъут Іэдэм сымэ я литературно-критическэ тхыгъэхэр.

Илъэс 60 мэхъури, зэи зэпыу имыІауэ мазитІ къэс зэ къыдокІ «Іуащхьэмахуэр». Нобэр къыздэсым дунейм къытехьакІэщ къыдэкІыгъуэ 358-рэ. Илъэсым и кІэм ирихьэлІэу а бжыгъэр 360-рэ ирикъунущ.

Зэманым зэрызихъуэж, абы къигъэув къалэныщІэхэм елъытауэ, журналми зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтащ. А зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу щыпщІкІэ, уигу къыумыгъэкІыжынкІэ Іэмал иІэкъым ар къызытехъукІыжа «КъаруущІэ», «МакъыщІэ», «Къэбэрдей» альманаххэр. ЯпэреитІыр 30 гъэхэм къыдэкІыу щытащ. «Къэбэрдей» альмана-

хым и япэ къыдэкIыгъуэр 1945 гъэм и октябрь мазэм дунейм къытехьащ. ФIыщIэ лей яхуэфащэщ ар гъуэгу захуэ теувэным зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа тхакIуэхэу Теунэ Хьэчим, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ.

1958 гъэм дунейм къытехьащ адыгэ тхакIуэхэри тхылъеджэхэри куэд щIауэ зыщIэхъуэпс, лъэпкъым и гъащIэр – и культурэр, и литературэр, и щыIэкIэ-псэукIэр – лъэныкъуэ куэдкIэ къигъэлъэгъуэну къызыпэщылъ «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр. Абы фIэщыгъэцIэ хуэхъунури, нэхъыфI къыпхуэмыгупсысыну, япэу зигу къэкIар ЩоджэнцIыкIу Iэдэмщ. А зэманым щегъэжьауэ и теплъэкIи, и IувагъкIи, зэрытрадзэ тхылъымпIэкIи, къытехуэ тхыгъэхэмкIи зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтурэ къогъуэгурыкIуэ журналыр.

Зэманым зэрыпэджэж Iэмалхэм ящыщщ рубрикэхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ ди япэ итахэм къыхалъхьа Iуэхугъуэ щхьэпэхэм къызэрыпытщэным, зэредгъэфIэкIуэным дэри дыхущIокъу. Псалъэм папщIэ, иужьрей зэманым дэ къызэIутхащ мыпхуэдэ рубрикэщIэхэр: «Литературэ щIэныгъэ. Критикэ», «ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь», «Дунейпсо классикэ», «Адыгэ хэхэс литературэ», «Хэхэсхэм я дуней», «Ди лъэпкъ хабзэхэр», «Фантастикэ», «ЩIэблэ», «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ», нэгъуэщIхэри. Ди тхакIуэхэм я юбилейм хухаха «ЖьантIэ» рубрикэр къэдгъэнэжащ. Ауэ абыи зэхъуэкIыныгъэ хэтлъхьащ: иджы тхакIуэхэм я мызакъуэу, абы щыдогъэлъапIэ культурэм, искусствэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, медицинэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми ехъулIэныгъэшхуэхэр къыщызыхьа, пщIэрэ щIыхьрэ яхуэпщIыну зыхуэфащэ ди цIыху пэрытхэр.



Журналым и жинтым, япэхэми хуэдэу, цIыхушхуэхэм – тхакIуэхэм, усакIуэхэм, артистхэм, спортсмен цIэрыIуэхэм – я сурэтхэр тыдодзэ. Ди республикэм и щIыпIэ дахэхэм я теплъэ удэзыхьэххэр къыдэкIыгъуэ щIагъуэ къэмынэу идот. Иджы дыдэ къэдублащ адыгэ усыгъэм и фIыпIэм щыщ сатырхэр жинтым къытеддзэу. Псалъэм папщIэ, журналым и иужьрей къыдэкIыгъуэ зэкIэлъыкIуищым тетащ ди усакIуэ пажэхэу КIыщокъуэ Алим, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан сымэ я усэхэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр куэдым къыддаIыгъ.

«Iуащхьэмахуэр» къыдокI цIыхум игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр, адыгэпсэм и хъугъуэфIыгъуэхэр литературэм и IэмалхэмкIэ тхылъеджэм и деж зэрынихьэсыным хущIэкъуу. ЗэрыжаIэщи, фIыр гъунапкъэншэщ. Ди гупэр фIым хуэгъэзарэ зи дзыхь къыдэзыгъэзхэр зэрыдгъэпэжыным дыхущIэкъуу дяпэкIи ди IэнатIэм дыпэрытыну ди мурадщ.

**– Журналыр зэфIэувэным, абы и лэжьыгъэр зэтеублэным зи гуащIэ хэзылъхьа, абы щылэжьа IэщIагъэлIхэр уигу къэбгъэкIыжу я цIэ къипIуэну сыхуейт.**

– ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэшхуэ къызэпичащ «Iуащхьэмахуэ» журналым. Ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, псом япэу зи фIыщIэр абы щылэжьа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэщ. Дигу къэдгъэкIыжынщ илъэс 60-м къриубыдэу абы и редактор нэхъыщхьэу щытахэр. Ахэр Щомахуэ Амырхъан, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Тхьэгъэзит Зубер, Къэрмокъуэ Хьэмид, Шэвлокъуэ Пётр, IутIыж Борис, илъэс зыбжанэкIэ редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзэщIа Елгъэр Кашиф сымэщ. Абыхэм

куэдкІэ я фІыщІэщ журналыр зиужь зэпытурэ къызэрыгъуэгурыкІуар. А зыужьыныгъэм я гуащІэшхуэ халъхьащ зэман зэхуэмыдэхэм редакцэм щылэжьа тхакІуэхэу, усакІуэхэу, журналистхэу Шырыт Хьэтызэ, КІурашын БетІал, Мысачэ Пётр, Балъкъэр Фоусэт, Сокъур Мусэрбий, Елгъэр Кашиф, Гъубжокъуэ Лиуан, Къагъырмэс Борис, КІэщт Мухьэз, Уэрэзей Афлик, Джэрыджэ Арсен, ХьэІупщы МуІэед, Къаныкъуэ Заринэ сымэ.

Я цІэ фІыкІэ къисІуэну сыхуейщ ди журналым илъэс куэдкІэ машинисткэу щылэжьахэу ПхъэвакъащІэ Марзиданрэ Амщокъуэ ШэІибэтрэ; техническэ редакторхэу Жэмбей КІуушкІэ, Гъурыжь Мадинэ, ЛІуп Лидэ, оператор Джатокъуэ Залинэ, корректор Мэремкъул Ленэ сымэ.

Мы зэманым хьэлэлу я къалэнхэр ягъэзащІэу ди деж щолажьэ жэуап зыхь секретарь ХьэІупщы МуІэед, редакторхэу Мыкъуэжь Людмилэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ, НэщІэпыджэ Замирэ, корректор ЖьэкІэмыхъу Маринэ, оператор Джыназ Заретэ сымэ. Ахэр я гуащІэ еблэжыркъым ди журналыр зыхуей хуэзауэ и чэзум дунейм къытехьэн папщІэ.

**– Уэ узиунафэщІ нобэрей «Іуащхьэмахуэм» къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжымрэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуищІымрэ дыщыбгъэгъуэзамэ арат.**

– «Іуащхьэмахуэм» и лэжьыгъэр, псом япэу, зыхуэунэтІар цІыхупсэмрэ цІыху акъылымрэ зегъэузэщІынырщ, лъэпкъ литературэм и курыххэм тхылъеджэхэр щыгъэгъуэзэнырщ, игъащІэ лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къыдекІуэкІ лъапІэныгъэхэр хъумэнырщ, анэдэлъхубзэм зегъэужьынырщ, къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэрэ псэкІэ къулейуэ къэгъэтэджынырщ, лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэнырщ.

Журналыр литературэм и мызакъуэу, жылагъуэ гъащІэми тегъэпсыхьауэ щыщыткІэ, дэ абы къалэн къытщещІ дызыхэпсэукІ зэманым дыпэджэжыну, ди лъэпкъэгъухэм я гъащІэр лъэныкъуэ куэдкІэ къэдгъэлъэгъуэну. ЖыпІэ хъунущ абы ехьэлІауэ къытпэщыт къалэнхэр мыІейуэ къыдэхъулІэу.

Ди зэманым тхылъ къыдэгъэкІыным гугъуехьхэр пыщІащ: къэрал тхылъ тедзапІэм къыщыдэбгъэкІынумэ, илъэс зыбжанэкІэ упэплъэн е уэ езым уи ахъшэкІэ уней тхылъ тедзапІэм къыщыдэбгъэкІыжынумэ, ар къызыхэпхын мылъку уиІэн хуейщ. Мыбдеж тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр дунейм къытехьэнымкІэ, абыхэм гъуэгу ягъуэтынымкІэ сэбэпышхуэ мэхъу журналыр. ЗэрыжаІэщи, дэтхэнэ авторым дежкІи журналыр гъэунэхупІэ нэсщ. А «гъэунэхупІэм» уикІамэ, уи сыт хуэдэ Іэрытхри нэхъ тегушхуауэ тхылъ тедзапІэми щІэплъхьэ мэхъу.

Ди литературэм и гугъапІэр къытщІэхъуэ щІэблэращ. Дэ ар фІыуэ къыдгуроІуэ икІи иужь дитщ тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэр къызэретшэлІэным, я тхыгъэ нэхъыфІхэр къызэрытеддзэным. Журналыр щытыпхъэщ тхакІуэ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ, апхуэдэуи тхакІуэмрэ тхылъеджэмрэ зэпызыщІэ лъэмыж быдэу. Дэ ар зэи зыщыдгъэгъупщэркъым.

Ди лъэпкъым и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэми я литературэм, я культурэм щыгъуазэ дощІ ди щІэджыкІакІуэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, иужьрей зэманым зи тхыгъэ ди журналым къытехуахэу

Толстой Лев, Фет Афанасий, Лермонтов Михаил, Камю Альбер, Леонидзе Георгий, Отаров Керим, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, Ольмезов Мурадин, Шинкубэ Бэгърат сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэм Iэзэу кърагъэтIэсащ ди тхакIуэ пажэхэу Елгъэр Кашиф, Къэрмокъуэ Хьэмид, Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Уэрэзей Афлик, Мыз Ахьмэд сымэ. «Дунейпсо классикэ» рубрикэм щIэту зэман гъунэгъухэм ди журналым къытехуэнущ Гейне Генрих, Хемингуэй Эрнест, Петефи Шандор, Думбадзе Нодар, Хайям Омар, Хьэфиз сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сэбэп мэхъу зы лъэпкъым и культурэм адрейр щыгъэгъуэзэнымкIэ, я гупсысэкIэ, я псэм и беягъкIэ ахэр зэрыщIэнымкIэ.

Ди къэралым, ди республикэм къыщыхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм дыпэмыджэжу къанэркъым. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ тхыгъэ купщIафIэ куэд къызэрытеддзар; Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъу махуэхэр ди журналым и напэкIуэцIхэм зэрыщыдгъэлъэпIар.

Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, апхуэдэуи хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр Iэмал зэриIэкIэ журналым къытыдодзэ. «Iэмал зэриIэкIэ» щIыжытIэр абыхэм я тхыгъэу закъуэтIакъуэ фIэкIа къызэрытIэрымыхьэрщ.



Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм, Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу тхыгъэхэр идот. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм, къэрал куэдым щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм я гъащIэм, я псэукIэм ди щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ зэрытщIыным дыхущIокъу. А Iуэхугъуэхэм журналым и напэкIуэцIхэм купщIафIэу щытопсэлъыхь ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и унафэщI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, журналист НэщIэпыджэ Замирэ, лъэпкъ Iуэхум игъэпIейтей нэгъуэщI политикхэр, щIэныгъэлIхэр.
Журналыр щытыпхъэщ лъэпкъ литературэм, культурэм я зыужьыкIэр къызэрыщ гъуджэу; интеллигенцэм я гупсысэ къэIуэтапIэу; тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я псыпэм и къежьапIэу; тхэн IэщIагъэм и щэхухэм зыщыхуагъасэ еджапIэу. Дэ сыт щыгъуи дыхущIокъу ди лэжьыгъэм джэлэс хуэхъуж а IуэхугъуиплIми хуэфэщэн гулъытэ зэрахуэтщIыным.

**– Журналым апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным теухуауэ…**

– Сыт хуэдэ лъэпкъыбзэми пщIэ нэс щиIэнур, ар и къару псомкIи щылэжьэнур икIи зыщиужьынур а бзэр къэрал IуэхущIапIэхэм щызекIуэмэщ. Ауэ дэ нобэ апхуэдэ Iэмал диIэкъым. Къэнэжыр дэтхэнэ адыгэри зэхэщIыкI лъагэ диIэу Iуэхум дыбгъэдыхьэнырщ, ди бзэм, ди культурэм, ди литературэм зезыгъэужьыну Iуэхугъуэ пыухыкIахэм дытелэжьэнырщ.

Лъэпкъ прозэмрэ поэзиемрэ я курыххэр, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, адыгэ хъыбарыжьхэмрэ псалъэжьхэмрэ къытеддзэкIэрэ, ди культурэм, искусствэм, щIэныгъэм щыпашэхэм датетхыхькIэрэ, дэ яужь дитщ ди журналыр бзэ къулейкIэ «зэрыдгъэп-

сэлъэным», адыгэбзэм и беягъымрэ и IэфIагъымрэ щIэджыкIакIуэм зэрызыхедгъэщIэным.

**– XXI лIэщIыгъуэр глобализацэмрэ технологиещIэхэмрэ щIэгъэхуэбжьауэ зыщаужь зэманщ. Уэ дауэ уеплърэ, лъэпкъыр дыхэмыкIуэдэжу, ди культурэ, ди литературэ, ди хабзэ-бзыпхъэ диIэжу дыкъызэтенэнымкIэ сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр щыIэ?**

– Пэж дыдэу, щIэныгъэмрэ техникэмрэ иджы хуэдэу щIэгъэхуэбжьауэ зыщаужь зэи къэхъуакъым. ЩыгуфIыкIыпхъэ, хьэмэ иригузэвапхъэ апхуэдэ зыужьыныгъэм? Зэ еплъыгъуэкIэ, цIыхум и зэфIэкIхэм хохъуэ, абы, гугъу демыхьыщэу, зыхуей информацэ псори интернетым къыщегъуэтыф, дунейм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэми щыгъуазэ зещIыф и унэм щIэмыкIыу, сыт хуэдэ къэралми «щохьэщIэф», и нэгуи зыщрегъэужьыф. АрщхьэкIэ апхуэдэ «тыншыгъуэм» пхуэмыгъэзэкIуэжын мыхъумыщIагъэхэри кърокIуэ. Ар, псом япэу, цIыхупсэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр – цIыхугъэ, лIыгъэ, гуапагъэ, напэ, щIыхь, гущIэгъу жыхуэтIэхэр – цIыхум тIэкIу-тIэкIуурэ зэрыфIэкIуэдырщ, интернеткIэ илъагъу дуней «IэрыщIым» малъхъэдисым хуэдэу зыщIишауэ, мы дыкъэзыухъуреихь дахагъэр абы зэримылъагъужырщ, зыбгъэдэс компьютерым ещхьу, езыри хуэмхуэмурэ псэншэ зэрыхъурщ.

ЩIэныгъэ-техническэ зыужьыныгъэм фIыуэ къыдэкIуэмрэ Iейуэ къишэмрэ ущегупсыскIэ, «зым и хущхъуэр адрейм и щхъухьщ» жыхуиIэ адыгэ псалъэжьыр уигу къокIыж. Абы щыгъуэми хущхъуэр нэхъыбэу пхужыIэнукъым.

Глобализацэм псом япэу IэнатIэ Iей Iуигъэувэнур лъэпкъ цIыкIухэрщ. Абы и псыдзэшхуэр къытщIэуэрэ Лъэпкъ ЖыгкIэ дызэджэм и лъабжьэр тфIыщIилъэсыкIмэ, а жыгыр щIым зэрыхэт къуэпсхэр зыми иIыгъыжынукъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къуэпсхэм ямыIыгъыж жыгым гулъи къищIыжынукъым икIи къэгъэгъэжынукъым, къудамэщIэхэри къыдэжыжынукъым.

Дауэ-тIэ глобализацэм дызэрыпэщIэтынур? Сыт дэ абы пэдгъэувыфынур? Ар псом япэу ди бзэр тхъумэжынымрэ абы зедгъэужьынымрэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, лъапIэныгъэу щыIэ псоми ефIэкI хъугъуэфIыгъуэшхуэу дэтхэнэ лъэпкъми иIэр и бзэращ. Бзэращ лъэпкъым псэуэ Iутыр. Бзэр имыIэжмэ, лъэпкъри щыIэжкъым. Аращ, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, ди анэдэлъхубзэр тхъумэжын щIыхуейр. АрщхьэкIэ глобализацэм къыдежьа «узыфэ» псоми я хущхъуэгъуэ закъуэу бзэр къэплъытэныр тэмэмкъым. Гулъытэшхуэ зыхуэщIыпхъэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри щыIэщ. Ар ди лъэпкъ зэхэщIыкIым зедгъэужьын, ди тхыдэр, ди IуэрыIуатэр дджыжын, ди диныр, ди хабзэхэр тIыгъыжын, ди дуней лъагъукIэр, ди псэм и зэхэлъыкIэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди лъэпкъ менталитетыр тхъумэжын зэрыхуейрщ. А псори пкъырылъrэ зыщыщ лъэпкъым гукъуэпскIэ зэрыпыщIар езым псэкIэ зыхищIэу икIи абы иригушхуэу щIэблэр къэгъэтэджыныр дэтхэнэ адыгэми ди зэхуэдэ къалэнщ.

Узыщыщ лъэпкъым псэкIэ ухуэпэжу, уи фIымкIэ адрей лъэпкъхэми уадэгуашэу, узэгурыIуэрэ узэдэIуэжу узэрызэдэпсэуфынум, нобэрей гъащIэми узэрыдэбэкъуэфынум шэч хэлъкъым. Аращ ди гупсысэр зыхуэунэтIауэ щытыпхъэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ зэманым и

«жьы кІэрахъуэм» губгъуэжьым дримыпхъэжу, дэ дыкъезыгъэлыфынур.

**– Журналым и лэжьакІуэхэмрэ щІэджыкІакІуэхэмрэ сыт хуэдэ зэпыщІэныгъэ фиІэ? «Іуащхьэмахуэм» еджэхэм я лъэІу, я чэнджэщ къыщывахьэлІэ щыІэ?**

– СССР-кІэ зэджэ къэралыгъуэр щыщыІа, совет идеологиер тепщэу щыщыта илъэсхэм егъэлеяуэ гулъытэшхуэ хуащІу щытащ лъэпкъ куэду зэхэт совет литературэм зегъэужьыным. А зэманым «Іуащхьэмахуэ» журналри тиражышхуэу къыдэкІыу щытащ. АрщхьэкІэ 90 гъэхэм къэхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм – зы къэрал ухуэкІэм дыкъытекІыу нэгъуэщІ къэрал ухуэкІэм дызэрыхуэкІуам – цІыхухэм я гъащІэми я гупсысэкІэми зригъэхъуэжащ. Тхылъыр тыгъэу щыІэ псоми я нэхъ лъапІэщ, щыжаІэу щыта зэманыр икІри, абы и пІэм нэгъуэщІ лъапІэныгъэхэр, и щхьэ течауэ жыпІэмэ, ахъшэмрэ мылъкумрэ къиуващ. Абы ди щІэджыкІакІуэхэмрэ дэрэ ди яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр зыкъомкІэ къигъэтІэсхъами, дэ яужь дитщ ахэр зэрыдмыгъэкІуэдыпэным. ДаІущІэми, телефонкІэ дызэпсалъэми, журналыр зыІэрыхьэхэмрэ дэрэ дызэрыщІэу дыкъокІуэкІ. Ди гуапэ мэхъу ахэр ди деж къакІуэурэ е къэпсалъэурэ чэнджэщ щхьэпэхэр къызэрыдатыр, езыхэм нэхъ яфІэхьэлэмэтхэр, нэхъ дэзыхьэххэр къызэрыджаІэр. Дэ а чэнджэщхэр гулъытэншэу къэдгъанэркъым. ИкІи ар сэбэп мэхъу ди журналым и къыдэкІыгъуэхэр нэхъ купщІафІэ хъунымкІэ.



Ди щІэджыкІакІуэхэр хэт сымэ жыпІэмэ, ахэр лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэрщ, курыт школхэм, колледжхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэрщ, егъэджакІуэхэрщ, щІэныгъэлІхэрщ, тхакІуэхэрщ, усакІуэхэрщ, нэгъуэщІ ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм пэрытхэу адыгэ литературэр, анэдэлъхубзэр фІыуэ зылъагъухэрщ, тхылъ еджэнымрэ гупсысэнымрэ зи щІасэхэрщ. Абыхэм куэдкІэ я фІыщІэщ ди журналым и тиражыр минитІ и кІэ къимыхуэу нобэ къызэрыдэкІыр.

**– Интернетымрэ иджырей хъыбарегъащІэ Іэмалхэмрэ цІыхум и псэкупсэ дунейм щысхьыншэу къыхоІэбэ. ЩІыхупсэм лъабжьэ хуэхъуж лъапІэныгъэхэр тфІэзыгъэкІуэд а «зыужьыныгъэм» дауэ хэпсэукІа хъуну журналыр?**

– Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым культурэм и пщІэр кІуэ пэтми йохуэх, тхылъеджэхэм я бжыгъэми, махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу, кІэроху. Тхылъыр ямыщІэ гуэр къызэращІэ Іэмэпсымэу щытыжкъым. Литературэми хуэм-хуэмурэ фІокІуэд щІэныгъэ, техникэ, культурэ я лъэныкъуэкІэ цІыхум игъащІэ лъандэрэ зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр бэм я деж нэхьэсын къалэныр.

Псом хуэмыдэу уегъэгузавэ лъэпкъыбзэхэм я пщІэр зэрехуэхым. Ар, ди республикэр къапщтэмэ, щІэныгъэрэ акъылкІэ диІэфыну зэфІэкІыр къыжьэдэзыкъуэ Іуэхугъуэщ. Литературэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, библиотекэхэм я закъуэкІэ мы щытыкІэм зыпхуегъэхъуэжынукъым. Мыбдеж Іэмал имыІэу Іуэхум къыхыхьапхъэщ къэралыр икІи тхылъымрэ литературэмрэ я пщІэр къэІэтыжыным, лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІэн хуей Іуэхугъуэ пыухыкІахэр абы къыхилъхьапхъэщ.

Анэдэлъхубзэхэр «вакъэ зэв» зэриувам, псом япэу, гу лъызытэн хуейр лъэпкъ гъуазэу щытыныр зи къалэн интеллигенцэрщ. Ауэ интеллигенцэм и закъуэкIи Iуэхур зэфIэкIынукъым, абы и жэрдэмхэр, и Iуэху еплъыкIэр властым къыдимыIыгъмэ. Къэрал гулъытэмрэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ зы мурадым хуэлажьэ нэужькIэщ ди бзэми, ди культурэми, ди литературэми нэсу зыщаужьыфынур. Апхуэдэ зыужьыныгъэр, шэч хэмылъу, шэсыпIэ хуэхъунущ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным и мызакъуэу, ди къэралыгъуэшхуэм и лъабжьэр нэхъри гъэбыдэным.

... Тхылъымрэ интернетымрэ я гугъу пщIымэ, а тIум я зэхущытыкIэр сэ зэзгъэщхьыр мэз лъапэм къыщыкI удз гъэгъамрэ удз гъэгъа IэрыщIымрэщ. Зым псэ хэтщ, адрейм хэткъым. ИкIи, сэ сызэреплъымкIэ, дунейр къызэрыунэхурэ псэмрэ акъылымрэ я хъугъуэфIыгъуэу цIыхум зэригъэпэщыфа псоми я хъумапIэ тхылъыр зэзыхъуэкIыфын щыIэкъым.

**– «Іуащхьэмахуэм» и къэкIуэнум дауэ уеплърэ?**

– КъыдэкIын зэрыщIидзэрэ лъэпощхьэпо Iэджэ къызэринэкIащ «Іуащхьэмахуэ» журналым. Ауэ а псоми емылъытауэ, абы хузэфIэкIащ езыр зи цIэджэгъу бгым и щыгум нэс ди лъэпкъ литературэр иIэтыну, анэдэлъхубзэм зригъэужьыну, талантыщIэхэр къызэIуихыну, цIыхупсэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр щIэджыкIакIуэхэм я деж нихьэсыну. Ноби ар и гъуэгу тетщ, нэхъыжьхэм кърахьэжьа IуэхуфIхэр ипэкIэ игъэкIуатэу, езыми жэрдэмыщIэхэр къыхилъхьэрэ мурадыщIэхэм уанэ хузэщIилъхьэу.

Ди щIэджыкIакIуэхэми зэрыщыту адыгэ лъэпкъыми махуэ тхурехъу «Іуащхьэмахуэм» и юбилейр. Мы нобэрей къыдэкIыгъуэм иджыри къыдэкIыгъуэ минхэр къыкIэлъыкIуэну Тхьэм жиIэ!

**– Фи мурадхэр къывэхъулIэну ди гуапэщ.**

*Епсэльар* **ШЫПШ Даянэщ**

**РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭУ ЛЭЖЬАХЭР**



Щомахуэ Амырхъан



Къэрмокъуэ Хьэмид



ЩоджэнцІыкІу Іэдэм



Шэвлокъуэ Пётр





Тхьэгъэзит Зубер



ІутІыж Борис



Елгъэр Кашиф

**РЕДАКЦЭМ ЩЫЛЭЖЬАХЭР**



**Шырыт Хьэтызэ,**
*жэуап зыхь секретарь*



**Сокъур Мусэрбий,**
*жэуап зыхь секретарь*



**Мысачэ Пётр,**
*редактор*



**КIэщт Мухьэз,**
*редактор*



**КIурашын БетIал,**
*редактор*



**Гъубжокъуэ Лиуан,**
*редактор*



**Балъкъэр Фоусэт,**
*редактор*



**Къагъырмэс Борис,**
*редактор*

**РЕДАКЦЭМ ЩЫЛЭЖЬАХЭР**



**Уэрэзей Афлик,**
*редактор*



**ГъущІо Зариф,**
*редактор*



**Джэрыджэ Арсен,**
*жэуап зыхь секретарь*



**Ныбэжь Таисие,**
*редактор*





**Гъэунэ Борис,**
*жэуап зыхь секретарь*



**НафІэдз Мухьэмэд,**
*редактор*



**Къаныкъуэ Заринэ,**
*редактор*



**ПхъэвакъащІэ Марзидан,**
*машинисткэ*

## РЕДАКЦЭМ ЩЫЛЭЖЬАХЭР



**Жэмбей КІуушкІэ,**
*техред*



**Гъурыжь Мадинэ,**
*техред*



**Амщокъуэ ШэІибэт,**
*машинисткэ*



**Мэремкъул Ленэ,**
*корректор*



**ЛІуп Лидэ,**
*техред*



**Джатокъуэ Залинэ,**
*оператор*



**Дыду Маринэ,**
*бухгалтер*

## РЕДАКЦЭМ ЩЫЛАЖЬЭХЭР



**Мыкъуэжь Анатолэ,**
*редактор нэхъыщхьэ*



**НэщІэпыджэ Замирэ,**
*редактор*



**ХьэІупщы МуІэед,**
*жэуап зыхь секретарь*



**Хьэвжокъуэ Людмилэ,**
*редактор*



**Мыкъуэжь Людмилэ,**
*редактор*



**ЖьэкІэмыхъу Маринэ,**
*корректор*



**Джыназ Заретэ,**
*оператор*

# ХЪУЭХЪУХЭР

## Къумахуэ Мухьэдин,

*КъБР-м культурэмкIэ и министр:*



Дэтхэнэ лъэпкъри лъэпкъыу щызыгъэIэр и анэдэлъхубзэращ. Бзэм и хэщIапIэу, и хъумапIэу щыIэр, дауи, театрырщ, лъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газет, журналхэрщ. Адыгэм ди насыпщ «Iуащхьэмахуэ» журналыр дызэриIэмкIэ. Ар ди анэдэлъхубзэм и хъумакIуэ къудей мыхъуу, ди бзэмрэ литературэмрэ я зыужьыныгъэм и «кIыщу» схужыIэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, журналыр зи унафэ щIэта редактор нэхъыщхьэхэр ди тхакIуэ нэхъыфIхэращ. Абы сыт щыгъуи къытрадзэ лъэпкъ прозэм, усыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм нэмыщI, адыгэ гъащIэм и дэтхэнэ унэтIыныгъэми теухуа, цIыхупсэмрэ цIыху акъылымрэ зезыгъэузэщI тхыгъэ купщIафIэхэр.

Илъэс 60-м къриубыдэу зэман гугъу куэд къызэринэкIын хуей хъуами, «Iуащхьэмахуэ» журналыр и къалэнхэм щыпэмылъэщ зэи къэхъуакъым, цIыхубэм я пащхьэ кърилъхьэ къыдэкIыгъуэхэм я купщIэми зихъуэжакъым. Ди лъэпкъым и набдзэу сыт щыгъуи къекIуэкIа журналым и мыхьэнэр ноби нэхъ кIащхъэ хъуакъым ди дежкIэ. «Iуащхьэмахуэм» и цIэр къыщипIуэ къудейкIэ, и пщIэр зэрыиныр, и зэфIэкIыр зэрылъагэр къыбгуроIуэ. ЖыпIэнуракъэ, адыгэбзэм и IэфIыпIэр зыдэлъ дыщэ пхъуантэ хуэдэщ, къызэIупха нэужь, уи гур щыз ищIу. Апхуэдэу лъэпкъым къыхуэщхьэпэу, щIэджыкIакIуэхэм зэIэпахыу, адыгэбзэр игъэбзэрабзэу «Iуащхьэмахуэ» журналыр илъэс куэдкIэ Тхьэм щигъэIэ, ар зыгъэхьэзыр псоми гукъыдэжрэ насыпрэТхьэм къарит!



## Къэзанш Людмилэ,

*«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI:*



Зи илъэс хыщIыр мы махуэхэм дгъэлъапIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым ди литературэр зэфIэувэным, абы зиужьыным, лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъыщхьэ бзэр хъумэным яхуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр, а псоми ди дежкIэ мыхьэнэуэ яIэр къызэрыплъытэн пщалъэ щыIэкъым.

«Литературэр - ар цIыхур и зэхэщIыкIым хигъэхъуэным хуэзыунэтI, бэр зыужьыныгъэм хуэзыгъэпс гъуазэщ», - жиIащ франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Гюго Виктор. Ди адыгэ литературэр къапщтэмэ, апхуэдэ гъуазэ ар цIыхухэм яхуэхъунымкIэ сыт щыгъуи абы и дэIэпыкъуэгъу

нэхъыщхьэу щытар «Iуащхьэмахуэ» журналырщ. Нобэ дуней псом къыщацIыху, зи Iулыджыр лъагэ усакIуэ, тхакIуэ лъэрызехьэхэм я къалэмыр щапсыхьар аращ.

Къэбгъэлъэгъуэну гуапэщ зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэ зыфIащауэ щыта зэманми журналым и творческэ зэфIэкIыр зэрихъумэфар, ихъумэфам къыщымынэу, абы зэрыхигъэхъуар. Ди тхакIуэ нэхъыжьхэм я IэдакъэщIэкIхэр хэIущIыIу щIыным и мызакъуэу, ди лъэпкъ литературэр лъагапIэщIэхэм дэзышыну дызыщыгугъ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр гъэгушхуэнми гулъытэ хэха хуещI «Iуащхьэмахуэм». Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэр я тхыдэр ящIэжу, ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ ягъэлъапIэу къэгъэтэджыным хуэунэтIауэ редакцэм щызэфIагъэкIхэми.

Литературно-художественнэ, общественно-политическэ журнал къыдэбгъэкIыныр икъукIэ къалэн гугъущ. Абы цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэщIэубыдэн хуейуэ къегъэув. А пщэрылъым журналым и лэжьакIуэхэр хъарзынэу зэрыпэлъэщым щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мымащIэу къыпхуэхьынущ, ауэ абыхэм ящыщу нэхъ къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынщ ар нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми зэIэпахыу зэрыщIаджыкIыр, и зи чэзу къыдэкIыгъуэхэм зэрыпэплъэр.

Лъэпкъым ухуэлэжьэным нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым. Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ а къалэныр илъэс 60 хъуауэ зыгъэзащIэ «Iуащхьэмахуэм» сохъуэхъу и зэфIэкIхэм, и пщIэм хигъахъуэу, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ цIыхубэр игъэгуфIэу иджыри илъэс куэдкIэ къыдэкIыну!



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэ:

«Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау» журналхэм къэбэрдей лъэпкъымрэ балъкъэр лъэпкъымрэ я дежкIэ мыхьэнэуэ яIэр къэлъытэгъуейщ. ЖыпIэ хъунущ ди литературэхэр къызэрыхъукIари зыужьыпIэ яхуэхъуари а журналхэрауэ.

Зэманыр макIуэ, гъащIэми дунейми захъуэж, ауэ хъуэж ямыIэу журналхэр тетщ къалэн нэхъыщхьэ къыщащIам икIи зыщащIыжам: адыгэ литературэмрэ балъкъэр литературэмрэ я зыужьыныгъэм телэжьэным.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзым къыбгъэдэкIыу гурэ псэкIэ дынывохъуэхъу «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау» журналхэм я редакцэхэм щылажьэхэми а журналхэр щIыщыIэж ди тхакIуэ псоми: фи Iуэхур нэхъри ефIакIуэу ди литературэхэм иджыри куэдрэ фахуэлэжьэну Тхьэм жиIэ!

## Бэчыжь Лейла,

*тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор:*

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу адыгэ тхакIуэ псоми къабгъэдэкIыу фи юбилей дахэмкIэ сынывохъуэхъу зи цIэр зефхьэ Iуащхьэмахуэ щэджащэм и пщIэмрэ и лъагагъэмрэ зи гъуазэ фи журналыр а бгыр щытыхукIэ ди лъэпкъым иIэну!



Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ, шэрджэс адыгэхэм, зэкIэ диIэкъым литературэ журнал Iув. Апхуэдэу щытми, ди тхакIуэхэм зеиншафэ къатумыгъауэу уэ, «Iуащхьэмахуэ» журналыр, удиIэщи, догуфIэ икIи догушхуэ.

Мыри къыхэзгъэщынут: зэманым нэхъри къыдгуригъаIуэурэ макIуэ адыгэхэр дигурэ ди псэкIэ нэхъ дызэрызыгъэIыгъын Iэмалхэр къэтлъыхъуэ зэпыту дыщытын зэрыхуейр. Апхуэдэ Iэмал нэхъыфIхэм ящыщщ ди литературэхэр, зэбгрылэжьыкIыурэ зэхамэ хъупэным нэдмыгъэсу, зэпэгъунэгъу тщIыуэрэ зэхэдгъэкIыхьыжыным дыхущIэкъуныр. Дэ къыдэмыхъулIэми, къэкIуэну щIэблэм къайхъулIэнкIэ согугъэ а хъуэпсапIэр.

А хъуэпсапIэм гъунэгъу дыхуэзыщIыфынухэм ящыщ зыщ «Iуащхьэмахуэ» журналри, и Iуэхур ефIакIуэ зэпыту, зэрыгушхуэн тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ къыбгъурыту игъащIэкIэ адыгэ лъэпкъым иIэну Тхьэм жиIэ!

## МэшбащIэ Исхьэкъ,

*Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм*
*я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ:*





Адыгэ Республикэм и тхакIуэхэм я цIэкIэ сынывохъуэхъу: лIы ныбжь фиуващи, фи лэжьыгъэр ефIакIуэ зэпыту, тхыгъэ куэд къыфхуагъэхьу, къыхэфххэр щIэджыкIакIуэхэм ягу ирихьу «Iуащхьэмахуэр» куэдрэ дунейм къытехьэну ди гуапэщ.

Илъэс блэкIахэм къызэрагъэлъэгъуащи, журналым и зэфIэкIым хегъахъуэ, ипэкIэ мэкIуатэ, зеужь. Ди фIэщ мэхъу «Iуащхьэмахуэм» иджыри лъагапIэщIэхэр зэрызыIэригъэхьэфынур.

Къэбэрдей литературэм и цIэр жыжьэ нэсащ, лъагэу зиIэтащ. КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, Къэрмокъуэхэ Мухьэмэдрэ Хьэмидрэ сымэ я цIэхэр хэт зымыщIэр?!

Къэбэрдеибзэм и псэр нэхъ лъэщ, нэхъ дахэ зыщI тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэпэ къыпыщ Iэрытххэм фи журналым увыпIэшхуэ щаубыду къокIуэкI. Адыгэ республикэм и тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри КъБР-м щыпсэу ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ я пащхьэ изылъхьэр «Iуащхьэмахуэращ». Си тхыдэ роман зыбжанэм щыщ пычыгъуэхэри къытехуащ нобэ дгъэлъапIэ журналым. Апхуэдэу фэ тыводзэ нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа, хамэ къэралхэм щыпсэу тхакIуэ цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ фощI шэрджэс хэхэсхэм я тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэм.

«Iуащхьэмахуэм» и Iуэхур махуэу адыгэр дунейм тетыхукIэ Тхьэм иригъэкIуэкI!

2 Заказ №333

## ХьэкIуащэ Андрей,

*филологие щIэныгъэхэм я доктор:*



Илъэс 60 ирокъу «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьэрэ. А зэманым кърииубыдэу абы лъэпкъ литературэм хуищIар зы псалъэ-псалъитIкIэ пхужыIэнукъым. Абы и напэкIуэцIхэрщ ди тхакIуэхэм я нэхъыбапIэм япэ лъэбакъуэр щачар, арaщ ди литературэр зэфIэувэным, зиужьыным, утыкушхуэ ихьэным къежьапIи, лъабжьэ быди хуэхъуар. Дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъыу дыщытынымкIэ журналым къалэнышхуэ зэрытхуигъэзэщIар, ноби зэрытхуигъэзащIэр.

Зи редколлегием илъэс куэдкIэ сыхэта, зыхэслъхьэ щымыIэу фIыуэ слъагъу ди журналым сохъуэхъу зи цIэ зэрихьэ Iуащхьэм хуэдэу цIэрыIуэу, псы къыщыщIэжхэм ещхьу къабзэу, нэхуу, и зэфIэкIхэм хэхъуэ зэпыту дяпэкIи илъэс IэджэкIэ лъэпкъ литературэм хуэлэжьэну.



## Сэхъурокъуэ Хьэутий,

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:*



«Iуащхьэмахуэ» журналым къызэринэкIа илъэс 60 гъуэгуанэм адыгэ лъэпкъым, литературэм я зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. 1958 гъэ лъандэрэ журналыр лъэпкъым къыдокIуэкI и ехъулIэныгъэхэр иIэтрэ и гуныкъуэгъуэхэр дигъэпсынщIэу. Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэманым къыздимыхьами, «Iуащхьэмахуэм» и пщIэми, и купщIэми, и къаруми зэи зихъуэжакъым, ар сытым дежи набдзэгубдзаплъэу щытащ, гупсысэ нэхъыщхьэхэр иубзыхуфрэ цIыхубэр иунэтIыфу.

АбыкIэ, дауи, сэбэп хъуар адыгэ лъэпкъым и цIыху щыпкъэхэрщ, и тхакIуэ пажэхэрщ, и усакIуэ зэчиифIэхэрщ. КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал, Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Тхьэгъэзит Зубер, Къэрмокъуэ Хьэмид, IутIыж Борис сымэ я деж къыщегъэжьауэ ди нэхъыжьыфIхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ я гупсысэ жанхэмрэ жылагъуэм гъуазэ яхуэхъунымкIэ «Iуащхьэмахуэм» куэд зэфIигъэкIащ, иджыри зэфIегъэкI. КъищынэмыщIауэ, къалэмым зезыпщыта тхакIуэ щIалэ куэдым гъуэгу яритащ, цIэрыIуэ ищIащ, цIыхубэм я фIылъагъуныгъэ къаригъэлэжьащ абы.

Лъэпкъыр захуагъэм, пэжыгъэм, акъылым къыхуезыджэ, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуж тхыгъэ куэд ноби къытохуэ журналым и напэкIуэцIхэм. КъыдэкIын щыщIидза махуэм щегъэ-

жьауэ ар хъунщIэпсынщIэету зэи Iуэхум пэрыхьакъым, хуэмыфэщэн IэщIэкIакъым, атIэ «Iуащхьэмахуэ» цIэр игъэпэжащ. А бгым нэхъ лъапIэрэ нэхъ лъагэрэ диIэкъыми, абы хуэфащэу ди лъэпкъым къыдокIуэкI адыгэбзэкIэ къыдэкI журналыр. Адыгэр зэманым декIуу къэгъуэгурыкIуэнымкIэ, и анэдэлъхубзэр ихъумэжынымкIэ, и литературэм зригъэужьынымкIэ «Iуащхьэмахуэм» иригъэкIуэкI лэжьыгъэм уасэ хуэщIыгъуейщ, аращ абы иIэ пщIэр къызэрилэжьари.

Сэ сохъуэхъу ар нобэ зыгъэхьэзыр редакцэм щылажьэхэми, абы къатхэхэми, ди литературэм и классик пажэхэми я къалэмыпэр мыубзэщхъуу иджыри куэдрэ лъэпкъым тхуэлэжьэну, дифI тхуигъэбагъуэрэ ди щыщIэныгъэхэр тхуигъэзэкIуэжу, къызыкъуихыфа къарум хэмыщIу илъэс куэдкIэ щыIэну!

## ХьэфIыцIэ Мухьэмэд,

*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,*
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ:*



«Iуащхьэмахуэ» журналыр дунейм къыщытехьа махуэм щегъэжьауэ и къалэн нэхъыщхьэм пэлъэщу къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэу илъэс 60 лъандэрэ ар толажьэ адыгагъэм, анэдэлъхубзэм зегъэужьыным, ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэфIхэр хъумэным, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ щIыным, ди литературэм, ди тхыбзэм, ди бзэм я тхыдэмрэ я нобэрей щытыкIэмрэ щызэпкърыха тхыгъэхэр цIыхухэм я пащхьэ илъхьэным.

Журналым дыкъыщеджэ зэпытщ ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэм я Iэужьым, зэрахьа лIыгъэм, яхэлъа хахуагъэм, нэмысым, гущIэгъум теухуа тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, апхуэдэуи «Iуащхьэмахуэм» и къыдэкIыгъуэхэм щыдогъуэт тхакIуэ, усакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа, художественнэ фащэ зэмыфэгъукIэ гъэпса хъыбархэр, романхэр, повестхэр, усыгъэ хьэлэмэтхэр, чэнджэщхэр, нэгъуэщIхэри. Ар и къалэн нэхъыщхьэу щыт пэтми, абы и закъуэкъым журналым и пщэ дэлъыр. АтIэ анэдэлъхубзэм и IэфIыр цIыхум зыхегъэщIэн, абы щIэблэр щIэпIыкIын зэрыхуейми хъарзынэу йохъулIэ. ИкIи нэрылъагъущ и гуащIэр къебл зэпыту и гъуэгуанэр зэрикIур, кIуэ пэтми зэрефIакIуэр, зэманым нэхъ Iущ, нэхъ жан, нэхъ бзафIэ зэрыщIэхъукIыр.

Нобэ зи махуэшхуэр дгъэлъапIэ журналым ныбжьэгъу щимащIэкъым ди къуэш республикэхэми, адыгэ зэрыс хамэ къэралхэми. Абыхэм щыпсэу ди къуэшхэм щIэхъуэпсу зыIэрагъэхьэ журналыр, я гуапэу щIаджыкI абы и напэкIуэцIхэр. Апхуэдэу дэнэ щыпсэу адыгэри игъэгушхуэу, и теплъэр гуапэу, и щIыхьыр лъагэу, и IэужьыфIхэр адыгэ лъэпкъым и гъуазэу илъэс минхэр къигъэщIэну сыхуохъуахъуэ!

## Къэрмокъуэ Хьэмид,

*тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, критик:*



Илъэс хыщI ныбжьыр лIым и фIыгъуэщ – и гуащIэкIэ, хузэфIэкIкIэ, и акъылрэ IущыгъэкIэ. Илъэс хыщI гъуэгуанэм Iэджэ щилъэгъуащ абы, Iэджэ щигъэващ, и нэгу Iэджэ щыщIэкIащ.

Апхуэдэ гъуэгуанэ зэпичащ «Iуащхьэмахуэ» журналым – къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 60 ирикъуащ. Шэч хэлъкъым: ар махуэшхуэщ, махуэ лъапIэщ дэркIэ – анэдэлъхубзэр зыфIэIэфI, абы ирипсалъэ дэтхэнэм дежкIи. Илъэс хыщIым и кIуэцIкIэ ар цIыхухэм яхуэупсащ, цIыхур щыгъуазэ ищIащ ди литературэм щылэжьа, нобэ щылажьэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ куэдым я IэдакъэкъыщIэкIа тхыгъэ хьэлэмэтхэм. А тхыгъэхэр цIыхухэм я пащхьэ япэу изылъхьар «Iуащхьэмахуэ» журналырщ. Ди литературэмрэ ди бзэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIауэ къалэнышхуэ и пщэ зэрыдэлъыр зэи щыгъупщакъым ди журналым. Шэч къытетхьэркъым дяпэкIи абы и мурадхэр къызэрехъулIэнум.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и гъуэгур кIыхь, и гуащIэр нэхъри куу ирехъу!



## Ацкъан Руслан,

*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI:*



АдыгэбзэкIэ къыдэкI журналым лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэхэр къызэрызыкъуихар нэрылъагъу мэхъу, абы къызэринэкIа илъэсхэм уриплъэжмэ. Ар бзэр зыхъумэ, цIыхухэм я гупсысэр зыунэтI, я щIэныгъэм хэзыгъахъуэ Iэмэпсымэ лъэщу адыгэм диIэщ жыпIэкIэ, ущыуэнукъым.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ адыгэ литературэм хуищI хэлъхьэныгъэмрэ а литературэр зыгъэкIуатэ тхакIуэхэм яхуищI гулъытэмрэ. Тхылъу къыдэкIын и пэ ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэд утыку кърехьэ журналым. Апхуэдэу лъэпкъым къыхуэщхьэпэу, и зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту, и къэухьым нэхъри зиубгъуу «Iуащхьэмахуэм» гъащIэ кIыхь иIэну Тхьэм жиIэ!

## Къэжэр Хьэмид,

*усакIуэ, щIэныгъэлI:*

ИлъэситI зэкIэлъыкIуэм, 1957-1958 гъэхэм, къэхъукъащIэ угъурлыуэ тIу ди нэгу щIэкIат, тегъэщIапIэ яхуэхъуамрэ зыхуэхъуамрэ, зэрыжаIэщи, шурэ лъэсрэ я зэхуакуу. ЯпэщIыкIэ, пединститут гъуаб-



жэжь цIыкIур и лъабжьэу, ди щIалэгъуалэр IэщIагъэбэм и щэхухэм щыхуагъэIущ еджапIэ нэхъыщхьэ – университет – къызэIуахат. ИтIанэ, мазийм-мазибгъум зэ къыдэкI альманахым и пIэ къиуват литературэм и мызакъуэу, политикэм, жылагъуэ гъащIэм, экономикэм, щIэныгъэм я унэтIыныгъэу сыт хуэдэ щыIэми зи псалъэ хэзылъхьэф, фIыкIи хэIэбэф, мазитI къэс зэ къыдэкI журнал. Ауэ, дауи, псом хуэмыдэжу «Iуащхьэмахуэр» псэпылъхьэж зыхуэхъуар ди лъэпкъ литературэрщ.

Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, зыгуэр птхыным нэхърэ а птхар къытребгъэдзэным, ар зыхуэптхам и деж нэпхьэсыным къарууи зэмануи нэхъыбэ щытекIуадэ щыIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ «Iуащхьэмахуэм» Iуэхушхуэ илэжьащ. АдыгэбзэкIэ щIэх-щIэхыурэ къыдэкI журнал зэрыщыIэр ди литературэм зиужьыным хэпщIыкIыу хэлIыфIыхьащ: тхакIуэ нэхъыжьхэр тригъэгушхуащ темэ абрагъуэхэм нэхъ жыджэру зрапщытыну, журналым псэ хьэлэлкIэ дэлэжьэну зи мурад автор ныбжьыщIэхэри (прозэм, поэзием, критикэм, публицистикэм, къ.) мыгувэу къэунэхуащ.

Редактор хуэмыныкъуэж тхакIуэ щыIэкъым. НтIэ, тхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIыу редакцэм къыIэрыхьа Iэрытхыр ещIапхъэр ещIауэ тхылъеджэм и пащхьэ илъхьэн хуейтэкъэ? Абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэ лей яхуэфащэщ а зэманым къриубыдэу журналым и редакцэм щылэжьа тхакIуэ гупым. Ахэр куэд мэхъури, губгъэн къыхэмыкIын щхьэкIэ, зым и цIэ къисIуэу адрейр къэзгъэнэну сыхуейкъым. Псоми зэгъусэу я гугъу пщIымэ, а щIалэ телъыджэ гупым я лъэпкъым лэжьыгъэшхуэ, лэжьыгъэ щхьэпэ хуаIэтащ. Ар тщыгъупщэ хъунукъым.

«Iуащхьэмахуэ» журналым япэу къытехуа тхыгъэхэри абы и пэкIэ диIахэри зэкIупсу зэпоувэ. Зэман кIэщIым къриубыдэу ди деж щызэфIэуващ зы лъэпкъи зытемыукIытыхьын литературэ. «Iуащхьэмахуэм» абы хилъхьар къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ.

Ди гуапэщ журналым нэхъри зиузэщIыну, тхыгъэ купщIафIэ куэд дяпэкIи тыгъэ къытхуищIыну.



## Бейтыгъуэн Сэфарбий,
*тхакIуэ, тхыдэдж:*



ЩыIэщ, зыпIэт пэтми, зи щыгу унэмысын лъагапIэ. Апхуэдэщ къэбэрдей художественнэ литературэм и гъуэгугъэлъагъуэ-лъагъуэхэш «Iуащхьэмахуэ» журналыр. Абы и напэкIуэцIхэр къалэмыр зи Iэпэгъу дэтхэнэми и зэфIэкIыр япэу щигъэлъагъуэ икIи зыщиужь хасэ лIэужьыгъуэщ. Псом хуэмыдэу тхылъ къыдэгъэкIыныр нэхъри щекIакIуэ лъэхъэнэм журналым и мыхьэнэр гъуни нэзи зимыIэщ. Адыгэм ди художе-

ственнэ къарур здынэсыр къыщІэгъэлъарэ зыубгъуауэ игъэлъэгъуэну журналым зэфІэкІ иІэщ, ауэ а къалэн щхьэпэр езыр зэрыхуейм хуэдэ дыдэу къехъулІэркъым. Ар къызыхэкІыр анэдэлъхубзэр зэрыхуа щытыкІэ гугъуращ. Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ, ауэ нэхъыщхьэр къыжыІапхъэщ – нобэкІэ къулыкъум пэрытхэр пщэдей здэщыІэнум егупсысу къызыхэкІа икІи зыхыхьэжыну лъэпкъым и къэкІуэнум къэмыланджэу телажьэу зэрыщымытырщ.

«Іуащхьэмахуэм» дэкІ гъуэгур, зэрыжаІащи, тыншкъым, ауэ щІыхь хэІэтыкІа зыпылъщ. Художественнэ псалъэкІэ адыгэм и зэхэщІыкІыр нэхъ куу щІыным, ар дунейпсо утыкум зэкІужрэ хъуэпсэгъуэу ишэнымкІэ зэфІэкІ хъарзынэхэр псэемыблэжу къэзыгъэлъагъуэ журналым и лэжьакІуэхэм узыншагъэ яІэу, ерыщагъ яхэлъу, гукъыдэж щымыщІэу куэдрэ зекІуэну сохъуэхъу!

## ЖьакІэмыхъу КІунэ,

*УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ:*



Дэтхэнэ лъэпкъми нэхъ лъапІэ дыдэу иІэр и анэдэлъхубзэращ. Ар хъума хъун, зиужьын папщІэ а бзэр зыгъэлажьэ Іэмалхэр лъэпкъым иІэн хуейщ. Мис апхуэдэ Іэмал гъуэзэджэу адыгэм диІэщ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ. Ахэр илъэс куэд щІауэ лъэпкъым ди ущиякІуэщ, ди чэнджэщэгъущ. Абыхэм я зы къыдэкІыгъуэ сыкъемыджэу блэзгъэкІмэ, къысхуэщхьэпэн, гухэхъуэгъуэ къызэзытын зы Іуэхушхуэ гуэр сыхэкІыжауэ, сыхуэныкъуэу къысщохъу.

ФэрыщІагъэу къащыхъуну си гугъэкъым, адыгэбзэ къабзэкІэ къыдэпсалъэ журналыр хьэуа дызэрыбауэм, псы щІыІэ дызэфэм, ерыскъы тфІэІэфІу тшхыхэм яхуэзгъадэмэ.

Зи илъэс 60-р нобэ зыгъэлъапІэ журналыр куэд щІауэ си Іэпэгъущ икІи си дэІэпыкъуэгъушхуэщ. Абы къисха тхыгъэ гъэщІэгъуэн куэд сэ театр утыкуми гъащІэми къыщызогъэсэбэп, уеблэмэ, щІэблэм дерс щесткІэ, си щІэгъэкъуэнышхуэщ. КъэкІуэнур зейр щІалэгъуалэращ, жаІэ. Си гуапэ мэхъу журналым щІалэгъуалэм, тхэным гу хуэзыщІахэм яхуэфэщэн гулъытэ зэрахуищІыр, абыхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щІэхщІэхыурэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэр.

«Іуащхьэмахуэр» жьыщхьэ махуэ хъуну, гъащІэ кІыхь дыдэ къигъэщІэну сыхуохъуахъуэ!

## БакІуу Хъанджэрий,

*филологие щІэныгъэхэм я доктор:*

Гъунэншэщ литературэм и зэфІэкІымрэ и мыхьэнэмрэ. Абы и щыхьэтщ тхакІуэхэм фэеплъ хуагъэувхэр, абыхэм я цІэ уэрамхэм



зэрыфІащыр. Налшык, къапщтэмэ, и уэрам нэхъ дахэхэм зэрахьэ Пушкиным, Лермонтовым, Маяковскэм, Толстой, ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, ПащІэ Бэчмырзэ, Шортэн Аскэрбий, Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын сымэ я цІэхэр. Адыгэ, балъкъэр, къэрэшей, абазэ, шэшэн усакІуэ, тхакІуэ куэд дыдэр гъуэгу тезышар лъэпкъ газетхэмрэ журналхэмрэщ. ТІощІ гъэхэм щыщІэдзауэ зауэ нэужьхэм къэсыху литературэм къыхыхьа тхакІуэхэм ящыщу тхылъ щхьэхуэ къыдэзыгъэкІыфахэр мащІэ дыдэщ. Нэхъыбэм я ІэдакъэщІэкІхэр здахьу щытар журналхэрщ.

Сэ сощІэж «Іуащхьэмахуэ» альманахыр къыдэкІыу щыщІидзам, япэ сабийр къызыхэхъуам хуэдэу, дыгуфІауэ зэрыщытар. Ехьэжьауэ дгъэлъэпІащ ар журнал дыдэ щыхъуари, илъэс щэ ныкъуэ щрикъуари. Абы къикІуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, къыбгуроІуэ литературэм и гъуэгу дахэм тхакІуэ куэд дыдэ зэрытригъэувар, абыхэм я цІэхэри я ІэдакъэщІэкІхэри жыжьэ зэригъэІуар. ТхакІуэхэм я мызакъуэу, журналым къытехуэ зэпытщ литературэдж щІэныгъэлІхэм, критикхэм я лэжьыгъэхэр. Сэ сыкъапщтэмэ, Москва аспирантурэм сыщеджэу къезгъэхьа си япэрей щІэныгъэ статьяр 1972 гъэм (№5) къытезыдзар «Іуащхьэмахуэ» журналырщ. Япэрей лъагъуныгъэм хуэдэу щыташ ар си дежкІэ. Алъандэрэ тхылъ щхьэхуэ зыбжани, саугъэт къэзыхьаи яхэту, статья Іэджи щІыпІэ куэдым къыщытрезгъэдзащ, ауэ «Іуащхьэмахуэм» гъуэгу сызэрытригъэувар сигу зэи ихужыркъым.

Илъэс хыщІ хъуауэ журналыр хуолажьэ адыгэбзэм, адыгэ литературэм, культурэ псом. Абы зэпещІэ щІыпІэ куэдым щызэбгрыдза адыгэхэм я гурыщІэр, еІэт лъэпкъ зэхэщІыкІыр, цІыхубэм яхепщэ литературэм и ІэфІыр, дэтхэнэ зыри хуегъасэ эстетикэ лъагэм, псэлъэкІэ шэрыуэм.

Къыхэзгъэщынут журналым редактор нэхъыщхьэхэри лэжьакІуэфІхэри зэрыхуэщыр. Аращ лъэпкъ литературэм и щытыкІэм пэджэж тхыгъэ купщІафІэхэр абы къыщІытехуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр.

Ди зэманыр экономикэ и лъэныкъуэкІэ хьэлъэщ, ауэ дыкъикІуэт хъунукъым. Псоми зыщІэдгъэкъуэн хуейщ ди лъэпкъ газетым, ди журналым. Нобэ «Іуащхьэмахуэм» и лэжьакІуэхэм сохъуэхъу узыншагъэ быдэ яІэну, ди литературэм, ди культурэм я ехъулІэныгъэхэр дяпэкІи екІурэ-ещхьу щІэджыкІакІуэхэм я деж нахьэсыну!



## Гъут Іэдэм,

*филологие щІэныгъэхэм я доктор:*

«Іуащхьэмахуэ» журналыр къызэрыунэхуу, адыгэ литературэр щолэхъу пщІэгъуалэм къытехутауэ жыпІэмэ, егъэлея хъунущ, дауи. ЩоджэнцІыкІу Алий апхуэдэ журнал и пщІыхьэпІэ къыхэхуэххакъым, КІыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, КІуащ БетІал, Шортэн Аскэрбий



сыми литературэм гукъыдэж щыхуащІа лъэхъэнэми «Іуащхьэмахуэр» щыІакъым. Ауэ, итІанэми, адыгэ щэнхабзэм и тхыдэр ІыхьитІу бгуэш хъунущ – журналыр щыщымыІамрэ ар къэунэхуа нэужьу.

Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ заузэщІынымкІэ, профессионал гъуазджэм и пкъыгъуэ псори лъэпкъ гъащІэм щыщ хъунымкІэ, ди тхыдэр зыхуэдар зыхэтщІэнымкІэ, ди къэкІуэнум дегупсысынымкІэ «Іуащхьэмахуэм» иІа мыхьэнэр къызэрыбгъэлъэгъуэну пщалъэ гъуэтыгъуейщ. Илъэс 60 ипэкІэ зы роман закъуэ, повесть зыбжанэ, усэ тхылъ мыин дыдэхэр зытета дапхъэм иджы тхылъ Іувхэр щызэбгъурытщ. Абыхэм узэрагъэгушхуэр я Іувагъым и закъуэкъым. Илъэс 60-м къриубыдэу адыгэбзэкІэ тхауэ дунейм къытехьа романхэм, повестхэм, рассказ, усэ сборникхэм нэрылъагъуу къыджаІэ адыгэ лъэпкъым зызыужьа профессионал литературэ диІэ зэрыхъуар. ИкІи абыхэм куэд яхэткъым, япэщІыкІэ «Іуащхьэмахуэм» къытехуэу тхылъ щхьэхуэ иужькІэ мыхъужа. Яхэткъым, тхылъыр дунейм къытехьа нэужь, а «Іуащхьэмахуэ» дыдэр рецензие гунэскІэ зыпэмыджэжа. Апхуэдэу щыхъукІэ, адыгэ журнал закъуэу къэбэрдейхэми шэрджэсхэми ди зэхуэдэм игъэзащІэ къалэныр езым цІэуэ зэрихьэм хуэфащэжщи, и бэракъыр лъагэу Іэтауэ, автор Іэзэхэмрэ тхыгъэ купщІафІэхэмрэ зэи щымыщІэу лІэщІыгъуэкІэрэ лъэпкъым Тхьэм хуигъэлажьэ!



## БищІо Борис,

*филологие щІэныгъэхэм я доктор:*



«Іуащхьэмахуэ» журналыр, узицІэджэгъу бгыщхьэм ещхьыркъабзэу, адыгэхэм я деж ущыцІэрыІуэщ икІи ущылъапІэщ. Ар уэ къэблэжьащ къэбгъэщІа илъэс 60-м зы махуи щІумычауэ лъэпкъым и блэкІар зэрыбгъэлъапІэмкІэ, абы и къэкІуэнум узэрытелажьэмкІэ. Дэ ди пщэдейр зэрыхъунур, дунейм дытемыкІуэдыкІыжу дыкъызэтенэныр псом япэу зэлъытар ди бзэмрэ ди хабзэмрэ зэрытхуэхъумэжыращи, ди журнал закъуэр узыпэрыт ІэнатІэ гугъури ращ: мы проблемэм игъэгузавэ псори къызэщІэвгъэуІуауэ ар къызыгурымыІуэ, къызыфІэмыІуэху ди лъэпкъэгъухэр фогъэІущ, фоущий. АбыкІи фэ нэхърэ нэхъ зэфІэкІ зиІэ къэгъуэтыгъуейщ – абы и щыхьэткъэ нобэ адыгэбзэкІэ тхыгъэ къеджэжІамэ, ар япэу икІи нэхъыбэу зэджэр «Іуащхьэмахуэ» журналыр зэрыарар.

Щысхьыншэу къыдэбгъэрыкІуэ нобэрей зэман бзаджэм щІэгъэкъуэну, «къэрэгъул бжыхьу» удиІэщи, уэри дэри ди насып Тхьэм тригъакІуэ, ди къэкІуэнур уи цІэм хуэдэу махуэ ухъу!

## Тхьэзэплъ Хьэсэн,

*усакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ:*



Псом япэрауэ, жыIапхъэщ «Iуащхьэмахуэ» журналыр ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр дунейм япэу къытезыгъэхьэ редакцэу зэрыщытыр. Ди литературэм и тхыдэмрэ и нобэмрэ къызэщIиубыдэкIэрэ, илъэс тIощIищым кърииубыдэу абы куэд дыдэ хуилэжьащ адыгэ лъэпкъым. ИкIи аращ ди тхакIуэ цIэрыIуэхэм я нэхъыбапIэр утыкушхуэ изышар.

Прозэмрэ усыгъэмрэ я мызакъуэу, журналым, дапщэщи хуэдэу, гулъытэшхуэ хуещI литературнэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэщ тхакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я творчествэр щызэпкърыха тхыгъэ купщIафIэхэр абы щIэх-щIэхыурэ къызэрытехуэр. Ар сэбэпышхуэ мэхъу дэтхэнэ авторми и пщIэр лъыгъэсыжынымкIэ, ди лъэпкъ культурэм щхьэж щиубыд увыпIэр гъэбелджылынымкIэ.

ЩIэупщIэ иIэу, и щIэджыкIакIуэхэм я бжыгъэм хэмыщIу нобэ хуэдэ зэманым литературнэ журнал къыдэбгъэкIыныр Iуэху тыншкъым. Апхуэдэу щытми, и къалэнхэр щIыхь пылъу игъэзащIэу, ефIакIуэу, нэхъ гъэщIэгъуэн, нэхъ купщIафIэ хъууэ къогъуэгурыкIуэ «Iуащхьэмахуэр». Дэ абы и коллективым дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и мурадхэр къехъулIэну, фIыгъуэрэ насыпрэ щымыщIэну.

Уи гъуэгу кIыхь хъуну, «Iуащхьэмахуэ», зи теплъэр дахэ, зи пщIэр лъагэ!



## Додуев Аскэр,

*усакIуэ, «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ:*



«Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къызэрытехьэрэ илъэс 60 зэрырикъумкIэ дигуми ди псэми къыбгъэдэкIыу дынывохъуэхъу редакцэм щылажьэхэми, адыгэ тхакIуэ псоми.

ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ я анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI а журналым куэд дыдэ хузэфIэкIащ лъэпкъ литературэр зэфIэувэным, зиужьыным, адыгэм и Iущыгъэмрэ и псэкупсэ къулеигъэмрэ хъумэным хуэунэтIауэ. Аращ ар ипэжыпIэкIэ лъэпкъым и напщIэтелъ щIэхъуар.

Насып, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ ущымыщIэу уи мурад щыгум унэсыну, «Iуащхьэмахуэ»!

## Тэтрокъуэ Астемыр,

*Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэбзэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ:*



Тегушхуэныгъэ ини мурадышхуэхэри яIэт Урысейми Европэми я бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и цIэр, илъэс 60-кIэ узэIэбэкIыжмэ, япэ адыгэ журналым фIэзыщахэм. Ауэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрахьыр къагурыIуэу къыщIэкIащ журналым и япэ лэжьакIуэхэм. Аращ, дауи, абыхэм я мурадхэр щIызрагъэхъулIэфар. ФIым и фIыж фIэкIа «Iуащхьэмахуэм» и жьантIэм щыдимышэм, ахэр гъуазэ яхуэхъури, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я бгыр щIакъузащ, еджащ, я тхэкIэр ирагъэфIэкIуащ. Журналым икъукIэ куэд зэфIигъэкIащ лъэпкъ литературэм, културэм, искусствэм, тхыбзэм зегъэужьынымкIэ. Литературнэ критикэ жыхуэтIэр нобэр къыздэсым лIыпIэ имыувами, абы игъуэта зыужьыныгъэр нэхъыбэу зи фIыщIэр аращ. Нобэ утыкум ит тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ куэдыр къызыдэхъукIари «Iуащхьэмахуэм» и жьэгурщ.

Журналым, дыщысабийм къыщыщIэдзауэ, ди къэралыр, ди лъэпкъыр, ди бзэр, ди литературэр фIыуэ дигъэлъэгъуащ; Хэкум, адыгагъэм, напэм, пэжыгъэм япэ зыри ибгъэщ зэрымыхъунум дыщIипIыкIащ.

Си щхьэкIэ «Iуащхьэмахуэр» си гъащIэ гъусэу сопсэу: си лэжьапIэ пэшым илъэс 20 хъуауэ зы дапхъэ хэха щысIыгъщ, журналым и зы къыдэкIыгъуи дэзмыгъэхуауэ зэкIэлъыкIуэу тету.

«Iуащхьэмахуэ» журналым сохъуэхъу, а зэрыжаным, зэрыпажэм хуэдэу, иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну, мураду зыхуигъэувыж псори къехъулIэну!



## ЩоджэнцIыкIу Леонид,

*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ ФIыщIэ фондым и унафэщI:*



Адыгэ литературэм, културэм, анэдэлъхубзэм я щытыкIэр, я зыужьыкIэр къигъэлъагъуэу лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ журналщ «Iуащхьэмахуэр». Ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр къытридзэкIэрэ, абы къалэнышхуэ егъэзащIэ цIыхум и зэхэщIыкIыр къэIэтыным, псэкIэ зегъэузэщIыным, анэдэлъхубзэм зегъэужьыным, къытщIэхъуэ щIэблэр фIым хуэущииным хуэунэтIауэ. А къалэн лъапIэхэм хуэпэжу, и зэфIэкIхэм хигъахъуэу, къызыхудэкI лъэпкъым и гъуазэу иджыри илъэс 60 куэд къигъэщIэну сыхуохъуахъуэ адыгэбзэкIэ къыдэкI ди журнал закъуэм!

**Даур Жэхьфар,**
*тхакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист:*



## Ди «Iуащхьэмахуэ»

Утхуэмахуэну
Уэ укъэхъуащ,
Лъэпкъым и щIыхьыр
Лъагэу пIэтащ.
ФIыгъуэу якъуэлъыр
Уэ къэбгъэлъагъуэу,
ЦIыхушхуэ куэдым
Я цIэр ипIуащ.
Уи илъэсыфIхэр,
Ныбжьэгъу уи куэду,
Хъарзынэ дыдэу
Уэ епхьэкIащ.
Ди журнал закъуэу
Нобэ дгъэлъапIэм
Адыгэ лъэпкъыр
КъыбдэбжьыфIащ.
Ди «Iуащхьэмахуэу»
Лъэпкъым и Махуэ,
ГъащIэшхуэ уиIэу
Тхьэм къыщIигъэкI,
Адыгэ щIыхьым,
Адыгэ напэм
КъытщIэхъуэ щIэблэр
Уэ тхущIэпIыкI!

# ЗИ ЦIЭДЖЭГЪУМ ХУЭФАЩЭ ДИ «IУАЩХЬЭМАХУЭ» ЩЭДЖАЩЭ

*ГукъэкIыжхэм щыщщ*

Адыгэм ди тхыдэм и щыхьэту, ди пщIэр, ди нэмысыр зыIэту, Алыхьыр къызэрытхуэупсауэ игъащIэ лъандэрэ къытщхьэщыт Iуащхьэ Махуэ – Iуащхьэмахуэ дахэшхуэм и цIэджэгъуу 1957 гъэм къызэрагъэпэщауэ, зи япэ къыдэкIыгъуэр 1958 гъэм дунейм къытехьа, тхуэугъурлы дыди хъуауэ щыта журналыр къызытепщIыкIа «Къэбэрдей» альманахыр сэ щыслъэгъуам Хэку зауэшхуэр увыIа къудейт. А къэхъугъэ телъыджэр си нэгу щыщIэкIар 1945 гъэр щиухрат. Абдеж ирихьэлIэу сэ япэ класс закъуэр къэзухауэ, къыкIэлъыкIуэ классхэм мазэ бжыгъэ гуэрхэмкIэ сыхэджыхьауэ арат. Школми сыщIэсыжтэкъым. Ауэ щыхъукIэ, илъэсипщI хуэдиз дэкIмэ, си япэ усэхэри къызытрадзэну а альманахым сыкъызэреджэфын щIэныгъэ збгъэдэлътэкъым. Зы пщIантIэм къыддыдэс си адэ къуэш бынхэри сэр нэхърэ нэхъ Iэзэтэкъыми, хэплъэ-хэкIыж жыхуаIэм дрещхыт... Дыкъыдэзыхыжар, къызэрыдэфIэкIым щхьэкIэ тIэкIуи зыкъытхуигъэщIагъуэу а тхылъым къытхуеджар ди гъунэгъу, ди ныбжьэгъу щIалэ цIыкIут. Ар мыдрей зэкъуэшхэм нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыжьт. Классищ-плIы къиухагъэнт. Сыт хуэдиз къиухами, дэ дэлъытауэ, щIалэ Iэзэт а Мухьэмэд. Еджэнми и нэр къыхуикIыу, хэлъэти зиIэу къыщIэкIынти... Армырамэ дэ зы хъыц зыхэдмыщIыкI а тхылъыр, – атIэми, дунейм къытехьа къудейр, – унагъуэ хуэмыщIам я къуэм дауэ къыIэрыхьат? Зыкъэзумысыжынщи, гугъуехьищэр пыщIауэ сэ апхуэдэ сиIэ щыхъуар куэдкIэ нэхъ иужькIэщ...

НтIэ, дызыгъэгуфIауэ щыта Мухьэмэд, и хьэм бажэ къиубыда нэхъей, и Iупэхэр зэтехьэжыртэкъым; IэщIэлъ тхылъ цIыкIур къытхуигъэпIийрт. И фэр зэрырахар нэрылъагъуу, тхылъыр укъуеят. Быдэуи зэрыIыгъыжтэкъым. Арат ди ныбжьэгъур абы щIытегужьеикIар. Къыдиту дигъэIыгъын дзыхь щIимыщIыр.

– Мыбы гъэщIэгъуэн Iэджи итщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтыр фщIэрэ? Дахэнагъуэ теухуа хъыбар дахэращи... Мис абы сыкъыфхуеджэнщ, – жери сабийхэр жэщ псом дыщигъэсат. А зы жэщымкIи зэфIэкIыртэкъым. Ауэрэ балигъхэми я тхьэкIумэм йоцырхъэ жей димыIэжу, дымыбэуэжу дызэдаIуэ хъыбар телъыджэм щыщ гуэрхэр. Ди ныбжьэгъум нэхъыжьхэри Iыхьэншэ хуэщIакъыми, ехъулIар дэращ: Мухьэмэд едэIуэнкIэ зыдгъэнщIыркъым.

Арати, сабийми балигъми абдеж щызыхыдощIэ литературэм и къарур зыхуэдизыр. Дауэ къыпщыхъурэ, зауэр увыIа къудей, лъыпсри нэпсри мыгъущыжа, цIыху цIыкIур шэджэладжэ, щыгъыныджэ пэтми, псэуным, насыпым къыхуезыджэ пьесэшхуэм – хъыбар дахэм дедаIуэу жэщхэр дгъэкIуэфырт. Мис аращ тхакIуэ Iэзэм, искусствэ нэсым я IэужькIэ узэджэну сэ къысщыхъур. Апхуэдэ тхакIуэхэм ящыщт зи гугъу сщIы пьесэр зи IэдакъэщIэкI Акъсырэ Залымхъани. Мы япэ къыдэкIыгъуэм тетащ ди тхакIуэ, усакIуэ нэхъыжьхэу, нэхъыщIэхэу цIыху пщыкIутху хуэдизым я къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр.

Зауэ зэманым апхуэдиз, нэхъыбэж тхакIуэ зиIа ди лъэпкъым литературэмрэ искусствэмрэ зищIысыр фIыуэ къыгурыIуэу зэрыщытам

щыхьэт тохъуэ мыри: альманахым и япэ къыдэкIыгъуэр тхылъ минищ хъууэ дунейм къытехьат. ИтIани, зэманыр сыт хуэдизкIэ хьэлъэми, зэрыжысIащи, ягъэукъуеиху яджырт. Ар икIи гъуэтыгъуафIэтэкъыми...

Псалъэм къыдэкIуэу икIи си жагъуэ хъуур къыхэзгъэщынщи, щыIэжкъым а япэрей ди тхылъеджэхэр – адыгэ литературэмрэ культурэмрэ пщIэшхуэ хуэзыщIу, хуэнэхъуеиншэу щытахэр. ФIыгъуэр зи Iэужьхэм я ехъулIэныгъэхэм щыгъуазэ зыщIыным зи нэ къыхуикIхэр куэдкIэ, куэдIейкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Щапхъэ жыпIа? Еплъ адыгэбзэкIэ къыдэкI тхылъхэм, журналхэм, кIэзетхэм я бжыгъэхэм хэщI зэпытурэ зэрекIуэкIым; ауэ щыхъукIи, унэжын, Тхьэм и шыкуркIэ, лъэпкъыр нэхъыби, нэхъыфIу псэуи дыхъуащ, арщхьэкIэ... Хъунщ. А Iуэхугъуэм теухуа гуныкъуэгъуэм мыбдеж куу зыщезгъэщIынкъым; мы гукъэкIыжхэм къыщысIуэтэну си мурадыр нэгъуэщIщ: ди Iуащхьэмахуэ и цIэджэгъу, зи япэ къыдэкIыгъуэм къыщыщIэдзауэ си тхыгъэхэми гъуэгу щагъуэта, сэри илъэс плIыщIрэ щыкIэ сызыщылэжьа журналым къызэпича гъуэгуанэраращи...

Къызэрыхэзгъэщащи, ар къызытепщIыкIар «Къэбэрдей» альманахырат. Ди псэукIэкIэ дефIэкIуа, ди зэхэтыкIэми нэгъуэщIу зихъуэжа пэтми, мо лъэхъэнэхэм щыгъуэ цIыхугъэкIэ, гулъытэкIэ, псэ къулеигъэкIэ дынэхъыфIам шэч хэлъу къыщIэкIынкъым. Дауи, арагъэнщ тхакIуэхэу, ди культурэр къэзыIэт цIыхушхуэхэу нэхъыбэ, нэхъыфI щIыдиIари. Мис абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр, гурэ псэкIэ къагъэщIхэр къызэщIэкъуауэ и чэзум деж цIыхубэм я пащхьэ илъхьэным пэмылъэщыж мэхъу альманахыр. Псом хуэмыдэу IэнатIэ хьэлъэ Iуувар тхакIуэхэрат. Зауэр къэмыхъей щIыкIэ ЩоджэнцIыкIу Алий зи шу пашэу къызэщIэрыуа усакIуэ, тхакIуэ щIалэхэм, къалэмыр зыгъэтIылъу, Iэщэр къэзыщтэу бийм пэувахэм ящыщ нэхъыбэм текIуэныгъэр къахьри къагъэзэжат. Абыхэм ятхыни жаIэни я куэдт: я ныбжьэгъу хэкIуэдахэм я фэеплъхэр, зыхэта мафIэ лыгъэм я нэгу щыщIэкIахэр, я фэм дэкIа хьэзабхэр гулъытэншэу къамыгъэнэн папщIэ, зыпэрыкIа IэнатIэхэм йотIысылIэжри, зауэм IисрафыпцIэр зыхилъхьа къэралыр къызэфIэгъэувэжынми я къару зэрырахьэлIэм къыдэкIуэу, я псэми я зэманми емыблэжхэу, творческэ лэжьыгъэм зрапщытыжри... ИлъэситI-щы къэскIэ зэзакъуэ фIэкIа къыдэмыкI альманахыр пэмылъэщыж мэхъу тхакIуэхэмрэ журналистхэмрэ я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр къызэщIэкъуэным. АтIэми, Теунэ Хьэчим, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къашыргъэ ХьэпащIэ, Къардэн Бубэ, Акъсырэ Залымхъан сымэ хуэдэ нэхъыжьыфIхэм я гъуэгум тету, ди литературэм зрагъэужьырт, япэкIэ ягъэкIуатэрт КIуащ БетIал, Налохэ Ахьмэдхъанрэ Зауррэ, ЩоджэнцIыкIу Нурий, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я ужьым къиуват творческэ ехъулIэныгъэфIхэр зиIэ, зи тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ Къущхьэ СултIан, Шэвлокъуэ Пётр, Мысачэ Пётр, Балъкъэр Фоусэт сымэ. МыдэкIэ укъэIэбэмэ, нэгъуэщI усакIуэ, тхакIуэ гупыфIи (Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Къэжэр Пётр, Гъубжокъуэ Лиуан, Къэрмокъуэ Хьэмид, Хьэх Сэфарбий) дыкъыхыхьат литературэм.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мы къезбжэкIахэми зи цIэ къиизмыIуа нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэм гъуэгу ягъуэтыным «Къэбэрдей» альма-

нахыр пэмылъэщыжыххэ хъуауэ зэрыщытар си нэгуми зэрыщIэкIам щхьэусыгъуэ иIэщ. ИIэращ.

ТхакIуэхэм я союзым къэкIуэн щIэздзат 1951 гъэм. ИужькIэщи, ахэр сымыгъэзэшыххэ, си тхыгъэхэмкIэ «згъэгуфIэрей» сыхъуу КIуащ БетIалрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ я фэм исхар Алыхьым къысхуигъэгъу. Ауэ, батэр сымыгъэшами, абыхэми сэри ди гугъуехьхэр псыхэкIуадэ зэрымыхъум сытрегъэгушхуэ: си тхыгъэхэр кIэзетхэми альманахми къытрадзэу щыхуежьэм, нэхъри сыкъызэрокIри, тхакIуэхэм къахыхьэрей, тхэн щIэзыдзахэм драгъэкIуэкI семинар-совещанэхэм зэи зыхэзмыгъэн сохъу; мис абыхэм щыгъуэ зэхэсхырт альманахыр и къалэным зэрыпэмылъэщыжым теухуа тхьэусыхафэхэр, журнал димыIэу зэрымыхъунум ехьэлIа псалъэмакъхэр.

АрщхьэкIэ тхьэусыхафэми хъуэпсапIэми зыри къимыкIыу екIуэкIыурэ... Си ныбжь ит нэхъыжьхэм зэрытщIэжщи, партымрэ правительствэмрэ гулъытэшхуэ хуащIу щытащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъыбэхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным. А Iуэхур тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ, егъэкIуэкIынымкIэ икъукIэ щхьэпэ хъурт парт политикэми идеологиеми гъуо лъэщу яIа тхакIуэхэр, искусствэм и лэжьакIуэхэр. Мыбдеж Iуэхур нэхъ зэщхь хъур хьэлIамэ къакIуэмэ, кIэфий нэкIуэжынщ псэлъафэрати, псори зи IэмыщIэ илъ партри абы и пшынэм къыдэфэхэри химылъафэ хуэдэт: пэж дыдэу, ди лъэпкъыбэхэм я зэныбжьэгъугъэр, яку дэлъ лъагъуныгъэр, я зэпыщIэныгъэхэр быдэ хъурт. Абыхэм зэгъусэу уафэм нэс зэдаIэтырт социализмэр тхуэзыухуауэ коммунизмэм и нэхум дыхуэзышэ парт Iущыр.



Апхуэдэ Iуэхухэр къэIэтауэ ехьэжьауэ дэхынымкIэ щхьэпэ хъурт республикэхэм, областхэм я литературэмрэ искусствэмрэ я Махуэшхуэхэр (декадэхэр) егъэкIуэкIыныр. Ахэр политикэмрэ идеологиемрэ ехьэлIа къудейтэкъым – апхуэдэ гулъытэ зылъыса лъэпкъхэм абы фIыгъуэ гуэрхэри къахудэкIуэрт: декадэхэм я фIыгъэкIэ тхакIуэхэм, культурэм и лэжьакIуэхэм я пщIэр къэрал щыхьэрым зэрыщаIэтыр си нэгум куэдрэ щIэкIащ Литературэ институтым сыщыщIэса илъэсхэми. Зи декадэхэр ирагъэкIуэкI лъэпкъхэм я тхакIуэ цIэрыIуэхэм я закъуэтэкъым апхуэдэхэм деж зи тхыгъэхэр, тхылъ щхьэхуэхэр Мэзкууи езыхэм я дежи нэхъ тыншу икIи нэхъыбэу щытрадзэр. Зи Махуэшхуэхэр дах си студентэгъухэми къалъысырт апхуэдэ насыпыр. Абыхэм сехъуапсэрт. Апхуэдэ фIыгъуэ дэри къытлъысауэ щыслъагъуным сыщIэхъуэпсурэ, ар си нэгу щыщIэкIыну пIалъэри къосри...

ИкIи къэс къудейкъым – а Iуэхур къыдэхыныр зи пщэ къыдэхуэхэм я шу гъусэ, я IуэхутхьэбзащIэ сохъу куэд дэмыкIыу. Институтым сыщыщIэса илъэситхум кърьиубыдэу ди тхакIуэ цIэрыIуэхэм я жьауэм сыщыщIэмыта зэи къэхъуакъым. Ди еджапIэм къегъэщIылIа Литературэ курсхэм щIэсащ Теунэ Хьэчим, итIанэ Кулиев Къайсын, абы иужькIэ – ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.

Зэщыкъу-зэмалъхъэ Хьэчимрэ Iэдэмрэ тхакIуэ къудейтэкъым – къулыкъущIэшхуэхэм ящыщу кърахьэкIырт я дунейр; ахэр сэ зэрысщIэж лъандэри нэхъапэжкIи партым и обкомым хэту, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутату къекIуэкIхэрт. ЖыпIэнурамэ, цIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыхушхуэхэт. Кулиевращи, къэрал псом щыцIэрыIуэ усакIуэт. Слъагъурт абыхэм Мэзкуу пщIэшхуэ, фIэлIыкIышхуэ

зэрыщаIэр. Арагъэнт Iуэхушхуэ зезыхьэу Налшык никIыу щыхьэрым ныдыхьахэр дапщэри абыхэм нащIыхуеблагъэр.

Зи Iуэху зэрахуэу, зытепсэлъыхьхэу зэхэсххэр лIот? Си гур хэзыгъахъуэт: къызэрызгурыIуэмкIэ, си нэр къызыхуикI декадэхэм хуэдэкIэ партымрэ правительствэмрэ ди республикэми къыхуэупсэнути, ар ехьэжьауэ дэхыным зыхуэгъэхьэзырыным пасэу щIадзат. А Iуэхум хуабжьу жыджэру хэтт Теунэ Хьэчими. Абы и «штабым» къекIуалIэхэм зэрахуэ Iуэхухэр слъагъуэрт; ирагъэкIуэкI псалъэмакъхэр зэхэсхырт. Нэхъапэхэм щыгъуэ ди тхакIуэхэм альманахыр къазэрецIыкIуэкIым иритхьэусыхэу, журнал къратыным ехьэлIауэ запIытI-захузу лъаIуэу, ауэ Iуэхум зыри къимыкIыу щытамэ, иджы быдэу трагъэчыныхьырт: Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI зэрырикъум и саулыкъукIэ Мэзкууи Налшыки щрагъэкIуэкIыну гуфIэгъуэ махуэшхуэхэр (декадэхэр) къэгъэсэбэпауэ къэралым къыпыкIыну хъуар къыпыхын. ИкIи ауэ сытми лъаIуэ къудейхэтэкъым – ди лIы губзыгъэхэм, Iуэхушхуэ зехьэным, дэхыным хуэIэзэхэти, партымрэ правительствэмрэ я политикэр тегъэщIапIэ ящIурэ, я щхьэр Iэтауэ хэт и бжэри Iуахырт. А псори лъэужьыншэ зэрымыхъур сэри слъагъу къудейтэкъым – абыхэм си сэбэпи къыхэкIырт: Хьэчимрэ Iэдэмрэ я чэнджэщрэ я ущиекIэ сытегушхуауэ есхулIэфырт редакцэхэм, тхылъ тедзапIэхэм. Абыхэм щылажьэхэми, дауи, къагурыIуэрт зи декадэхэр ирагъэкIуэкI лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм нэлейкIэ еплъын, гулъытэ нэхъыбэ яхуэщIын зэрыхуейр. Мис абы и фIыгъэщ Къэбэрдей усыгъэм и антологиери «Къуршыпсым и макъ» тхылъри (тхэн щIэзыдза щIалэгъуалэм ди усэхэр иту) Мэзкууи Налшыки 1957 гъэм къыщцыдэкIауэ зэрыщытар.

Ахэр гъэхьэзырынымкIэ, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ Хьэчим и зэмани и зэфIэкIи еблэжыртэкъым. Псалъэм къыдэкIуэу, мыри къыхэзгъэщыныр щIысфIэзахуэр цIыхум и фIыщIагъыр сымыгъэкIуэдын папщIэщ. Налшык къыщцыдэкIа антологием ит авторхэр Мысачэ ПётркIэ иухырт. Ар пасэ дыдэу ягъэхьэзырагъэнти, Тхьэгъэзит Зубери сэри абы дихуатэкъым. Мэзкуу къыщцыдэкIыным и Iуэхур тIэкIу нэхъ кIыхьлIыхь хъуат. Ауэ, Теунэр мыхъуамэ, абыи дыкъыкIэрыху пэтащ Тхьэгъэзитымрэ сэрэ. АрщхьэкIэ Хьэчим телефонрэ письмохэмкIэ лъэкI къызэримыгъэнам и фIыгъэкIэ дэ тIури дихуауэ щытащ къыдэкIыным хьэзырыбзэ хуащIа тхылъым.

Апхуэдэ гулъытэрэ зэфIэкIрэ яIащ ди нэхъыжьыфIхэу адыгэ литературэм и къуэпсым зегъэдзыным телажьэхэм...

УзыщыгуфIыкIын апхуэдэ фIыгъуэ куэд тхакIуэхэми, искусствэм и лэжьакIуэхэми, республикэм ису хъуами къытхудэкIуат зи гугъу сщIы Iуэхушхуэу 1957 гъэм екIуэкIам. Абыхэм ящыщт ди тхакIуэхэр куэд лъандэрэ щIэлъаIуэ журналыр а илъэс дыдэм къызэрагъэпэщауэ зэрыщытари. АдэкIэ къызыхуэтыжыр лIот? Редакцэм щылэжьэнухэр екIурэ-ещхьу къыхэхауэ, фIаща «Iуащхьэмахуэ» цIэм хуэфащэу журналыр къыдэгъэкIынрати, апхуэдэ тхакIуэ, усакIуэ, литературэ лэжьакIуэ Iэзэхэр редакцэм кърашалIэ.

Редактор нэхъыщхьэу ягъэув парт лэжьакIуэуи, министруи, журналистуи Iэджэ лъандэрэ къекIуэкI усакIуэ Щомахуэ Амырхъан. А къулыкъур абы щылъагъэсым щхьэри лъакъуэхэри зыIэщIэлъхэм куэд зэпалъытагъэнт. Апхуэдэу жыдэзыгъэIэращ: «Iуащхьэмахуэ» псалъэм

и щIагъым щIэту властыр къутэжыхукIэ къекIуэкIащ «литературно-художественнэ, общественно-политическэ журнал» жиIэу. Абы къикIыр гурыIуэгъуэт: литературэ тхыгъэ «къабзэ» къудейхэр тебдзэу общественно-политическэ Iуэхур IэщIыб пщIы хъунутэкъыми, а Iуэхугъуэхэр тэмэму зэпэлъытыныр, редактор нэхъыщхьэ къулыкъур япэ къэс тхакIуэм дзыхь хуэпщI мыхъуным тращIыхьагъэнти... УнафэщIхэр щыуатэкъым – ахэр зыхуейм хуэдэу къыщIэкIат Щомахуэр: журналым и напэкIуэцIхэм увыпIэшхуэ щаубыдырт политикэм, идеологием, къэралым щекIуэкI Iуэху псоми теухуа тхыгъэхэм. Ауэ абы къикIыркъым Щомахуэр редакторыфIу щымытауэ – Амырхъан Iэзэу задригъэкIуфырт парт унафэщIхэми тхакIуэхэми. Журналым быдэу сыпыщIауэ, абы и лэжьыгъэм фIыуэ сыщыгъуазэу щытащи, си щхьэкIэ икIи срихьэлIакъым жаIэуи зэхэсхакъым редакцэм къекIуалIэхэм зи жагъуэ ящIа къахэкIауэ. Абы щылажьэхэр щIалэфI, щIалэ Iэзэ защIэт. Ди тхакIуэхэм, журналистхэм хэплъыхьурэ къыхащыпыкIати, зи къалэныр дэгъуэу зымыгъэзащIэ яхэттэкъым.

Жэуапыхь секретару ягъэува Шырыт Хьэтызэ егъэджакIуэуи щытат, тхылъ тедзапIэми щылэжьат, «Ленин гъуэгу» кIэзетми щыжурналистат. НэгъуэщIыбзэкIэ ятхахэр зэдзэкIынми хуэIэкIуэлъакIуэт; редакторыгъэми фIыуэ хэзыщIыкIт.

ПрозэмкIэ къудамэр зыIэщIэлъ Шэвлокъуэ Пётрщи, Мэзкуу кIуэуэ Литературэ институтым щIэтIысхьэным и пэкIэ «Къэбэрдей пэж» кIэзетым щылэжьат. Щеджэхэм щыгъуи журналистыгъэр, литературэ лэжьыгъэр зэи IэщIыб ищIатэкъым: къэрал къалащхьэ редакцэхэм япыщIауэ, Налшыки къатхэрэ и IэдакъэщIэкIхэр «Къэбэрдей» альманахми кIэзетхэми къытрадзэу щытащ. ИкIи сыт хуэдэ тхыгъэри дэгъуэу зэридзэкIырт. Еджэныр къиухыу къигъэзэжа нэужьщи – ди тхылъ тедзапIэми абдежхэм къызэрагъэпэща къудей Налшык телевиденэми щыредакторат. ЖыпIэнурамэ, журналистыгъэм хуэIэзэт.

УсыгъэмкIэ, публицистикэмкIэ къудамэхэр зыIэщIалъхьа Мысачэ Пётри Литературэ институтыр Мэзкуу къыщиухат. И усэ тхылъи къыдэкIат. НэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIахэр зэдзэкIынми хуэшэрыуэт.

Драматургием, культурэм, критикэм хуэфащэ гулъытэ журналым и напэкIуэцIхэм щагъуэтыныр зи пщэ далъхьа КIурашын БетIал ди пединститутым щыщIэса илъэсхэм лъандэрэ журналист IэщIагъэр зыхуэдэм щыгъуазэт: зэреджэм хуэдэурэ пщыхьэщхьэкIэрэ «Къэбэрдей пэжым» щыкорректорт; и тхыгъэхэри щIэх-щIэхыурэ кIэзетхэм къытехуэрт. Дауи, хэлъэт зиIэ щIалэ Iэзэу, куэд къэулъэпхъэщыным хуэнэхъуеиншэу зэрыщытыр къалъытагъэнт абы и пщэм къалэнышхуэ щыдалъхьэм: щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта КIурашыныр Мэзкуу ягъакIуэ Луначарскэм и цIэр зезыхьэу абы дэт театр институтым (ГИТИС-м) щIэс ди щIалэгъуалэ гупышхуэр адыгэбзэм и дахагъыр, и IэфIагъыр зыхуэдэм кууэ хуригъэджэну. А лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ къезыхьэлIа БетIал Мэзкуу кърашыжри, япэ лъэбакъуэр журналым езыгъэчахэм ящыщ мэхъу...

Зэрытлъагъущи, «Iуащхьэмахуэм» и напэ хужьышхуэр тезымыхын защIэт абы и щыгур зылъагъэсахэр. ЖурналыщIэм лэжьыгъэщIэ куэди къыпэщылът; япэ лъэбакъуэхэр зэрыпчым IэджэкIэ елъытат узытеува

гъуэгуанэр зэрыпкIуну щIыкIэр. Ар къагурыIуэрт шу пашэ Щомахуэми абы и шу гъусэ щIалэ дыгъэлхэми. ЗэрыжаIэу, я Iэщхьэлъащхьэр дэхьеярэ еш, щхьэх ямыIэу, хэплъыхьищэр ящIу ягъэхьэзыра япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытохьэ 1958 гъэм.

«Хэплъыхьищэ» псалъэр ауэ сытми къызжьэдэхуакъым, нобэ хуэдэу тхакIуэкIэ дымытхьэмыщкIэу, атIэ узыхэплъыхьын тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ дыкъулейт. Классик хьэзырщ жыхуаIэхэм я фэгъути, ахэр сыт хуэдэ утыкушхуэхэми къыщызэдэбгъажэми – укъэзымыгъэщIэхъунхэт. ИкIи КIыщокъуэ Алим и закъуэтэкъым а утыкушхуэм щIэх-щIэхыурэ зыкъыщызыгъэлъагъуэри бжьыпэр щызыубыдыфри. Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, нэгъуэщIхэми я шылъэр щIэх-щIэхыурэ нахусырт Мэзкуу икIи пщIэншэрыкIуэ хъухэртэкъым – зэдзэкIакIуэ Iэзэхэм зыпащIэрт; редакцэхэмрэ тхылъ тедзапIэхэмрэ узытемыукIытыхьын тхыгъэхэмкIэ къахьэхурт. Алыхьым и шыкуркIэ, иджыри дыкъулейт леишхуэ щызэрахьа, ди тхакIуэ пажэхэр щызэтраукIа гъэ бзаджэхэм къела щIэблэмкIэ. «Iуащхьэмахуэр» зи пкъым къикIа «Къэбэрдей» альманахым и гугъу щысщIым къыхэзгъэща «Дахэнагъуэм» дысабийуэ щыгъуазэ дыщыхъуа гъэм Акъсырэ Залымхъан и ныбжьыр илъэс тIощIрэ зытхухрэ ирикъуа къудейт. Пьесэр, дауи, нэхъапэжкIэ итхат. Хуэфащэ гулъыти игъуэтати, урысыбзэкIи зэрадзэкIри, «Искусство» тхылъ тедзапIэм (Мэзкуу) къыщыдэкIат 1948 гъэм. Акъсырэм хуэдэ нэгъуэщI тхакIуэ IэзэхэмкIи Алыхьыр къытхуэупсат: щIалэщIэ дыдэхэу КъардэнгъущI Зырамыку, Тубай Мухьэмэд сымэ я пьесэхэр («Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ», «Мэжидрэ Мэрятрэ») дунейм къыщытехьам ахэр зи IэдакъэщIэкIхэм я ныбжьыр илъэс тIощIым щхьэдэха къудейт. 

Апхуэдэ тхакIуэ Iэзэхэмрэ абыхэм я фэгъу щIалэхэмрэ я фIыщIэ куэд хэлъащ журналыр къызэрыдатами нэхъ ин (Iув) хъу зэпытурэ къызэрекIуэкIами. КъыдэкIын щыщIидзагъащIэм ар зэрыхъуу щытар печатнэ лист жыхуаIэм хуэдэу 8 къудейт. Зы повестышхуэфI (напи 175-176-рэ хуэдиз) ихуэну арат. Аргуэрыжьти, абыи къыхузэщIэкъуэртэкъым къыхаха IэщIагъэм хуэIэзэу икIи жыджэру лъэпкъым хуэлажьэ ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Ар зы.

ЕтIуанэращи, дэтхэнэ зы тхакIуэри щIохъуэпс, псыхэкIуадэ мыхъуу, тхылъымпIэр сабэм иуэжауэ щымылъу, и лэжьыгъэр щIэджыкIакIуэм Iэрыхьэным. Уи IэдакъэщIэкIыр, умыклассик дыдэмэ е къулыкъушхуэ умыIыгъмэ, тхылъ щхьэхуэу занщIэу къыщыдэбгъэкIыфын лъэхъэнэ щыIауэ сэ сщIэжыркъым. Мис а гугъуехьхэм къапэкIухьынымкIэ, псом хуэмыдэу тхэн щIэзыдза щIалэгъуалэмкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ мэхъу щIэх-щIэхыурэ къыдэкI журналыр. КъимыдэкIэ, абы требгъэдзам къеджахэм дагъуэ къыхуащIамэ, тхылъ щхьэхуэу къыдэбгъэкIыным и пэкIэ, ар зэбгъэзэхуэжынымкIи журналым Iуэхуф I зэрилэжьым шэч хэлъу къыщIэкIынкъым.

Республикэм и унафэщIхэм мис а псори нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри къалъытэрт, тхакIуэхэм я псалъэм, я лъэIухэм арэзы техъуэурэ, сыт хуэдиз мылъку темыкIуадэми, журналыр и IувагъкIэ нэхъ ин щытхуащIкIэ; мащIэ-мащIэурэ къытхущIагъуурэ листийр зыбгъупщIым нэса пэтми, общественно-политическэ лъэныкъуэм и гугъу умыщIыххэми, зи усыгъэхэмкIэ, рассказхэмкIэ, повестхэмкIэ,

романхэмкIэ, пьесэхэмкIэ редакцэр зыгъэгуфIэ тхакIуэхэм аргуэру псалъэмакъ къаIэту хуожьэ: журналыр мазэ къэс къыдэкIыу щIын. АрщхьэкIэ, ар къэрал унафэм елъытати, лъаIуэ фIэкIа, а Iуэхум зыри къыщIимыкIам и щхьэусыгъуэхэм ящыщт мыри: апхуэдэу ящIамэ, редакцэм щылажьэхэм я бжыгъэми хэгъэхъуэн хуей хъунут; къимыдэкIэ, мылъкуу текIуадэри (лэжьапщIэти, тхылъымпIэти, н.къ. жыпIэми) куэдкIэ нэхъыбэ хъунути... Аргуэру къытхуащIарат: журналым и лист бжыгъэр пщыкIутI тхуащIри, ди жьэр ягъэн. Мыбдеж сэри Iуэхум зыщIыхэзбжэр, япэхэм хуэмыдэжу, хэплъыхь тIэкIу сщIы хъуати, «Ленин гъуэгум» сикIри, илъэс плIыщIрэ щыкIэ журналым сыщылэжьащи аращ. ИкIи сыхущIегъуэжыркъым абы, сыту жыпIэмэ, япэрауэ, сызыхыхьа гуп цIыкIур си ныбжьэгъу защIэт, щIалэ Iэзэхэт, журналыр зыгъэжурнал тхакIуэхэм яхуэгуапэт. ЕтIуанэрауэ, авторхэр редакцэм нэхъыбэу къешэлIа хъуным зэрытелажьэхэри пасэу си нэгу щIэкIат. Сыщеджэ лъэхъэнэхэм къыщыщIэдзауэ ахэр къыщысхуэмыгуэпа, си тхыгъэ къыщысхуадзыжа къысхуихуауэ сщIэжыркъым. ИкIи апхуэдэу зыхуэфIэрафIэхэри си закъуэтэкъым. Арат журналым авторыфIхэри щIикуэдыр, узыхэплъыхьын, фIым я нэхъыфIыжыр къызыхэпхын къигъэхъуапIэ щIыщыIэр.

Мы жысIэхэр нобэ уи фIэщ мыхъун хуэдизщ, ауэ пцIы зыхэмылъ хьэкъщ: редакцэм щылажьэ щIалитхум журналым и напэкIуэцIхэр ди творчествэмкIэ (художественнэ тхыгъэмкIэ) къыщытлъысыр зэзэмызэт. Ауэ щыхъукIи, Гъубжокъуэ Лиуан нэмыщI, мыдрейхэр дыбынунагъуэт: улахуэу къыдатыр хьэдэгъуэдахэу мыхьэнэншэт. Сэ, псалъэм папщIэ, си лэжьапщIэр тумэнипщIрэ сомитхурэти, налогыр, взносыр хэкIыжа иужь, япэ мазэ ныкъуэм къысIэрыхьэ факъырапщIэр (авансыр) зэрыхъур тумэнитIрэ сомихрэт. УлIмэ, абыкIэ уэри псэу, уи унагъуэри зыхуей хуэгъазэ!

Арати, цIыхум дахэгъуащэу дазэрыхэтын хэкIыпIэу къытхуэгъуэтыр лIот? Художественнэ творчествэм щымыщ тхыгъэхэмкIэ кIэзетхэм, радиом, телевиденэм зыгуэрхэр къыщыдулъэпхъэщурэ, нэхъыбэу дызыкъуэсыр арат. Армыхъумэ, си усыгъэхэр, рассказхэр, тхыгъэшхуэхэм щыщ пычыгъуэ гуэрхэр схутрадзэн хуэдэу, чэзур дапщэщ къыслъысыну пIэрэ жыпIэу угугъэу ущысмэ, уи гурыгъыр ижынти... Укъэсыжат!.. АрщхьэкIэ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къашыргъэ ХьэпащIэ, Къардэн Бубэ сымэ хуэдэ классикхэмрэ абыхэм куэдкIэ къакIэрымыху адрей ди тхакIуэ хъарзынэхэмрэ я рассказхэр, повестхэр, романхэр, пьесэхэр ебгъэкIуэтэкIыу ууейхэр тебдзэныр икIи емыкIут. ИкIи къыпхуадэнутэкъым...

Журналым и напэкIуэцIхэр зэпэубыдауэ, ди тхыгъэхэр нэхъ щIэхыурэ теддзэну нэхъапэхэм къытлъымысыжыныр къызыхэкIыр ар зэрыцIыкIу къудеймрэ тхакIуэ нэхъыжьыфIхэмкIэ дызэрыкъулеямрэ я закъуэтэкъым. Партымрэ правительствэмрэ я политикэм увыпIэшхуэ щиубыдырт СССР-м щыпсэу лъэпкъыбэхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнми. А Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэфIхэм щыщт литературэмрэ искусствэмрэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, нэхъапэIуэкIи къызэрыхэзгъэщащи, республикэхэр, областхэр я культурэмкIэ зэхъуэжэнри политикэм и зы Iыхьэт. Ар икIи фIы куэд къызыдэкIуэ, узыщыгуфIыкIын Iуэху щхьэпэт. Общественно-политическэуи ябж

журналхэми я пщэм къыдэхуэрт а политикэр IэщIыб ямыщIыну. Ди «Iуащхьэмахуэми» зыщигъэгъупщэртэкъым и къалэнхэм ящыщ а Iуэхур щIэчэ имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейр. Ар щынэрылъагъут журналым и япэ къыдэкIыгъуэхэм къыщыщIэдзауэ къыкIэлъыкIуэ номерхэми. Сытым щыгъуи Iыхьэшхуэ щаубыдырт ди гъунэгъу республикэхэм, областхэм щыщ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм: осетинхэм, шэшэнхэм, мыщкъышхэм, дагъыстанхэм; ди щIыбагъымкIэ уIэбэмэ, Ростов, Краснодар, Ставрополье, Мэзкуу щIыналъэхэм щыпсэу тхакIуэхэри щIэх-щIэхыурэ къедгъэблагъэрт. Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ яхуэтщI зэпытт журнал зимыIэ Псыжь адрыщI ди къуэш шэрджэсхэмрэ ди тхыгъэхэм папщIэ я «Зэкъошныгъ» журналыр зыхуэжумарт адыгей тхакIуэхэмрэ я творчествэм.

Мо къезбжэкIахэр зэхьэлIар Урысейм щыщ щIыналъэхэм щыпсэухэрат. Ауэ далъэIэсырт латышхэми, сонэхэми, ермэлыхэми, нэгъуэщIхэми.

Псом хуэмыдэу СССР-р лъэлъэжыхукIэ быдэу зэпыщIауэ щытащ Украинэм щыщ Винницэ областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ. Литературэмрэ искусствэмрэ я МахуэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ дызэхъуажэрти, ахэр егъэкIуэкIынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ягъэзащIэрт лъэныкъуитIми ди журналхэми. «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцI зыбжанэ яхухэтх къудейтэкъым – зэрыномеру щалъыдгъэс щыIэт ныбжьэгъу къытхуэхъуахэм ятеухуахэмрэ я тхыгъэхэмрэ. КIэзетхэр, журналхэр, тхылъ тедзапIэхэр зи куэд езы украинхэми щIыхуэ зытрагъахуэртэкъым...

Абхъазхэмрэ дэрэ дызэрызэкъуэшыр лъэныкъуитIми зэи зыщыдгъэгъупщэртэкъым; ди «Iуащхьэмахуэ», мобыхэм я «Алашара» журналхэм я напэкIуэцI зыбжанэхэмкIэ дызэхуэупсэ къудейтэкъым – номер псор зэрыщыту зым адрейм щыхухих щыIэт зэкъуэш лъэпкъитIым я литературэмрэ я псэукIэмрэ теухуа тхыгъэхэм. Абы нэхъри гъунэгъу дызэхуищIырт.

Абхъаз щIалитI, – иджы цIэрыIуэ хъуа тхакIуитI, – Литинститутым илъэситхукIэ къыщызддеджати, абыхэм я фIыгъэкIэ Iэджэ щIауэ сапыщIат ди къуэшхэм: зи унагъуэхэм мызэ-мытIэу симыхьа, сэри схуэмыхьэщIа куэд яхэттэкъым.

Сэ абыхэм сазэрыпыщIа лъандэрэ, сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжу, сехъуапсэрт абдежхэм ирихьэлIэу цIыху минищэ иримыкъуу щыта ди къуэш лъэпкъ уардэ цIыкIум и тхакIуэхэм зи бжыгъэр миниблым щIигъуу къыдэкI журнал зэраIэми, я псэукIэ-щыIэкIэкIэ дэ куэдкIэ къызэрыдэфIэкIми.

Ауэ щыхъукIи, ди журналыр зыIэрыхьэу, еджэу Псыжь адрыщI щыпсэухэри къытхэплъытэмэ, блыщI-пщIей гъэхэм адыгэхэр мелуан ныкъуэм дызэрынэхьэс, тхакIуэ нэхъыби диIэ пэтми, мазитIым зэ фIэкIа къыдэмыкI «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэр щIэмычэу лъыдгъэсащ ди къуэшхэм я литературэм. А Iуэху щхьэпэр щIэдзапIэ хуэхъуагъэнщ абхъаз тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» роман телъыджэри (Къэрмокъуэ Хьэмид зэридзэкIауэ) Тарбэ Нелли и усэхэр зэрыт «Псэм и лъахэ» тхылъри (сэ зэздзэкIауэ) Налшык къыщыдэкIауэ зэрыщытам...

Тобэ ярэби, мы гукъэкIыжхэр стхыжу сыздэщысым ауэрэ си щхьэм къикIэрэхъуэжам еплъи тIысыж! НэхъапэкIэ зи цIэ къисIуа ди клас-

сикхэри абыхэм я шу гъусэу щытахэри, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дунейм ехыжауэ, сыт щыгъуи нэхъ дызыщыгугъ икIи дыкъэзымыгъэщIэхъу КъардэнгъущI Зырамыку, Налохэ Ахьмэдхъанрэ Зауррэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Тхьэгъэзит Зубер сымэ узыншагъэ ямыIэж хъуауэ, редакцэр гузэвэгъуэ щыхэхуа лъэхъэнэхэм журналым и напэкIуэцIхэр нэхъыбэу зыгъэнщIу, нэхъ жыджэру къэнэжар дызэрыхъужыр зыплIытхут: IутIыж Борис, Къэрмокъуэ Хьэмид, Хьэх Сэфарбий, Къэжэр Хьэмид... Напэ щитIрэ хыщIым нэс зэрыхуэ журналыр мазитI къэс зэ къыдэгъэкIын хуейт. Екъум еуэ жыхуиIэу, IутIыжым нэхъ зытрикъузэр журналыр зэи зыщыщIэ мыхъун прозэ тхыгъэхэр иужь лъэхъэнэхэм нэхъ къызыбгъэдэкI Хьэхымрэ сэрэт. Адрейхэм... Уэр нэхъ бригадирыфIрэ колхоз тхьэмадэфIрэ е нэхъ бзаджэ щымыIэми, вакIуэлI е мэкъуауэ щымыхъуакIэ, тхакIуэм хьэтыркIи баштекъузэкIи къыпыпхынышхуэ щыIэкъым. Ди нэхъыжьыфIхэм къагурыIуэрт, утхакIуэ нэсу зыплъытэжмэ, умышхэу зэрымыхъунум хуэдэу, утхэни зэрыхуейр. АрщхьэкIэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм тету псэуахэр диIэжтэкъыми, зыгуэр зыхуэщIэу къэнэжа тIэкIурат редакцэр зыщыгугъыр. Дэтхэнэ зы журналышхуэми ещхьу, абы нэхъыбэу тетыпхъэр кIуэ пэтми къыдэмэщIэкI хъуа прозэ тхыгъэхэрат. ЗэрыжысIащи, а жанрымкIэ тIэкIу нэхъ жыджэру къэнэжар Хьэхымрэ сэрэт. Пэжщ, рассказ гуэрхэмкIэ дызыгъэгуфIэ авторхэри къыщытхуеблагъэ щыIэт. Абыхэм я нэхъыбэр зи ехъулIэныгъэфIхэр дяпэкIи бэгъуэн ди бзылъхугъэ цIыкIухэрат. АрщхьэкIэ, тхыгъэшхуэ уимыIэмэ, журналыр усыгъэрэ рассказкIэ гъэнщIыгъуейщ. Арат Сэфарбий и роман хъарзынэр Iыхьэ-Iыхьэурэ къыдэкIыгъуэхэм къыщIытехуэр. Ауэ зы авторкIэ урикъун? Сэри абы тхыгъэ нэхъ иныIуэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэ сыдэIэщын хуей хъурти... Ар зыгуэрхэм я нэм бжэгъуу къыщIоуэ. ИкIи редакторыгъэр пIалъэкIэ зыIыгъыр сэрати, зызыгъэтхакIуэ, ауэ  журналым теддзэнкIэ зыкIи зыкъытщIэзымыгъакъуэ гуэрым вы лIам сэ хиIу щIыкIэу: «Хьэхымрэ Елгъэрымрэ фыдужэгъуащ», – къызохъурджауэ. ЛIот абы жепIэнур? Ауэ щыхъукIи, дызэрытхыгъэншэм, ди Iуэхур зэрыхэплъэгъуэм фIыуэ щыгъуазэу, езым и ныбжькIи, и узыншагъэкIи, Тхьэм и шыкуркIэ, уигу щIыщIэгъун щымыIэу, зэрымытхэм нэхъ дагъуэ имыIэу. Сэ а Iуэхухэм быдэу сыщыгъуазэщи аращ сыщIэпсэлъэрейр...

IутIыж Борис 2008 гъэм зэуэзэпсэу дунейм ехыжа нэужь, журналым и редактор нэхъыщхьэ къалэныр, сыхуей-сыхуэмейми, си пщэм къыдэхуэпати, згъэунэхуащ ар зэрыIэнатIэ гугъур. Пэжыр жысIэнщи, зыгуэрхэм къызэралъытэу щытам хуэдэу, журналым ущылэжьэныр зэи тыншу, дурдылу щытагъэнкъым. ЗэрыжысIащи, улахуэхэр хьэдэгъуэдахэу мыхьэнэншэт, абы къыщыблэжьынIари щхьэгъэпцIэжти... Журналыр къызэIузыхахэм жэуапыхьу ящIыгъуа щIалэ Iэзэ Шырытым куэдрэ зимыIэжьэу, къызыпэрыкIа IэнатIэр арати, зэдзэкIакIуэу кIэзетым егъэзэж.

Хьэтызэ и пIэм къиувэгъа Сокъур Мусэрбийщи, куэдрэ зимыIэжьэу, абыи кIэбгъу зыщIищIыжар апхуэдэ зыгуэрт.

Мо тIум я закъуэтэкъым, нэхъ иужькIэ «щIэпхъуэжахэу» щыташ Балъкъэр Фоусэт, КIэщт Мухьэз, Уэрэзей Афлик, Къаныкъуэ Заринэ, Гъэунэ Борис сыми, нэгъуэщIхэри. КIэщI дыдэу щIызгъужынщи, къызэрыгуэкI редакторхэу къытхуэкIуэн дымыгъуэтыр щыгъэтауэ,

сыкъыIукIыжын мурад щысщIам си пIэкIэ къэувыну къытхуэгъуэтар Мыкъуэжь Анатолэ закъуэти... Тхьэм и шыкуркIэ, ар и къулыкъум дэгъуэу зэрыпэлъэщыр нэрылъагъущи, журналым и Iуэхухэр нэхъри ефIэкIуэну ди гуапэщ...

Мыхэр сигу къыщIэкIыжаращ. Зыкъомым къащыхъурт журналым щылажьэхэм а «зыгъэпсэхупIэ унэр» игъащIэкIэ яIыгъыну – дуней жэнэтыр яубыдауэ, нэгъуэщIхэр кърамыгъэкIуалIэу. Зыгуэрхэр згъэдыхьэшхыну е згъэшхыдэну къыхэсIуауэ аракъым мыхэр. Нэхъ вэгъзэгъ гъуэтыгъуей, щIалэ Iэзэхэу Шэвлокъуэми IутIыжми, – сэри сыщыдагъакIуэ къэхъуу, – къателъадэхэр зэрыщыIар си нэгу щIэкIащ. А ди тхакIуэгъу, ди журналистэгъу «ныбжьэгъухэр» редакторхэм къащIыхуэпсалъэр, къащIытеуэр лIот? «Iуащхьэмахуэ» щыгу «зыгъэпсэхупIэ унэр» зэрыфIыгъар куэдщ. ФытекIуэти, а тыншыпIэр дэри зэ къытлъывгъэс, жыхуаIэт.

Мы къезгъэкIуэкIхэр нэхъ я фIэщ хъун папщIэ, а «тыншыпIэм» теухуауэ нэгъуэщI зы щапхъэ цIыкIуи къэсхьынт.

Долинск и зыгъэпсэхупIэхэм ящыщ зым телефонкIэ псэлъэну мурад зыщIа гуэр щоуэри, кIэзет редакцэм къытохуэ... «ЗыгъэпсэхупIэ унэра ар?» – жызыIэу къыщIэупщIэм жэуап иретыж «ди ныбжьэгъум» (нэхъ дауэгъу дыдэу диIа, зи тхыгъэхэри нэхъыбэрэ къытеддзэу щыта а цIыху кIуэцI гуанэр нобэ псэущи, куэдрэ Тхьэм игъэпсэу: «Ущыуащ, щIалэ. Мыр лэжьапIэщ. УзыщIэупщIэ ЗыгъэпсэхупIэ унэм я телефоныр нэгъуэщIщ», – жери ди телефоныр иретри, «Iуащхьэмахуэм» къегъэпсалъэ. Ар и щыпэщIэтэкъым абы.

Апхуэдэ закъуэтIакъуэхэм къытхуапсэлъ гуемыIухэм уадэкIуэтэнт; къыдафыгъуэлIэнышхуэ дбгъэдэмылъми, тIэкIу укъыщIыдэхъуэпсэну къыддалъагъур зищIысыр дэри къыдгурыIуэжырт: кIэзетхэм, радиом, телевиденэм щылажьэхэм елъытауэ, пэж дыдэу, дынэхъ щхьэхуитт, махуэ къэс сатыр бжыгъэхэр, нэтынхэр дгъэхьэзырын хуейуэ къытпаубыдыртэкъым – журналым и напэкIуэцIхэр тэмэму дгъэнщIу и чэзум (графикым тету) тхуэтрэ мазитIым зэ къытхудэгъэкIмэ, пцIым сыткIэ дыхуей, ди щхьэми тIэкIу дыхуэлэжьэну зэман къыщытхудэхуэ щыIэт. Псалъэм папщIэ, зи тхылъхэр Налшыки Мэзкууи нэхъыбэ дыдэрэ къыщыдэкIхэм ящыщ сэ сыкъапщтэмэ (адрейхэри арагъэнт) кIэзетым сикIыу абы сыщIэкIуам, си лъэри зэрыщиубыдам хуитынығъэри хэлът. Аркъудейтэкъым, журналыр къыдэзыха ди тхакIуэхэри нэгъуэщIыпIэ къикIахэри абы щызэблэкIрейт. Ущымыжурналист къудейкIэ, уэр нэхърэ нэхъыжь икIи куэдкIэ нэхъ Iэзэ тхакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ уахуэзэныр, къапсэлъхэм уедэIуэныр зэрыщхьэпэм шэч хэлътэкъым... Армыхъумэ драпхауэ, къыдапэсхэри зытедгъэзагъэу, залымыгъэкIэ зыми диIыгътэкъым...

НэхъапэIуэкIэ къыхэзгъэща щхьэ закъуэ «ныбжьэгъухэм хуэдэхэм къытхуаIэ лъагъуныгъэр» уэим щIэпщIыщэн щымыIэми, псори зи IэмыщIэм дис, зи унафэм дыщIэт парт, советскэ къулыкъущIэшхуэхэм я «гушыIэкIэр», я дагъуэ щIыкIэр нэгъуэщIт. УщралэжьакIуэкIэ, уи лэжьэкIэми щыгъуэзэнхэ хуейтэкъэ? Редактор нэхъыщхьэхэр Унэшхуэм ирагъэблагъэурэ ди лэжьыгъэм, ди Iуэху зыIутым, дызыхуэфIдызыхуэныкъуэхэм теухуауэ щызэпсалъэ щыIэт. Апхуэдэ зэIущIэхэр

щиухым деж уи гуныкъуэгъуэхэри жыпIэну, уи лъэIухэми щIэбгъэдэIуну хуит уащIырти...

Улахуэр къэрал Iуэхути, лэжьапщIэр нэхъыбэ пхуащIыну уащIелъэIун щыIэтэкъым, ауэ республикэм и унафэщIхэм яхузэфIэкIынухэмкIэ улъаIуэ хъурти... Тхьэм щхьэкIэ, унэлъащIэхэр къэтщэхунымкIэ къыддэIэпыкъурт. Ауэ дэркIэ ар мащIэт, нэхъыбэ дыхуейт: псом япэрауэ, журналыр мазэ къэс къыдэкIыу щIын (абы къэрикIуам и гугъу сщIакIэщи, къытезгъэзэжынкъым). ЛэжьапIэ пэшхэр къыдэмэщIэкIми, дигу зэгъэн хуэдэу, абыкIи къытхуащIэгъэшхуэ щыIэтэкъым. Журналыр общественно-политическэуи щыщыткIэ, мэкъумэшыщIэхэм, рабочэхэм дапыщIауэ, республикэм и районхэм щыпсэу лэжьакIуэхэм дахуэзэу, гъэмахуэ хъупIэхэми щIэхщIэхыурэ дынэсу, Iэщыхъуэхэм датетхыхьу, щIэджыкIакIуэхэмрэ дэрэ ди зэIущIэхэр едгъэкIуэкIын хуей мэхъури... ЖыпIэнурамэ, редакцэм транспорт имыIэныр Iэмалыншэщи, зыгуэр къытхуэфщIэну дыволъэIу. Мыхэр Iэджэ лъандэрэ екIуэкI псалъэмакът, арщхьэкIэ ерэхъурэ хъунрэ щыIэу, уи ней къысщыхуэ псэлъафэр упсэут!.. Дыкъагъэгугъэм къыфIэмыкIыурэ, редакторыгъэр Къэрмокъуэ Хьэмид къыщылъыса лъэхъэнэр (1972-1977 гъэхэращ) къос. Абы япэкIи яужькIи а къулыкъур зезыхьахэр фIы дыдэу сцIыхуу, нэхъыбэм садэлэжьауэ щытащи, си щхьэкIэ сыт и лъэныкъуэкIи, – адрейхэми дагъуэ лъэпкъ яхуэзмыщIми, – нэхъ зэныбжьэгъуу дызэрыщытарагъэнщ, Хьэмид схупэщIынуIакъым.



Дыщызэдэлэжьами иужькIи дэ тIум ди зэхущытыкIам темыщIыхьауэ жысIэнщи, абы ищIэфауэ щытар зыхузэфIэкIын гъуэтыгъуейт. Парт, советскэ унафэщI нэхъ цIыкIухэм мащIэщ яхэтар я Iуэху еплъыкIэр, я псалъэхэр Унэшхуэм щIэсхэм къазэрыщыхъунум япэщIыкIэ быдэу емыгупсысу утыку къихьэф, игу илъыр нахуэу жызыIэф. Мис апхуэдэ кIаукIау къомыр къраушт ди къэралыгъуэшхуэми хамэ щIыпIэхэми щыцIэрыIуэ тхакIуэ щэджащэ, политик Iэзэ, къэрал унафэ я пщэ дэлъу нэгъуэщI щIыпIэхэм ягъакIуэ советскэ гупышхуэхэм я шу пашэу куэдрэ ирагъажьэ ди КIыщокъуэ Алим. ИкIи ар ягъэулъииныр, хьэIупс ящIыныр кIыхьу щрагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым. Художественнэ литературэ жыхуаIэр бжэгъукIэ къраудми зымыщIэхэм щайуэ кърадзэртэкъым Алим и «Нал къута» романыр къэрал щыхьэрым къыщыдэкI журналхэм зэрытрадзэри тхылъ щхьэхуэхэурэ къызэрыдэкIри, цIэрэ щхьэрэ зиIэ тхакIуэшхуэхэм, нэхъ Iэзэ дыдэу ялъытэ критикхэм ар щытхъукIэ зэраIэтри...

А псор зэрекIуэкIар зыщIапхъэхэм ящIэжри, абыхэм теухуа псалъэмакъым кIыхь зезгъэщIынкъым – жысIэну сызыхуейращ: хьэIусыпэ зрату республикэм щыкъулыкъущIэхэм ящыщ куэд Алим къыщIежа, урысыбзэкIэ Мэзкуу къыщытрадзэу, дыдейхэм къаугъэшхуэ зращIылIауэ тач-тау щIыжаIэ романыр «Iуащхьэмахуэми» къытебдзэн папщIэ а журналым и редактор нэхъыщхьэу абдежхэм лэжьэн щIэзыдза къудей Къэрмокъуэ Хьэмид и лIыгъэм хуэдэ пхэлъын хуейт. Журналми абы и унафэщIми мурадыфI къыхуаIэтэкъым, Iэнэ-Iэтэ зэщIалъхьэж щIыкIэу 1973 гъэм августым и кIэхэм деж парт унафэщIхэм я жэрдэмкIэ КIыщокъуэр хэутэн щащIыну зэIущIэшхуэ щрагъэкIуэкIам щыгъуэ. Абы щыжаIэну уэрэд дыджым дежьурт рес-

публикэм къыщыдэкI кIэзетхэри. Алим ирадзыну я мурада удыным щыщ зытрагъэхуэну я гугъа Къэрмокъуэр а махуэ жагъуэм щыгъуи къахуикIуэтакъым – акъыл, лIыгъэ хэлъу, Iэдэбу езы КIыщокъуэми абы и романми тепсэлъыхьри, къедэIуахэм Iэгуауэшхуэ хуаIэту, утыкум къикIыжауэ зэрыщытар зыщIэжхэр щыIэщи, ахэр щыхьэту къытеувэфынущ мы зи гугъу сщIыхэр зэрыпэжым.

АбыкIи зэфIэкIатэкъым къулыкъущIэшхуэхэм Къэрмокъуэр къагъэлъэнри редакцэм къыхуэшхыдэнри. НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэзгъэщащи, редактор нэхъыщхьэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ Унэшхуэм ираджэрти, бюром хэтхэр къедаIуэрт редакцэм и лэжьыгъэр зыхуэдэм. Мо зэIущIэшхуэри зэрекIуэкIрэ куэд мыщIа, КIыщокъуэр гъэулъиинми кIэ имыгъуэта пэтми, абыхэм я гугъу имыщIу, бюром хэтхэр Къэрмокъуэм щIегъэдэIу журналым и лэжьыгъэр зэрекIуэкI щIыкIэхэм, а псалъэмакъым дыщIегъу редакцэм и лъэIухэри. Псом хуэмыдэу къыхигъэщыр машинэ зэрыдимыIэм куэдкIэ дызэрилъахъэрати...

– ЕIмэ-еI!.. А фэ фщIа напэтехым иужькIэ, умыукIытэу фи лэжьыгъэм тхъупсыр къытхуебгъэжэхыу, абыкIи зэфIумыгъэкIыу, машинэ фэттыну укъыдэлъэIуу!.. – уафэм сабэ дрепхъей унафэщI нэхъ ин дыдэхэм ящыщ лIыщхьэ гуэрым. – Фэ фхуэфащэращи, фи мазэ улахуэ зырыз зэхэфлъхьэ. Цыджанхэм я деж къыщыфлъыхъуэурэ, шы къуэлэн зырыз къэфщэху; абыхэм цIахуцIэу фытесу, адыгэ къуажэу хъуар къызэхэфкIухьурэ, щыуагъэу фщIар къыфхуагъэгъуну пыIэщхьэрыхкIэ фылъаIуэ, Къэрмокъууф...

А псом и ужькIэ: «ПсалъитI-щы къудейкIэ жэуап сывгъэтыж», – жиIэу Къэрмокъуэр лъэIуа щхьэкIэ, и лъэIур къыхуащIатэкъым. ЗэIущIэ нэужьым дыкъыздэкIуэжым: «ЛIот, Хьэмид, бюроистхэм яжепIэжынур? – соупщI.

– Ди мазэ улахуэмкIэ, цыджанышыр щыгъэтауэ, къущхьэ шыд зырыз къызэрытхуэмыщэхуныр жысIэну арат...

Обкомым щекIуэкIа а псалъэмакъхэм яужькIэ маршынэ Iуэху зехуэным дыпымылъыжурэ, зыкъомыфI докI. Абы къытедгъэзэжынуи къыщIэкIынтэкъым. Ауэ... ТхакIуэхэм я союзым дыкъегъэделэри...

Ар зэрыхъуарат. 1970 гъэм тхакIуэхэм ди къру пашэ хъужа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и машинэ псынщIэм нэмыщI, Союзым яIэурэ къекIуэкIырт Мысачэ Петя «Псэбыдэ» зыфIища «Рафикыжь» гуэри. Ар дэри тIэкIу къыщытлъыс щыIэт. ЩIыщыIэрат. Iэдэм и къуэдзэ хьисэпхэу, Союзым щылажьэрт секретаритI – Кулиев Къайсынрэ Щомахуэ Амырхъанрэ. ИтIанэ зэхъуэкIыныгъэхэр къохъу: Унэшхуэм къыщIагъэлъеикIа КIыщокъуэ Алим и «налыр къутэным» ипэкIи обкомым и ней къыщыхуэныр къызыхэкIар абы хэлъа и лIыгъэмрэ далъагъу и цIыхугъэмрэт. КIыхь зезгъэщIынкъыми, ар зыхьа уз зэрыцIалэр къызыпкърыкIар къэралыгъуэшхуэм и унафэщI Хрущёвт; нэхъ IупщIу жыпIэмэ, мэкъумэшыщIэхэм я жэмыжь зырызыр къатехыным, я унэ хадэ цIыкIухэм я хьэсэпэхэр яхуэгъэкIэщIыным теухуауэ Мэзкуу къыщащтэу ди дежи къэса унафэ мышыурат. Ар удынышхуэу зытехуа къуажэдэсхэр КIыщокъуэм тхьэусыхакIуэ къыхуокIуэ. Абыхэм я сэбэп зыхэлъыр яхуэзыIуэта Алим и къулыкъушхуэм трагъэкI. Пэжщ, лэжьапIэншэ дыдэ ящIыркъым. ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм трагъэкIри, абы и пIэкIэ ягъэув Алим.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, КIыщокъуэр 1970 гъэм Мэзкуу яшэ. Урысейм, итIанэ СССР псом и тхакIуэхэм я унафэщIхэм ящыщ зы мэхъу... ЛэжьапIэншэу илъэситхукIэ щагъэса Iэдэми къулыкъу къыхуагъуэт. Илъэс зыбгъупщI нэблагъэкIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактору лэжьа Щомахуэм ТхакIуэхэм я союзым къулыкъу къыщыхудах. Абы и пIэм Iэдэм ягъэув. ИтIанэ, КIыщокъуэм хуит къищIыжа IэнатIэр ЩоджэнцIыкIум къылъосыж. А къекIуэкIа псом я фIыгъи хэлъу къыщIэкIынт 1970 гъэм Тхьэгъэзит Зубер журналым и редактор нэхъыщхьэ зэрыхъуами сэри а илъэс дыдэм «Iуащхьэмахуэм» сызэрашами.

Пэжщ, Зубер куэдрэ редакторакъым – ТхакIуэхэм я союзым щысекретарь Щомахуэр пенсэм ягъакIуэри, абы и пIэм ягъэуват.

НтIэ, сыкъызытекIар «Псэбыдэ» редакцэми тIэкIу къылъысу зэрыщытаращи... Къайсын дуней псом щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэт; Амырхъанщи, къулыкъушхуэхэр зэрихьэурэ къекIуэкIат. «Псэбыдэ» жагъын зиIэ шы щхьэзыфIэфIым хуэдэти, зригъанэурэ гъуэгум укъытринэн щхьэкIэ къуитын щыIэтэкъым. Арагъэнт я щхьэ хуагъэфащэу мо лIы цIэрыIуитIыр абы куэдрэ щIимытIысхьэр...

ТхакIуэхэм я союзым кърат нэгъуэщI «Рафик» тIорысэфI. Ауэ ар редакцэм къытлъымысыххэ мэхъу. Тхьэм щхьэкIэ Iуэхутхьэбзэ къытхуащIэ: зыри зыхуэмеиж «ПсэбыдэкIэ» къытхуоупсэхэр.

Си гукъэкIыжхэм абы и гугъуфIхэм тхыгъэшхуэ щытезухуэри, «Iуащхьэмахуэ» журналми къытрадзауэ щытащи, мыбдежми кIыхьу къыщытезгъэзэжынкъым. Ауэ редакцэм щылажьэхэр, Къэрмокъуэр ди пашэу дызэрызэбграмыхуам дыкъигъэгушхуэжауэ, Алим и романыр зэрытеддзам щхьэкIэ къуаншагъэ лъэпкъ дбгъэдэмылъу зыкъэтлъытэжу арагъэнт – ди щхьэр дымыгъэлъахъшэу дылажьэрт. «КъытIэщIэщIа напэтехым» щхьэкIи, Унэшхуэм щыкъулыкъущIэшхуэхэм я псалъэм дебакъуэу цыджанышхэр къызэрыдмыщэхуами я зэран къыдэмыкIами, районхэм я унафэщIхэм я жьэхэм дыжьэдэхужыртэкъым – IуэхукIэ (журналым Iэ тредгъэдзэн е зыгуэрхэм датетхыхьын папщIэ) дабгъэдыхьамэ е зыщIыпIэхэм дащыхуэзамэ, я нэр къытхузэрагъэдзэкI зэпыту, «КIыщокъуисткIэ» къыдэщхэу екIуэкIырт. АбыкIэ ерыщ бзаджэт «Ленин гъуэгуми», «Iуащхьэмахуэми» гужьгъэжь къахуиIэрэ къытеплъэ мыхъу зы ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэ гуэр. Ар район унафэщI нэхъыфI дыдэхэм хабжэ лэжьакIуэшхуэт. Езыри зыщысхьыжыртэкъым, цIыхуми ящысхьыртэкъым. КъулыкъущIэн щыщIидзар езыри сэри дызыщыщ ди районрати, абы и лэжьэкIэхэми хужаIэхэми школым сыщыщIэса илъэсхэм къыщыщIэдзауэ сыщIыщыгъуазэрат: мор район коммунистхэм я къру пашэмэ, сэри ди школ комсомол организацэм сриIэтащхьэти, парт, комсомол зэIущIэхэм щIэх-щIэхыурэ щыслъагъурт. И Iуэху зехьэкIэм, и дуней тетыкIэм тIэкIу сыщыгъуазэ къудейтэкъым – сэри зэрэ-тIэурэ къысхуилъат. ПыIэр къэхь къыжраIамэ, езым нэхърэ нэхъыщхьэхэр зыщигъэтхъун папщIэ, щхьэр къахуихьыфынут. Щапхъэхэм фыхуей?

Хрущёв и хьэмтетыгъуэу мэкъумэшыщIэхэм я жэмыжь зырызыр къыщытрахым щыгъуэ а унафэ мышыур гъэзэщIэным нэхъ жыджэр дыдэу хэтахэм ящыщт. Абы и бзэрат КIыщокъуэр Унэшхуэм къыщIагъэкIыным къежьапIэ хуэхъуари. Мис а лъэхъэнэхэрат ди район унафэщIым щыщIидзар «Iуащхьэмахуэ» журналым къытеплъэ

мыхъуу. Сыт щхьэкIэ? КIыщокъуэм нэмыщIи, ди тхакIуэхэм къахэкIат зи жэмхэр залымыгъэкIэ зыIэщIагъэкI къуажэдэсхэм я лъэныкъуэу къэувыфынхэр. Зыр Шортэн Аскэрбийт. ЦIыху жьэ нахуэт. Тыншу пхуикIуэтынухэми ящыщтэкъым. ЗэрыщIэныгъэлI Iэзэм къыдэкIуэу, тхакIуэшхуэт. ГушыIэри ауанри зи щIасэт. А жанрым хуэIэрыхуэти, «Уэлэхьи, пэжтэмэ» зыфIища тхылъри къыдигъэкIат.

НтIэ, Хрущёв и политикэмкIэ мыарэзыуэ, ар ауан щIыныр къыхэщу абы ищIэфарат. Художественнэ творчествэм и Iэмалхэм хуэIэзэти, щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ кърелъхьэ, псыхэм нэмыщI, шэ дыдэми бдзэжьей хэсынкIэ зэрыхъуныр къыщыгъэлъэгъуа ауаныр. Ар гушыIэ тхыгъэ цIыкIутэкъым – уегупсысыпэмэ, дыхьэгъышхуэт.

Нэхъыжьхэм зэрытщIэжщи, жэмхэр щIытрахми, унэ хадэ цIыкIухэм я хьэсэпэр щIыхуагъэкIэщIми къэрал унафэщI «Iущхэм» щхьэусыгъуэу къыхуагъуэтарат: къуажэдэсхэр колхозым фIыуэ щылэжьэнымкIэ мо кIэрыщIэнхэр зэран къахуохъури, ахэр къаIэщIэгъэкIауэ... къэралым къахуишийм фIэкIа, нэгъуэщI зыщыгугъын щымыIэжу къэгъэнэн; зытращIыхьар тхьэмыщкIэр жыIэщIэ мэхъу еплъыкIэрати... ИкIи ящIат къулейсыз. Пэжщ, мыпхуэдэ тхьэгъэпцIагъымкIэ щIагъэбыдэрт унафэ мышыур: колхоз Iэщ фермэхэм кърашурэ, шэр пэрыхьэту икIи пудыжьу къуажэ уэрамхэм щащэнущ. Ари зэщхьыр «социализмэр тхуаухуакIэу», коммунизмэ псэукIэ дахэм нобэ-пщэдей дыкъыхэхутэну дыкъызэрагъэгугъэхэрат...

А шыпсэ нэпцIхэм дыщыщIагъэдэIухэм щыгъуэ щIакхъуэ фIыцIэр къалэ тыкуэнхэм жэщкIэрэ ерагъыу къыщытхуэщэхуу арат. ЛыхэкI, гъэшхэкI хуэдэхэр (зэрыдимащIэр ябзыщIурэ) пшхыныр узыншагъэмкIэ зэрызэранышхуэр, абыхэм гъащIэр кIэщI къызэрыпщащIым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI пропагандэм дохутырхэри къыхашауэ пцIы ирагъэупсырт...

Мис а лъэхъэнэхэм дежи лIыгъэшхуэ къалъыкъуэкIат «Iуащхьэмахуэм» щылажьэхэм. Журналым къытрадзэ мыпхуэдэ хъыбар кIэщI цIыкIу, ауэ гупсысэшхуэ зыхэлъ: «Дадэ, Дадэ! Мыдэ къедаIуэт мыбы ятхым, – къуэрылъхум и адэшхуэр егъэгуфIэ: – Ди гъунэгъу къуажэм щыщ Мусэ дадэ и ныбжьыр илъэсищэрэ тIощIрэ мэхъу. Уэри апхуэдизрэ...» – «Тобэ ярэби, гъэщIэгъуэн къызжепIаи!.. Сыту пIэрэ, тIасэ, абы ишхыр?!» – «Лы ишхыркъым...» – «Уэлэхьэ, си щIалэ цIыкIу, а жыхуэпIэм лы ишхыу къыщIидзэмэ, игъащIэкIэ мылIэжын»...

Мыбы сэ хэслъагъуэ гупсысэмрэ коммунизмэр щыдухуэу щыта а лъэхъэнэхэм екIуэкIа политикэмрэ ущIытепсэлъыхьын щымыIэу къысщохъу. Ауэ абдежхэм апхуэдэ тхыгъэ традзэну зэрытегушхуахэри абы и кIэм ер къызэримыкIари гъэщIэгъуэнщ...

Псалъэмакъышхуэ зращIылIар шэм бдзэжьей къызэрыхэкIам теухуа хъыбар щIэгъэщхъуарат. Зи гъащIэр псым хэсу зыхь бдзэжьейр шэм дауэ къыхэхутат-тIэ? Къуажэдэсхэр зыщамыгъэщIэн, уэрам зэблэкIыпIэхэм щащэну шэр Iэщ фермэм къизыш щIалэжьым ищIагъэнрат. Ари жэмыншэу къагъэнахэм ящыщ къыщIэкIынти, я унэмкIэ Iуолъэдэж, машинэм хуэфIу ит шалъэшхуэм пэгун зыщыплI къыхихамэ... Тхылъым (накладнойм) ит литрэ бжыгъэр иригъэкъуж щIыкIэу, шалъэм из ищIыжу ар зыщэнум иритын хуейтэкъэ? Псыхъуэм долъадэ. Шэуэ къыхиха пэгун бжыгъэм хуэдиз псы хекIэжри...

Іуэхур ер вы бжьакъуэм къызэрикІам ещхь мэхъу: пІэщІэгъуэр зытелъу (дыгъуэ жытІэнкъым) лажьэ щІалэм къыщІигъалъэ псым бдзэжьей насыпыншэр къыхэцІэнтхъуа зэрыхъуар уэ къащІэ. Арати, дэнэ кІуэнт? ШэмкІэ сату щащІым, абы хэсу «къаубыдри»...

ЗэрысщІэжым хуэдэу, си псалъэкІэ къэсІуэтэжа мы хъыбар цІыкІуми зэманым, парт политикэм къемызэгъ гупсысэшхуэ щІилъхьат тхакІуэ Іэзэм. Абы сэ хэслъагъуэращ: унагъуэр зэрыпсэу жэмыжь зырызымрэ хадэ цІыкІумрэ къеІэ къэрал унафэщІхэр акъыл кІагуэт. Шэм бдзэжьей къызэрыхэкІамкІи къуаншэр зыхэпсэукІын лэжьапщІэ ирамытурэ, цІыхур дыгъуэным езыгъэсахэрат. Дауи, тхыгъэ цІыкІур журналым тезыдзахэми, абы къеджэу уэрэдрэ Іуданэу хъыбарыр езыхьэжьахэми, ар зыІурадзэу редакцэм унажэу къателъэда район унафэщІхэми къагурыІуат а дыхьэшх-дыхьэгъымкІэ Шортэным жиІэну зыхуеяр. Моуэ иджыпстуи слъагъу хуэдэщ сымыщІэххэу сызрихьэлІэгъа, кІийгуор къэзыІэта ажэ цІыкІу бжьакъуэшхуэм уафэм сабэ дрипхъейуэ редакцэ пэшым зэрыщІэтар. Тас хуэдиз хъуууэ къыщхьэрыІуба кІартІузышхуэ щІагъым къыщІэгуоукІыу къыІурылъэлъахэм щыщу ноби сощІэж мыхэр: «Ди цІыхухэр еджащ! ЩІэныгъэ яІэщ! УрысыбзэкІи къоджэфхэр. ЦІыхубэ ахъшэр (илъэс зыбгъупщІ дэкІауэ, «Нал къутам» щхьэкІэ КІыщокъуэр хэутэн щащІми, и тхылъхэм къапэкІуэу абы кърат гонорархэм я гугъуи ищІкІэрэ, а лІы цІыкІу къулыкъущІэшхуэм зэрыхъущІэ и тхыгъэ гуэрым къыщигъэсэбэпыгъат а псалъитІыр: «... А деньги-то народные...») текІуадэ фІэкІа, «Ленин гъуэгу» кІэзетри «Іуащхьэмахуэ» журналри зыкІи къытхуэщхьэпэркъым... ТІури зэхуэщІыжын хуейщ...»



Школым сызэрыщІэс лъандэрэ гужьгъэжь щІыхузиІэн куэдкІэ срихьэлІати, зыхуэмышыІэ пщтырафэ сохъури: «Алыхьым и шыкурщ, абыхэм я унафэ фщІыныр уэ къызэрыплъамыгъэсыр... – жысІэщ, мор а зэрыкІий-зэрыгуоуэ къэзгъанэри, зыкъыщІэзгъэбзэхыкІыжат...

«Ленин гъуэгу» кІэзетми и ней щыхуауэ ари щІызэхуищІыжыну щытам теухуауэ псалъитІ-щы къудей...

Зи лэжьэкІэр ягу ирихь лІы цІыкІур (апхуэдэу щымытамэ, абы ЛІыхъужь цІэри къыфІрагъэщынтэкъым) ди деж ирагъэкІри, нэхъ районышхуэ ягъакІуэ: цІыхум я фэр ирихми (апхуэдэр абы и закъуэтэкъым; зэхэтыкІэ тэмэм зиІэхэм я къэралхэр щІыщыІэр цІыхурамэ, ди деж цІыхум щІыхуейхэр ахэр къэралым телэжьэн папщІэт) пэж дыдэу, «си ныбжьэгъужьыр» лэжьакІуэшхуэт. Апхуэдэхэм я цІэ Іей жыпІэ мыхъуныр щыгъэтауэ, ахэр зи унафэщІхэм (районуи колхозуи ирехъу) я ныкъуэсаныгъэхэр утыку къиплъхьэу хэІущІыІу пщІымэ, къыпхуэмыгъуныр бетэмалт.

ЗауэлІ хахуэу щыта тхакІуэ, щІэныгъэлІ Налом и къуажэгъухэр къыхуотхьэусыхэ: «Колхоз гъавэ щІапІэхэр хъумэныр тэмэму къызэрагъэпэщыным и пІэкІэ, унафэщІхэм ящІэращ: пщІантІэм дэдгъэкІа Іэщым ууей-сысей ищІэркъыми, ди бгъум къыщылъ гъавэм хохьэ. Ди жэмыжь зырызыр яубыдри... къыдамытыжурэ, къыдэтхьэкъухэурэ ди фэр ирах...» А тхьэусыхафэрат Ахьмэдхъан кІэзетым хэІущІыІу щищІар. «ЕІмэ-еІ!.. Сэ сызиунафэщІ районыр ІейкІэ утыкум щывгъэІуауэ!..» – жызыІэу унажэ къежэжьам, хузэфІэкІамэ, мис а «кърашІа» напэтехырат адыгэбзэкІэ къыдэкІ «Іуащхьэмахуэри», «Ленин гъуэгури» щІызэхуищІыжынур...

Пэжщ, а мурад бзаджэр къемыхъулІауэ, ауэ КІыщокъуэри, ди журналри, адыгэ кІэзетри хьэм егъэхьыныр щимыгъэтауэ, зи гугъу сщІы ажэ цІыкІу бжьакъуэшхуэр Аруан районым къурашыжри, Налшык къулыкъушхуэ къыщрат: республикэ мэкъумэш техникэ ІуэхущІапІэм и унафэщІу ягъэув...

А зэхъуэкІыныгъэхэр къэмыхъу щІыкІэ ди «Псэбыдэ» къытехуапэу, шофёрыр и ІэзагъымкІи пэмылъэщыжу къыщынэм, и сом тригъэкІуадэ фІэкІа, хьер лъэпкъ къызыпымыкІ гъущІжьым елІалІэу и гъащІэр ихьынт щІалэм? Къелъэфыжри, зи унэм дыщІэс щІэныгъэлІхэм я пщІантІэм къыдегъэувэж. Дыщылажьэ унэр зейхэм я машинэ зэгъэпэщахэми я пщІантІэ дахэшхуэми фэ Іей къытезыгъауэрэ къепэзэзэхыу щыт ди «Псэбыдэ» тхьэмыщкІэр Іуэху къащІ: е дэфлъэфыжи куэншыб идзыпІэм хэвдзэж, е...

Редакцэм щылажьэ «хьэкъуеитхур» дызочэнджэщыжри... Дуней и пІалъэ нэхъ ящІэрти, ди нэхъыжьитІри Мухьэзи зытемыкІыр етІуанэ «е»-ращ: машинэр къытхуэзыдзахэм етыжын. Захуэри арагъэнт. АрщхьэкІэ Хьэмидрэ сэрэ дызэрыгъэделэу дигу къэкІар нэсри къэсыжауэ делэ гугъэкІэт. Ауэ гъэщІэгъуэнракъэ, «гъущІыкІэжь» зыфІаща ди «ПсэбыдэкІэ» нэгъуэщІ маршынэ (ари зэрыжаІэмкІэ – щІэрыпсу!) къэтхъуэжыну тщІа мурадыр къыдэхъулІэным зы мэскъал хуэдизт иІэжар. АрщхьэкІэ а мэскъалым, зэрыжаІэу, адакъэжьыр тепкІэу гъэпкІауэ дыкъигъэна зэрыхъуарат.

УнафэщІышхуэхэм гъуо ящІу Алим журналым теддза и романри хаутэну яутІыпщахэм ящыщт зи тхыгъэ хъарзынэхэр щІэх-щІэхыурэ «Іуащхьэмахуэм» къытехуэ, Іуэхутхьэбзэ къытхуэзыщІэну дыкъэзыгъэгугъа ди тхакІуэ цІэрыІуэ, щІэныгъэлІ Іэзэри. Абы делъэІун мурад щытщІым, Хьэмидрэ сэрэ дызэрегупсысарат: «дзэпщышхуэхэм» КІыщокъуэм иращІылІа зауэм я псалъэхэмкІи я тхыгъэхэмкІи лІыхъужыгъэ къыщагъэлъагъуэу щызэгъусэщ дгъэлъэІуэнури зэдгъэлъэІунури. Ауэ щыхъукІэ, зым адрейр къигъэщІэхъункъым. ЩІалэ «губзыгъэжьитІыр» дыщымыуауэ, тэмэму дегупсысауэ къыщІэкІат.

Ди тхакІуэгъу нэхъыжьыр а зауэм хэзышахэри щыгъуазэт ар зэрыжьэ нахуэми хьэл гъэщІэгъуэн зэрыхэлъми: щытхъур егъэлеяуэ фІэфІт; пцІы щхьэ упсын хуей, ущІыщытхъун куэди бгъэдэлът. ЖыпІэнурамэ, абы и фэгъу гъуэтыгъуейт... «Уэр фІэкІа яхэткъым ди тхакІуэхэми критикхэми адыгэ напэр тезыха, удэфа КІыщокъуэм мышынэу зезыпщыту ар и пІэм изыгъэтІысхьэжыфын... А лІыгъэр иджыпстуи къыплъыкъуэкІыну дыпщогугъри...»

Къызэрыщыгугъахэуи къыщІокІ ар. КІыщокъуэр щІым щыщ ящІыжын мурадкІэ къызэрагъэпэща зэІущІэшхуэр щекІуэкІыну махуэм ирихьэлІэу печатым къытохуэ Алим и «пІэм зэрыригъэтІысхьэжа» тхыгъэ мышыушхуэр. ДгъэлъэІуэнумрэ ар зэдгъэлъэІунумрэ я зэныбжьэгъугъэр мис абыхэм быдэ ящІауэ, а хьэ зэрышххэм ди редакцэм и сэбэп къыхэкІынкІэ зэрыхъунум тетщІыхьауэ арати, зэрыжысІащи, мыІейуэ дегупсысат, ауэ... Ди ныбжьэгъу нэхъыжьыр къытхутемычу, зи пщІантІэм фэ Іей къытедгъауэхэми я жьэр ткІэрамыгъэкІыу, дагъэукІытэу екІуэкІырти...

Махуэ хуабэ гуэрым мурад быдэ дощІ: Іэмалу хъуар, – щытхъури хэту, – къыдогъэсэбэп, ауэ нобэ нытхущІэмыкІауэ дыкъыкІэрыкІыркъым... Іуэхум жыпхэмкІи тІэкІу зыхуэдгъэхьэзырат. Мобы зыгъэпскІыныр фІэфІ къудейкъым – абы и зыгъэпскІыпІэкІэ деджэу псыхъуэм щІыпІэ зэгъуэкІ гуэр иІэщи, мис абдеж дыздэкІуэм дощахуэри...

– ЛІо, фэ факъырэ пэщмэнхэм фи гъусэу сыныщІэкІкІэ...

– Нобэ дыфакъырэкъым, – жызоІэ сэ зызыгъэнэмысыфІэ Хьэмид и пІэкІэ.

– Іау! Ари Алыхьым и шыкурщ. Ауэ, къызжиІакъым жывмыІэж, нобэ лъэІуакІуэ зыщІыпІи сыфхуэкІуэнукъым. Япэрауэ, ныжэбэ сылэжьэкъуащ; етІуанэрауэ, сэ фэ фхуэдэу сыІуэхуншэкъым. СхущІыхьэнукъым...

– Уэ уи лэжьэкІэр дэ тщІэркъэ? Уи зыгъэпскІыпІэм дежщ уздэтшэнур. ТІэкІуи зыдгъэпсэхуу, уи гушыІэ дахэхэми дедаІуэу...

– Арамэ, хъунщ-тІэ. Шэджагъуи нэсащ. НывжызоІэ: сэ нобэ скъуэлъышхуэ щыІэкъым...

– Абы щхьэкІэ умыгузавэ. Дэ щыр къыдэлыжу дызрикъун дэ тІыгъщ. Дримыкъу хъужыкъуэмэ, уэ къыпкъуэкІыр зыхуэдизыр, уи хьэлэлагъыр ди щыпэлъагъукъым, – цым и кІуапІэмкІэ дыкъоуэ. Пэж дыдэу, а зэрыжумартри и хьэлыфІхэм щыщт...

Дэдгъэзеяуэ Лермонтовым и цІэр зезыхьэ уэрамым дыздыхуэкІуэм:

– Мес, ди председателри къоущэхыж. КъыздимыкІ Унэшхуэм щыІа хъунщ. Ари здэтшэнщ – абы и жыпыр сыт щыгъуи гъэнщІащ, – жи ди гъусэм. Ар жиІэу хъуамкІэ захуэт. Унэшхуэм ираджэрейт. Іэдэм хуабжьу псынщІэу къикІухьырт, абы уущу фІэкІа дэхъугъуейт. ИкІи зэи ахъшэншэтэкъым. Ауэ ди гъусэр зыкІэ щыуат: ЩоджэнцІыкІур занщІэу къытелъадэу зыгъэпскІакІуэ ныпхуэкІуэнутэкъым – апхуэдэ сабий цІыкІугъэр и щхьэ хуигъэфэщэнутэкъым.

– ШхакІуэ фыкІуэмэ, сывигъусэщ. Ауэ махуэ шэджагъуэм икІи абы дыхуэмыщІауэ, зыгъэпскІакІуэ дауэ дыкІуэн?..

ДызэгурымыІуэурэ уэрамитІ зэблэкІыпІэм деж дыздэщытым, композитор Къардэн Хьэсэнрэ тхакІуэ Дудар Хьэутийрэ къыдбгъэдохьэ. Гупышхуэ дызэрыгъэхъуащи, Хьэмид сэрэ дызоплъыж: цІыхуищым тещІыхьауэ дыкъежьати, хы дыхъуащ. Гуп щепшажьэкІэ, нэгъуэщІхэм я жыпым дауэ ущыгугъын? АтІэми иджы Іуэхур тхьэрыкъуэф ІэнэкІэ зэфІэкІынукъым.

– КъызжиІакъым жывмыІэж, Іуэхутхьэбзэ къызагъэщІэн щхьэкІэ, мы факъыритІым ягъэхьэщІэну ирашэжьар си закъуэт. Фи жыпхэмкІэ фигурэ фи щхьэрэ зэтемылъмэ... – ди гъусам и жьэ нахуагъэр мыбдежи къыщегъэлъагъуэ.

– Іау, ар дауэ жыпІэрэ? Республикэм тхакІуэрэ композитор цІэрыІуэу исыр фызэхуэсауэ зы председателыжь тхьэмыщкІэ фхуэмыгъэхьэщІэу... – къогушыІэ Іэдэм. – ФынакІуэ, Алыхьым жыхуиІар хъунщ. Мыпхуэдэ гуп дыгъэл дауэ узэбгрыкІыж хъун зиунагъуэрэ?

– Узахуэщ, Іэдэм! – къопсэлъых Хьэутиишхуэ.

«Бжьэпэ» рестораныр гъунэгъубзэти, дакъикъэ зытІущым дынос.

– Жылэр къытIурымыплъыхьу, мыбы лъэныкъуэегъэзу гъэхьэщIапIэ гуэрхэр иIэщи, нэщI гуэр щыIэмэ... – жеIэ Дударым.

– ФыкIуэ, нэхъыщIэхэр фэращи къафщIэ, – жиIэу къыдоплъ дгъэхьэщIэну къетшэжьар.

Хьэмидрэ сэрэ дызоплъыж – тIуми апхуэдэ зэфIэкI диIэтэкъым, дымыцIыхум и деж ди щхьэ щыдгъэлъэхъшэфынутэкъым.

– Сэ сыкIуэнщ, – жи Хьэутий. Абы куэди ицIыхурт, езыри нэхъыбэжым къацIыхурт. ЗэфIэгъэкIи иIэт. Хьэпшыпхэр щызэпэубыдауэ щыта а илъэсхэм абы и фIыгъэкIэ къэтщэхуфырт дызыхуейр.

ПлъакIуэ кIуа Хьэутийр къэтщи-къэтщ. Мыдрей къэна тхур абы дожьэ, допсалъэри дыщытщ. Зы гъэ зы зэман бжэщхьэIу гуэрым къытоувэри, «фыкъакIуэ» кърикъэкIыу Iэ къещI.

ИгъащIэм лъапэ зыщIэдмышия пэш пхыдза гуэрым дыщIыхьэмэ... Тобэ ярэби, Алыхьым и къарур инщ жыхуаIэр ди нэкIэ долъагъу. Ефэешхэу щыса мо лIиплI къэтэджам яхэтщ IуэхутхьэбзащIэ тщIыуэ ди лъэIуакIуэр зыхуэдгъэкIуэну ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэри.

ТщIэнур дымыщIэу Хьэмид сэрэ дызоплъыж. Ди лъэIум къызэримыкIынуIари, алъандэм зетхуа псори псыхэкIуадэ зэрыхъуари къыдгуроIуэж. АрщхьэкIэ къэдгъазэуи дауэ дыкъыщIэкIыжын? ЕмыкIущ. ДакъыгурыIуэнкъым, дызыхыхьахэми гъусэ къытхуэхъуахэми... Дыгузавэу дыздэщытым:

– «Дыгъужьыр къещакIуэм жьэхолъадэ», – жаIэ урысхэм. Апхуэдэу хъуащ ди Iуэхури, – жеIэ «ди IуэхутхьэбзащIэм». – Пщэдей лъэIуакIуэ уи деж сынэкIуэну арати, Алыхьым езыр укъыдитащ! – жиIэу дуней гуфIэгъуэр иIэщ ди гъусэ нэхъыжьым.

– Уэ ущIэлъаIуэу пхуэдмыщIэн щыIэ? ЯгъэщIэхъухэм ухуэдэ уэ?! – КIыщокъуэ Алим щIым щыщ зыщIыжынкIэ щыгугъыу къызэрагъэпэща дзэм хэт «зауэлIитIыр» зэрыгъуэтыжащи, зыр зым щотхъу. Дунейр якъутэ. Iэнэри ерыскъымрэ фадэмрэ къакъутэ. Хьэмид сэрэ зыдопIытI-зыдохузри дыщысщ. ДедзэпыIэ, дыхэIэбэ фIэкIа, ешхэни ефэни ди Iуэхукъым. Дызэрыгукъыдэжыншэм гу лъызыта ди нэхъыжьыр ди дежи къос: дэ тIум нэхъ щIалэфIрэ нэхъ Iэзэрэ гъуэтыгъуейуэ жиIэу щытхъур ирегъэлей. Зы лъэныкъуэкIэ, ар ущIэгуфIэ хъун хуэдэт: мо лIы цIыкIум ди лъэIур къытхуищIэнымкIэ а щытхъури къытхуэщхьэпэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Мыдрейуэ, иджыпсту щытхъупсыр къыдэзыгъэжэхыр зэрыIэщIыб-Iэгупэр ящIэрт абдеж щысхэм. ЗанщIэу зыкъридзэкIыжу ухиутэжынкIэ тIэу еплъынутэкъым. Арат си ныбжьэгъумрэ сэрэ дызытегузэвыхьыр. Ауэ зэкIэ Iуэхур мыIейуэ екIуэкI хуэдэт.

– «Москвич» щIэрыпс къэтхуа къудейщи, пщэдей фынакIуи къыдэфху. Быдэу зэдгъэпэщыжмэ, дэркIэ а фи «Рафикыр» нэхъыфIыххэщ. Фэ коллективышхуэ фыщымыхъукIэ...

– Дэнэ къикIа коллективышхуэ?! Хьэкъуеитху хъууэ аращи, зыр рулым бгъэдотIысхьэ, мыдрей плIыр йотIысхьэжри... фызышэ ирикIуэ хъунущ, – жи «ди IуэхутхьэбзащIэм».

– ДызэгурыIуащ-тIэ, ауэ къызжиIакъым жывмыIэж, сыхьэтыр хым и ужькIэ фынакIуэмэ, сыкъэвгъуэтыжынукъым...

– МашинэкIэ ехъулIа ди щIалэфIхэм я саулыкъукIэ, – жеIэри, псалъэхуэIэзэ Iэдэми щытхъу дахэм щысхьыркъым.

– Дауэ жыпIа? МыщIалэфIхэ пщIондэ!.. – алъандэм дэфеиху дызыIэта ди нэхъыжьыр шыгу папцIэм нэсри къефыхыжу хуежьащи, гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуиIэу, зэлэжьэгъуитIыр дызытегузэвыхьа дыдэр къохъу: «Мы щIалитIыр фцIыхуркъым фэ. Зыр КIыщокъуэм и Iэ ижьщ, адрейр и Iэ сэмэгущ. Ахэращ «Нал къутар» япэ дыдэ тезыдзэу ди лъэпкъ напэр тезыхар. Абыхэм, машинэр щыгъэтауэ, шыдыгу яхуэфащэкъым!..» – кIуэаракъэ, хьэм дрегъэхь. Гупыр сабырыбзэ хъуащ. Псоми хуэIэзэ Iэдэм Iуэхур тIэкIу зэтриуIэфIэжыну пылъми, мобы уигъэпсалъэркъым.

Ди «ПсэбыдэкIэ» «Москвич»-р «къыдэзыхъуэжа» ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэри тIы пыджэным хуэдэу къытхущIоплъ. Хьэмид сэрэ ар дэ фIыуэ тцIыхуми (пэжым ухуеймэ, ар зымыцIыху щIагъуэ ди республикэм ису къыщIэкIынтэкъым – и лэжьэкIэкIи, и цIэкIи), езым мис иджы къыщIэкIынщ дыкъыщицIыхужар.

Абырэ ди редакцэм щылажьэ щIалэхэмрэ КIыщокъуэ Алим щхьэкIэ нэхъапэIуэкIэ зэ дызэжьэхэуауэ щытат. ХьэщIэ гуэр едгъэжьэжу кхъухьлъатэ тедзапIэм дыкIуат. И зэманым ирихьэлIэу цIыхухэр кхъухьлъатэм ирагъэтIысхьат. АрщхьэкIэ, зыщIиIэжьэр дымыщIэу, кхъухьлъатэ къызэщIагъэплъэжар щытщ. Дэри ди хьэщIэм зимыIэтыжу декъуу дауэ дежьэжынт? Дыщытщи-дыщытщ. Ауэрэ дунейр икъутэу зы машинэ нытолъадэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, кхъухьлъатэр зэжьэр абы иса хьэщIэшхуэрат. Жылэр зыщIыхьэ бжэмкIэ мыхъуу, ар къулыкъущIэшхуэхэм, депутатхэм я зекIуапIэмкIэ щIашэ. Абдежи тIэкIурэ зыщаIэжьэри ирагъэжьэж. ГъущIхьар бжыхьым дыкIэрытурэ дыгъэм диукIати, хьэщIэшхуэми ар езыгъэжьэжхэми дахуэшхыдэмэ, дыгъумэтIымэурэ, щIыIэ гуэр дефэну шхапIэ цIыкIум дыщIохьэ. Пивэ къедгъэщтауэ дыздэщысым, абы ныщIолъадэ хьэщIэшхуэр езыгъэжьэжахэм къулыкъукIэ я нэхъыщхьэр. Абы фIыуэ ицIыху къытхэсти, къыдбгъэдохьэ. КъотIыс.

– Нэхъ гуащIэIуэ гуэр фыхуей? – жеIэ тхьэм щхьэкIэ.

– Дунейм и гуащIагъми урикъуни, – жи ди нэхъыжьым. Абдеж щысхэм ящыщу арат мобы фIыуэ къицIыхур. Шэвлокъуэм зауэр имыух щIыкIэ журналисту кIэзетым щылэжьэн щIидзат. ИкIи Мэзкуу еджакIуэ щыкIуа 1950 гъэр къэсыхукIэ абы щылэжьат. Ди Iэнэм къэтIыса лIы цIэрыIуэмрэ абырэ, дауи, зэхуэзэрейуэ щытагъэнт. Сытми, зэныбжьэгъугъэ яку дэмылъми, зэрызэхуэгушхуэр нэрылъагъути:

– Пэж дыдэу, ПIетIро, фыкъысщымысхь. Дэ махуэ къэс дызэхуэзэркъым. Фадэр псалъэм и щIопщщ, жи. Ди бзэр къиутIыпщынщи, нэхъыфIу дызэрыцIыхунщ, – жиIэу къыщыпыгуфIыкIым: «Илъэс тIощIым щIигъуауэ сэ узэрысцIыхум хуэдэу сыкъамыцIыхуну Тхьэм солъэIу», – сигукIэ согъумэтIымэ. Мобы Iэнэр къаузэдыным трегъэчыныхь. Сигу илъыр къищIа нэхъей, зи узыр кIуэдын Петя сыкъещэхуж – мор зыхигъэзагъэркъым:

– Хьэуэ! Хьэуэ! ИкIи допIащIэ. Мыбы къалэ транспорти къекIуалIэркъым. ХьэщIэ гуэрхэр едгъэжьэжат... Хуабэм... Псы дыхуэлIати...

– Транспорт щхьэкIэ фымыгузавэ; си маршынэмкIэ...

– Дэ куэд дохъу... Зы маршынэм дихуэнукъым. Такси тIуащIэкIэ дыкъэкIуати...

– Уэли, Петя, угъэщIэгъуэным уэ! РейситI-щы пщIы хъуркъэ, зи-унагъуэрэ?! – ауан тIэкIуи хэлъу, и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Нэхъ гуащIэкIэ щызытедмыгъэхьэм, дызэфэм хуэдэр Iэнэм тез къещI.

– Едгъэжьэжахэм я узыншагъэкIэ... – жиIэу и крушкIэр къыщиIэ-тым, дыпэрымыуэу, хъуэхъур дыдоIыгъ. Ауэ абыхэм я зэранкIэ дыгъэм Iэджэрэ дызэрыхэтам щхьэкIи дыхузэгуопри, иригъэжьэжа лIыщхьэр хэтми деупщIыркъым. Езырщи, апхуэдэ мыхьэнэншэхэр къыфIэIуэху къыщIэкIынкъыми – дэ едгъэжьажамкIэ къыдэупщIыххэркъым. Ар сыткIэ хуейт Ростов къыщыдэкI «Дон»-м щылажьэ ди ныбжьэгъу усакIуэхэу, зэдзэкIакIуэхэу Долинский Даниилрэ Егоров Николай-рэ, дэ яхуэтщIар къытхуащIэжын папщIэ, я журналым традзэну ди тхыгъэхэр яшэну къызэрыкIуахэми хъарзынэу дгъэхьэщIауэ зэредгъэ-жьэжхэми? Мис мы иджыпсту хуэдэу, темыпыIэу къызэрижыхьым-рэ и лэжьыгъэмрэ тепсэлъыхьу здэщысым, ди щытыкIэр игу ирихьу къыщIэкIынкъыми, и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ, къызыкъуепхъуэтри:

– Фыкъеджа зи щхьэр зыхуэкъутэн хуейм и «Нал къутам?» – адыгэ роман телъыджэр зытха адыгэлI нэсым и цIэр кърИуэн и щхьэ иримы-пэсу, къыдоупщI мор.

– Дыкъеджащ.

– Дауэ къыфщыхъуа-тIэ а фи тхакIуэгъум иуцIырхъа цIапIагъэр?

– Дигу ирихьати аращ щIытеддзар...

– Ар уигу ирихьын щхьэкIэ!.. – тач-тау жрегъэIэ мобы.

– А тхыгъэм техъущIыхьхэм жаIэхэм тепщIыхьу арагъэнщ, ар-мыхъу уэ художественнэ произведенэр зищIысыр къызыгурымыIуэхэм уащыщкъым, – ди нэхъыжьыр цым и кIуапIэмкIэ къоуэ, дызыхуэмей псалъэмакъым дыкъытришын хьисэпкIэ.

– НэгъуэщIхэм жаIэм сыщIедэIуэнур сыт?! Сэ езым щхьэ сфIэткъэ?! Алыхьталэр иджыпсту мо уафэм къеувэхыу мис мыбдеж къытеувэу, – жеIэри доплъей, къоплъыхыжри, увыпIэ ищI хуэдэу, пивэ ныкъуэф-хэр зэрыт крушкIэхэр IэщIитIкIэ зэкIэщIегъэкIуэт, – а фи романым щхьэкIэ фIыщ жиIами, Абыи седэIуэнутэкъым сэ!..

СызэрышыIэншэр схущIэмыхъумэу, абдеж зыхуэмышыIэ пщтыра-фэ сыщIэхъуар абы нэхъапэхэм дэслъэгъуауэ щыта икIагъэхэрагъэнщ:

– Абы щхьэкIэ Алыхьталэри уафэм къыумыгъэувэх. Япэрауэ, ар пхузэфIэкIынукъым. Мыдрейуэ, «Уи жьэр зэщIэкъуи уи пIэ ис!» – жиIэу Мэлбахъуэр зэ къыпхуилъамэ, уи бзэр зэриубыдым деп-лъынт, – жызоIэ. Абы иужькIэ мор пхущысыжынт. А дызытес кхъухь-лъатэ тедзапIэм ехьэехуэу инышхуэ и кIартIуз щIагъым зэщIеIубэжри макIуэ-мэлъей...

Ди Iуэхур шыпхэ зэрыхъуар, абы къызэримыкIыжынуIар гурыIуэгъуэ хуэдэт. Ауэ, итIани, хэт ищIэрэ, лIы и псалъэ епцIыжыр-къым, жаIэ. Мобы лIыуэ зыщибжыжкIэ... Езым щIыгъуахэми ди гъуса-хэми зэхахыу псалъэ къыщыдитакIэ, дыкъыщигъэгугъакIэ, КIыщокъуэ Алим дызэрыхущытым емылъытауэ, и псалъэр игъэпэжмэ, жыхуэтIэу, Iуэхум жьыуэ дыщIотаджэри «москвичыху» докIуэ.

АрщхьэкIэ щыгугъыт!.. И кабинетым дыщIимыгъэхьэу зы-къомрэ дыпоплъэ. ДыщIыхьэмэ, дахэ-дахэу дэнэ къыщыдэплъынт? И IэщIагъэлIхэм ящыщ гуэр къреджэри: «Мыбыхэм зы машинэ фа яIэщи, кIуэи еплъ», – жи, и щхьэр къимыIэту.

IэщIагъэлIыр къыдошэ. «Машинэ фам» идогъэплъ. Дошэж. Мобы жиIэнур зэхэтхын хуейтэкъэ?

«Машинэ фам еплъ», – къыжезыIа и нэхъыщхьэр зыхуейр къыгурыIуагъэнти, IэщIагъэлIым ди «Псэбыдэр» зэрыщытым нэхърэ нэхъ Iеижу, зэбгъэпэщыжын лъэпкъ зыхэмылъ гъущIыкIэжь дыдэу къыщIрегъэдз. И щхьэр щIэIуауэ абы къедаIуэу щысар къотэджри: «Феуэ-тIэ, кIыщокъуистхэ, фэр нэхърэ нэхъ делэ нэгъуэщIыпIэ къыщыфлъыхъуэ. Сэ сопIащIэ»... – жиIэурэ зызэщIикъуэу щыхуежьэм, псори гурыIуэгъуэти, дэ тIур дызоплъыж. «ЛIыхъужьыгъи» къыдогъэлъагъуэ: езым къызэрыдищIам ещхьу, сэлам ехыжи сыти дыхэмыту, къыдогъэкIэрахъуэри, макIуэ-мэлъей. Ауэ къыдат пэта машинэр зэрыттрахыжам и гугъур ди лэжьэгъу дыдэхэми ящыдбзыщIурэ дунейм къытедмыгъэхьауэ щIыщытари гурыIуэгъуэ си гугъэщи...

Машинэ димыIами, абы щхьэкIэ ди лэжьыгъэр емыкIэкIуа дэнэ къэна, ефIакIуэ зэпыту щымытамэ, ди журналистэгъуми зэрыжиIэгъащи, и пщIэр нэхъри яIэту, Къэрмокъуэм нэхъ IэнатIэшхуэж къыхуагъэфэщэнтэкъым. Ар зи унафэщI ящIа «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм яIа «Москвич» тхьэмыщкIэ цIыкIур IуэхукIэ дыщыхуейм деж дэри къэдгъуэту щыта «Волга» хъарзынэкIэ хузэрахъуэкIынтэкъым. «Нал къутар» щытеддзэм жэуапыхь секретару лэжьа Шэвлокъуэр Хьэмид и пIэм ирагъэувэу, Пётр зыпэрыта IэнатIэр къыслъагъэсу, сэри зы нэкIэ сыдрагъэкIуэтеину къыщIэкIынтэкъым...



Жагъуэгъунши жагъуэгъум зэрыжаIи Тхьэм симыщIкIэ, жи. Къытхуэпсалъэ гуэрхэр щыIами, ди «ЗыгъэпсэхупIэ унэр» зэи цIыхуншэ хъуртэкъым, нэхъыщхьэращи, журналым и напэкIуэцIхэр зэрыдгъэнщIын тхыгъэхэр димыIамэ, ар и чэзум деж зыIэрыхьэ щIэджыкIакIуэхэм ягу ирихьу щымытамэ, мазэ къэс къыдэгъэкIын Iуэхур зэрахуэ зэпытуи щытыну къыщIэкIынтэкъым. А хъуэпсапIэр мобыхэм щыгъуэ дэ къыдэмыхъулIами, нобэ абы щылажьэхэм къалъысын ухъу: япэрауэ, ди лъэпкъыр тхакIуэншэ Тхьэм имыщIкIэ, илъэс хыщI гъуэгуанэ къызэпызыча езы «Іуащхьэмахуэрщи», и цIэджэгъум ещхьу, гъащIэ кIыхь зиIэн ирехъу!

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

# ЛЪЭПКЪ ЛИТЕРАТУРЭМ И ГЪЭУНЭХУПIЭ



ТхакIуэмрэ тхылъеджэмрэ зыр адрейм хуэныкъуэ, япэм и IэдакъэщIэкIым етIуанэр къыщIэупщIэ, къыпэджэж хъуа нэужьщ, языныкъуэ щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, литературэ уиIэу къыщцылъытапхъэр. Апхуэдэу къыщыхъур лъэпкъыбзэм и эстетикэмрэ тхыбзэмрэ зэрыубыду зы къалэным хуэлажьэу ежьэмэщ. Абы тепщIыхьмэ, адыгэ литературэм и щIэдзапIэу (и гугъу тщIыркъым литературэм ипэ къихуэ лъэхъэнэм, жьэрыIуатэу щытми, автор зиIэ лъэпкъ усыгъэм) къэплъытэ хъунур Бахъсэн щэнхабзэ центрым и лэжьыгъэрщ, псом япэу Дым Iэдэмрэ Цагъуэ Нурийрэ я «Адыгэ макъ» газетырщ, 1917 – 1918 гъэхэм къыдэкIыу щытарщ. Апхуэдэу щытми, адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэр къызэрежьэрэ илъэси 100 ирокъу, «Iуащхьэмахуэм» хуэдэу абыи и юбилейщ жытIэу, дукъуэдиину дыхэткъым дэ, литературэр зэрытын хуейуэ щIэныгъэм къигъэлъагъуэ жыпхъэ хэхахэм утетмэ, Iуэхур зэрыщытыр арами. Мыбдежым жытIэну дызыхуейр лъэпкъ литературэр ежьэным, зиузэщIыным ди деж къыщыдэкIыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ сыт щыгъуи хэлIыфIыхьу къызэрекIуэкIарщ. АбыкIэ мащIэкъым зэфIагъэкIар «Адыгэ макъым» 20 гъэхэм къыкIэлъыкIуа «Кавказ коммунэ», «Къэбэрдей плъыжь» газетхэм, «Къэрэхьэлъкъым» къыщежьэу лъэхъэнэ зыхэтым зэрезэгъынкIэ зи цIэр куэдрэ зыхъуэжа адыгэ газетым («Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», «Къэбэрдей пэж», «Ленин гъуэгу», «Адыгэ псалъэ»). Ауэ литературэм и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, шэч хэмылъу, нэхъ инщ «Iуащхьэмахуэ» журналым и фIыщIэр.

30 гъэхэм щегъэжьауэ пIалъэ кIыхь и зэхуакуурэ дунейм къытехьэу щыта «Къэбэрдей» альманахым и пIэкIэ 1958 гъэм къыщыщIэдзауэ мазитI къэс зэ къыдэкIыу хуожьэ «Iуащхьэмахуэ» журналыр. ЗэрыжаIэщи, 60 - 70 гъэхэр адыгэ литературэм и «дыщэ лъэхъэнэ» хъуным куэд хилэжьыхьащ журналым. ИпэжыпIэкIэ а илъэсхэм япэкIи яужькIи лъэпкъ литературэм апхуэдэ зыужьыныгъэ иIакъым. Мы илъэсхэрщ лъэпкъ художественнэ дунейр утыкушхуэ изыша ныбжьыщIэ куэд зэдэууэ литературэм къыщыхыхьар. Журналым и фIыгъэкIэ тхакIуэхэм Iэмал ягъуэтат я тхыгъэхэр япэщIыкIэ журналым къытрагъадзэрэ щIэджыкIакIуэхэм ахэр къазэрыщыхъур зрагъэщIэну. ИужькIэ, ахэр тхылъ щхьэхуэу къыщыдагъэкIым деж, критикхэм, щIэныгъэлIхэм, тхылъеджэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр, тхыгъэхэр зыхущыщIэу къалъытахэм тхакIуэхэм щыгъуазэ зыхуащIыну, зэрагъэзэхуэжыну Iэмал яIэт. Апхуэдэ зэдэлэжьэкIэм художественнэ тхыгъэр зытххэмрэ ахэр зыхуатххэмрэ зэришалIэрт, нэхъыщхьэращи, литературэр зыхуэлажьэ цIыхубэр а Iуэхум къыхэша хъурт. «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэрщ иужькIэ цIэрыIуэ хъуа ди тхакIуэ куэдым япэ лъэбакъуэр щачар. Ауэ журналым и фIагъ нэхъыщхьэу дэ къэтлъытэр лъэпкъ



4 Заказ №333

литературэм лъэщIэмыхьэу, нэхъ иужь къинэурэ къекIуэкIа литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ абы лъэщIэгъэхьэжыным зэрыщIэрыIарщ.

Нэхъыщхьэращи, адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэр сыт хуэдэ лъэхъэнэурэ умыгуэшми, зэи къэхъуакъым лъэпкъ художественнэ дунеймрэ журналымрэ яку дэлъ пэжагъымрэ зэныбжьэгъугъэмрэ щызэпыударэ ахэр я къалэнхэм щыхуэмыпэжарэ. Сыт хуэдэ зэманми (ди деж ар зэи тыншу щыщытакъым) журналым и тегъэщIапIэу, и гъуэгу гъуэмылэу иIащ япэ итахэм ягъэтIылъа лъабжьэр. Апхуэдэу абы зэи IэщIыб ищIакъым, нэмыплъи иритакъым тхакIуэ нэхъыжьхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Абыхэм фIыуэ, художественнэ, эстетикэ я лъэныкъуэкIэ нэхъ лъапIэу хэлъыр ди зэманым къриპхыжурэщ ноби и лэжьыгъэр зэриунэтIыр. Журналыр къыдэкIыу щыхуежьа лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм къыхыхьауэ нобэ ар зыунэтI тхакIуэ-усакIуэ нэхъыжьхэми (Тхьэгъэзит З., Бещтокъуэ Хь., Мэзыхьэ Б., КхъуэIуфэ Хь., Хьэх С., Елгъэр К., Бицу А., Ацкъан Р., Уэрэзей А., АбытIэ В., ХьэIупэ Дж., Шорэ А., Сонэ А.), курыт ныбжь зиIэхэми (Къуныжь Хь., Мыкъуэжь А., Мыз А., ХьэIупщы М., Хьэту П., Тхьэгъэпсэу У., Мыжей М., Лъостэн М., Аброкъуэ Б., Бэлагъы Л., Къаныкъуэ З., Къармэ I., ГъущIо З.) узыщыгугъ хъун щIэблэ узыншэ къазэрыщIэувэр (МахуэлI Н., Тау Н., ПщыукI Л., Къаныкъуэ А., Бэрбэч А., Щомахуэ З., Нартокъуэ А., Жэмбэч Р., Хьэвжокъуэ Л., КIарэ А., нэгъуэщIхэри) «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэм иболъагъуэ.



Аращ зэрыщытын хуейри, ди литературэм лIэщIыгъуэрыбжэ ныбжь иIэкъым, абы и тхыдэ лъэхъэнэ гуэрхэм нэмыплъ еттурэ IудгъэкIуэтын хуэдэу. Псом япэу зэплъыпхъэр нэхъыжьхэм я IэдакъэщIэкIхэм литературэу хэлъымрэ ахэр зыхэпсэукIа гъащIэр зыхуэдэу щытамрэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ я кIэн къикIатэкъым лъэпкъ литературэм и псыпэр езышэжьа ди япэ тхакIуэ-усакIуэхэм. Дуней зэблэхъугъуэм ирихьэлIэри, Урысей империем къыщылыда революцэмрэ политикэ залымыгъэмрэ лей къытрагъэхьащ абыхэм я нэхъыбэм (ШэджыхьэщIэ П., Нало Ж., Борыкъуей ТI., АфIэунэ М., Абыкъу Хъ., Темыр С., Хьэбэчыр Б., ДыщэкI М., Къуэжей С., Махъсидэ З., ЩэрэлIокъуэ Т., ЩакIуэ Т., Пщынокъуэ А., Пщынокъуэ М., Къылышбий И., н.). А тхыдэ Iуэху мыщхьэпэхэм къакIэлъыкIуащ Хэку зауэшхуэр, лъэпкъ литературэр, зэрыщыту щэнхабзэр куэдкIэ зыщыгугъ ЩоджэнцIыкIу А., Къэжэр И., Андырхъуей Хъу., Къуэныкъуей М., Шэру Н., Къущхьэ Б., ТIажь Ш., Тау Б. сымэ, нэгъуэщIхэри зыхэкIуэдар. Зауэ нэужьым и япэ илъэсипщIри ткIийуэ щытащ, зы парт унэтIыныгъэм, идеологием я бжьым адрей псори, литературэри хэту, щIэтын хуейуэ. Ауэ ар къэтIасхъэу хуежьащ 1956 гъэм – Компартым и XX съездым и ужькIэ. «IувыкIыжыгъуэкIэ» дызэджэ лъэхъэнэ кIэщIым къигъэщIащ «60 гъэхэм я тхакIуэхэр» («шестидесятники»). Къызэрыхэдгъэщащи, щэнхабзэм ехьэлIауэ а илъэсхэм къэралым щекIуэкIа политикэм и Iэужь щхьэпэщ «Iуащхьэмахуэ» журналри.

XX лIэщIыгъуэм и 80 – 90 гъэхэм къэбэрдей-шэрджэс литературэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ. Ахэр епхауэ щытащ цIыхухэр жылагъуэ гъащIэм нэхъ жыджэру къыхэшэным, демократием и хабзэхэр пхыгъэкIыным хуэунэтIауэ а илъэсхэм къэралым щекIуэкIа тхыдэ-политикэ, щэнхабзэ Iуэхугъуэшхуэхэм. ЩIэныгъэлIхэм я нэхъы-

бэм а илъэсхэр къалъытэ лъэпкъ художественнэ гупсысэм, псалъэр зи лъабжьэ гъуазджэм я къэщІэрэщІэжыгъуэу, зэхъуэкІыныгъэхэр къэгъэблэгъэным литературэр щІэрыІауэ. Абыхэм тегъэщІапІэ ящІ зыхэпсэукІ гъащІэм гуитІщхьитI ищІа, фІэщхъуныгъэ зимыІэж, зи псэр къызэныкъуэкъу, зи гупсысэр дыкъуакъуэ хъуа образхэр 60 - 80 гъэхэм къыдэкІа языныкъуэ художественнэ тхыгъэхэм зэрыхалъагъуэр. Зы плъыфэ зэбэкI жылагъуэ гъащІэ зэшыгъуэм тхакIуэхэр апхуэдэ Іэмалхэмкlэ пэщІэувауэ яукъуэдий языныкъуэ еджагъэшхуэхэм.

Мыбы ехьэлІауэ Іуэху еплъыкІэ куэд щыІэщ, узэувэлІэнури къыхэхыгъуафІэкъым, ауэ шэч къытумыхьэжу зы пэж щыІэщ – ар «60 гъэхэм я тхакІуэхэм» къалъыхъуэу зэрыхуежьарщ пІалъэ кІыхьым тегъэпсыхьа, къэкІуэнум ухуэзыгъаплъэ, укъэзымыгъэщІэхъужыну тегъэщІапІэ быдэхэр. Апхуэдэу къыщІэкІат совет идеологием мыхьэнэшхуэ зримыта лъэпкъ псэкупсэ дунейр. ГъащІэр зэпэшачэу, хужьри фІыцІэри зэлъэІэсу зэрыщытыр, цІыхур фІы защІэрэ Іей зэфэзэщу зэрызэхэмылъыр адыгэ тхакІуэшхуэ КІыщокъуэ Алим иджыри а илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхилъхьат Инал, Къазджэрий, Астемыр, Жыраслъэн сымэ я образхэмкІэ («Хъуэпсэгъуэ нур» роман, 1960). Ар тегушхуат а «зэманым и лІыхъужьхэм» емыщхь хьэл-щэн зиІэ Мэремкъаныр лэжьакІуэбэм пашэ яхуищІыну. ТхакІуэр адкІэжкІи бэкъуащ, и роман-трилогием и етІуанэ Іыхьэм («Эмирым папщІэ сэшхуэ», 1982) шыдыгъу, уэркъ Жыраслъэн и образыр нэхъыщхьэ щищІри. НэгъуэщІ тхакІуэхэри хущІэкъуащ литературэр гъащІэм нэхъ гъунэгъу хуащІыну, лъэпкъым къыдекІуэкІ и лъапІэныгъэхэр утыку къралъхьэну, ауэ зауэр, абы иужь лъэхъэнэр хьэлъэу зэрыщытамрэ зи сабиигъуэр лыгъэм илыпщІахэм гур ящІэзыгъэуз психоанализ теплъэгъуэхэмрэ фІэкІыфакъым.

Адыгэ тхакІуэ куэдыр а зэманым иджыри къаІэщІэкІыфыну щытакъым зауэм и лъэужь Іейр ягъэкІуэдыжмэ, псори насыпыфІэ зыдэхъуну псэукІэ къэунэхуну зыщыгугъа хъуэпсапІэхэм. ИужькІэщ наІуэ къыщыхъуар къутахуэхэр уэрамхэм дэбгъэкъэбзыкІыжу ухуэныгъэ къекІухэр къытепщІыхьыж щхьэкІэ, гуауэм цІыхупсэм къытринэ дыркъуэр зэрымыкІуэдыжыр. Дэ къызэрытлъытэмкІэ, аращ къэзыгъэщІар зауэм и нэщІэбжьэ шынагъуэхэм зи акъылым ирихуа «тхьэмыщкІэжьыр» пфІэпсэкІуэд зыщІ сюжетхэр зи лъабжьэ художественнэ тхыгъэхэр (Нало А., Журт Б., Мэзыхьэ Б., Гъэунэ Б., нэгъуэщІхэми я рассказхэмрэ повестхэмрэ).

70 - 80 гъэхэм адыгэ лъэпкъ литературэм (къэбэрдейри, адыгейри, шэрджэсри, хэхэс адыгэ литературэри къызэщІиубыдэу) къыхыхьа художественнэ тхыгъэ куэдым я фащэу щытащ мы зи гугъу тщІы Іуэхугъуэр. Апхуэдэ тхыгъэхэм я сюжетхэр щабэщ, жылагъуэм, цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэгурымыІуэныгъэхэми къаугъэшхуэ кърагъэкІыркъым. Абыхэм пэжыр утыку къралъхьэ, цІыхухэм я псэукІэм и сурэтри къыббгъэдалъхьэ, ауэ я лІыхъужьхэр бэнакІуэкъым. КъулыкъущІэшхуэхэм я псалъэкІэ ищхьэмкІэ къехыурэ къалъэІэс зэхъуэкІыныгъэхэм есэжащ, жэрдэмыншэ хъуахэщи, «къэрал щІыщыІэр аращ, къэралым унафэ къытхуищІынщ» (Мэзыхьэ Б. «Бжьыхьэр пщІащэ пылъэлъыжыгъуэщ») жаІэри, нэгъуэщІкІи гугъэжхэркъым. Аращи, тхыгъэхэм ящІэлъ гупсысэр «зыр лІэкІэ адрейм зилІэжрэ»

псэлъафэм и мыхьэнэм хуагъэкІуэж икІи адэкІи псэун, щІэблэ къэгъэхъун зэрыхуейм тхылъеджэр ирашэлІэж.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, цІыхубэм дежкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ темэшхуэхэр хуэм цІыкІуурэ унагъуэ Іуэхухэм хуокІуэж икІи щхьэ закъуэ къэлъыхъуэныгъэхэм тхыгъэхэм зыщаубгъу. ГъащІэм сыт хуэдизу натІэрыуапІэ имыщІами, мыпхуэдэ тхыгъэхэм я лІыхъужьхэр арэзыщ абы къащылъыс мащІэмкІэ. Ауэ «а мащІэр» зыхуэдэр и щхьэ течауэ иджы жаІэ хъуащ. «Хьэм и фэм дэкІынкъым абы игъэвыр, – йогупсыс Кургъуокъуэ. – Умыгъэвуи сыт пщІэн, гъащІэщ – къыптрилъхьар уигъэшэчынущ. Уи закъуэкъым зышэчри, къэрал Іуэхумрэ цІыху Іуэхумрэ зэгуэхыпІэ яІэкъым. ЦІыхуракъэ къэрал хъужыр?..» (Мэзыхьэ Б. «Бжьыхьэр пщІащэ пылъэлъыжыгъуэщ»). ЦІыхурат «къэрал хъужри», ауэ мыбдеж ар къызэрыбгурыІуэн хуейр щІагъыбзэущ – апхуэдэ гупсысэхэр хъуэпсапІэ къудейуэщ абыхэм зэраІэр.

А псоми къадэкІуэу, жыІэн хуейщ лъэхъэнэм и сурэт пэжыр зыщІа апхуэдэ тхакІуэхэр адыгэ литературэм 90 гъэхэм игъуэтыну зэхъуэкІыныгъэхэм я уэрэдпежьэу зэрыщытар. «Социализмэм и къэзэуныгъэхэм» цІыхухэр зыщІагъэхъуэпса гъащІэ тыншыр абыхэм къазэремыхъулІар зылъагъу тхакІуэхэм я лІыхъужьхэм къахокІ я псэукІэмкІэ мыарэзыхэр (Хьэх С. «Сигу, къэувыІи сызылъэщІэгъэхьэ»; КІэрэф М. «Адэ щІэин мылъку хъурэ...»; Мэзыхьэ Б. «Гугъэр зэрыункІыфар»; Ацкъан Р. «Къэгъэшыгъуей»; усакІуэхэу Нало З., Бещтокъуэ Хь., Бицу А., Сонэ А., Мыкъуэжь А., нэгъуэщІхэми я граждан, социальнэ лирикэр).

НэгъуэщІ Іуэхугъуэ зыбжани щыІащ а лъэхъэнэм лъэпкъ щэнхабзэр зэхъуэкІыныгъэхэм хуагъэхьэзырауэ, псалъэм папщІэ, цІыхухэр егъэджэным, бзэр хъумэным, я гурылъхэр, Іуэху еплъыкІэхэр жылагъуэ хъыбарегъащІэ ІэмалхэмкІэ къаІуэтэну хуит щІыным ехьэлІауэ. Ауэ дэ зи гугъу тщІар – лъэпкъ зэхэщІыкІым игъуэта зыужьыныгъэр – псоми я нэхъыщхьэщ. Аращ икІэм-икІэжым лъэпкъ литературэм и пащхьэ къалэнышІэ икІи гугъу изыгъэувар: «Тхылъеджэм хэплъыхь ищІ хъуащ ди зэманым. «Къащтэ образыщІэ!» – жеІэри махуэ къэс щІэ хуейщ. Урысми, сонэми, дунейпсо литературэми я образхэр зэхиплъыхьри къэтІысыжащ, «къащтэ образыщІэ!» (Нало А. «Фызыхъу» рассказ).

80 гъэхэм икухэм ирихьэлІэу зэхъуэкІыныгъэ нэрылъагъухэр къэралми, цІыхухэм я псэукІэми, я гупсысэми къыщыхъуу хуежьами, адыгэ тхакІуэхэм ящыщ куэдыр иджыри къытекІыфакъым зыщІапІыкІа Іуэху еплъыкІэхэм. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ 90 гъэхэм я пэщІэдзэхэм къыдэкІа художественнэ тхыгъэ зыбжанэ: ЩоджэнцІыкІу Н. и «ГъащІэм и ІэфІ», ХьэІупщы Л. и «Жыг хадэр жейркъым» усэ тхылъхэр, Гъубж М. и «Хешыр Іущым и «Шыхулъагъуэ», ШэджыхьэщІэ Хь. и «ЛъыщІэж», «Гум псори къонэ», ХьэхъупащІэ Хь. и «Гъуэгущхьиблыр щызэхэкІым» романхэр, Бозий Людин и повестхэр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэу щытми, а илъэсхэм, щэнхабзэм и адрей ІэнатІэхэми ещхьу, литературэми наІуэ къыщыхъуу хуежьат нахуагъэр, цІыхум жиІэну зыхуейр и щхьэ течауэ утыку кърилъхьэну иІэ хуитыныгъэр. Ар щІигъэбыдащ иужьрей илъэсипщІитІым къриубыдэу дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэхэм я тематикэми зэфІах Іуэхугъуэхэми щІэ куэд къазэрыхыхьам. Апхуэдэу заубгъуат лъэпкъым къикІуа тхыдэ

гъуэгуанэр къэгъэлъэгъуэжыным и Іуэхуми, адыгэхэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм яІа псэукІэ-зэхэтыкІэр, я гупсысэкІэмрэ дуней еплъыкІэмрэ, зыгъэгуфІэмрэ зыгъэпІейтеймрэ, псэкІэ зыхищІэмрэ гукІэ зэригъэзахуэмрэ нобэрей тхылъеджэм я пащхьэ илъхьэжын къалэнми. Абы къыдэкІуэу, тхакІуэхэм я пащхьэ ирагъэувэж мурадхэмрэ лъагапІэхэмрэ нэхъ ини гугъуи хъуат, я ІэдакъэщІэкІхэм щІалъхьэ философие гупсысэхэм я купщІэми хэхъуат, тхыгъэхэр зыхуэгъэпса гъэсэныгъэ Іуэхури, абыхэм я эстетикэри поэтикэри ефІэкІуат. А псори литературэм и Іэпкълъэпкъым щокІуэкІ, абы и дунейр яунэтІу.

ИтІанэ Іуэхум къыхыумылъытэнри Іэмалыншэщ Совет Союзыр зэрылъэлъэжар. Абы и гъусэу утыкум икІыжащ а къэралым пыщІауэ щыта политико-экономикэ гъэпсыкІэмрэ Іуэху щІэкІэмрэ. Урысей Федерацэр зи щхьэ хущытыж къэралу уващ, идеологием зихъуэжащ, ди цІыхухэм гъащІэм, зыхэпсэукІ дунейм нэгъуэщІ щытыкІэ хуаІэ хъуащ. А псоми я нэпкъыжьэ къытрамыдзэу къэнакъым лъэпкъ литературэмрэ гъуазджэмрэ, абыхэм езыхэм я хабзэ хэгъэщхьэхукІахэм тету заужь пэтми.

Ди деж псалъэм мыхьэнэшхуэ щиІэщ. ЦІыхухэр есащ абы и къарур зыхащІэу, пщІэ хуащІу. Адыгэ тхакІуэхэм ар къазэрыгурыІуэр кърибгъэлъэгъуэну ирикъунщ «зэрыхьзэрий лъэхъэнэм» пшыналъэр мыбгъунлъэу, лъэпкъри мыукІытэу къызэрыпхыкІар, гъэунэхуныгъэ ткІийхэм ахэр мызэ-мытІэу къихута пэтми. Жылагъуэм и демократ зэхэтыкІэр зыхуэдэр къызэралъытэр и щхьэ хущытыж, къэрал текъузэныгъэм щІэмыт прессэ абы зэрыщыІэмкІэщ. «ТемэщІэ, образыщІэ», къэхъукъащІэ гукъинэжхэм хуэзэша тхылъеджэм ахэр къайлеекІыжу 80 - 90 гъэхэм ирагъэгъуэтат щІэуэ къежьа газетхэмрэ журналхэмрэ. Ауэ литературэм, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ, унэтІыныгъэщІэ, гупсысэщІэ етынымкІэ нэхъ щхьэпэ хъуауэ къэлъытапхъэр щІэныгъэ-узэщІыныгъэ къалэн ягъэзащІэу а илъэсхэм къыдэкІыу щытахэрщ. Апхуэдэщ «ЩІэнгъуазэ», «Черкесское зарубежье», «Горянка», «Аура» газетхэр, «Черкесский мир», «Ориентир» журналхэр, «ЩІэплъыпІэ», «Адыгэ хэку» альманаххэр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу щытми, лъэпкъ литературэм зегъэужьыным и Іуэхум, япэхэми хуэдэу, хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщІар «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэщ. «Щэнхабзэм и лъахэм», «ЖьантІэ», «Пшыналъэ», «Литературэ напэкІуэцІ», «МакъыщІэхэр», «ДифІ догъэлъапІэ», «ІуэрыІуатэ – дыщэ пхъуантэ» рубрикэхэм щІэту абыхэм къытрадзэ ди тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэр, литературэм лъэбакъуэщІэ хэзычэхэм я япэ тхыгъэхэр, щІэныгъэлІхэм я къэхутэныгъэхэр, лъэпкъ Іущыгъэм и налкъутналмэсхэр.

Тхэным гу хуэзыщІа ныбжьыщІэхэр зэщІэгъэуІуэным, гъуэгу тэмэм тегъэувэным хуэунэтІауэ а илъэсхэм куэд илэжьащ «Шыхулъагъуэ» литературэ зэгухьэныгъэми (унафэщІыр тхакІуэ Хьэх Сэфарбийщ). «Шыхулъагъуэм» и гъэсэнхэщ лъэпкъ литературэм зи увыпІэ къыщызыгъуэтыжа тхакІуэ щІалэхэу Хьэту Пётр, МахуэлІ Нарзан, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Къаныкъуэ Заринэ, Лъостэн Музэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Емкъуж Мухьэмэд, ПщыукІ Латмир, Хьэщыкъуэй Олег, Тау Нинэ, НафІэдз Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщІхэри. Лъэпкъ литерату-

рэм и жанрхэм зегъэубгъунымкIэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ «Адыгэ псалъэ» газетым а илъэсхэм къызэригъэпэща еплъыныгъэхэм, зэпеуэхэм, псалъэм папщIэ, «Детектив тхыгъэ нэхъыфI», «Адыгэ усыгъэм и налкъутналмэсхэр», нэгъуэщIхэри. Газетым фIыщIэ лей щIыхуэщIыпхъэхэм ящыщ зыщ хамэ хэгъэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъу тхакIуэхэм я художественнэ дуней гъэщIэгъуэныр Хэкужьым зэуIу щыщIыжынымкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэри.

НэгъуэщI зы гъэщIэгъуэнагъи къыхэхъуащ а лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм – ар публицистикэмрэ беллетристикэмрэ я щэнхэр щызэхэухуэна тхыгъэхэрщ. Пэжщ, нэхъапэIуэкIи лъэпкъ литературэм иIащ мыпхуэдэхэм ещхь гуэрхэр – автобиографичнэу щыт тхыгъэхэу КIыщокъуэ А., Шортэн А., ЩоджэнцIыкIу I., нэгъуэщIхэми я Iэдакъэ къыщIэкIахэр. Ауэ мы зи гугъу тщIыхэр адрейхэм къащхьэщокI тхакIуэм и гупсысэр, тхыдэм и пэжыр хуиту къэIуэта зэрыщыхъуамкIэ, нэкъыфIэщI хъуэпсапIэхэм къагъэщIа щIэныгъэ IэрыщIхэм лъэпкъыр зэрыщамыгъэгугъымкIэ, авторым къиIэт тематикэри, зыхуигъэувыж къалэнри зэрыубгъуамкIэ. Апхуэдэщ Нало А. и «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу», Къэрмокъуэ М. и «ХьэтIохъущыкъей хъыбархэр», «ГукъэкIыжхэр», КхъуэIуфэ Хь. и «Бгъэр уэгум иту и псэр хокI», «ИгъащIэкIэ гъэрибхэр», Нало З. и «IэщIагъэ махуэр дэнэ кIуа?..», «Шэрэджыжь игъэпскIа дыгъэ», КIэрэф М. и «ЛIыжь хъыбархэр», ХьэфIыцIэ М. и «Адыгэ мамлюкхэр», Шэвлокъуэ П. и «Тхыдэр и Iэпэгъуу», ХьэхъупащIэ Хь. и «ГукъэкIыжхэр», Хьэх С. и «Дуней гъащIэ», Мэзыхьэ Б. и «Хы адрыщIхэм щыIэ дуней», Бэрбэч З. и «Ашэмэз и бжьамийр зыхуигъаджэр» лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри. Лъахэм, лъэпкъым и гъащIэм ехьэлIауэ а тхыгъэхэм ягъэзащIэ къалэнхэм къадэкIуэу, ахэр къэплъытэ хъунущ иджырей адыгэ литературэбзэр здынэса лъагапIэр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэ гъуэзэджэу.

Хабзэу зэрыщытщи, лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэхэм къагъэщI Iуэху мыщхьэмыпэхэм лъэпкъыр, псом япэу щIэблэр щызыхъумэр, «гупсысэ цIуугъэнэхэм» дезымыгъэхьэхыр, дауи, публицистикэм и закъуэкъым. Ар нэхъ псынщIагъуэу, зэIухауэ щытщ, ауэ нэхъ къалэн цIыкIукъым игъэзащIэр художественнэ литературэми. Абы и философиер, и гуащIэр къызыхих лъабжьэр зыхуэдэр, езы литературэм и зыужьыныгъэр нэхъ къэзыгъэлъагъуэу критикэм къилъытэр прозэрщ. КъиIэт темэхэмкIи, игъэзащIэ къалэнхэмкIи, жанрхэм, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэкIи иужьрей илъэсипщIитIым зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъуащ лъэпкъ прозэм. Абы адыгэ художественнэ гупсысэкIэм и джэлэсыр – дуней лъагъукIэ щхьэхуэр, и щэныр, эстетикэ лъагэр хъума щыхъуащ. Ди литературэм зыужьыныгъэ щIагъуэ щагъуэтакъым адыгэм и хамэу щыт къухьэпIэ модернизмэм, къуэкIыпIэ ислъам фундаментализмэм, нэгъуэщI «-измэхэм» къапкърыкI «гупсысэ цIуугъэнэхэм». Апхуэдэхэм я хуэмэбжьымэ зыщыу е я фащэ зыщыгъ тхыгъэ закъуэтIакъуэхэм ди литературэм уащрихьэлIэмэ (Къанкъул З. «Къалэм дэгъуэщыхьа», Лыкъуэжь Н. «Щхъыщхъ макъ», ХьэIупщы М. «Хуэрэджейр мэгъагъэ», н.), ахэр къызэрыбгурыIуэн хуейр тхакIуэм зыхуигъэувыжа мурадым зэрылъэIэс художественнэ Iэмалущ е щIэ, щIэщыгъуэ гуэрхэм я къэлъыхъуэныгъэущ. Апхуэдэу

убж хъуну а Іэмалхэр нэхъыбэу зэхьэлІари тхыгъэхэм я ухуэкІэмрэ бзэмрэщ, псом хуэмыдэу адыгэм и образ къэгъэщІыкІэ хабзэрщ – макъ зэщІэжьыуэхэмкІэ гъэнщІа псалъэхэмкІэ дунейм и щытыкІэм зыпыщІыжынырщ. И насыпыр и ІэкІэ иухуэжын, абы щхьэкІэ бэнэныгъэ иригъэкІуэкІын зэрыхуейм цІыхур бгъэдэзыш, гъащІэм и мыхьэнэншагъэр, и сэбэпыншагъэр дамыгъэхэмкІэ къагъэлъэгъуэну хэт нэгъуэщІ литературэ унэтІыныгъэхэм (авангардизм, пессимизм, экзистенциализм, н.) иджырей тхакІуэхэм пагъэуващ зи хуитыныгъэхэм къыщхьэщыж, яфІ зыхэлъхэр яхъумэну хущІэкъу цІыху жыджэрхэм я образхэр.

60 гъэхэм ещхь хъуат XX лІэщІыгъуэм и кІэухыр. ТхакІуэхэм тегушхуауэ къаІэтырт япэм къуэгъэнапІэхэм щэхуу щаІуатэу щыта «темэ зэхуэщІахэр». Абы литературэм псэщІэ къыІуигъэкІэжат. А зэманым дунейм къытехьащ Кавказ зауэжьымрэ ИстамбылакІуэмрэ, залымыгъэ илъэсхэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ, къэралым и зыужьыныгъэр къыщызэтеувыІа лъэхъэнэмрэ Шэшэн зауэмрэ, адыгэ лъэпкъым и нобэмрэ и пщэдеймрэ ятеухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэ пІащэхэр. Абыхэм къахэбгъэщхьэхукІ хъунущ КІыщокъуэ А. и «Лъапсэ», МафІэдз С. и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Къашыргъэ Хь. и «ГъащІэр матэ щІэдзакъым», Къэрмокъуэ М. и «Къоджэм уигъэжейркъым», Журт Б. и «Гъуэжькуий», «Унагъуэ», Елмэс І. и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», ШэджыхьэщІэ Хь. и «Гум псори къонэ», Бещтокъуэ Хь. и «Мывэ лъэхъэнэ», Мэлбахъуэ Э. и «ЩумыгъэтІылъам щылъыхъуэ» романхэр, Хьэх С. и «Сигу, къэувыІи сызылъэщІэгъэхьэ», «Махуэм дунейр и кІыхьагъщ», КІэрэф М. и «Сэфар», Щамырзэ І. и «Махуэ лъапІэр къэсыпат», Мэзыхьэ Б. и «Зы жэщ закъуэрэ гъащІэ псорэ», Апажэ А. и «Зэмыжьа лъагъуныгъэ», Щоджэн Хь. и «Гум телъ уІэгъэ», МафІэдз С. и «Мыхъур», ХьэІупщы М. и «Хуэрэджейр мэгъагъэ», Бозий Л. и «Гукъеуэ», Къанкъул З. и «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестхэр, ІутІыж Б. и «Эдип», «Мазэгъуэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Кхъужьеибэ» драмэ лэжьыгъэхэр, нэгъуэщІхэри.

НэхъапэІуэкІэ къыдэкІахэм мы тхыгъэхэр къащхьэщокІ ищхьэкІэ къыщыхуащІыну унафэм ежьэу щымыс, зи щхьэ Іуэху дэзыгъэкІыж, зэхъуэкІыныгъэ екІуэкІхэм жыджэру хэт лІыхъужьыщІэхэр утыку къызэрырашэмкІэ. Иджы тхакІуэхэр тхыдэ къэхъугъэхэм зэрабгъэдыхьэр идеологие гуэрым и къэухьым итукъым, атІэ иджырей щІэныгъэмрэ художественнэ гупсысэмрэ я зыужьыныгъэхэр, иужьрей лІэщІыгъуэм цІыхур гъэлъэпІэным, абы и хуитыныгъэхэм пщІэ хуэщІыным ехьэлІауэ зэфІэува Іуэху еплъыкІэр я тегъэщІапІэущ. Абы персонаж ІэрыщІхэр тригъэкІуэтащ, фІырэ ІейкІэ ахэр зэхэгъэщхьэхукІыным къыбгъэдишри, цІыхур зэрыщытым хуэдэу – и ефІэкІыныгъэхэри, и щыщІэныгъэхэри зэрыкІэрылъу – литературэм къыхишащ.

Иджырей адыгэ прозэм хэт лІыхъужьхэр зэщхькъым, занщІэуи пэжыр, захуагъэр къагъуэту щыткъым. Ауэ псори гъуэгуанэ тетщ: мэлъыхъуэ, мэгъуащэ, щоуэ, ар къагурыІуэжмэ, щІэрыщІэу къыщІадзэжри, япэкІэ мэкІуатэ. КІэщІу жыпІэмэ - мэпсэу. КІыщокъуэри аращ, псэуху зытета къэлъыхъуэныгъэ гъуэгум ар хуашащ езым и ныбжьым хуэфэщэж къэІуэтэкІэм – ущиинигъэ стилым. «Лъапсэ» романым и сюжет джэлэсыр зэтезыІыгъэр Іуэху еплъыкІэ зэхуэмыдэхэм ягъуэт

щытыкIэрщ, персонажхэм я гупсысэкIэм къыщыхъу эволюцэрщ, зэхъуэкIыныгъэхэрщ. IэрыщIу (клон) къигъэщIыфыну зэфIэкI зыгъуэта цIыхум и зэхэщIыкIыр фIым, къэкIуэным хуэунэтIын зэрыхуейрщ тхакIуэм къызыхуриджэр. Ар нэгъуэщIыпIэкIэ ещIэмэ, къэрикIуэнкIэ хъунум ухуэзыгъэсакъщ адыгэхэм я блэкIа благъэр. Абы дерс къыхэхыпхъэу зэрыщытырщ тхакIуэм дызыхуигъэIущыр.

«Лъапсэ» романыр 60 гъэхэм адыгэ прозэм игъуэта унэтIыныгъэ нэхъыщхьитIым язым – цIыхур зыгъэгуфIэ, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр кууэ къэгъэлъэгъуэныр, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэIухыныр зыгъэнэхъыщхьэм – тету тхащ. Мы тхэкIэ лIэужьыгъуэм йозэгъ Къэшыргъэ Хь. и «ПшэкIухь» романыр, Хьэх С. и «ЩIымахуэ мэракIуэ», «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ», Мэзыхьэ Б. и «Зы жэщрэ гъащIэ псорэ», ХьэIупщы М. и «Хуэрэджейр мэгъагъэ», Тхьэмокъуэ Б. и «ЩыхупIэ», Щоджэн Хь. и «Гум телъ уIэгъэ» повестхэр. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэм – тхыдэ къэхъукъащIэхэри зэманри убгъуауэ, абыхэм персонаж куэд къыхэшауэ къэзыгъэлъагъуэхэм – ящыщщ МафIэдз С. и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Къандур М. и «Кавказ», Журт Б. и «Гъуэжькуий», Къэрмокъуэ М. и «Къоджэм уигъэжейркъым», Мэлбахъуэ Э. и «ЩумыгъэтIылъам щылъыхъуэ» романхэр. Мы тхыгъэшхуэхэр щыхьэт тохъуэ адыгэ литературэм эстетикэ гъунапкъэщIэхэр къигъэIурыщIэну, гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэ къиинхэр художественнэ IэмалхэмкIэ зэфIихыну зэфIэкI иIэ зэрыхъуам. КIыщокъуэ А., Шортэн А., Къэшыргъэ Хь. сымэ я романхэм я щапхъэхэм тету иджырей тхакIуэхэм «къагъэщIэрэщIэж» лIэщIыгъуэ блэкIахэм къэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэхэр, абыхэм къыхашэ а лъэхъэнэм псэуа цIыху цIэрыIуэхэр, уеблэмэ Урысейм, Тыркум, Инджылызым, нэгъуэщI хэкухэми я къэрал лIыщхьэхэм нэсу. Апхуэдэу тхылъеджэр нэIуасэ хуащI лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм и пашэхэу нобэр къыздэсым зи цIэр хэIущIыIу ямыщIу къекIуэкIахэм.



Тхыдэ романхэм, жанрым и хабзэхэм къыхэкIыу, лIыхъужьым къыщылъымыс увыпIэр, абы и псэкупсэ дуней къызэIуамыхыр ирагъэкъуж повестхэм, псом хуэмыдэу лиро-эпическэ лIэужьыгъуэм хыхьэхэм. ЦIыхур зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, абы и гущIэм щыхъэр кууэ къэгъэлъэгъуэным адыгэ тхакIуэхэр нэхъ хущIэкъу зэрыхъуам а жанрым щытыкIэщIэ ирагъэгъуэтащ. Елгъэр К., Мэзыхъэ Б., Тхьэмокъуэ Б., Хьэх С., Щхьэумэжь Б., МафIэдз С., Къэрмокъуэ М. сымэ я тхыгъэхэм лиризмэр къобэкI. Абы къикIыркъым художественнэ Iэмалхэм ящыщ зыуэ лирическэ щэнхэр тхакIуэхэм къагъэсэбэпу, мыбдежым нэхъыщхьэр лирическэ лIыхъужьыр къэзыухъуреихьхэр зэщIэзыгъэуIуэ, зыунэтI къалэныр езыхэм я пщэ зэрыдалъхьэжырщ. Апхуэдэ тхыгъэхэщ «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» (Мэзыхьэ Б.), «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ», «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ» (Хьэх С.), «ГущIэгъу» (Шыбзыхъуэ М.), «ШейтIан къафэ» (Елгъэр К.), «Абрэдж» (Куэшбей Ж.), «Мыхъур» (МафIэдз С.), «Щолэхъу» (Къамбий З.) повестхэр, нэгъуэщIхэри. Мыбыхэм нэхъ кууэ къыщыгъэлъэгъуэжащ лирическэ лIыхъужьхэр щыпсэу лъэхъэнэр, лъэпкъым и хабзэ-зэхэтыкIэр, и дуней лъагъукIэ щхьэхуэр, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр. Нэхъыщхьэращи, тхыгъэхэр гурыщIэрэ гукъыдэжкIэ гъэнщIащ.

Мы жанрым епхауэ нэгъуэщІ зы гъэщІэгъуэнагъми гу щылъыботэ къэбэрдей-шэрджэс литературэм – ар повесть-гукъэкІыж, повесть-дневник, повесть-биографие жыхуаІэхэм хуэдэхэрщ. Лирическэ лІыхъужьым и гъащІэ гъуэгуанэмрэ езы тхакІуэм абы къыхих дерсымрэ зэхэухуэнауэ къыщокІуэ а тхыгъэхэм. Абыхэм авторыр икІэм-икІэжым зыхуашэж чэнджэщырщ а повестхэм купщІэ яхуэхъужри. Мы жыпхъэм иту тхащ Нало З. и «Сыту ІэфІу зэхэщІат сабиигъуэ дыджыр», ХьэхъупащІэ Хь. и «ГукъэкІыжхэр», Къэрмокъуэ М. и «НапІэдэхьеигъуэ. ГукъэкІыжхэр», Хьэх С. и «Дуней гъащІэ» литературэ лэжьыгъэхэр. Мы тхыгъэхэм тхакІуэхэр лІыхъужьу зэрыхэувэжыркъым къыщІыхэгъэщыпхъэр, атІэ ихъуреягъым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм, зыхэпсэукІ гъащІэм езыхэр зэрахущытыр художественнэ Іэмал нэхъыщхьэу къызэрыщагъэсэбэпырщ.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къэралым политикэ гъэпсыкІэщІэ етыным, цІыхубэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ирагъэжьа реформэхэм я нэхъыбапІэр, сыт щыгъуи хуэдэу, гъэзэщІа мыхъуауэ къэнащ. ЗэхъуэкІыныгъэхэм лэжьакІуэбэм гъащІэ тынш къызэрыхуамыхьар, ахэр зыщІэхъуэпсахэр къазэремыхъулІар, демократхэм я щыуагъэ куэдыр зылъагъу тхакІуэхэр къэуву хуожьэ я псэукІэмкІэ мыарэзыуэ. Ауэ тегушхуэныгъэ яхэлъкъым, зэкІэ зэрыпсалъэри щІагъыбзэкІэщ. Апхуэдэхэм деж къызэрыхъу хабзэм тету, жылагъуэ гъащІэм щекІуэкІ зэпэщІэувэныгъэхэр теплъэгъуэ закъуэкІэ къызэІузыхыф жанрыр – рассказыр – документалистикэми тхыдэ прозэ пІащэхэми япэ ищу хуожьэ. Жанр кІэщІхэм къэбэрдей-шэрджэс литературэм нэхъ зэрызыщаужьамкІэ фІыщІэ нэхъыбэ ябгъэдэлъщ хамэ Іуэху еплъыкІэхэм утыкур езымыгъэубыда тхакІуэхэу КІыщокъуэ А., КІэрэф М., Къагъырмэс Б., Мэзыхьэ Б., Гъэунэ Б., Мыз А., КхъуэІуфэ Хь., Елгъэр К., Хьэх С., Іэщыж Б., Ацкъан Р., ХьэІупщы М., Шыбзыхъуэ М. сымэ, нэгъуэщІхэми.

Абы, дауи, къикІыркъым ихъуреягъым щекІуэкІ гъащІэ къэукъубеям тхакІуэхэм нэхъапэм зыпыІуадзауэ. Ауэ а дунейр зысея мыхъумыщІагъэхэр ауанымрэ гушыІэмрэ хуагъакІуэурэщ 90 гъэхэм къызэрагъэлъагъуэу щытар. А зэманым щІэупщІэшхуэ яІэ хъуат тхакІуэхэу ІутІыж Б., Журт Б., ШэджыхьэщІэ Хь., Хьэх С., Бекъул Т., Думэн М., Мысостышхуэ П., Иуан Б., Бахъуэ Б. сымэ, нэгъуэщІхэми я ауан, гушыІэ рассказхэм. А илъэсхэрщ лъэпкъ драматургием къыщыхыхьар «Жьэмыгъуэ-сондэджэрым», «Жьэмыгъуэ-кооператорым», «Жьэмыгъуэ-дипломатым» я образхэр. Къэбэрдей театрым щагъэув спектаклхэм я нэхъыбэри комедиет. Мыбдежым къыжыІэпхъэщ, сыт хуэдэ щІыкІэкІэ зэбгъэхъулІэми, театреплъыр гъэдыхьэшхын зэрыхуейм Іуэхур тращІыхьурэ, языныкъуэ тхакІуэхэм я драмэ лэжьыгъэхэм ягъэзэщІэн хуей эстетикэ къалэным щыкІэрагъэху, пьесэхэр, рассказхэр «бэзэр гушыІэхэм» щыхуагъакІуэ мымащІэу къызэрыхъуари. Пэжщ, тхылъеджэми театреплъми я нэгу зегъэужьыни, я гукъыдэжыр къэІэтыни хуейщ. Комедиеми, мелодрамэми, идиллиеми хуэныкъуэщ литературэр, ауэ абыхэм я лъабжьэу щытыпхъэр ди псэукІэм, цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкІэхэм узыщрихьэлІэ мыхъумыщІагъэхэр дэзыгъэлъагъуж гушыІэ, ауан щІэщыгъуэхэрщ, Іущыгъэр щытепщэ жыІэкІэ дахэхэрщ.

Прозэм еплъытмэ, адыгэ усыгъэм нэхъ псынщIэу зыдихъуэжу къэплъытэ хъунущ зэманым. Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэм я япэ илъэсхэм абыи мымащIэу хэтащ пафос зыхэлъ усэхэр, зыузэщIыныгъэм, псэукIэ тыншым ухураджэу. Абыхэм нэхъыбэу яхэлъэгъуапхъэри лъэпкъ литературэр зэрызэфIэувэрэ зытета гъуэгум усакIуэ куэдыр иджыри къызэрытемыкIыфырщ, армыхъумэ, языныкъуэ критикхэм зэрыжаIэу, ахэр «зэхъуэкIыныгъэхэр зыщIэрыIа» постмодерн гупсысэкIэм къигъэщIакъым. «Епэр къапщIийуэ» мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр къызэщащэх усэхэр зы Iыхьэшхуэ мэхъу.

ЕтIуанэр – дунейр «цIыкIу зэрыхъум», цивилизацэхэр зэрызэхэшыпсыхьым, лъэпкъышхуэхэм я щэнхабзэм, иджырей бэзэр псэукIэм лъэпкъ цIыкIухэм я щхьи, я фащи яфIигъэкIуэдынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм тегузэвыхьхэрщ. И «псэр щIэгумэщI» и хэку дахэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм «гухэ ящIауэ» щилъагъукIэ, Нало Заур и «Къэбэрдей» усэм хэт лирическэ лIыхъужьыр къызэщIокIуэ: «Тхьэм игъэмахуэу щыта лъэпкъыр / ИрашэлIащ щыхупIэ нэпкъым. / Яшхыжыр нобэ бэлэрыгъыр – / Ар срикъункъэ сэ гурыгъуу!».

Адыгэ усыгъэр иужьрей илъэсипщIитIым, къэралым и политикэ гъэпсыкIэр, и экономикэ лъабжьэхэр нэхъ зэтеувэжыху, мы Iуэху еплъыкIитIым я кум дэтауэ жыпIэ хъунущ Оптимизмэмрэ пессимизмэмрэ я зэпэIэщIэ гъунапкъитIыр гъэнщIащ усэм и купщIэр, и зэхэлъыкIэр, и теплъэр, макъамэ щIэтыр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа къэлъыхъуэныгъэхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ. Абы, япэхэми хуэдэу, зэманым пэджэж, лъэпкъым, цIыхум къадекIуэкI фIыгъуэхэр зыгъэнэхъыщхьэ, усакIуэпсэ тепыIэншэм къыпкърыкI гурыщIэ псалъэ хэIэтыкIахэмкIэ псыхьа усэхэр щытепщэщ. Лъэпкъ литературэм и лъагапIэщIэщ иужьрей илъэсхэм дунейм къытехьа усэ тхылъхэр. ЦIыху щхьэхуитым, лирикэ хуитым я щапхъэщ КIыщокъуэ А. и «Щхьэлыкъуэ», Тхьэгъэзит З. и «УзэщIакIуэ», Нало З. и «Урыху Iубыгъуэ», Бещтокъуэ Хь. и «Дуней телъыджэ», IутIыж Б. и «Тхыгъэ къыхэхахэр. Усэхэр», Къэжэр Хь. и «Усыгъэхэр», Къагъырмэс Б. и «Тхыгъэ къыхэхахэр», Елгъэр К. и «Тхыгъэ къыхэхахэр. Усэхэр», Ацкъан Р. и «Гупсэхугъуэ», Бицу А. и «Псэм и дуней», Уэрэзей А. и «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ», Къэжэр П. и «Гупсысэр - псалъэкIэ», Балъкъэр Ф. и «Тхыгъэ къыхэхахэр», Сонэ А. и «Iэгу махуэ-IэщI жэщ», Мыкъуэжь А. и «Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь», Иуан Б. и «Тхыгъэ къыхэхахэр», Къуэдзокъуэ Хь. и «МыкIыж уIэгъэ» сборникхэр, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ усакIуэхэм къаIэт темэхэмрэ зэфIах Iуэхугъуэхэмрэ я закъуэкъым зызыхъуэжар. Я мурадхэр зэрызрагъэхъулIэ художественнэ Iэмалхэри ирагъэфIэкIуащ. Иджырей адыгэ усыгъэм IэкIуэлъакIуэу къегъэIурыщIэ дунейпсо литературэм и усэ гъэпсыкIэ нэхъ хэIэтыкIауэ къалъытэхэри. Нэхъапэхэм урыс, къухьэпIэ классикэ литературэхэмкIэ нэхъ еплъэкIыу щыта ди усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щIэщыгъуагъ зэрыщIалъхьэну хэкIыпIэхэр иджы къыщалъыхъуэ къуэкIыпIэ художественнэ дуней къулейми, псом хуэмыдэу хэхэс адыгэхэр зыдэпсэу лъэпкъхэм я литературэхэм. КъуэкIыпIэ классикэ усыгъэм и метрикэри, рифмэри, ритмикэри, апхуэдэу къэжэр, хьэрып, тырку усэхэм щытепщэ хабзэ анафорэри, аллитерацэри, къытезыгъэзэж псалъэр е фразеологиеу зэхэжыхьыжа псалъэ зэпхахэр усэм темэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуж-

ри гъэщІэгъуэну къагъэсэбэп адыгэ усакІуэхэм. Зы Іуэхугъуэ хэхам теухуа усэхэу стопа зыбжанэ фІэкІа мыхъухэм (бейтхэм) къыщыщІэдзауэ сатыр куэду зэхэтхэм (газелхэм, касыдэхэм) нэсу Нало З., Иуан Б., Къагъырмэс Б., Бицу А., Мыкъуэжь А., Къэжэр Хь., Тхьэзэплъ Хь. сымэ, нэгъуэщІхэми я Іэдакъэ къыщІэкІахэр лъэпкъ Іущыгъэхэмрэ дуней еплъыкІэ хэхамкІэ гъэнщІащ.

Къэбэрдей усыгъэм лъэ быдэкІэ щыуву жыпІэ хъунущ прозэу тха усэхэри. НэхъапэІуэкІэ мы жанр лІэужьыгъуэр усакІуэ зырызхэм фІэкІа (Къэжэр Хь., Сокъур М.) къамыгъэсэбэпу щытамэ, иджы абы хуэІэижьхэм я сатырым хэтщ Хьэх С., Ацкъан Р., Лыкъуэжь Н., Къаныкъуэ А., ПщыукІ Л. сымэ, нэгъуэщІхэри. Лъэпкъ усыгъэм и лІэужьыгъуэщІэу къэплъытэ хъунущ, ауан щабэ зыщІэлъ, ауэ гъэсэныгъэ-ущиныгъэ къару ин къызыпкърыкІ, прозэу тха усэхэу Хьэх Сэфарбий («Си хъуреягъкІэ»), Къагъырмэс Борис («Тхыгъэ кІэщІхэр»), Къэжэр Хьэмид («Прозэу тха усэхэр»), Лыкъуэжь Нелли («Щхъыщхъ макъ» сборникым ихуа языныкъуэ тхыгъэхэр), Къаныкъуэ Агнессэ («Си лъэхъэнэгъухэмрэ сэрэ» циклым хыхьэхэр) сымэ иужь зэманым къытрагъэдзахэр.

Усыгъэм игъуэта зыужьыныгъэр къызэралъытэ пщалъэхэм ящыщ зыщ лиро-эпическэ жанрым абы щиубыд увыпІэри. Тематикэ убгъуа зиІэ, лъэпкъым и блэкІамрэ и нобэмрэ художественнэу къэзыгъэлъэгъуэж поэмэхэр иджырей къэбэрдей литературэм и фІыпІэу убж хъунущ. КъиІэт Іуэхугъуэхэм ятещІыхьауэ, адыгэ поэмэм зиужьащ унэтІыныгъэ зыбжанэм тету, ауэ нэхъыщхьэу щы къыхэбгъэщхьэхукІ хъуну къыщІэкІынущ. Ахэр – тхыдэ, ІуэрыІуатэ лъабжьэ зиІэхэмрэ иджырей лъэхъэнэм теухуахэмрэщ. Мыбдежым къыщыхэгъэщын хуейщ лъэпкъым, лъахэм я блэкІар зи лъабжьэ тхыгъэхэм я ухуэкІэкІи, я хъэтІкІи ІуэрыІуатэм ижь къащІихуу зэрыщытыр. Езы тхыдэ поэмэм и мыхьэнэри убгъуащ. Абы къызэщІеубыдэ тхыдэ къэхъукъащІэ гуэрым теухуахэри, тхыдэ-ІуэрыІуатэ лъабжьэ зиІэхэри.

Иджырей ди псэукІэм, ди къэкІуэнум теухуа поэмэхэм я гъэпсыкІэри нэхъ пкъыфІэ, ящІэлъ гупсысэри нэхъ куу хъуащ, лиризмэмрэ психологизмэмрэ ебэкІыу щытыным усакІуэхэр зэрыхущІэкъум ахэр нэхъ шэщІаи, дахи ящІащ. Мы зи гугъу тщІы лІэужьыгъуэхэм – тхыдэ, тхыдэ-миф, иджырей тематикэ зиІэхэм – я щапхъэу къэпхь хъунущ лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэхэу Бещтокъуэ Хь. и «Мывэ лъэхъэнэ», Сонэ А. и «Къуалэбзу джэгуакІуэхэр», Бемырзэ М. и «Іэдииху», Бэлагъы Л. и «Сэтэней», «Гуащэнэ», Куэцэ-ХьэІупщы Л. и «ЩІыхубз насып» лиро-эпическэ тхыгъэшхуэхэр, Къагъырмэс Б., Балъкъэр Ф., Ацкъан Р., Уэрэзей А. сымэ я поэмэщІэхэр.

Нэхъ узыгъэгуфІэу къэбэрдей литературэм иужь илъэсхэм къыхэхъуахэм ящыщщ сабийхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр нэхъыби, нэхъыфІи зэрыхъуар. НыбжьыщІэхэм уахуэтхэныр къалэн лъапІэщ икІи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ сабий ныбжьым итущ абыхэм псалъэм и ІэфІри, и дахагъри щызыхащІэр. ЩыцІыкІуам тхылъым димыхьэхам, ин хъуа нэужьи ар къищтэжынукъым. Тхыгъэ губзыгъэхэм къыщІэхъукІ ныбжьыщІэр псэкІэ къулейщ, дуней и пІалъэ ищІэу, гъащІэм и ІэфІыр зыхищІэу къотэдж. Апхуэдэ гъэсэныгъэ къалэн гугъу, ауэ лъапІэ ягъэзащІэ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ пажэхэми, нэхъ

щIалэIуэхэми яйуэ иужь зэманым къыдэкIа мыпхуэдэ тхылъхэм: «Сабий щэнгъасэ», «Зэшыпхъухэм теухуа псысэхэр» (Нало З.), «Дадэкъуапэ» (Хьэх С.), «Псей цIыкIу», «Моцэрэ Боцэрэ» (Щоджэн Л.), «Ужьэ тIасхъэщIэх», «Ужьэмрэ блэмрэ» (Джэдгъэф Хъу.), «Таурыхъхэр» (Дудар Хь.), «Тхыгъэ къыхэхахэр», «ГъуэгурыкIуэ» (КIуантIэ I.), «ЩыIащ-псэуащ...» (Даур З.), «Тхьэгъэлэдж», «Жьырытэдж» (Хьэту П.), «Уэшх нэужьым», «Дыгъэ нэкIу» (Тау Н.), «Пшэ хужь цIыкIу» (Хьэщыкъуей О.), «Iэбэдзыуэ» (ПхытIыкI Ю.), «ФохьэкIуэ» (Иуан Б.), «Гъуэгу дамыгъэхэр» (ХьэцIыкIу Хь.), «Мыщэжьыкъуэ» (Къагъырмэс Б.), «Жэм пыджэрей» (Гъубжокъуэ Л.), «ЗэIущIэ гъэщIэгъуэн» (Брай А.), нэгъуэщIхэри.

Адыгэ лъэпкъ литературэм (къэбэрдейри, адыгейри, шэрджэсри хэту), зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхэс адыгэхэм яхъума, къагъэщIа художественнэ лъапIэныгъэхэм хэкужьым къагъэзэжу зэрыхуежьам. Къыхэгъэщын хуейщ хэхэс адыгэ тхакIуэ куэдым я художественнэ дунейр нобэр къыздэсым хамэбзэхэмкIэ (хьэрыпыбзэ, тыркубзэ, инджылызыбзэ, н.) къаIуатэу зэрыщытыр, адыгэбзэкIэ тхэхэр иужь зэманым нэхъыбэу къахэкI хъуами. Ди лъэпкъэгъухэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр зэдзэкIауэ абыхэм хэкужьым исхэр щыгъуазэ щIыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Къэбэрдейми, Адыгейми, Шэрджэсми. Абыхэм я фIыгъэкIэ иужь илъэсхэм Налшыкрэ Мейкъуапэрэ къыщыдэкIащ Къандур Мухьэдин и «Кавказ» трилогиер (зэзыдзэкIар Къэрмокъуэ Хь.), Къумыкъу Мамдухь и «Сыт жиIэр псынэ цIыкIум» рассказ сборникыр, ди лъэпкъэгъу тхакIуэхэу Аиссе, Хъалиде Эдип, Омер Сейфеддин, Мыхьмуд Теймур сымэ, н. я рассказ нэхъыфIхэри щызэхуэхьэса «ЩIэин» тхылъыр (зыгъэхьэзырар ХьэфIыцIэ М., Къэрмокъуэ Хь.), я лъэпкъым теухуауэ Мыдхьэт Ахьмэд, Омер Сейфеддин, Четин Онер, Муса Уйсал, Осман Челик, Кубэ Шэбан, Инэмыкъуэ Мулид, Тхьэгъэзит Рафикъ сымэ, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Хэхэс дуней» сборникыр, Iэпщацэ Зэхърэ и «Сосрыкъуэ и кIуэдыкIар» романыр (зэзыдзэкIар Къалмыкъ А.), Адыгейм и щIэныгъэрылажьэхэу Темыр Р., Унэрокъуэ Р. сымэ хэхэс адыгэхэм я деж щызэхуахьэсыжа IуэрыIуатэ къулейр. Мы Iуэхум епхащ тхыгъэхэр зэдзэкIын лэжьыгъэ мытыншри. ЗэдзэкIакIуэ IэщIагъэм хуеджауэ ар мыIейуэ къэзыгъэIурыщIэфхэр (п.п., Мэремкъул Л., Алъхъэс С., н.) щыIэми, хэхауэ абы ирилажьэ дызэримыIэм Iуэхур гугъу ещI. Нобэ мы IэнатIэр хуэныкъуэщ тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ тхахэр адыгэбзэм къизыгъэзэгъэфыну IэщIагъэлIхэм.

Лъэпкъ литературэм и ехъулIэныгъэхэм, абы къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм нэгъуэщIхэр щыгъуазэ щIынымкIэ къалэн нэхъыбэ зыгъэзащIэр литературэдж щIэныгъэрщ. Нобэ дэ диIэщ лъэпкъ литературэм и жанрхэр, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэхэр, IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэхущытыкIэхэр, адыгэ литературэхэр (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс, хэхэс адыгэ) зэзышалIэ къуэпсхэр зыгъэбелджылы, абыхэм хамэ литературэ къулейхэм яжь къазэрыщIихур дэзыгъэлъагъуж щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм абыхэм къахэхъуащ къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэм щIэуэ уризыгъэплъэж, абы и гъунапкъэхэм зезыгъэубгъу лэжьыгъэшхуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Гуманитар къэхутэныгъэ

институтым томищ хъууэ къыдигъэкIа «Адыгэ литературэм и тхыдэ» лэжьыгъэшхуэр, ХьэкIуащэ А. и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, критикэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Тхыгъэ къыхэхахэр», «ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ» тхылъхэр, Тхьэгъэзит Ю. и «Адыгэхэм я художественнэ зэхэщIыкIым зэрызиузэщIар», Нало З. и «Бахъсэн щэнхабзэ центрым и адэбият», Гъут I. и «Псалъэмрэ щэнхабзэхэмрэ», БакIуу Хъ. и «Адыгэ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэм и дуней еплъыкIэ щхьэхуэмрэ», «IутIыж Борис: тхакIуэ, усакIуэ, драматург», ЩоджэнцIыкIу Н. и «Тхыгъэм и лабиринтхэр», Къэрмокъуэ Хь. и «ГъащIэм и плъыфэхэр», Къэжэр Хь. и «Тхыгъэ къыхэхахэр», нэгъуэщIхэри.

Мы обзор кIэщIым, дауи, къызэщIиубыдакъым лъэпкъ литературэм и лIэщIыгъуэ гъуэгуанэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ псори. Мыр иджырей лъэпкъ литературэм и щытыкIэм ухэзыгъэгъуазэ къудейуэ аращ. Апхуэдэу щытми, мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэмкIи пхужыIэнущ адыгэ литературэр и пIэм зэримытыр, абы зэхъуэкIыныгъэ щхьэпэхэр зэрыщекIуэкIыр. Нэхъ иныжщ абы къыпэщыт къалэнхэри. Псом япэу ар щытын хуейщ пэжымрэ захуагъэмрэ я IэщакIуэу, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэфIхэм, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэм я хъумакIуэу. Иджырей тхылъеджэр хуэныкъуэщ дахагъэр щытепщэ, залымыгъэм гъуэгу щимыгъуэт, цIыхупсэм къыщхьэщыхьэ шынагъуэхэм япэщIэувэ литературэщIэ. А къалэн щхьэпэхэм зэрыпэлъэщын къаруи зэфIэкIи иIэщ абы: тхыдэ дахэ, нэхъыжь Iущ, щIэблэ Iумахуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым хуэдэ ныбжьэгъуфI. Дэри, тхылъеджэхэр, абыхэм дащогугъ хъуэпсапIэ лъагэхэм дыкъыхуезыджэ, фIыр Iэпэгъу къытхуэзыщI, щIэблэр тхуэзыущий, лъэпкъыр къэзыхъумэ тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ... Апхуэдэ литературэ иIэну хуэфащэщ адыгэ лъэпкъым.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*щIэныгъэлI*

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Нало Заур къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу*





# КЪРУ ПАШЭ

Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм узыгъэгупсысэн гуэр хэлъщ. Ауэ зи гъащIэ ухэплъэр Нало Заур хуэдэ хэкулIмэ, абы акъылышхуэ къызэрыхэпхынум шэч хэлъкъым.

Нало Заур ящыщт нэхъыбэ дыдэ къызэхъулIэну, и щхьэри и лъэпкъри лъапIэныгъэшхуэкIэ дунейм тезыгъэIуэфыну Тхьэм къиузэду щIым къытригъэхьа цIыху уардэхэм. Пэжыр жытIэмэ, абы къехъулIари хузэфIэкIари мащIэкъым, дэ ар нэгъэсауэ нобэ къыдгурымыIуэми. ЗэIэбым псэ хелъхьэ зэрыжаIэу, Заур сыт хуэдэ Iуэху и ужь имыхьами, умыгъэщIэгъуэн плъэмыкIыну екIуу, гугъэпсэхуу, нэгъэсауэ, щапхъэу бгъэлъагъуэ хъун хуэдэу ищIэу щытащ – усэ зэхилъхьэми, рассказ итхми, щIэныгъэ Iуэху игъэзащIэми. Ар емызэшыж лэжьакIуэшхуэу зэрыщытым нэмыщI, икIи Тхьэм къыхилъхьауэ Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут. Сэ къэзгъэщIам къриубыдэу лIы цIэрыIуэхэуи, дэ тщыщ дэтхэнэми хуэдэ цIыху къызэрыгуэкIыуи Iэджэм сахуэзащ, Iэджэхэри згъэунэхуащи, псэ къыхэзылъхьам и тыгъэ лъапIэр хьэхэбасэ зэрымыхъуным Заур нэхърэ нэхъ ерыщу хуэлэжьа куэд слъэгъуакъым. АрщхьэкIэ, Тхьэм пщэрылъ къыхуищIа псори зыгъэзэщIэфари бегъымбархэм яхуэдэ зырызыххэращ. Мыдрей къызэрыгуэкI цIыху цIыкIу жыхуаIэхэм яхэтщ нэхъыбэIуэ къызэхъулIаи, нэхъ мащIэ къызэхъулIаи, зыри къызэмыхъулIэххаи. Нало Заур, дауи, бегъымбартэкъым. ИтIани апхуэдэ пщалъэкIэ укIэлъыплъыжмэ, ар япэу жыхуэсIахэм ехьэехуэу жытIэмэ, дыщыуэну къысфIэщIыркъым.

Нобэ а лIыфIым и гъащIэмрэ и Iэужьхэмрэ щыгъуазэ дэтхэнэми ещIэ абы зылI хуэщIэнкIэ уфIэтелъыджэ хъун хуэдиз зэрилэжьыфар, илэжьа псори къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьымрэ и нэмысымрэ нэхъ лъагэу уэзыгъэлъагъухэм зэращыщыр. ИкIи абы ущыгъуазэу, нэхъыбэж щхьэ къемыхъулIарэ жыпIэнри щыуагъэщ, нэхъ къезэгърабгъур – апхуэдиз дауэ хузэфIэкIа, жыпIэнращ. Заур и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ нэхъыфIу къыдгурыIуэну къысфIощI, абы хузэфIэкIахэр къызыхилэжьыкIа и лъэхъэнэм зэ дриплъэжмэ.

Апхуэдэм деж япэу зэплъыпхъэу си гугъэр а лIы уардэр къызыхэкIа лIакъуэмрэ унагъуэмрэщ. Ар 1928 гъэм дунейм къыщытехьам щыгъуэ Налохэ, зэрыжыпIэнуращи, я хьэмтетыгъуэт. Ахэр лъэпкъ узыншэт, лэжьакIуэшхуэхэр куэду къахэкIырт, я гуащIэмрэ я лIыгъэмрэ елъытыжа цIыхугъи яхэлъыжт. Граждан зауэм щыгъуи пэжыр зыдалъагъуу щыта большевикхэм я Дзэ плъыжьым и телъхьэу зэуахэти, властыщIэ къэунэхуам къыхилъхьэ сыт хуэдэ Iуэхури Нало зэкъуэшхэм жыджэру даIыгът. Абы и щхьэжращи, къулыкъу къалъысми, ахэр абы щхьэуназэ ищIыртэкъым, пэжкIэ Iуэхум пэрыту, лей зылъысым и телъхьэу щытауэщ тхыгъэуи хъыбаруи къэнахэм къазэрыхэщыжыр. Апхуэдэу, хэкум зи цIэр фIыкIэ щаIуатэхэм ящыщт партизан гупзешэ Нало Жамырзэ, совет-парт лэжьакIуэ цIэрыIуэ Нало Шупагуэ, тхакIуэ, щIэныгъэрылажьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзыр къызэзыгъэпэща икIи абы и япэ тхьэмадэу щыта Нало Жансэхъу сымэ. КIэщIу жыпIэмэ, зэрыгушхуэнрэ зыкъуэгушхукIынрэ и мащIэтэкъым Заур и къэхъугъуэм щыгъуэ. Апхуэдэхэм къахэтэджыкIа щIалэри гушхуэнтэкъэ, япэ итхэм я лъэужьым теувэнми хуэхъуэпсэнтэкъэ. Щапхъэхэри и нэрылъагъут, езыми Тхьэм къыхилъхьауэ гуащIэшхуэри, гукъыдэжри, акъыл жанри хэлъыжт.

АрщхьэкIэ, зэманыр арат зэрыщытри, къэралым тепщэныгъэр щызыIэрызыгъэхьахэм ягу ирихьыртэкъым Налохэ хуэдэу псэ къабзэ зиIэхэр, нэририщIу пэжыр жызыIэфхэр. Ахэр зыхуейр, я щхьэкIэ мыгупсысэжу, къыхуащI унафэр фIыми Iейми ягъэзэщIэну хьэзырхэрат. Езыхэм нэхърэ нэхъ Iэзэхэр, я щыуагъэ-гъуэщагъэхэр къыщIэзыгъэщхэр я бийт, апхуэдэхэр зыгуэркIэ щхьэпэнуи, къэралыр абыхэм хуэныкъуэнуи ягу къэкIыххэртэкъым.

Арати, хуэм-хуэмурэ, ижьу щытам сэмэгуу, сэмэгум ижьу зыкъызэридзэкIри, цIыхубэм я щхьэхуитыныгъэм псэ хьэлэлкIэ хуэIэщакIуэу щыта Налохэ а цIыхубэ дыдэм я бийуэ къыщIрагъэдзщ, «лъэпкъым и бийр» дзыуэ къыфIащыжри, зым и ужьым адрейр иту хэт хьэпсым ирадзащ, хэт Сыбыр яхуащ, хэти «революцэм и хабзэм тету» яукIри и хьэдэри щIавэжащ. Лажьи-хъати зимыIэу яукIахэм яхэхуащ уи Жамырзэри, Шупагуэри, ямылейуэ тхакIуэшхуэ хъуну зыкъызэкъуэзыхауэ щыта Жансэхъури. Абыхэм къакIэлъыкIуэу, Налохэ зэращыщ закъуэм щхьэкIэ Заур и къуэш нэхъыжь Уэлии дапхъуэтри, псэуу къелым нэхърэ щыкIуэдыр здэнэхъыбэ Магадан жыжьэм яхуащ. И адэ Мыхьэмэт мэкъумэшыщIэ-лэжьакIуэжьри яубыдщ, Сыбыр яшэри, абыи къигъэзэжыххакъым, уэхбзэхыу гъэрэщым икIуэдащ. Налохэ я лъапсэм псы ирамыгъэжыхьыжыпами, лъэпкъ дахэм щыщу зи щхьэ

къэзыIэтыфын щIагъуэ къагъэнакъым. А къэнахэми илъэс куэдкIэ нэпкъыжьэу ятелъащ «лъэпкъым и бий унагъуэм къыхэкIа» цIэ жагъуэр. Ар птелъмэ, пщIэуэ къыпхуащIынур хьэм и пщIэт, уи натIэр лэжьыгъэм и нэхъ хьэлъэрат, зы Iэмал гуэр щыIэу гъуэгу къыуатынутэкъым – урагъэджэнутэкъым, лэжьапIэ тэмэм къудей уагъэувынутэкъым, сыт хуэдэу псэемыблэжу къэралым ухуэмылажьэми, уи цIэр фIыкIэ ираIуэнутэкъым, узытрамыгъэплъэххэнур парт-къэрал къулыкъухэрат.

Сэ Заур илъэс плIыщI нэблагъэкIэ сыдэлэжьащ, дызэгурыIуэу, сыткIи и дзыхь къызигъэзу, тхылъхэри зэдэттхыу, езым итхахэм я редактору сигъэуву. Ауэ псалъэ зырыз къыфIыдиху мыхъумэ, ар гъащIэм зыхидза бэлыхьхэм иритхьэусыхэу зэи зэхэсхакъым. НэгъуэщI зыгуэрхэми апхуэдэ зэхригъэхауэ къыщIэкIынукъым. ИтIанэми, апхуэдиз зэманым къриубыдэу псалъэ зырызурэ нэхъ мыхъуми къыжьэдэлъэтахэр зэпыбгъэувэжмэ, къыбгурымыIуэнкIэ Iэмал иIэкъым а лIы телъыджэм и сабиигъуэм щегъэжьауэ балигъ хъууэ зэманми зихъуэжыху и псэм бэлыхьу телъар зыхуэдизыр. Ар школым къыщIэкIыу, зэрыжаIэщи, и Iэпкълъэпкъ зэрымыубыдауэ, кIыщым гъукIэгъэсэну щIэувэн хуей хъуащ. Зыкъомрэ абы щылэжьауэ, курыт еджапIэм яфIигъэзэжащ икIи школыр щытхъу пылъу къиухри, Налшык дэт пединститутым еджакIуэ къафIэкIуащ.

Ар щымыгъуазэхэм фIэщ ящыщIыгъуейщ, ауэ а лъэхъэнэм тыншу щытакъым «лъэпкъым и бий унагъуэ» укъыхэкIауэ а дзыр птелъмэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэтыныр. Ар зыгъэунэхуар Заур и закъуэкъым. Апхуэдэу, иужькIэ усакIуэшхуэ хъуа КIуащ БетIал еджапIэм щыщIэса 30 гъэхэм щыгъуэ и щхьэр ирагъэужэгъуауэ щытащ, комсомолым хадз-хагъэхьэжу, зэхэзехуэн ящIу, еджапIэми щIадзыжынкIэ шынагъуэшхуэ телъу и дунейр ирагъэхьу. Абы и щхьэусыгъуэр сыт жыпIэмэ, КIуащым и адэм революцэм ипэкIэ зы лавкэ цIыкIу зэриIыгъарат: абы нэхъ хэмылъу, «буржуазие элемент» хъуащ, лажьэ зимыIэ езыри и къуэри. Хэку зауэшхуэм и ужь зэману 40-50 гъэхэми апхуэдащ зыкъомрэ. Зэкъым, тIэукъым Заур и къуажэ Хьэтуей къикIыурэ пединститутым тхыгъэ къызэрыкIуар, «лъэпкъым и бийм» и бын къэрал мылъкукIэ щIеджэн щыIэкъым, Налохэ лъэпкъым и бий зэфэзэщщ, жиIэу иту. Ахэри и фэ дигъэхуащ Нало Заур, цIыхум закъримыгъащIэу. Апхуэдэ вакъэ зэвым итт езым нэхърэ нэхъыжь, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэту орденыбгъэу къэзыгъэзэжа Нало Ахьмэдхъани. Ауэ тIури «тху» защIэкIэ еджэрт, тIуми ядэбгъуэн къыпхуэгъуэтынутэкъыми, зыгуэрхэм яфIэмыфIми, щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ.

Абы нэмыщI, сыт хуэдэ зэман бзаджэми цIыхугъэр зымыгъэкIуэда гуэрхэр щымыIэу къэхъуркъым. А лъэхъэнэм адыгэбзэ кафедрэм и тхьэмадэу щыта АбытIэ Мухьэб и фIыщIэу Заур къилъытэрт езыри Ахьмэдхъани еджэн къауха нэужь егъэджакIуэу институтым къызэрыщIанар. Ар, езы Мухьэб зэрыжиIэжу щытамкIэ, адыгэлI пэжу зэгуэр къыхущIэкIа, репрессие мафIэм хейуэ хисхьа Нало Шупагуэ и фэеплът: мис аращ, лIыфIым и щхьэр хилъхьами, и фIыщIэр и лIэужьхэм къахуэщхьэпэжащ.

ИтIани, дунейм сыт хуэдэу зимыхъуэжами, а тIури лэжьакIуэегъэджакIуэ къызэрыгуэкIым фIагъэкIакъым, IэзагъкIэ абыхэм къапэхъун куэд ди республикэми Кавказ Ищхъэрэми имысарэ пэт. Гум тегъэхуэгъуафIэкъым ар – уи акъылыр зэIубзрэ псори къыбгурыIуэу, лажьи уимыIэу, ауэ урагъэкIуэтэкI зэпытрэ уи IэпхъуамбэжьакIэ имыуасэхэр драгъэкIуэтейуэ, уи зэхэщIыкIым и зы плIанэ нэхъ зимыIэхэр унафэщIу къыпщхьэщыту, уэ абыхэм уедэIуэн хуейуэ...

Дуней псом зи цIэр теIуа Фрейд Зигмунд «сублимацием и теорие» фIищауэ щыIэщ зы Iуэху еплъыкIэ. Абы и купщIэр мыращ: гукъыдэжышхуэ зыхуищIа Iуэхугъуэм зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ цIыхур лъэмыIэсыфамэ, абы и пIэкIэ нэгъуэщI гуэрым зрет. Псалъэм папщIэ, щауэм зэгуэкIуа пщащэр кърамытамэ, хьэмэрэ езы пщащэр абы къепэгэкIамэ, мэтIысри и губампIэр зэрыдихын уэрэд еус. Е IэнатIэм я нэхъ хьэлъэм пэроувэ, язынықъуэхэм дежи зауэм и курыкупсэм хохьэ. Дауэрэ имыщIми, и бампIэм гъуэгу гуэр къыхуелъыхъуэ. Хэт ищIэн, КIуащ БетIали, Нало Ахьмэдхъани ягухэм илъагъэнкIэ мэхъу а жыхуэсIэ губампIэ мафIэм щыщи. ИтIани абыхэм зауэм щагъэлъэгъуащ я Хэкур фIыуэ зэралъагъур, абы зэрыхуэпэжыр.

УзыщIэхъуэпсыр къыщыпIэрамыгъэхьэм, пхуэмыфащэу адрейхэм нэхърэ нэхъ икIэу укъыщалъытэм деж, абы и пIэкIэ уэ блэжьыжыр а умыгъуэтам хуэдэ хъуркъым. ИтIани, ар губампIэдэх пхуохъу. Ауэ апхуэдэм деж щхьэж тегъэупIэу къыхихым Iэджи елъытащ. Языныкъуэхэм деж къохъу лажьэ зимыIэ цIыху хейм и психикэр мывэкIэ зэуа кхъуэщыным хуэдэу зэхэщащэрэ гъащIэр хузэтемыухуэжу. НэгъуэщI зыгуэрым и бампIэр щыдихын зэштегъэупIэ къилъыхъуэурэ е хьэулей мэхъу е фадэхуэхъыжьэу къонэри, лIыгъэ гуэррэ Iэзагъэрэ хэлъами, ефапIэ-хьэулеипIэхэм щыкъуелъхьэж. Апхуэдэм деж и щхьэр лъагэрэ лъапIэу къызэтенэжым лIыгъэшхуэ хэлъу жыпIэ хъунущ. Абыхэм ящыщ зыт Нало Заур. Абы и щхьэми, къызыхэкIа лъэпкъми, хейм и хеижу кIуэда и адэми яхуигъэфэщакъым зыгуэркIэ зигъэлъэхъшэну. Заур щеджэ зэманми, егъэджакIуэ щыхъуами, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щыкIуами фIы дыдэу ищIэрт адрейхэр зэ пкIэгъуэм зыпэлъэщыну дэтхэнэ лъэпощхьэпоми езым и гуащIэу хуэдищкIэ нэхъыбэ тригъэкIуэдэн зэрыхуейр. ИщIэрт, ауэ абы щхьэкIэ къэскIакъым, фадафи хъуакъым, чыхуми хыхьэжакъым. Ар къимыкIуэту ерыщу лэжьащ – тхылъ еджащ, тхащ, и Iэзагъым зэрыхигъахъуэ хъуну зы Iэмали къигъэнакъым. Сыти жыIи, уи сабиигъуэр зауэ лъэхъэнэм хиубыдауэ, къуажэ школ ущеджауэ, ди Налшык хуэдэ къалэ пхыдза гуэрым дэт пединститут нэхъ щIэныгъэ хэхыпIэ уимыIауэ, дунейпсо щэнхабзэм сыт и лъэныкъуэкIи ухэгъуэзэныр, философием, тхыдэм, литературэм, музыкэм, сурэт гъуазджэм, архитектурэм – а псоми хуеджахэм зэрыхащIыкIым хуэдэу щыгъуазэ ухъуныр Iуэху цIыкIукъым. Апхуэдэр щыпхузэфIэкIынур Тхьэм къыпхилъхьа талантыр уи ерыщагъкIэ пхуэгъэбатэу щытмэщ, уи зэхэщIыкIым зиужьыным илъэс куэдкIэ уемызэшу утелажьэмэщ.

Заур цIыхухэмыхьэу щытакъым. Абы цIыхур фIыуэ илъагъут, ныбжьэгъури игъэпэжыфт, гупми яхэсыфт, гушыIэ дахи хэлът, адрей-



5 Заказ №333

хэм я гушыIэри хэзагъэт, сыт щыгъуи нэгу зэIухат. Ауэ и щхьэ и пIалъэ ищIэжырти, гупым и хьэтыркIэ техьэулеикIынутэкъым, Iэмал иIэу зыгуэр емыджэу, зыгуэр имытхыу, Iуэхугъуэ гуэрым емыгупсысу, и щхьэм зы проблемэ гуэр щызэримыгъэзахуэу зэи къэнэнутэкъым. Арауи къыщIэкIынущ ныбжькIэрэ лэжьыгъэрэкIэ къыдэгъуэгурыкIуа куэдым япэ Налор щIищыфар. Абы и новеллэ цIэрыIуэ «Кьру закъуэ» зыфIищам и персонажыр езы авторым куэдкIэ ещхьыжщ. Адрей и новеллэхэм хэт лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэм щыщи дэплъагъурт Заур: пхъэ гуащэ зыщIа Хьэбалэм хуэдэу гу къабзэт, бригантинэ зыщIыну еувэлIам хуэдэу хуэжыIэзыфIэщт, зи къуэр къэзыгъанэу хамэ сабийр псым къыхэзыхыжам хуэдэу псэ хьэлэлт, зи дыдыр зэпыуда фащIэ Мусэ хуэдэу и IэщIагъэми хуэIэкIуэлъакIуэт.

ЩыIэщ цIыху инат, ерыщагъкIэ куэдым япэ ищарэ, сэ сэлъытауэ фэ фысыт, жиIэу псоми захуигъэщхьэпэлъагэу. Заур и тхакIуэ-усакIуэ IэужьхэмкIи, и щIэныгъэ лэжьыгъэхэмкIи куэдым ятекIуауэ кьру закъуэм ещхьу уэгум итащ. Ауэ сыт хуэдэ бэлыхь трамыгъэлъами, абы и псэм дыджыгъэр щыщIэтIысыкIакъым, цIыхугъэмрэ дахагъэмрэ япэ щримыгъэщи къэхъуакъым. Ар щIэныгъэм я нэхъ куу зыбгъэдэлъ академикми лэжьакIуэ къызэрыгуэкIми, щхьэж зэрыхуэфэщэнкIэ, епсэлъэфырт, хамэ сабий IэплIэтес хуэзами, и бзэ IэфIымкIэ къыдихьэхырти, и анэм къыIэщIихыфырт. Хэт ищIэн, гуныкъуэгъуэр хьэвэу зиIа лIым апхуэдиз гу къабзагъэр цIыхухэм яхуихъумэфын, апхуэдиз щIэныгъэшхуэрэ Iэзагърэ игъуэтын щхьэкIэ и псэм щыщIа псор?!

ЗифI зымыгъэлъэпIэжым езыми лъапIэныгъэ хуэфащэкъым. Абы къизгъэкIыр фIыр уи Iэгум ису къепхьэкIыну аракъым, атIэ Тхьэм Iэзагъэ гуэр зыхуигъэфэщам и пщIэр зэрылъытапхъэрщ. Пэжыр жытIэнщи, дунейпсо тхыдэм хэзщ талантым я нэхъ абрагъуэ зыбгъэдэлъхэр дэкъузарэ дэхуэхауэ зэрыпсэуам и хъыбархэр. Ауэ нэгъуэщI хущытыкIэм и щапхъэхэр емыбэкIыу щытамэ, цIыхубэ тхыдэр куэдыщэкIэ нэхъ фагъуэу плъагъунут. Нэхъ тегъэчыныхьауэ жысIэнщи, уи фIым узэрыхущытыжыр уэ езым уи зэхэщIыкIыр здынэсым и зы пщалъэщ. Пэжыр жытIэмэ, абыкIэ адыгэхэм ди япэ ища лъэпкъ куэд щыIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы и лъэныкъуэкIэ дэ нэхъ къыкIэрыхуа лъэпкъхэм дыхэбжапхъэу къыжызыIэми адыгэ тхыдэм тегъэщIапIэ хигъуэтэнущ. Сэ зэгуэрым, губжьым къыхэкIыу, къызжьэдэлъэтауэ щытащ, нобэ зи хьэмтетыгъуэ зыкъомми, абыхэм я убзэгъухэми ягъэхьахэр тхыдэм хэшыпсыхьыжынурэ, я цIэхэр сытми зыгуэркIэ дунейм къытенэжын хъумэ, ахэр Нало Заур, КъардэнгъущI Зырамыку сымэ хуэдэхэм зэрахущытаращ къызэрытенэжыну закъуэр, жысIэри. Сэр дыдэм симыгугъауэ, абы щыгъуэм сызэхэзыха къулыкъущIи щыIащ, зэхэзыхыну хуэмеиххахэм нэмыщIкIэ. Ауэ Iэмал къызыхуэгъуэтыгъуейр ахэракъым, атIэ пыIэр жыпIамэ, щхьэри къэзыхьыну илъэдэкъэщыкIыу абыхэм я хьэихубжэхуэщI щхьэрыкIуэ IуэхутхьэбзащIэхэрщ. Ахэр я унэ кIуэцIым щIэт краным хлор хэлъу къиж псым апхуэдизкIэ есэжахэщи, псынэпс къабзэм и IэфIыр зыхащIэжыркъым. Талантышхуэ зиIэ тхакIуэм, усакIуэм, артистым, сурэтыщIым, щIэныгъэрылажьэм я IуэхущIафэхэр дэ дызэса стандартхэм хуэдэу хлор зыщIэгъэжыжа краныпскъым, атIэ зэнзэнып-

сым хуэдэу къабзэу икIи лъапIэу псынэпсщ, уафэ къатиблым я щхьэжкIэ щызеуэ жьы къабзэкIэ щIэгъэпщауэ, щIым къатиблкIэ и къуэпсыр хэтыжу. Апхуэдэхэм мы дуней дызытетри абы къыщыхъу-къыщыщIэхэри дэ зэрытлъагъум нэхърэ нэхъ IупщIу ялъагъу, нэмыс нэпцIым зыдрамыгъэшэхыуи я нэкIэ ялъагъу дыдэр я бзэгупэм телъыжщ. Сыщыуэну къысщыхъуркъым абыкIэ ахэр Тхьэ лъапIэм и лIыкIуэхэм гуэгъу яхуэхъуу жысIэмэ. Нало Заури ящыщ зыуэ щытащ абыхэм.

Лъэпкъыу дунейм дызэрытетым и щыхьэту Заур хуэдэлI зэзэмызэ къытхэкIмэ, абы и пщIэр зымыгъэкIуэдыни къытхэкIын хуейщ. Абы щыгъуэм уэгум иуфэрэзыхь Кърy Закъуэр кърy кIапсэм и пашэ хъужынущ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

*Новеллэхэр* НАЛО Заур

# ХЬЭБАЛЭ И ПХЪЭ ГУАЩЭР



Хьэбалэ и гъащIэр пщIантIэдэмыкIыу ихьырт. Махуэ псом пхъэ къутапIэм хэсу е гуэщым щIэту пхъэ ирибзэрт; щIымахуэми игъэувыIэртэкъым и IитIыр – зэпымыууэ гуащэ хьэпшып е щIалэ цIыкIу Iэмэпсымэ ищIырт. Унагъуэр зыщIэс пэшым ущIыхьамэ, сытым дежи къуэщIийрэ пхъэупсахуэрэт. И анэм пхъэ схуэкъутэ жиIэу къелъэIуакIэ е и адэм бор къэтхъу къыжриIакIэ захуигъэхъейртэкъым: «СхущIыхьэркъым сэ, плъагъуркъэ сэ сщIэр!» – жиIэ фIэкIа. Абы щыгъуэми гуащэ хьэпшыпырат зи гугъу ищIыр. Къаныкъуэрэ Бабыхурэ есэжат я къуэ закъуэр зэрымытэмэмми, и гугъу ящIыжыртэкъым. Хъуэхъужьейми Хьэбалэ цIыху зэтес дыдэу къалъытэртэкъыми, и ныбжьэгъухэм джэгу яшэну е щIопщакIуэм ираджэну ягу къэкIыххэртэкъым, хьэблэ фызхэр бэлагъ е хупхъэ ирагъэщIыну къекIуэкIамэ, «хэт абы хуейр!» – жиIэрти яхуеIусэртэкъым. Хьэбалэ фIыуэ къэзылъагъурэ ныбжьэгъуу иIэр сабийхэрт – хьэблэ цIыкIум гуащэ зэмылIэужьыгъуэ, хьэгурыгъажэ, кIэфий, пхъэ фоч, пхъэ сэшхуэ яхуищIырти игъэгуфIэрт. Хьэбалэ дихьэхауэ нэхъ къыхибзыкIыр гуащэт, псэущхьэ сурэтт.

Хьэбалэ къэзымыгъэпсэур я гъунэгъу ефэндырат. Ал-АзхаркIэ еджэу Къахьирэ дэт мыдрисэшхуэр къэзыуха ефэндым хэку псом пщIэшхуэ щиIэ щхьэкIэ, Хьэбалэ абы и псалъэр хьэ къебэнауи кърherдзэртэкъым. «Гуащэ пщIыну гуэныхь пылъщ, делэ, гъэбэяу мыр. Сурэт пщIырэ псэ хыумылъхьэжамэ, жыхьэнмэм укIуэнущ!» – жиIэурэ къешхыдэ пэтми, Хьэбалэ ар и фIэщ хъу хуэдэтэкъым: «хьым-хьым-хьым...» – жиIэурэ ныкъуэгуфIэ-ныкъуэдыхьэшх хуэдэу къеплъырти, гуащэ ныкъуэщIыр ирибзэу щIидзэжырт.

Илъэс зыхыбл хъуауэ Хьэбалэ зы хабзэ гуэр зыхилъхьат: махуэл димыхыу, пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ пщIантIэм къыдокI

ари, псыхьэ кIуапIэм деж мэув. Техьэгъуэ къытехьакIи нэгъуэщI уз къеуэлIакIи къимыгъанэу, гъэми щIыми къыдокI. Абы и къежьэкIэ хъуарат – Хьэбалэ щIалэ танэ хъуа-мыхъуауэ, и анэр къыдэгушыIэурэ Iунэ къозгъэшэнущ къыжриIауэ щытати, ар тхьэмыщкIэм и гум итIысхьауэ, псыхьэ кIуэгъуэ димыгъэкIыу Архъуанэхэ я тутеижьым къуоувэри, жыгыр тIууэ щызэгуэкIым деж и щхьэр къыдэгъэжауэ къыдоплъыр. А жыгым нэхърэ езыр нэхъ гъум пэтми, зыми къамылъагъу къыфIэщIу, и нэ фIыцIитIыр тенауэ Унэрытхэ япхъу дахэм кIэлъыплъырт. Iунэ, хъыджэбз къамылыфэ дахэм, и лъакъуэ лъагэхэр къафэм ещхьу зэблихыурэ къыщыкъуэкIкIэ, Хьэбалэ и нитIыр къызэщIэнэрти, тутей лъабжьэ шэдыр «шкIуртI-шкIуртI» – жиIэу иутэу щIидзэрт. Iунэ и нэ нагъуитIымкIэ къеплъэкIрэ къыIуплъамэ, Хьэбалэ и псэм хуимытыжу къыхэгуфIыкIырт, шы щыща нэхъей. Апхуэдэу хъыджэбзыр псыхьуэм дыхьэху кIэлъыплъырт; псы къригъахъуэу пэнтхым къыдэкIыжыху пэплъэрт, аргуэру и нитIыр триубыдэжырти, еуэкIыпIэм къухьэжыху игъэупIэрапIэртэкъым.

Iунэ адыгэм фIыуэ ялъагъу дахэхэм хуэдэт, лъхугъэ ищIынкIи узыншэу, лэжьэнкIи бланэрэ зэIусэр зэпкъриуду. Абы псы къыщихькIэ зы ткIуэпс нэхъ мыхъуми ирикIутауэ ялъэгъуатэкъым; бжьын хьэсэ пщIэгъуэми, и ныбжьэгъухэм хьэсэ зырыз ягъэкъэбзэху, езым тIу ипщIэрти къикIыжырт. Iунэ жэщитI-махуитI мыжеями зыкъыуигъащIэртэкъым. Апхуэдэ хъыджэбзым щIэупщIакIуэрэ лъыхъурэ и мащIэнт! Ухуеймэ, лъхукъуэлI зэзымыпэс уэркъ щауэхэми къафыхьырт Унэрытхэ я пхъур. Абы къыхэкIкIэ хьэблэ щIалэр Хьэбалэ къыдэгушыIэрт, ауан хэлъу:

– Уэлей, Хьэбалэ, фыз пхуэхъун къэбгъуэтамэ иджы! – жаIэурэ. – Сытым щыгъуэ уи хьэгъуэлIыгъуэр?

– Уа, сыту уделэ, ей, уэ! Ар зи дахагъэр дауэ бгъэфызын! – жиIэрти, мо гурбиян къомыр ину къыщыдыхьэшхыу къыдыхьэжырт.

Iунэм къехьэлъэкIырт Хьэбалэ апхуэдэу къызэрыкIэлъыплъыр. Фоч зэгуэт къытрагъэпсам хуэдэу, хъыджэбзым и щIыбыр ягъэтхытхырт абы и нэ фIыцIитIым. Унэрытхэ я пхъум ар иужэгъури и псыхьэ кIуапIэр ихъуэжа щхьэкIэ, зыри къикIакъым: етIуанэ кIуэгъуэм деж Хьэбалэм ар къехутэри къыпэтIысу щIедзэ, къуэдзапIэ гуэр къегъуэтри. Iунэ сыт имыщIэми есэжакъым а нэ фIыцIитI къыкIэлъыплъым. Ар куэдрэ хуэгубжьырт Хьэбалэ:

– Щхьэ си ужьым уимыкIрэ, ей! – жиIэурэ. – Щхьэ сумыгъэпсэурэ, и? Сыт узыхуейр?

Хьэбалэ, гуфIэрэ дыхьэшхрэ къыпхуэмыщIэну, и бгъэм макъ гуэрхэр къиIукIырти:

– Уэи, укъэсшэнум, хьей, – жиIэрт, шэд зыхэтыр иутэурэ. – Уэи, ухуейми ухуэмейми укъэсшэнум!

– Азалыхьталэм имыухкIэ ар! – жиIэрти, Iунэ зэрыпсэлъам хущIегъуэжауэ блэкIырт, щIым теувэу умыщIэну.

Хьэбалэ абы щхьэкIи къимыгъанэу етIуанэ махуэми къыдэкIырти, и щхьэ гъумыр тутей дыкъуакъуэм къыдэплъу къэувырт.

Къаныкъуэ и къуэр апхуэдизу хъийм икIауэ Iунэ къызэрыкIэлъыплъыр ящIэрт Унэрыт зэадэзэкъуэм, арщхьэкIэ ныкъуэделэщ жаIэрти къафIэIуэхутэкъым. Ауэ зэгуэрым Унэрытхэ япхъу дахэм

къыпылъ щIалэ гуэр, гу жаныфI хъуауэ, шууэ къехыжу шокъу жиIэу къыIущIащ Iунэ псыхьэ кIуэуэ, Хьэбалэм и щхьэр жыг зэхуакум къыдэгъэжауэ. Тхьэм ещIэ мо щIалэ чэфым ар къызэрыщыхъуар, сытми и шыр кърихулIэри Хьэбалэм щIопщкIэ къеуэу хуежьащ. Хьэбалэм и напIэр щэ тригъэуащ, къыщIеуэр къыгурымыIуэу:

– Ей, лIо узыхуейр? – уэрэдым ещхьу кърeш Хьэбалэм. – Делэ ухъужа?

АрщхьэкIэ зи нэр къыщхьэрипхъуа щIалэм ар къыгурыIуакъым; къыщыгурымыIуэм, тхуей кIащIэ хуэдэу лъэщ и IэшхуитIымкIэ Iэбэщ Хьэбалэри, мо щIалэ псыгъуэр уанэгум кърички кърихьэхащ, фIыуэ иудынышIэщ аби, абы нэхъ къаугъэ кърымыгъэкIыу, иIэтри шым тригъэтIысхьэжащ. Iунэ зыкъигъазэщ, и нэ нагъуитIыр къигъэцIури псыхъуэм дыхьащ, зи напэр текIа къуажэкIэ щIалэр шым елъэдэкъауэри ежэхыжащ.

Ди къуажэ лIыжьхэм бэлыхь псори къыщежьар абдежырауэ къалъытэ.

Хьэбалэ иудынышIа щIалэр ефэндым и шыпхъурылъхуу къыщIэкIри, къэхъуар щызэхихыжым, ар къекIуэкIащ къешхыдэн мурад иIэу. Хьэбалэ пхъэ къутапIэм хэсыну фIэщIа щхьэкIэ, хэсу щимылъагъум, зиплъыхьщ-зыкъиплъыхьри, макъ гуэр къызыщIэIукI гуэщымкIэ игъэзащ. ЩIыхьэри... и нэр къихуу къызэтеувыIэжащ: Хьэбалэ сабий хуэдиз хъууэ гуащэшхуэ къыхибзыкIыу щытт. Ефэндыр къэзыгъэуIэбжьар абы и инагъыр артэкъым, атIэ ар гуащэ псоми зэремыщхьыр арат – ар гуащэм нэхърэ цIыхум нэхъ ещхьт. Апхуэдэ игъащIэм зымылъэгъуа ефэндым зыкъищIэжа нэужь, щIэкIуари фIэмыIуэхужу, башкIэ гуащэм и щхьэм тоуIуэ:

– Гъуэгу мыгъуэм ежьа делэ! – жи. – Уэ уи зэранкIэ зэрыжэмыхьэту алохьу тэхьэлам и нейр къытщыхуэнущ. Щхьэ щумыгъэтрэ мы джаур IэщIагъэр?! Муслъымэным укъилъхуакъэ уэ?! Хьэмэрэ учыристан?

Хьэбалэ, ефэнды уазым емыдаIуэу, къопхъуэри башыр IэщIеч:

– Уэи, делэр уэрам! ЛIо уи мыIуэху щIызепхуэр! – жеIэри хьэмкIутIей башыр тIууэ зэфIещIыкIри хыфIедзэж.

Алыхьым хуэлэжьэн зэрыщIидзэрэ цIыху цIыкIум зрамыкуж ефэндым жиIэнур имыщIэжу Iэнкун мэхъу, иужькIэ:

– Пу, нэлат! Пу! Пу! – жеIэри пIащIэу докIыж. «Делэр угъурлыуэ жаIэ щхьэкIэ, мыр гъэунэхуауэ делэ угъурсызщ, – йогупсыс ефэндыр къыздэкIуэжым. – Алохьу тэхьэлам игъэхьэрэмар къыхебзыкIри щысщ, цIыху зыхуеин гуэр ищIыным и пIэкIэ! Сытым ещхь абы ищI гуащэри, и? ИгъащIэм апхуэдэ гуащэ цIыхум ищIу слъэгъуакъым. Сытым ещхь жоIэ – уэлэхьи, зыгуэрым ещхькIэ! Хэту пIэрэ зэщхьыр?» – А гупсысэ угъурсызыр ефэндым и щхьэм къищхьэрыуащи игъэзагъэркъым: КъурIэн лъапIэр къещтэри еджэфыркъым – тхылъ напэ къэс гуащэ сурэт къоувэ; нэмэзщыгъэ игъэжэну хуожьэри, и гупсысэр делэ IэщIагъэмкIэ фIокIуэ. Ефэндыр сыхьэт-сыхьэтитIкIэ зэныкъуэкъужа нэужь, къыщIокIри къокIуэкI Хьэбалэ деж.

– Ей, тхьэмыщкIэ, дэнэ щыIэ уи гуащэр? – жи, гуэщым щIохьэри. – Зэ сегъэплъыжыт иджыри.

Хьэбалэ губжьыгъуафIэу губжьами, ещхьыркъабзэу теужат: гуащэр хъурейуэ игъэкIэрахъуэурэ ирегъэплъ. «Субхьэн алыхь, къопсэлъэным хуэдэщ! Псэ хилъхьэжакъым ахъу, сыт къигъэна мыбы иримыщIэу,

IэщIагъэ хьэлэмэтт, бетэмал, мыр, Алыхьым игъэхьэрэмауэ щымытамэ. Тобэ! Тобэ! Ялыхь, къысхуэгъэгъу: мажусий IэщIагъэщ мыр, дахэми! Тобэ! Тобэ! – Ефэндым и псэ къэшынэжар хуэм-хуэмурэ тоуж: тобэм имыгъэбзяу щыIэ! Тоужри, аргуэру мажусий гуащэм деж егъэзэж. – Къэхь КъурIэн, – жи ефэндым и псэм, – къэхь КъурIэн, мыр хэтми зыгуэрым ещхьыщэкIэ! А-а-а, уэлэхьи, Унэрытхэ япхъу дахэрам зэщхьыр! Тхьэр согъэпэж, емыщхьыркъабзэм! Уа мы делэм и фIэщыпи! Мыр цIыху цIыкIум ялъагъумэ, дауэ хъуну? Ещхьщ Iунэ, ауэ дэндейра ещхьыр? И нитIыра? Хьэмэрэ и Iупэра? Е и пэрауэ пIэрэ? – Ефэндым къыхуэубыдыркъым гуащэр Iунэ зэрещхь щIыкIэр. – Дауэ мыр? И пэр ещхькъым, и нэр ещхькъым, и Iупэ-жьэпкъыпэри ещхьыщэу жыпIэнкъым. ИтIани, ещхьщ».

– Ей, тхьэмыщкIэ, – къопсалъэ ар, зылъыхъуэр къыщыхуэмыгъуэткIэ, – ей, тхьэмыщкIэ, мыр Iунэ ещхьи-тIэ!

– Уэи, къэпщIам! – жи Хьэбалэ, ныкъуэгуфIэ-ныкъуэдыхьэшхыу.

- Тхьэр согъэпэж, ещхьыркъабзэкIэ! Ауэ ещхьыр дэндейми къысхуэгъуэтыркъым.

– И псэращ ещхьыр, – жи Хьэбалэ, зэрихабзэжьу, псалъэхэр зэпишу.

– Аргуэру мы делэм жиIэр! – мэгубжь ефэндыр. – Пхъэ тыкъырым псэ хэт? Псэ хэзылъхьэр Алохьу тэхьэла дыщэращ!

– Мыр пхъэ тыкъыр-тIэ! – жери идэркъым Хьэбалэ.

Ефэндыр а зэрыгубжьауэ докIыж. Ауэ етIуанэ махуэм шэджагъуэ нэмэз иригъэщIауэ къыщыкIуэжкIэ аргуэру къыдохьэ. Гуэщым щэху дыдэу щIохьэри, Хьэбалэ зэрылажьэм йоплъ. «Ярэби, – йогупсыс ар, зыри жимыIэу, – ярэби, шейтIан Iэужь хэмылъу пIэрэ мыбы и IэщIагъэм? Бисмылахьи рэхьмани рэхьим!» – жиIэ щхьэкIэ, Iунэ и сурэт гуащэм хэщIи хэхъуи щыIэкъым. Ефэндыр ауэрэ дихьэхщ аби, Хьэбалэ и гуащэм хуэзэшу щIидзащ. Иджы ар махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къыдохьэри, Хьэбалэ и лэжьэкIэм еплъу щысщ, ауэ шхыдэжыркъым, игъэщIагъуэ мыхъумэ. «Бетэмал, – жеIэ игукIэ, – мыр алохьу тэхьэлам хьэрэм ищIын хуеякъым, мы IэщIагъэ дахэр. – ИтIанэ зыкъещIэжри тобэ къехьыж: – Тобэ! Тобэ Iистофрилэхь! Ялыхь, къысхуэгъэгъу! Си адэшхуэми ищIу щытауэ жаIэж мыпхуэдэ гуэрхэр. ВакIуэ къыщихьэжкIэ, щIалэхэр нэщанэ еуэу. Ауэ мы Унэрытхэ я пхъум нэщанэ еуэну хэт и псэм техуэн! Уэлэхьи, уемыуэфын, уеуэми, къэхь КъурIэн, гуэныхь къэпхьынкIэ!»

Ефэндыр Хьэбалэ деж екIуэкIрей зэрыхъуам гу лъетэри, гъунэгъу лIыжь гуэр кIэлъыдохьэ, уэршэрын мурад иIэу. КIэлъыдыхьар, илъэгъуар зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, къоувыIэж: ефэндымрэ Хьэбалэ делэрэ гуащэ ягъэджэгуу щыст. ЛIыжьыр еплъыпэмэ – гуащэр зыгуэрым ещхьт.

– Уа, мы вгъэджэгур зыгуэрым изогъэщхь, ауэ зэзгъэщхьыр хэтми къысхуэщIэжыркъым...

Ефэндыр къощтэри къыщолъэт, нэщI махуэм шхэуэ яубыда нэхъей. Хьэбалэ, гуфIэрэ дыхьэшхрэ къыпхуэмыщIэну, макъ гуэрхэр къегъэIури:

– Пэжу, ещхькъэ? – жи.

– Алыхьым и цIэ, КъурIэным и цIэкIэ соIуэ, ещхьыркъэпскIэ! – жи лIыжьми, гуащэр хъурейуэ зэпиплъыхьурэ. – Ауэ хэт хъуну мыр зэщхьыр? Тэмэм, тэмэм, уэлэхьи, Унэрытхэ я пхъур аракIэ! Iунэщ, пэжкъэ?

Апхуэдэу гуащэм и хъыбарыр жылэм яхэIуащ. Зы махуэ гуэрым, Хьэбалэ и гуащэм епсалъэ-телъэщIыхьу бгъэдэсу, Iунэр гуэщым къыщIолъадэ:

– ЕI, сэ хьэнцэгуащэ сыпщIри, къуажэр къысщыбгъэдыхьэшхауэ, уэр фIэкIа шэрей зимыIэм сэ джэгупIэ сыкъэпщIауэ, щхьэ сымылIэрэ! – жеIэри.

Алыхьталэр лъакъуэкIэ къеувэхрэ адыгэбзэ къабзэкIэ къепсэлъами нэхъ Iейуэ игъэщIэгъуэну е игъэгузэвэну къыщIэкIынтэкъым Хьэбалэ: псалъэ хужымыIэжу икIуэтурэ гуэщ плIанэпэм зыдиудыгъуауэ дэтщ ар, и нэ фIыцIабзэхэр хъурей хъуауэ хъыджэбзым къоплъри. Гуэщ блыным имыубыдамэ, Урыхужь хэхуэхукIэ икIуэтынт е щIэпхъуэнти шагъдий щIэрымыхьэу мэзым щIэлъэдэжынт! СыткIэ и гугъэнт Хьэбалэ езы Iунэ дыдэ мы гуэщ мыфэмыцым къыщIыхьэнкIэ хъуну? ЩIалэм и гур къунтхым иубыда бдзэжьей къуэлэным хуэдэу мэпIэтIауэ. Абы зэхихыркъым, зэхихми къыгурыIуэркъым хъыджэбзым жиIэ псалъэхэр: Хьэбалэ и нэми и псэми хьэщIэ дахэр из хъуащи, зырикI зыхищIэжынутэкъым. ЩIалэ Iэнкуным и лъакъуитIыр къемыдэIуэжу зэблех, сэман ятIэ иутэ нэхъей. Iуни абдеж гуащэр къелъагъури, хъуэш-фIыцIафэм ещхь и нитIыр тедияуэ бгъэдохьэ. Гуащэ Iэджи игъэджэгуат абы щыцIыкIум – Хьэбалэ къыхибзыкIа пхъэ гуащи, адыгэ хъыдан гуащи, урыс къупщхьэ гуащэ нэгъуни, ауэ мыпхуэдиз зи дахагъ гуащи цIыхуи игъащIэ тIэкIум илъэгъуатэкъым Iунэ! Абы и губжьыр щхьэщоужри:

– Уарэ, ей, мыбы ищIа хьэлэмэтыр! – жиIэурэ зэпеплъыхь гуащэр. – Мыпхуэдэ хъунщ тхьэIухуд жыхуаIэр. Уа-тIэ, мыр сэ сэщхь?

Хьэбалэ и бзэр зэриубыдащи, псалъэ жиIэфыркъым.

Iунэ гуащэм здеплъым и нэпситIыр къелъэлъэхыу щIедзэ. Абы уеупщIами къыбжиIэфынутэкъым и гур къыщIызэфIэнар: псалъэ дахэм е насып иным цIыхур зэрагъэгъым ещхьу гъыуэ арт Унэрытхэ я пхъур. Ар гуащэм щеплъкIэ илъагъур Хьэбалэ Архъуанэхэ я шэдыр махуэ къэс тIэу зэриутэратэкъым, Хьэбалэ и псэ абы хэлъыратэкъым, Iунэ илъагъур езым и дахагъэр арт. Хэтхэ я деж ар гъуджэ щимыплъами, апхуэдиз и дахагъэу зэикI зилъагъужатэкъым. «Мы делэ тхьэмыщкIэм нэхъ гъуджэ тэмэм дунейм темыту къыщIэкIаи!» – жиIэрт абы игукIэ. Iунэ хъыджэбз дахэт, Iунэ хъыджэбзыфIт, ауэ мы гуащэр езы дыдэм едэхэкI зыщIар къыгурыIуэртэкъым: «Сэ мыпхуэдиз си дахагъэу мы тхьэмыщкIэм сыкъыщыфIэщIкIэ, адрей щIалэхэм дауэ сакъыщыхъуу пIэрэ?» – жиIэрти Iунэ и псэр гуфIэрт.

– Хьэбалэ, си псэр ушх, кхъыIэ, сэ къызэт мыр! – хъуэшым хуэдэ нагъуитIыр нэпсым къыхэлыдыкIри, Хьэбалэ и псэм техуащ.

– Узот! Узот-узот! – жиIэурэ Хьэбалэ зэрыгъыр имыщIэжурэ гъырт.

Iунэ «къызэт» жиIэ закъуэмэ, иримытын Хьэбалэ иIэтэкъым, и псэ тIэкIум нэгъунэ.

Гуащэр Iэрыхьа нэужь, Унэрытхэ я пхъур куэдрэ дэсыжакъым: Къугъуэлъкъуей щыщ щIалэфI гуэр къылъыхъури, езыми и мыжагъуэу дэкIуащ, здэкIуам и гуащэри здихьащ.

Iунэ яшэ къыщцыжраIам, ар Хьэбалэ и фIэщ хъуакъым, къыдэгушыIэ фIэщIри, и дзэлыфэр итIа мыхъумэ. Ауэ хьэгъуэлIыгъуэр ирагъэжьа нэужь тхьэмыщкIэм и цыр уащ. Фызышэр къыдохьэ щыжаIэм, Архъуанэхэ я мэракIуеижьым дэпщейри Унэрытхэ я пщIантIэм дэплъэу

тетIысхьащ. Хьэбалэ илъагъуртэкъым шы ягъэджэгухэри, Iэнэ зэблаххэри, абы и нэр тенауэ зэплъыр къэфэну къыдэкIа щIалэхэм Агънокъуэжьым къахудиш хъыджэбзхэрт. Хьэбалэ къыфIэIуэхутэкъым Агънокъуэм и джэгукIэри, щIалэхэм я къэфэкIэри, абы игъэщIагъуэу къыгурымыIуэр Iунэ джэгум зэрыхэмытырт. Iунэ джэгум хэмытмэ, ар джэгу хъурэ? Iунэ къэмыфэмэ, адрейхэм я къафэр сыт и уасэ? А-а, Iунэ яшэ! Iунэ яшэри аращ джэгум щIыхэмытыр. Щхьэ мыгъуэ яшэрэ-тIэ? Iунэ яшэ зэрымыхъунур ящIэркъэ? Сэ сыкъанэу, ар яшэ зэрымыхъунур ящIэркъэ? Хьэбалэ жыгым зэрытесым хуэдэурэ и лъакъуэхэр, шэдыр яутэ нэхъей, фIызэблокI...

Фызышэри куэд щIауэ дэкIыжащ, джэгури ягъэувыIащ.

ПщафIэм ядэIэпыкъуу абы щыIа Бабыху къэкIуэжри, и къуэ закъуэр пIэм хэмылъу къыщрихьэлIэжым, гузавэри къыщIэжащ. Архъуанэхэ я тутей щIагъым жылагъуэр щIэтщ доплъейри, жыгыщхьэм Хьэбалэ дыкъауэ тесщ, Iунэ здашамкIэ и нэр тедияуэ маплъэри. КIэху къищIауэ цIыхур зэхуэса щхьэкIэ, дыгъэр къыщIэкIыху Хьэбалэр къахуехыжакъым. Дыгъэр къызэрыщIэкIыу, езыр-езыру къехыжащ. Щхьэц фIыцIэу тутейм дэкIуея щIалэр, уэсым хуэдэу тхъуауэ къехыжат, – жаIэж зылъэгъуахэм. Бабыху кIэпхыныкIэкIэ и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ и къуэр дишэжащ.

Абы и ужькIэ Хьэбалэ мыгъуэм сэ къищтэу пхъэ кърибзэжакъым, и ныкъуэгуфIэ-ныкъуэдыхьэшхри щигъэтащ. Махуэ псом куэбжэм деж щысти, псыхьэ кIуэгъуэр къызэрысу, Архъуанэхэ я тутейм кIуэрти къуэувэрт, и щхьэ тхъуар жыг зэхуакум дэлъуи, псыхьэ кIуэкъэкIуэжхэм Iунэ щахимылъагъуэкIэ, нэхъри нэхъ нэщхъеиж хъуауэ дыхьэжырт. Дунейр нэщI хъуат. Зэзэмызэ зыгуэр къыдэгушыIэурэ:

– Умыгузавэ, Хьэбалэ, уэлэхьи, нэхъ дахэжу къыпхуэдгъуэтынмэ! Модэ Хъуахъужьхэ я пхъум дауэ уеплърэ? – къыжриIамэ:

– Ей, зэи къэмыкIуэжыну пIэрэ ар? – жиIэрти, къепсэлъам и нэм щIэплъэрт: абы и нэ фIыцIитIым апхуэдиз гузавэрэ зэшрэ щIэтти, къепсэлъар Iэнкун хъуауэ IукIыжырт, жаIэ.

Гуащэр Iунэ здихьауэ пхъуантэ зэтетым и щIыIум къытетыжт, и закъуэ къыщынэкIэ епсалъэу, Iэ дилъэу, данэпс трилъхьэрэ щыдыхьэшхыжу. Iунэ и насып къеблыгъуэти, гуащэ игъэджэгуми фIэигъуэт. Амдэж (арат Къугъуэлькъуей щIалэфIым и цIэр) ар къыфIэIуэхуу гу лъитэртэкъым, ауэ Iунэ и пщыпхъухэм я дэлъхум деж намыгъэсыжу яхуэбзыщIынт ялъэгъуар – жраIэжащ: «Хъуэхъужьей укIуэу къыщыпшэм щхьэ губзыгъэ гуэр къыхыумыхарэ, ди дэлъхужь? – жаIэри. – Уи нысащIэжь цIыкIум гуащэ егъэджэгури щысщ». Амдэж къэгубжьыфэ зытригъэуэри Iунэм къешхыдащ:

– ЩIэхи гъэс мы уи хьэнцэгуащэр! – жиIэри. – ЕмыкIущ, напэтехщ, унагъуэ уихьауэ гуащэ бгъэджэгуу ущысыныр! ПщIэн умыгъуэтмэ... – Iэджэ жиIащ лIым: мэкъумэшыщIэ унагъуэм лэжьыгъэ мащIэ илъ! Ауэ Iунэ лэжьэн хуэдэу зэманыр абы нэсатэкъым – и нысащIэгъуэт иджыри.

Абдеж къыщежьэри, Хьэбалэ и гуащэр къаугъэ къэгъэхъеипIэ хъуащ. Ар и пщыпхъухэм кърадэкIырт, и щхьэгъусэми джыдэкIэ икъутэу мафIэщIэгъэстыну пщэфIапIэм яритыну жиIэрт. Гуащэр ягъэсыным Iуэху щыхуекIуэм, ШуцIыкIу – пщыкъуэхэм ящыщ зым – Iунэ елъэIури, къригъэхьыжщ аби, Хьэбалэ ирыригъэтыжащ. Гуащэр къы-

зэрыхуахьыжу, Хьэбали псэлъэн-дыхьэшхын щӀедзэж, и сэри къыкъуехыжри, пхъэ кърибзэу мэтӀысыж.

А махуэр жэщ хъури, Ӏунэ и лӀыр къыщӀыхьэжащ. КъыщӀыхьэжам унэкум деж пкъо щӀэтарэ а пкъор щӀэмытыжу къыщыхъуащ. ЕтӀуанэ махуэм унэр нэщӀ хъуа хуэдэу къыфӀощӀ, ауэ зищӀысыр къыгурыӀуэркъым. Апхуэдэурэ ар зыгуэрым хуэныкъуэ, зыгуэр кӀуэдауэ имыгъуэтыж хуэдэу зиплъыхьу къонэ. Ӏунэ ар нэгъуэщӀу къыгуроӀуэри, згъэгусэ:

– Зумыплъыхь лейуэ, ар зыщӀам хуезгъэхьыжащ, – жи. – ЗгъэпщкӀуа уи гугъэ?

– Сыту фӀыт! – жеӀэ Амдэж. – Ди унэр хуит хъужащ.

Ӏунэ зегъазэри, ӀупщӀэ ещӀ.

АрщхьэкӀэ Амдэж зимыумысыжми, гуащэм хуэзэшу арт. Зы жэщ гуэрым абы Ӏунэр къегъэуш:

– Уа, гуащэр ебгъэхьыжар пэж?

– Ана-а-а, атӀэ пцӀы пхуэзупса уфӀэщӀрэ? – ЕгъэщӀагъуэ Ӏунэ. – Абы щхьэи ухуей ухъу жэщыбгым?

– Ебгъэхьыжа хьэмэ бгъэса?

– Сыт щӀэзгъэсынур-на? ШуцӀыкӀу селъэӀури зейм хуезгъэхьыжащ.

– Уа, Ӏунэ, абы уэ уэщхьу зыгуэр хэлъащ, пщӀэрэ ар?

– Сыт щӀэзмыщӀэр, сощӀэ.

Зы тхьэмахуэ дэкӀри, пщэдджыжьым къэтэджауэ зихуапэ пэтрэ:

– Ей, Ӏунэ, – жиӀащ Амдэж, – сытыт абы нэхъ уэщхьу хэлъыр?

– Дабы? Гуащэми?

– Гуащэм, уэлэхьи!

– И нэхэращ сэщхьыр...

– Уэлэхьи, армыра!

– НтӀэ, и Ӏупэра?

– Уэлэхьи, армыра!

– НтӀэ, сытыра?

– Уэлэхьи, сымыщӀэ, ауэ бэлыхьу уэщхьт ар. Къэхь КъурӀэн, псори уэщхьтэкӀэ! ИтӀанэ-щэ, абы и Ӏэр къишийуэ сэлам къыуихын хуэдэу сщӀэртэкъым зэрыщытыр – е къысфӀэщӀу арат?

– Тхьэ, ди къуажэ ефэндым а гуащэм псэ хэтщ, жиӀауэ жаӀэм!

– Уэлэхьи, ар дыдэри сымыщӀэ, ауэ зыгуэр хэтщ абы, сыт ирехъуи.

– ФӀэкӀащ ар, лӀо иджы абы утепсэлъыхьыжкӀэ и мыхьэнэр! – Ӏунэ мэщатэри, нэщхъей мэхъу.

– Догуэ, фӀыуэ плъагъурэт уэ а щӀалэжьыр? – зэуэ зыкъызэкъуехри псалъэр ехъуэж Амдэжым.

– Ар дауэ пхужыӀа! – плъыжь къохъу Ӏунэ, и щэхур къащӀарэ къыжраӀар и жагъуэ хъуарэ къыпхуэмыщӀэу. – Сэ сыхуеймэ, щӀалэ зэтес згъуэтыртэкъэ?

– Сэ сщӀэрэ... ИтӀани, а гуащэр щхьэ апхуэдизу фӀыуэ плъагъурэт?

– Уэ-щэ?

Нэху къызэрекӀыу, Амдэж къытредзэри къокӀуэ Хьэбалэ деж. Хьэбалэ пхъэ кътапӀэм хэст выгу цӀыкӀу... жумэрэн фэкъуитӀ щӀэпщӀэ хъун хуэдизу, выгу дахэ цӀыкӀу ищӀуи, хьэщӀэ къыщыдыхьэм, тэджри пежьащ. Сэлам-чэламыр зэфӀэкӀа нэужь, Амдэжым къыхидзащ:

– Ярэби, Ӏунэ и гуащэм щхьэкӀэ сыкъэкӀуат, – жиӀэри.

– Сыт-тIэ укъэкIуам? – уэрэд хуэдэ зэпеш Хьэбалэ. – УкъэкIуамэ, укIуэжынщ. – ХьэщIэр зищIысыр хуэгъэфащэкIэ къищIащ Хьэбалэми, и псэр хуэгъэпщкIуркъым.

– Къызэщэж жыхуэсIэщ. Мо шы-уанэ зэтелъыр къыпхузогъанэ. Iунэ мэзэш...

– Уа, ей, мыр зэрыделэ! Ар пщэ хъурэ? – Амдэж сыт жимыIами, Хьэбалэр абы хутекIакъым.

Иритыжыни идакъым, ирищэни идакъым. ХьэщIэр нэщхъейуэ дэкIыжри кIуэжащ, езы Хьэбали нэхъ нэщхъеижу бзэуэ тIысыжащ. ТIысыжа щхьэкIэ, зы сыхьэти лэжьа хъункъым – и псэр пIейтей хъури, и Iэмэпсымэхэр пхъэ къутапIэм къыхинэри щIыхьэжащ. Жэщым Хьэбалэ яхуэмышхэу гъуэлъыжащ, емызэгъыу зигъэкIэрахъуэури хэлъащ, нэху щыри, щIалэр ягъуэтыжакъым. Жэщ хъури, къекIуэлIэжакъым, етIуанэ махуэми къыкъуэкIыжакъым. Уэри щIыри ягъэзри ягъуэтыжакъым. ЩIыр зэгуэхуу дэхуами, Алыхьыр къеIэбыхыу дрихьеями ямыщIэу, Хьэбалэр бзэхащ.

Ар щыбзэха жэщым и пщэдджыжьым Iунэ жьыуэ къэтэджри къыщIэкIмэ – гуащэр бацэм хэлъу я бжэIупэм Iулът.

... Зы тхьэмахуэ дэкIа, мазэ дэкIа, сытми, мэжджыт пщIантIэм дэсу жэмыхьэтыр уэршэрт Хьэбалэ и кIуэдыкIам тепсэлъыхьуи, зы къэпсалъэри:

– Делэти, делэ кIуэдыкIэу кIуэдыжащ! – щыжиIэм, ефэндым ар хуидакъым:



– Алохьу тэхьэла дыщэм ещIэ дэрэ абырэ нэхъ делэр! – жиIэри.

# ТIЫТIУ И ДЫГЪЭ ШЫЩIЭР

ТIытIу бжэгъулъэ ищIу Марус и пщIантIэм дэтт.

ЩIыхубзым къишар бжэгъу щIагъуэ хъунт – зэгуэудыгъуэу IуэнтIашэнтIахэт, гуанэпщIанэхэт, кIэрэфт... «Чорти уэзнай ахэр зыхуэдэр». Ауэ ТIытIу абыхэм гугъу ядехьыщэртэкъым: къищтэрти джыдэ жанымкIэ гуанэхэр пIэнкIыу тригъэлъэлъырт, итIанэ пхъэ къутапIэм тригъэувэрти гупсэхуу зэпиплъыхьырт, пхъэ кIапэр здэша лъэныкъуэмкIэ къыщеуэрт аби, щимэ хужь дахэу бжэгъулъэр къыщIихулыкIырт, щыхэптIэкIэ мыжурэм ещхьу ехрэ сатырым къыхэмыпIэнкIыкIыу хэувэу...

ТIытIу гугъу езыгъэхьыр сыт жыIэт – и лъакъуэ сэмэгум и пIэкIэ къыщIагъэува «шэрхъ гудзэ закъуэрт». БашитIкIэ къыхуэкIухьыркъым, ныкъуэдыкъуэу зыкъыщохъужри.

Абы и лъакъуэ лъэныкъуэмрэ и ныбжьэгъужьымрэ Сталинград къыдэнати, Къарней хэкIуадэу езыр къызэрелар емыкIу гуэру къыIэщIэщIа хуэдэ, ириукIытэурэ къэкIуэжри, къыщысыжа махуэ дыдэм дэкIщ, и «шэрхъ гудзэ закъуэр» щIым хиукIэ-къыхичыжурэ кIуэри, Марус бгъэдэтIысхьэщ аби, тIуми Къарней мыгъуэр зэдагъеижащ, ауэ абыкIи ТIытIу и псэр зыс мафIэр... а жыхьэнмэ мафIэр нэхъ мащIэ хъуакъым – Алыхьталэм къытрилъхьа нэхъей, езым зытрилъхьэжа къуэдыр епшын: Марус и бэкхъыщхьэ псы къыпхыкIыу е и бжыхь зэгъэпэщыжын хуейуэ, ТIытIу етIысэхыу зигъэпсэхуркъым. Пэжщ, гу цIыкIум зыщIищIэу ар мэз кIуэфыркъым, колхозми гу къаIихынуи хъуркъым –

жылагъуэр жэмкIэ мавэри губгъуэм итщ, зиунагъуэрэ! – сыт ящIэн, езы Марус зыщIещIэ гу цIыкIуми пхъэри, чыри, бжэгъури къешэ, ауэ унэ Iуэхурэ пщIантIэ IуэхукIэ зыхуей хуэзыгъазэр ТIытIущ. Колхоз Iуэхум къызэрыдэхуэу, пхъащIэ гуэщым къыщIокIри мыбы къокIуэ... Езым и пщIантIэр зыгуэр хуэныкъуэми ягъэ кIыркъым.

ТIытIу, нобэ хуэдэм къэкIуэжар, пщэдей хуэдэм уэрамым къытохьэ. Тохъутархэ я Iуащхьэжь цIыкIум деж лIы уэршэр тетт, хэт и Iэр лэрыпсым илъу, хэт башитIым тегъэщIауэ, хэти и щхьэр пхауи, ТIытIур щабгъэдыхьэм къыщыгуфIыкIащ, IэплIэ къыхуащIащ, уи насыпу укъелащ, жаIэри къыщехъуэхъум, езыр и лъакъуэм еплъыжщ, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри:

– Дыкъелам, уэлэхьи, – жиIащ, – ди лъакъуэ сэмэгум и пIэкIэ шэрхъ гудзэ закъуэм дытету!

Ныбжьэгъухэр еплъыхри – ТIытIу и пхъэ лъакъуэр шэрхъ гудзэм ещхьыркъабзэт! Къыщиудхэри, хьэблэ фызыжь цIыкIухэр къыхагъэщту, зэщIэдыхьэшхащ. ЖаIэжыращ, Къанитат мыгъуэм ар щызэхихым:

– ЫI! Ана-а-а, ТIытIу къэкIуэжа хъунщ, фыплъэт: тхьэ ар зэрыдэкIрэ апхуэдэ дыхьэшх макъ зэхэзмыхыжа! – жиIауэ.

Пэжи пцIыи... Ауэ ТIытIу и пхъэ лъакъуэм «шэрхъ гудзэ закъуэр» абдеж цIэ щыхуэхъуауэ аращ яIуэтэжыр. Ар пэжыным зыри хуэIуакъым – ТIытIу хуэдэ IуэрыIуэдзхэм псалъэ ядзамэ, макIуэри зрадзам къыкIэрымыкIыжу кIэропщIэ. Сэ си щхьэкIэ апхуэдэу гушыIэшхуи хэслъагъуэркъым а псалъэм, ауэ, пщIэркъэ, IуэрыIуэдзым къыдзар псоми Iыхьэлей ящохъу.

Юрэ... ТIытIу и къуэ цIыкIур... илъэсибл хъуа-мыхъуауэ щIалэ фIыцIэ цIыкIу... и натIэцым жэм къебзеяуэ... пхъэ къутапIэм хэсщ, пхъэ мажьэ къуэлэнышхуэхэм ироджэгури. Джыдэ лъэужьым Iэ щыдилъэкIэ, ар и Iэгум къодэхащIэри и гур хегъахъуэ. Юрэ ехъуапсэу йоплъ и адэм IэкIуэлъакIуэу бжэгъулъэр къызэрыхигъэкIым, гъуджэм ещхьу джафэрэ къабзэу... ауэ джыдэдзэр тIэкIу мэтхъуфэри, Iуа хъунщ... ЩытхъуфэкIэ тхыпхъэ дахэ тредзэ абы бжэгъулъэ нэкIум... ЕлъырIэ! ЕлъырIэ! Щхьэгъубжэ рамэ зэращI пхъэпсым ещхьыркъэпсщ... Бжэгъулъэм и нэкIу быдэ щIыIэм сеIусарэт, жи Юрэ игукIэ, арщхьэкIэ абы и пIэкIэ, и адэм къуэщIий дахэшхуэ къыкIэриудыху, къипхъуатэурэ и нэкIу къэплъа цIыкIум щехуэ, ар къэхуэба нэужь хыфIедзэжри, аргуэру мапхъуэри нэгъуэщI пхъэ мажьэ къещтэ, апщIондэхуи ТIытIу мэгузавэ щIалэжь цIыкIум и Iэм тригъэхуэнкIэ...

– Мыр сыт, мы хьэпшыр гъуабжэр си джыдэ щIагъым щIыщыджэрэзыр! – хуолъ и къуэм ТIытIу. – IукI, зызоIэ, мыбдей... а уи Iэр пыт щIыкIэ! Жылэ сабийр псым хэсщ, уэ мыбдейм щхьэ урапха? Зегъэхь, зысIаIэ!..

Юрэ Iуощтри, псыхъуэм долъадэ. Марус и пщIантIэр пэнтхым техьэрти, псыхъуэр и бгъуагъкIэ къызэIухат. Кхъуэ амум хэжауэ, жэрыжэм тету щIалэ цIыкIум и джанэ гъуабжэр зыщихыу щилъагъум, ТIытIу и гур къэхуэбэжри пыгуфIыкIащ: абы нэхъыфIу илъагъу мы дунеишхуэм теттэкъым, ауэ, итIани, зыкъригъащIэртэкъым и къуэм. Аракъэ адыгэм я хьэлыжьыр! Гъунэгъу сабий къекIуэкIамэ, ТIытIу абы и жьэпкъыпэр иубыдырти, и дзэхэр «цыкъ-цыкъ» жиIэу зэтригъауэурэ дэджэгурт, дэгушыIэрт – и къуэ закъуэм хуэткIийт, къыщилэжьхэм дежи фIыуэ

хущIэуэрт. «И пхэм ухущIэмыуауэ, и щхьэм къихьэнукъым», – жиIэурэ гушыIэрт. Ауэ сабийр ткIиягъэкIи къыпхуэгъэпцIэнукъым: фIыуэ къэзылъагъури жагъуэу къэзылъагъури псэкIэ ящIэ.

ТIытIу джыдэр зэриIыгъыу и Iэр еIэтри, и натIэ пщIэнтIар IэщхьэкIэ елъэщI...

... ТIытIу къэмэжэлIат, ауэ ар зыгъэшхэн мы пщIантIэм дэстэкъым. Марус хадапщIэ щыIэт. «Бетэмал, ЮрикI Iузгъэщтын хуеякъым – гъуэмылэхьэ згъэкIуэнтэкъэ иджы!» – игу къокI абы, ауэ езыр ехыжын мэщхьэхри, бжэгъу упэпцIахэр хитIэну делъэф... Уэрамыр нэхъ жьыщIэхут пщIантIэ зэвым нэхърэ. Жьыбгъэ тIэкIу къыщыкъуэукIэ, нартыху къыдэкIуэтеяхэр щхъыщхъыу игъэпсалъэрт. Ауэ ахэр ТIытIу и ни и пи къихьыртэкъым, уеблэмэ, и шхалъэ къыхэдзэкъыкIыр щигъэгъупщэу, и псэр зыгуэрым къигъэгузаверт. Езы дыдэм къыгурыIуэжыртэкъым ар къэзыгъэпIейтейр... Бжэгъур хитIэну хуежьа щхьэкIэ, бжэгъунэм иригъэхуэжыфыртэкъым. «Пу, алаурсын, мыр сыт мы къысщыщIар!» – зэгуоп ТIытIу, ауэ асыхьэтым абы къыщIэзэрыхь гузэвэгъуэшхуэр дэнэкIэ къикIми къыгурыIуэртэкъым... А дакъикъэм зэрыгъэкIий макъ лъэгум къыдоIукI, ТIытIу и жьэр Iурыхуауэ а лъэныкъуэмкIэ даIуэ щхьэкIэ, псалъэхэр хузэхэщIыкIыркъым, езыри и пIэм ижыхьащи, зричу псыхъуэмкIэ жэфыркъым. Абы хэту псыхъуэм хъыджэбз цIыкIуитIщы кIийуэ къызэрыдохыж, «уэиихь, псыдзэ къащIэуауэ ди щIалэ цIыкIухэр ехь!» – жаIэурэ. ТIытIу, шэ зытехуам ещхьу, бжэгъулъэм псы зэрыщIикIэ къубгъаныр IэщIэхури, и пIэм икIэрэхъухьу щIидзащ, арщхьэкIэ зэуэ зыкъищIэжщ аби, зричри лъэгум дэлъэдащ, и гудзэ закъуэр, щIидзыным и пIэкIэ, сажнэ тридзэ нэхъей игъэкIэрахъуэу...

Ара мыгъуэт абы и псэм къыщIэзэрыхьа гузэвэгъуэр, ауэ а гузэвэгъуэшхуэм къыхуихьыну гуауэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ иджыри ищIэртэкъым ТIытIу...



Юрэ и адэр къыщцыхуилъым, Iулъэтри псым кIуащ.

Урыхужь зигъэгусэу IукIа, хьэмэрэ и пIэр иужэгъуу икIа – сытми, Iэпхъуауэ банэ Iуфэм Iуту йожэх, абы къыщыхъущIэ-къыщыдалъэу. Псы къигъэхъуапIэм деж ущыту уплъэмэ, ныджэ мывэм къакъуэщу уолъагъу псыпыхухэр, къыдэлъей-елъыхыжу. «Азалыхь, азалыхьталэ, ар псыхъуэгуащэм и Iэ упцIышхуэхэр къыхишиикIыурэ къэдалъэу арамэ! – жи Къанитат, Урыхужь псыпыхухэр къыдриупцIейуэ фызхэм щалъагъукIэ. – АIэ, ауи уи фIэщ умыщI ар псыпыхущ жыпIэу! Ауей!» Урыхужь къимыуауэ Псыхъуэгуащэр къызэремыхыр псоми ящIэ пэтми, фызхэм шынафэшхуэ зытрагъауэри, «дыдыдыд мыгъуэ!» – жаIэурэ къокIуэжри я бынхэр псышхуэм ямыгъэкIуэну паубыду щIадзэ. Ауэ хэт и сабий иджы ар зи фIэщ пхуэщIынур – махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу Хьэмадрэ ХьэзрэIилрэ жылэ цIыкIур ягъэудафэ, Псыхъуэгуащи, шейтIани, мелыIычи, Тхьэи щыIэкъым, жаIэурэ...

Ауэ нобэ Урыхужьей сабийр псышхуэм кIуэркъым. Лъакъуэдыгъухэ я къамыл фопIытIым деж ищIа архъуанэр, нэхъ гъэпскIыпIэфI умыгъуэтыну, псыкъелъэм къритхъуащи, псори абы хэсщ. Ар зэзымыпэсу е абдеж зыщипхъэхын укIытэу псышхуэм кIуэну псори хэт фIанэ, хэт шэмэдж яIыгъыу мэлажьэри губгъуэм итщ, лъэгум дэтыр цIырушыру гупырщ: мис мы Юрэ хуэдэ, мес мо Мэд и ныбжь... А-а, Мэд иджыри фцIыхуркъым фэ, пэжкъэ? Унэрыт Мэд пкъынэкIэ ираIам ещ-

хьу плъыжьт, и щхьэц зэщӀэкӀар, мафӀэ бзий нэхъей, жьым зэрихуэу. ЖаӀэжыращ, Мэд и плъыжьагъыр щилъагъум Хъымыщ щыхьат, жи, и фызым: «ЕӀым-еӀыж, мы цыплъыр сэ си бынкъым, мыр къыздипхам хьыжи кӀуэж!» – жиӀэри. ЗэбгъэдэкӀыж пэтащ. Уэлэхьи, пэжтэм! ИужькӀэ, зы пщэдджыжь гуэрым Хъымыщ жэм къыдихуауэ здэкӀуэжым, Амщыкъуэ къегуоуащ, жи: «Ей, Унэрыт и къуэ, шыбжииплъ-щхьэ плъыжьыбзэ! КъащӀэт», – жиӀэри. Хъымыщ зэщӀэувыӀыкӀри еплъащ, жи, лӀыжьым, и жьэр Ӏурыхуарэ и нэр икӀэрэхъуухьу – мор зи ныбжьым сэ джэгупӀэ щхьэ сыкъищӀа жиӀэ хъунт! Амщыкъуэм ар зыкъомрэ гугъу иригъэхьщ аби: – «Уи адэм и адэм и адэм и адэжыращ, делэ, ар жыхуаӀэу щытар! – къыжреӀэ. – Уэлэхьэ, тӀу, ди цӀыкӀухэр ноби къуажэхь зэрыджэгур арам: зым – «шыбжииплъ-щхьэ плъыжьыбзэ!» – жи, адрейм – «Унэрыт Хьэжмырзэ!» – жери зэфӀокӀ. Уэ щхьэ умыщӀэрэ ар?!» Арати, Амщыкъуэ и фӀыгъэкӀэ, Мэд и анэр ирамыгъэкӀыжу къэнащ, езы Хъымыщи и псэм хэса хьэпӀацӀэр кӀуэдыжащ...

Юрэ щхьэлыпсым щыӀухьам, Мэд къамыл фопӀытӀым шууэ тест.

– Ехьей, псы къыптракӀэнщи уагъэункӀыфӀынщ, щхьэ мыбдежым утес?! – жи Юрэ, жылэм яужэгъужа псалъэр егъэныщкӀури.

Мэд и дзэлыфэр етӀ: ари есэжат мафӀэ бзийм зэрырагъэщхьми, къыфӀэӀуэхужтэкъым.

– Юрэ, мыбдежым хьэпӀацӀэлыбжьэщ, накӀуэ Урыхужь дыгъакӀуэ!

НакӀуэ-сыкӀуэ... Даукуийхэ я занщӀэу псышхуэр тӀууэ зэгуэжырти, я щыгъын гъуабжэ тӀэкӀухэр абдеж ягъэтӀылъри, езыхэр псыкъудамэ нэхъ цӀыкӀум зэпрысыкӀащ.

– Урыхужьей сабийуэ къыдалъхуэр къаз шырым хуэдэщ, – жи Амщыкъуэ, мо игъащӀэм псыхъуэм къыдэплъэу пэнтхым тесым. – Я лъэ зэблахыф зэрыхъуу, макӀуэхэри Урыху зэрыхокӀутэ. Псым хэмыхьэф, есыкӀэ зымыщӀэ закъуэтӀакъуэ къахэкӀмэ, ахэр дэ тщыщкъым: къазкъуртым джэд джэдыкӀэ щӀалъхьэрэ кърырагъэшу плъэгъуакъэ? Аращ, тӀу, мыри: къаз шыр быным зы джэджьей-джэджьеитӀ хэту аращ.

Юрэрэ Мэдрэ мис а къаз шыр быным ящыщт, зыр гъуабжэ цӀыкӀурэ адрейр плъыжьыбзэ цӀыкӀуу... къаз шыр плъыжь щымыӀэ пэтми.

Псы тӀуащӀэр щимэ кӀыхьышхуэт, мывэ зэмыфэгъукӀэ щӀэгъэнарэ пшахъуавэ дахи иӀэжу – ухуеймэ, пшахъуэ пщтырым ухэлъу дыгъэм зегъажьэ, ухуеймэ ӀэдакъэкӀэ мывэ дзы, хьэуэ жыпӀэрэ, – абы щыгъуэми ухуитщи, мывэ джей пӀащӀэжьхэр къызэтелъхьи нэщанэ еуэ... Ауэ зэныбжьэгъуитӀым ахэр кърадзакъым. ТӀуащӀэм псыхьэлъахуэ пщыӀэ сырыхушхуэ дэтт, Шопсэдин ищӀауэ, псыр жэщӀыжмэ сшэжынщ жиӀэри. Выгу из хъунт, ентӀыр кӀыхьышхуэрэ бжэгъу кӀэщӀу зэхэлъу. Псыр мыжэщӀу е мыуэжурэ псыхьэлъахуэхэр чыхуу гъуащ, итӀанэ цӀыкӀухэм къагъэунэхури джэгупӀэ ящӀыжащ. Абы укъыщӀэтӀысхьэу шыплӀэ пылимоткӀэ «хужьыдзэм» уакъыхэуэну дэгъуэт, ухуеймэ зыщӀэбгъапщкӀуэу «фашистхэм» я тӀасхъэр щӀэпх хъунут... е, ар нэхъ къапщтэмэ, таурыхъ жыпӀэ-уедаӀуэу махуэ псом ущӀэсыну зыхуэдэ щыӀэжтэкъым, уигу къихьэмэ, укъыщӀэкӀрэ зыбгъэпскӀыу... е, сэ сщӀэрэ, пшахъуэр кууэ къиптхъуфрэ пшахъуэ псынэ пщӀыфмэ, пцӀащхъуэтегъэтӀатӀэкӀэ унэ щӀэпщӀыхьу ущӀэсыну уасэ иӀэжтэкъым – дыгъэм хэпщӀыхьар мэгъури мэщэщэж, мыр жьауэщ, щӀыӀэтыӀэщи, мазэ псокӀэ мыкъутэжу щытынущ...

Мэдрэ Юрэри зыгъэпскӀынкӀэ ирикъуа нэужь аращ ящӀар – псыхьэлъахуэ пщыӀэм щӀэтӀысхьэхэри джэгуу щӀадзащ. ПщыӀэкур хуитт – Шопсэдин япэщӀыкӀэ ентӀыр кӀыхьхэр зэриупсейри бжэгъу кӀэщӀхэмкӀэ къигъэтӀылъыхьыжауэ арат. Мэд пшахъуэ псынэ куу къритхъури, пцӀащхъуэтегъэтӀатӀэкӀэ члисэшхуэ къыдрищӀеящ, Бжейкъалэ члисэм хуэдэу, балыджащхьэрэ щхьэ папцӀэ хъужу... Члисэр дахэ хъуати, абы и балыджащхьэм къэблагъэу, унэ зэтет бгъуригъэувэжащ. Юри, ар игу ирихьри, и ӀэфракӀэр щӀигъанэу пшахъуэ псынэм иӀэбэри фундамент хъурей Ӏув къигъэтӀылъащ, итӀанэ тригъэтӀатӀэм-къыдрищӀейурэ бэтэгъэ лъагэ... удэплъеямэ, уи пыӀэр пщхьэрыхуу... къыдригъэкӀуеящ.

– Уарэ, ей, Юрэ! – Мэд пшахъуэ псынэм йопхъуэ. – Ехьей, абы и щыгум зы сэлэт къытезгъэгъэувэт! – Мэд и Ӏэпхъуамбапщэ псыгъуэ цӀыкӀум пшахъуэпсыр сакъыпэу пигъэткӀуурэ зы «сэлэт» къудан цӀыкӀу къыдригъэжеящ. – Уэтэби, чэсэвой! Елъыт ар зэрыхъуам!

Бэтэгъэм къытеува «сэлэтым» зеплъыхь, Ӏэдакъэ жьауэ ищӀауэ...

– Уэи, ещхьыркъабзэм, Мэд! – МэгуфӀэ Юрэ, дамэ ещӀ: – Уэтэби рас! Уэтэби рас!

– Зэ догуэ, зэ! – Мэд аргуэру пшахъуэ псынэм йоуэ. – Зы пылимотыжь къытезгъэгъэувэж абдей!

Юрэ мапхъуэри, Мэд и Ӏэр Ӏурегъэхыж:

– Зэ бэяу! Зэ бэяу! Куэдщ ар, куэдщ. ХьэлъэӀуэ техъуэмэ, ищэхэжынущ. Абы нэхърэ зы фочыжь ӀэщӀэдгъэлъхьэж, пятизэраду ари! – Юрэ гъупщчий гуэр къилъыхъуэри, «сэлэтым» и пащхьэм къыщыхитӀащ. – Уэтэби чэсэвой! Си Ӏуэхущ ар мыхъуамэ!..

Гъудэ къытетӀысхьауэ еуэ нэхъей, Юрэ и натӀэм йоуэжри, и Ӏэр Мэд и пащхьэм къыщегъэджэгу:

– Мэд, мы сэ къэзгупсысар: уэрам кӀыхьышхуэу дэдгъэщӀей мыр!.. Къалэм ещхьу.

– Дэвай, уэлэхьи! Къалэ тщӀынщи... ПщӀэрэ сэри къэзгупсысар?! – Мэд и Ӏэпхъуамбэшхуэр и натӀэм ирегъэкъури иреӀуэнтӀыхь. – Деуэнщи, къалэ тщӀынщи, Урыхукъалэ фӀэтщыжынщ, къыбгурыӀуа?!..

– Дэвай, уэи! ИтӀанэ тщӀэнур пщӀэрэ? Деуэнщи, Урыхужь псыхьэлыгъуэ къыхэтшынщ аби, мис мы уэрамышхуэмкӀэ дэтшынщ...

– Кхъухьышхуэхэр щызекӀуэу!

– НтӀэ! – Юрэ гуфӀэщауэ дамэ ещӀ, бзуупцӀэхэр щыфийкӀэ зэращӀым ещхьу.

ЩӀалэ цӀыкӀуитӀыр къагупсысам дехьэхыпэри, пшахъуэ псынэм иуэу щӀадзэ... Уэрамыр и кӀэм нагъэблэгъат, Юрэ и щхьэр къиӀэту и нэ нагъуитӀыр и ныбжьэгъум щыхуигъэцӀууам:

– Мэд, мы уэрамым сыт фӀэтщынур?

Мэд дэплъейщ, къеплъыхыжщ, и нэр къригъэцӀыщхъукӀри:

– Урыхужь и цӀэр фӀэдгъэщ!

– Сыт жыпӀэ делагъэр! – Юрэ и Ӏэр бадзэ Ӏуиху нэхъей ещӀ: – «Урыху-къалэ!» «Урыху-уэрам!» Ар хъурэ! Абы нэхрэ улицэ имыни Шопсэдин фӀэдгъэщ!

Мэд хьэлъакъуиплӀу къоув, и щхьэ плъыжьыр Ӏэтауэ:

– Уэлэхьи, мыхъуххэну пызыхыжар уэ жыпӀэрам! ЛӀо Шопсэдин ищӀар? Зауэм щыӀа? Орден къихьа?!

– ЛIо-тIэ къимыхьам? – икIуэтыркъым Юри. – Мы пщыIэ дызыщIэсыр хэт зыщIар?

– Мы псыхъуэ дызыдэсыр хэт зыщIар? Ы!

Юрэрэ Мэдрэ зэпэтIысыжауэ зэдауэрт, зэщыхьэжыным нэсауэ, зэщыхьэжынкIи хъунт а дакъикъэм псыр къащIэмыуамэ... Пхъэ щэщарэ гъупщу зыхуэзэр зэщIикъуэурэ псыпэ фIейр пщыIэм къыщIэлъадэри зылъэIэсыр игъауэурэ къалэ ныкъуэщIыр иригъэщэхэжащ. Юрэрэ Мэдрэ я зэдэуэн щагъэтри зэплъыжащ:

– Хэту пIэрэ мыр къыдэзыщIар? – жиIэри Мэд къыщIэцIэфтащ, я псэр халъхьэу ящIа къалэр зыкъутэжам и нэкIур хурикъутыхьын и гугъэу. КъыщIэцIэфтри... жиIэнур имыщIэу къэувыIэжащ:

– Юрэ! – жиIащ, и гур ехуэхауэ.

Юрэ къыщIэкIмэ, псыхъуэр зэрыпсыхъуэу псым ищтауэ, ипщэкIэ дэплъеймэ – псыдзэр фIыцIэ хъужауэ къэукIурийурэ къехыу. ЩIалэ цIыкIуитIыр гужьеяуэ заплъыхь-зоплъыж, ящIэнури жаIэнури ямыщIэу. Асыхьэтым псыпэ къытеублэракIэр къэсри, Шопсэдин и псыхьэлъахуэ самэр зэрызыххэу зэбгрихри ежьэжащ. Къуршым, адэ ШэгуолэкIэ зы уэшх емынэ къыщешха хъунти, псыр хэхъуэурэ къехырт, брус къихьу, гуфэунэ къихьу, пхъуантэшхуэ тесу къехыу... Ар зыщIэуа мыгъуэр тхьэм ещIэ!.. ЩIалэ цIыкIуитIыр псым пэщIэмытыжыф хъури, дехыу щIадзащ. Я бгъуитIымкIи Урыхужь, Индыл губжьауэ, йох, зишхыхьыжу. Псым удехми, дэнэ нэс удехын: сэху гъэсыпIэжьым и занщIэ зэрыхъуу, псы къудамитIри зэгуоуэжыр, тенджыз къэукъубеяуэ псыпыхухэр къыдриупцIейуэ... Псы зэгуэуэм и хьэлыр пщIэркъэ уэ – узэрыIэрыхьарауэ уепхъуатэри уеIэт, уи бгым нэс укъыхэщу, итIанэ, уи лъакъуэр еубыдри, урелъэфэх Псыхъуэгуащэм. Уэ лIыгъэ уиIэмэ, къыIэщIэкIыжыф абы! Юрэрэ Мэдрэ ящIэрт ар зыхуэдэри, гъатхэ псыдзэм къихьауэ щыта меижьыр пшахъуэмрэ мывэмрэ щIивауэ хэлъти, абы дежкIэ зрагъэхьри и къудамэ зырыз яубыдащ. Жыгыжьыр быдэу хэлъ хуэдэт, ауэ дунейр тенджыз фIыцIэ хъуати гужьеигъуэт. ЩIалэ цIыкIухэр гъынут, ауэ зэщыукIытэжурэ заIыгът...

Юрэ япэу къилъэгъуащ цIыху гуп къызэрыхьыр. Еплъыпэри – псом япэ иту и адэр къожэ, и лъакъуэ сэмэгумкIэ хэуэу. Абы и ужь итт фыз гуп, я бостеикIэхэр IитIкIэ яубыдри, псым хамылъэфэн щхьэкIэ, яIэтауэ. Балигъхэм я гъусэу щIалэжь цIыкIу къоми къызэрохь, пцIанабзэхэу, я Iэ сэмэгухэр я щахэм деж телъу...

Юрэ и адэр къызэрицIыхуу:

– Мес, Мэд... мес... папэ къокIуэ... – жиIэри зыхуэмыIыгъыжу къызэфIэнэри къэгъащ. Ар зэрилъагъуу, Мэди къыщиудащ.

* * *

ТIытIу хьэблэ фызымрэ хьэблэ цIыкIумрэ я ужь ищIауэ къакIуэрт, и гудзэ закъуэр хэуэм-къыхичыжу. Ныджэу щытар псы лъащIэ хъуауэ, псыр я лъэгуажьэ къэс-къыфIэкIыу апхуэдэти, мащэ иуэрэ джалэу, лъэщыгъэ мыгъуейкIэ къэтэджыжрэ къежьэжу ТIытIу къыздэкIуэм, плъэри зы щхьэ плъыжь цIыкIу къилъэгъуащ, пшахъуэмрэ мывэмрэ щIива жыгыжьым и къудамэр иIыгъыу Урыхужь и курыкупсэм хэту: «Iау, уэлэхьи, мы сэ слъагъур Хъымыщ и къуэ плъыжьыра хуэдэм!» –

жиIэри ТIытIу нэхъ хуабжь зищIащ, ауэ абы къыбгъурыт щхьэ фIыцIэ цIыкIум гу щылъитэм, «Юрэ!» – жиIэри и гур къилъэтщ аби, и нэр къыщхьэрипхъуауэ илъащ. Иджы ТIытIу илъагъужыртэкъым псы къэукъубеяри, псым къихь дакъэжьхэри, абы и нэр и къуэ закъуэм тедияуэ мажэ... Псы лъагъуэу щытам зэрынэсар имыщIэу нэсри псы уэрым хэукIуриящ, арщхьэкIэ и Iэ лъэщитIымкIэ щIитхъуурэ зэпрысыкIри псым щIихурыхукIыу тес цIыкIуитIым ябгъурыхьащ. «Iыхьы иджы! Iыхьы иджы!.. Iыхьы, иджы зыгуэр хъунщ! – жиIэурэ. – Алыхьым зы жиIащи, тIу хъункъым!»

Юрэрэ Мэдрэ, къунтхым иубыда аргъей шыщIэу, жыг къудамэм пысхэт, гъыурэ гуфIэу... е, сэ сщIэрэ ар зэрыжыпIэнур, гуфIэрэ гъыуэ: абы я гъыкIэм зэрыгужьеяхэри зэрыгугъэжахэри хэтт. ТIытIу цIыкIуитIым зэралъэIэсу, Мэдым блэIэбыкIри, и къуэр къиубыдащ... Абы и пIэ дитамэ, уэри пщIэнур арат, сэри сщIэнур арат... Юрэми и лъакъуэ псыгъуитIыр и адэм и бгым къешэкIарэ и IитIыр и пщэм щызэфIэдзэжауэ зыкъыкIэриукIащ. «Умышынэ, тIу! Иджы умыгузэвэж! Сэ иджыпсту узэпрысхыжынкъэ уэ!» – жиIэурэ къежьэжа щхьэкIэ, и лъитIыр хузэблэмыхыжу зыгуэрым къипхащ... Хьэуэ, хьэуэ!.. Псыхъуэгуащэкъым ТIытIу и лъэр къэзыпхар, хуэши къыхыхьауэ аракъым... «Iау, и къуэр япэ иригъэщащ, жаIэнкъэ цIыхум!» – жиIэри абы иубыдащ ТIытIу и лъакъуэр. «ЖрыраIэ жаIэмэ – сэ си лъакъуэ лъэныкъуэр Сталинград къыдэзнащ!» – ТIытIу къоIэри, и гудзэ закъуэр зэ къегъэкIэрахъуэ. «Iау, Сталинград къыдэбнар уи лъакъуэра, хьэмэрэ уи напэра?» – ТIытIу лIыгъэр зытрегъакIуэри, Мэд и дежкIэ къоплъэкI:

– Ушынэн, тIу, сэ къэзгъэзэжыху?

Мэд, зэщыджэ къудейуэ щытар, псалъэ хужымыIэу гъащ.

ТIытIу тIури здищтэнущи, и къарур хурикъунукъым, и къуэр ирихыжынущи – лъэр хузэблэхыжыркъым.

– Юрэ! – жи ТIытIу, и къуэм и пхэ псыфым IэгукIэ теуIуэурэ. – Юрэ, Мэд дауэ къэдгъэнэн? ЕмыкIу хъункъэ? ЦIыхум дауэ даIуплъэжын? Ар япэ изгъэхыжи, итIанэ уэ уисхыжынщ. Хъункъэ, тIу?..

АрщхьэкIэ, Юрэ нэхъри быдэу зыкъыкIэриукIэ фIэкIа, цIутI хужиIэртэкъым. ТIытIу къигъэнахэм я дежкIэ къоплъэкIыж: ахэр я щхьэр Iэтарэ я жьэр ущIауэ къоплъэхэри щытщ, сыту пIэрэ мыбы ищIэнур, жаIэ хуэдэ. Юрэ псалъэ гурыIуэжынутэкъыми, ТIытIу, и лы джанэр зыщичыж нэхъей, ар къарукIэ зыкIэречыж аби, и Iэ-и лъэр къишияуэ зэрыкIийм хуэдэурэ ехьри къудамэ иIыгъам фIедзэж, итIанэ Мэдыр къепхъуатэри и щIыбым, хьэндыркъуакъуэм ещхьу къыкIэрыукIауэ, кърегъэтIысхьэри къожьэж. ТIэурэ-щэрэ къобакъуэри йоплъэкIыж: Юрэ и нэ нагъуитIу щытар мы псы къежэхым ещхьу утхъуат, гужьей фIэкIа щIэмытыжу, и IупитIыр къыIурыпщыхункIэ зэтрикъузати, дунейм теттэкъым ар къызэрыпцIыхужын. ТIытIу и нэхэр абы къыхутемычыжу, Iэнкун хъуауэ, бгъукIэрэ къокIуэт, апхуэдэххэу бэлэрыгъауэ псы куум къосыжри, и лъакъуэр къыщIимыубыдэжу, къыхоукIурие.

– Иджыпсту! Иджыпсту къэзгъэзэжынщ сэ, Юрэ, умышынэ уэ! – жиIэурэ, псыр жьэдэуэм къыжьэдигъэжыжу, джалэм къэтэджыжурэ къокIуэ ТIытIу, Мэдыр и щIыбым ису, езым и псэр Юрэ деж щыIэу.

Урыхужь апхуэдизкIэ губжьауэ, благъуэ нэщIам ещхьу хъущIэрэщIатэу ехырти, абы псэ хэмыту уи фIэщ хъунтэкъым: ар бийт,

узыIурилъэфэн хьэзырт! ТIытIу, щIалэр и плIэм ису есыфыркъыми, джалэ къэтэджыжу, псым кърихьэх мывэхэм и лъэпхъуамбэхэр паубэрэжьыкIауэ, къоIэ-къокIуэ. Мо къыпэплъэу щытхэм я деж къэсыжыным щIагъуэ къэмынэжауэ, фызхэр зэщIэгъуэгащ. ТIытIу зэплъэкIыжмэ – жыгыжьыр къыхилъэсыкIарэ иублэрэкIыурэ ирихьэхыу, Юри абы кIэрымысыжу. ТIытIу къыхокъугъыкIри, Мэдыр фызхэм къахуедз аби, езым псым зыкъыхедзэжри жыгыжьым къыкIэлъожэ, арщхьэкIэ мэджалэри есу щIедзэ: псы уэрым къыпэщIэуэм – зидзурэ жыгыжьым тежыжащ, Юрэ и щхьэр къилъэгъуащи, абы хуоIэ. Юрэр зэм къыдоуей, зэм йоухыж. И къуэр псы зэгуэуэм зэрынэсу, ТIытIум зыкъиIэтри, Урыху псыхъуэр гуIэу къигъэпсэлъащ кIий макъкIэ. Делэ хъуным нэсауэ плъэурэ здэжэм абы и нэр зэуэ щыункIыфIыкIащ: Юрэр псы зэгуэуэм и дыпIэ лъагэм трихьэщ, къиIэтри, зы дакъикъэ закъуэ къигъэпIиижщ аби, къыщIэкIыж имыIэу щIигъэмбрыуэжащ...

Фызхэмрэ цIыкIухэмрэ кIийуэ здежэхым, зэадэзэкъуэр ямылъагъуж хъуащ. Фызхэр къэувыIэжри зэкуэфауэу зыкъомрэ щыта нэужь, къуажэмкIэ ягъэзэжри, сабийхэр я пэм иту, кIийуэ кIуэцIрыжыжащ...

Дыгъэр къуршыщхьэм ебэкъуэхын къудейуэ теувауэ, гъукIэ, пхъащIэми лIы зыбгъупщI зэрыгъэпхъэрауэ – хэт псы Iуфэ гъущэм Iуту, хэти ныджэу щытам, я лъэгуажьэм псы гъуабжэр къэс-къыфIэкIыу тету – Урыхужь иращыхырти, къуажэкIэм здынэсам къалъэгъуащ, ТIытIу и гудзэ закъуэр, сажнэм ещхьу, игъэкIэрахъуэм-тридзэурэ къыдэкIуеижу. Абы и IэплIэм Юрэ мыгъуэм и хьэдэ тIэкIур зэпкърылэлауэ илът. Алыхьым ещIэ ар ТIытIу къыщигъуэтыжа щIыпIэмрэ къызеригъуэтыжа щIыкIэмрэ, ауэ ар гъунэгъу къызэримыкIыжыр белджылыт, и куэр «гудзэ закъуэм» щытеувэм деж къыдив лъым гъуэншэдж лъапэр и кIыхьагъкIэ плъыжь зэрищIа къудеймкIи. Абы и лъэпхъуамбэхэр мывэм пиубэрэжьыкIат, и натIэр зэгуэудауэ лъыр къежэхырт, нэ сэмэгур имыгъаплъэу, и лъакъуэ пыупщIыпIэр пхъэмрэ фэмрэ лыцIынэIэнэу трахат, ауэ и кIыхьагъкIэ уз Iэпкълъэпкъыр зыхимыщIэу къыдокIуеиж адэ насыпыншэр, и сабий хьэдэмрэ и гуауэшхуэмрэ къыдрехьеижри. ТIытIу нэхъу-нэхъуу къаплъэ щхьэкIэ, щIы зытеуви цIыху зыIущIи илъагъуркъым, и нэ гъуабжитIым пшэ фIыцIэр телъщи. Гу къыбгъэдахуэри, «хьэдэр дыгъэшэж» къыжраIэ, арщхьэкIэ яхуеплъэкIыркъым; лIы къыбгъэдохьэри, «мы пщIэр хъункъым, хьэдэр пкIэлъейкIэ дэдгъэхьеиж», къыжраIэурэ къолъэIу, арщхьэкIэ яблокIри макIуэ; лIыжь къыпоуври, я жьакIэпэ пысысыхьу, къыхуогузавэ – зыри зэхимыхыу къокIуэ... и къуэ закъуэм щыщу къыхуэнэжа тIэкIур и IэплIэ илъу и щхьэ Iэтауэ къокIуэ-къыхоуэ, къокIуэ-къыхоуэ... зэ къэбакъуэм зэ мэщэIу... ТIытIу и лэжьэгъухэмрэ гъуэгум къыщыхуэза и къуажэгъухэмрэ хэт къыбгъурыту, хэт и ужьым къиту къэсыжри, куэбжэм деж зэщIэгъуагэу щыт сабийхэмрэ фызхэмрэ къапхыкIыжри, пщIантIэм къыдыхьэжащ...

ТIытIу и анэжьыр – илъэсищэм къахуэмыгъэша фызыжь гъур кIыхьыр – и щхьэр гуауэм хуримыхьэхыу къыпежьэри, сабий хьэдэр Iихри щIихьэжащ, и зы дамэ хэмылъэту, и нэпс къудами къемыхыу...

Нэху къекIхэри, Юрэ щIалъхьэжащ. Хабзэм къигъэув махуищыр дэкIри, цIыхухэр зэбгрыкIыжщ аби, ТIытIу кIэрахъуэу пщIантIэм къыдэнэжащ. Иджы жэщи махуи абы и нэгу щIэмыкIыр зыт – Мэд иIыгъыу къыщежьэжам щыгъуэ, ар зэплъэкIыу зыIуплъэжа Юрэ и нэкIурт, шы-



6 Заказ №333

нэм игъэутхъуа нэ цIыкIуитIымрэ зэтрикъузэурэ къыIурыпIыртIыкIа и IупитIымрэ... «Бетэмал! – жиIэрт ТIытIу гукIэ. – Бетэмал! А бетэмал ихьэжын! Абы и Iупэ цIыкIуитI мыгъуэр зэрыкIэзызт... Еууей, къебгъэгъэзэж хъуну щытыгъамэ, бетэмал!» Ар жиIэ щхьэкIэ, къытригъэзэжу Юрэрэ Мэдрэ а псэзэпылъхьэпIэм иту, езыри абыхэм ябгъэдэту къэхутэжами, хамэ сабий и нэр къижу къеплъу езым и бынр япэ хуигъэщынутэкъым. ГукIэ сыт жиIэми, ТIытIу и псэм ар хузэфIэкIынутэкъым.

Юрэр щIилъхьэжщ, цIыхур зэбгрыкIыжри, и гуауэр и гум мыл кIанэу илъу, ТIытIу къэнэжащ. И уIэгъэхэри гъущыжащ, удынхэр хэвыкIыжащ, ауэ а мыл кIанэр, сыт имыщIэми, хуэмыгъэткIуу, зэман дэкIми емысэжу илъщ и гум, и псэм хуэбэжыпIэ къримыту, и щхьэм гъэтIылъыпIэ къримыту... ЛэжьапIэ макIуэри, теуркъым, уэршэрым яхохьэри, бэяуркъым, аркъэ йофэри, къиутIыпщыркъым...

Ауэрэ зэмани докI, зауэри еух. Псэууэ къелар я унэ йокIуэлIэж, хэкIуэдари ягъеиж... Урыхужь, псыдзэр еха нэужь, и пIэм зэригъуэлъхьэжам ещхьу, гъащIэри и гъуэгу теувэжащ: щIалэхэм къашэ, фызхэр малъхуэ, балигъхэр губгъуэм итщ, сабийхэр къаз шыр бынурэ псым тесщ...

Зы пщэдджыжь гуэру, ТIытIу зриудэкIыу унэм здыщIэтым, «ТIытIу!» – жеIэри къоджэIа. ЩIэкIмэ – Унэрыт Хъымыщ, дыгъэ шыщIэм хуэдэу, Мэди къыбгъурыту! ТIытIу Iэнкуну щызэщIэувыIыкIыжым, Хъымыщ и къуэм и дамитIыр еубыдри къыхуегъэкIуатэ:

– Мэ!..

ТIытIу япэщIыкIэ Iэнкун къэхъури, зыкъомрэ и нэр къижу еплъащ абы, итIанэ и дамэпкъитIыр къыфIыхэлъэту щыхуежьэм, Мэдым зыкъидзри, лIым и бгырыпхыпIэм хуэзэу, и Iэ псыгъуэ цIыкIуитIыр къришэкIащ... Абдеж, зэрыхъуар имыщIэу, ТIытIу и мыл кIанэр ткIууэ хуежьэри, нэпс къудамитIу къэжэбзащ икIи, ищIэр имыщIэжу, кърата къуэр къыипхъуатэри унэм щIэлъэдэжащ. Абдеж щыщIэдзауэ Мэд щIалэшхуэ хъуху, абы и Iэпэр иIыгъыу фIэкIа пщIантIэм къыдигъэкIакъым.

ТIытIу дунейм щехыжар нэгъабэщ, ауэ Юрэ мыгъуэм лъандэрэ ар гушыIауэ, дыхьэшхауэ цIыхум илъэгъуакъым, кIуэ, тхьэ умыIуэнумэ, и дзэлыфэ щитI къэхъуагъэнкIэ мэхъу...

## НАЛО Заур

* * *

Ягуэшкъым тхыдэр дэлэн IупщIэу,
Ар лIами псэуми ди зэхуэдэщ.
Уи дэлэн Iыхьэм сыти ещIэ —
Iэ фIейкIэ уемыIусэ тхыдэм.

Зыгъэш, плъэкIыхукIэ, умыпагэм.
Зыгуэр и псалъэ ущышынэу,
Андемыркъаным и щхьэ лъагэр
Яужь уимыхьэ къепшэхыну.

Уэ улIмэ, пэж яжеIэ цIыхум,
Зы бзаджи зы фIи умыгъэпщкIуу,
Уядэжь и цей хьэзыр Iупэхур
НэгъуэщIым и пкъым иумыгъэкIуу.

Апхуэдэ цIыхур лIэркъым тыншу,
Дунейми екIуу щыпсэуфкъым,
Къилъхуфкъым щIэблэ лъэпкъ тхыдэншэм,
Тхыдэншэу лIари щIым щIэлъыфкъым.

### ГЪУКIЭМ И IЭР

И уадэр сыджым трилъхьэжри,
И гупэр гъукIэм къигъэзащ:
Лэрыгъу уадэкIым ищIа и Iэр,
АдэIэм хуэдэу, сэ скъузащ.

ФIамыщIым фIыцIэу ириIами,
ПщIэнтIэпс хьэлэлкIэ ар тхьэщIащ:
Сэ си Iэр хужьми, а сэламым
КъищIау нэхъ къабзэ къысфIэщIащ.

Солъагъу сэ фIыуэ лэжьакIуэIэр!
Ар — пхуэмыфащэм — умыубыд:

Мыкъабзэу уи Iэр сэлам епхым,
А лIым и щIыхьыр уогъэпуд.

«ГъукIэIэр Iэпэ щабэщ», — жаIэр,
Абы лэжьэнкIи зимыгъэнщI,
Iэмал щимыIэм, а Iэ лъэщым
IэштIым шынагъуэу зеуплIэнщI.

* * *

Си адэр Iэпхъуамбэ пIащэт,
Си адэу Нало Мэмэт.
Си анэр абы и гуащэт.
Езыри зы лIы тэмэмт.

Сэ фIыуэ слъагъурт си адэр.
ЛъапIэщ си дежкIэ и цIэр.
Лыгъэ нагъыщэуи содэр
Си адэм и пащIэ фIыцIэр.

Тхуей кIащIэм хуэдэт и Iэпщэр,
ЩIым и мэр и Iэшхуэм щыут.
Къепщамэ гуауэм и жьапщэр,
Си адэр пщIэгъуалэ шут.

Абы имыIэ щыгъупщэ,
Дунейм мэкъумэ тетуэ —
И пащIэ дахитIым гъупщыр
Хэнау уи нэгум щIэтмэ.

Зэтесхмэ си нэр слъагъуну
Сызыхуэпабгъэр арат —
ЩIы щхъыщхъым ирилъу гъунэ,
Iурылъу дзапэ уэрэд.

Си адэр Iэпхъуамбэ пIащэт,
Гъатхэмэр и IитIым щыут,
Тхуей кIащIэ хуэдэт и Iэпщэр,
Езыри пщIэгъуалэ шут.

Сэ сощIэр анэм и бампIэр,
Ауэ къэджатэм си адэр —
Сихьэнт сэ псэзэпылъхьэпIэм,
КъыскIэлъыпыхьэу си анэр.

* * *

Уэ, сэ си гъащIэу лъагъуэ цIэнтхъуэрыгъуэ,
Апхуэдизу щхьэ сыкъэбгъэпцIа?
Сыщепшажьэм инкIэ сыбгъэгугъэу,
Щхьэ банапкъэм сыщыбулъэпцIа?

Ди уардэгъуэм къигъэзэн имыдэу
Ежьэжащи, пшагъуэм ныхохьэж.
Ди адыгэ лIыгъэр зэрыкIуэдыр
ЖэщкIэ узу сэ къыспкърохьэж.

Ей, си гъащIэу лъагъуэ цIэнтхъуэрыгъуэ,
Щхьэ гувауэ щIым сыкъытепша?
Сыт ИстамбылакIуэ зэман мыгъуэм
Сыхыумылъхуэу сыкъыщIыблэпшар?

НэгъуэщI мыхъуми, заныпыIуздзэнти,
Хым икIыжхэм яз къэзгъэувыIэнт,
Е бий псэжьу къакIуэм сыпежьэнти,
Си гум зы шэ цIыв щызгъэупщIыIунт!

* * *

ГъащIэ гъуэгум гугъуехь Iэджэ
ЩрохьэлIэ лIыфIыр.
Зауэ мафIэм и псэ IэфIыр
Хэт щитын зыфIэфIыр?

Ауэ куэдрэ къохъу шэ цIывым
ЦIыхур пэщIэувэу,
Игу щIэмыгъуу асыхьэтым
И анэжь гузавэм.

Хэлъыщ ди гъащIэм ди псэм нэхърэ
КуэдкIэ дгъэнэхъ лъапIэ —

ЛъапIэщ тхъумэм ди цIыху напэр,
Идмыгъэщу IэпIэ.

ГъущыпэнкIэ хъунщ тенджызыр,
КъегуэщIэкIмэ дыгъэр;
Ауэ напэм, ищмэ IэпIэ,
ИкIыжынкъым бжьыгъэр.

## АДЫГЭ ШУР

Адыгэ шур бий тIощI IущIами,
Щытащ лъэкIыфу ярикун,
ИтIани, ар цIыхубз хуэзамэ,
ИщIэн имыщIэу хъурт Iэнкун.

Дэ ди адыгэм я хабзакъым
Я щIыб хуагъазэу бий къэкIуам,
Курмыщи хуащIу щытыгъакъым
Биймя нэхъ лъэщыр къатекIуам.

Абыхэм сэри сращIэблэщ —
Iэщэншэу слъокIыр биймя ескун,
ИтIани цIыхубз къызэпсалъэм,
Адэжьхэм ещхьу, сохъу Iэнкун.



## ГУМ ХЭЛЪ МАФIЭ

Егъэплъыр си гур мафIэ хъуаскIэм,
ЗэгъапIэ зэикI къызимыт,
Абы и жыIэм махуэ къэскIэ
СемыдэIуэнуи сыхуимыт.

Быдзышэ хужьу исфа IэфIым
Хэлъащ а си гур зыгъэплъар,
Адыгэ анэм арщ лIы гъащIэр
Хьэлэл зыщIыну къилъытар.

А хъуаскIэм хуэдэм нарт лIыхъужьым,
ЩIым щIэльми, и псэр химыгъэкI;
ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ лыгъэ щIэным
ХущIэкъуу псэун хулъегъэкI.

Абы си гъащIэр си хэку дыщэм
Естыну сэри сегъэIущ,
Ажал зимыIэр цIыху насыпым
ЩIэбэныр ару ещI си фIэщ.

Зэгуэр си хэкум бийр къеIусэм,
А хъуаскIэр мафIэу къысщIэнэнщ:
Хуэфащэр бийм сэ лъызмыгъэсым,
Къемылу си псэр хисхьэпэнщ.

## КЪЭБЭРДЕЙУЭ СИ ХЭКУ ДЫЩЭ

Къэбэрдейм и тафэ щхъуантIэр
Зэпаупщ1 къуршыпсхэм.
Нартыху лъагэм и бзий лантIэм
ТолыдыкI уэсэпсхэр.

Тафэ щхъуантIэр щIыпIэ-щIыпIэм
Къыщобэгыр Iуащхьэу,
Дунеижьым и гу бампIэм
Къыпхыришым ещхьу.

ЦIыхум и фэм дэкI бэлыхьым
ИIэу пIэрэ гъунэ?
Дуней щIыIэм егъэпыхьэр
Сабийхэр нэгъунэ.

Джэрпэджэжу сэ зэхэсхыр
ЩIопщ уэ макъыу пIэрэ,
Мо гу къомым пщащэ исхэр
Къырым яшэм сщIэрэ?

Гъуэгу сабалъэу кIапсэ гъуабжэр
КIуэцIрокIыр губгъуэм.
ПщылI ешар зэрыхэ гъубжэр
Къегъэлыдыр дыгъэм.

МакIуэ хуэму сэ си гъуэгур,
Хьэлъэу гур мэбауэ.
Модэ, модэ... Шэрэдж лъэгум
Пщыхэр щызозауэ.

Соплъыр, соплъыр си нэр къихуу,
Iэнкун сыкъэхъуауэ:
Шэмрэ лъымрэ къыIурыжу
Ираун пщы щауэр.

Ей, адыгэу лъэпкъ тхьэмыщкIэ,
Мыхэра уи гъуазэр?
Мы сэ слъагъухэм хэкум щхьэкIэ
Я щхьэ ямыгъазэ.

Къэбэрдейуэ си хэку дыщэ,
Мыра уэ уи тхыдэр?
Ар елъагъур си нэ гущэм,
Си гум къысхуимыдэ.

Хьэуэ, щыIащ Темырыкъуэр —
Жыжьэ нэплъысыфу,
ЛIы Iущыжьу Къэзанокъуэр —
Нэхуу гупсысэфу!

ЩыIэгъащ Андемыркъаныр —
Игу имыгъэпсэхуу,
Дамэлейуэ бэм я къаныр —
Пщыхэр зэбгырихуу!

Къэбэрдейуэ лIыгъэ щапхъэ,
Щхьэ гъэщхъын зымыдэ,
Насып жылэр щытырапхъэм
Щхьэ къобакъуэт тхыдэр?!

АНЭ

Хъийм икIауэ бийхэм загъэпхъашэрт.
Шэхэр уэфу къуажэ цIыкIум дапхъэрт.
КIыфIу, щIыIэу щIыунэ бэнзэвым
Ист фыз гуэр и бынхэм тегузавэу.

Бийм а махуэм шэуэ къиутIыпщыр
Къыщыуэжырт анэм и гу пщтырым.
Шэхум хуэдэу, сабий нэкIухэр фагъуэт,
Гужьеяуэ зыхуашийрт анэбгъэм.

Ажал лIыкIуэу бий топышэ цIывхэм
Я фий макъыр зэхихыхукIэ анэм,
Къыбгъэдэс и бынхэм я щхьэ пцIанэм
Ятрипхъуэрт Iэлъэщ I кIапэ пхъашэр,
Жьыбгъэ зымыубыду а щэкI цIырхъым
ПхымыкIын къыфIэщIу бий топышэр.

* * *

ЩIым къытемыпсэр — ар мыдыгъэ,
ЛIыгъэншэр хэтми — мыадыгэ.

Адыгэр пэжмэ, бзэгу ихьынкъым,
Шхэн папщIэ пщылIи зыпхуищIынкъым.

ТегужьеикIыу езым и псэм,
ФIей уигъэщIынкъым и лIы напэр.

Дунейм и закъуэу къытенами,
Нэмыс жыхуаIэр къигъэнэнкъым.

Мы зым къедаIуэт, шынэхъыщIэ:
Адыгэр бзэкъым къызэращIэр —

ПцIыхун  адыгэр уи мурадмэ,
ЩIым и пцIанапIэм ишэ аддэ!

## ГУПСЫСЭ

Сэ иджыри жьыгъэм сиухуакъым,
Сэ лIыжь баш иджыри къэзмыщта,
ФыфIэфIыхукIи фыкъызэплъ — сырещхькъым
Сэ ажал къэкIуэнум игъэщтам.

Ауэ сэ си жагъуэ мэхъу щIалэгъуэр,
СызримыгъэплъэкIыу, зэрыкIуар,
Жэщ зэIущIэ къомхэм я гуфIэгъуэр
Къэгъэзэж имыIэу зэрыткIуар.

Сэ си жагъуэ мэхъу зызэзгъэпэщу
Зэрыхуэзмыхьынур удз гъэгъа

Сызыпылъым. АфIэкI гъатхэ жэщу
Зэрызмылъагъунур ба дыгъуа.

Сэ си жагъуэщ гъащIэм и гугъуехьхэм
Ящыщ куэд дыгъуасэ зэрыхъуар,
Сэ сащыщми лIыпIэ иувахэм,
ЛIыгъэ щIапIэ сызэримыхуар.

Аращ си блэкIам сыщIыхуэзэшри,
Ар сэ зикI нэгъуэщIым къыхэзмых.
Сэ слъэкIынкъэ сщIэн зыкъом иджыри!
Сэ ажалым и макъ зэхэзмых.

## УРЫХУ IУБЫГЪУЭ

Къызэджэу си Тхьэр сыщишэжкIэ,
Си гъуэгур евмыгъэхьу гугъу,
Сыкъэвгъэгугъэ псалъэ пэжкIэ,
Пщэдей насып сыщывгъэгугъ.



Жыхьэнэмэжьым и лъэмыжым,
ГугъэфI уимыIэм, икIыгъуейщ.
Хуэвгъади ар щауэишыжым,
Дакъикъэ закъуи сывмыгъей.

Къысхуэвмылъыхъуэ фэ дохутыри,
Къызэвмыгъапщэ уд бзэмыIу.
Къэфлъагъу, хъуххэнум, си хьэтыри,
Си лъынтхуэм мастэ къыхэвмыIу.

Урыху Iубыгъуэ къысIурыфкIэ,
Хьэлу дзэкъэгъуэ къысIурыфлъхьи —
Мы си псэр хьэршым къисшыжынщ,
Си нэ гъуабжитIри къэплъэжынщ.

МЫЗ Ахьмэд

# ДЫЩЭ ЖЫГ

*Повесть*

## ПРОЛОГ



Жэщыбг нэсами, Беслъэн и жеин къакIуэртэкъым. Абы зэхихыртэкъым и гъусэхэм я уэршэр, дыхьэшх макъхэр. Уеблэмэ, шыдыгур тежыну пIэрэ жыпIэу, и нэхъыбэм хуэм дыдэу кIуэ, гулъэф макъышхуэ ищIу щIэхщIэхыурэ къэувыIэ мафIэгум и «тхьэусыхафэр» хъымпIар ищIыртэкъым, и зы тхьэкIумэм ихьэрти, адреймкIэ икIыжырт...

Аращи, къиухащ и армэ илъэситIыр. Сыту гъэкIуэгъуейуэ щыта-тIэ кIэух мазэ зы-тIур. Нэхъри зэманыр абы гъэкIуэгъуей къыщцызыщIар Iэсят и письмор зэрызэпыуарт. Махуэр къэунэхуамэ, къыхуэмыгъэсу, «зэ жэщ хъуарэт» жиIэрт, жэщ хъуамэ, и нэхъыбэм емызэгъыу хэлът, нэху хуэмыгъэщу. Уеблэмэ календарь цIыкIу къищэхуауэ иIэт, махуэр иухамэ, мастэкIэ гъуанэ ищIрэ къэнар ибжу. Псом хуэмыдэжу абы къытехьэлъар иужь тхьэмахуитI-щырт. Зэманыр и пIэм инауэ Беслъэн къыщцызыгъэхъум и зы щхьэусыгъуэт зи ежьэжыгъуэр къэса «лIыжьхэм» и Iуэху щIагъуэу къызэрызэрамыхуэжыр. Щыхуейм къэтэджырт, щыхуейм гъуэлъыжырт. Полкым и утыкушхуэм пщэдджыжь къэс жыыуэ щызэхуашэсхэм хэмыхьэми хъурт. КIэщIу жыпIэмэ, зи ежьэжыгъуэр къэсахэм я шхуэмылакIэр фIыуэ къагъэлэлати, арат махуэр бэмпIэгъуэу кIыхьлIыхь къыщIыфIэщIыр.

Иджы мыгувэу и унэ нэсыжынущ. ЗанщIэу и пщIантIэ дыхьэжынкъым. Лъэпкъым и нэхъыжьым деж кIуэнщи илъагъунщ. Аращ хабзэр. Къыщежьэм щыгъуэ «узэрыадыгэр зэи зыщумыгъэгъупщэ, уи пщIэр умыгъэлъахъшэ, лей зытумыгъэхьэ, нэгъуэщIми лей иумых», къыжриIат...

– Ныбжьэгъухэ, – жэщыкум вагоным къихьа, сэлэтхэр къезышэжьэжа офицерым и макъышхуэм къызэпеуд Беслъэн и гупсысэхэр, – иджыпсту дэ гъунапкъэр зэпыдупщIри дихьэжащ ди Хэкум – Совет Союзым!

Вагоныщхьэр трач жыпIэну, абдежым зы Iэгуауэ къаIэтати! Абы и ужькIэ, адрей и гъусэхэм хуэдэу, жей жыхуэпIэр дэнэкIэ щыIэми ищIэжакъым Беслъэн.

– Ей, уэ куэдрэ ущхьэукъуэну? – къеуIуащ абы и гъусэхэм яхэт адыгэ щIалэ закъуэр. – Дынэсыжым зыбгъэнщIыжынщ. Моуэ къехи, мы тIум погон ятедгъалъхьэ.

– Хьэуэ, сыхуейкъым.

Беслъэн и гупсысэхэр кIыхьу зым хутеубыдэртэкъым. Зэми къулыкъу щищIа германыщIым нэхъ гукъинэ щыхъуахэр и нэгу къыщIэувэжырт, зэми зыхуэкIуэж и анэр, и шыпхъухэр, и Iыхьлыхэр, и гъунэгъухэр IэплIэешэкIкIэ къызэрыIущIэнум егупсысырти, и Iупэхэр

мащIэу фIызэтежырт. «Уарэ, сыту инышхуэ ухъуа!» – жиIэу и шыпхъу Индирэ, и адэ къуэшым и пхъур, къызэрыхудэплъеинур илъагъу хуэдэт. Армэм зэрыщыIа илъэситIым хуэзэшат хуабжьу. Ауэ абы и гукъыдэжыр занщIэу бзэхыжырт, и гупсысэр Iэсят зэрыхуэкIуэу. Иужь мазитIым къыIэрыхьатэкъым и зы письмо. А зэманым къриубыдэу езым дапщэрэ хуимытхами, жэуапыншэт. ЗэупщIынури ищIэртэкъым и щхьэусыгъуэмкIэ. И дзыхь нэхъ зригъэзу, Iэсят зэрепсалъэр ищIэу щыIэр Мухьэдин и закъуэти, абыи и тхыгъэ кIапэ иужь мазэ зытIущым теплъатэкъым... НтIэ, дэкIуауэ пIэрэ? Дауэ дэкIуэн, апхуэдэ лъагъуныгъэ я кум дэлъу? Хьэуэ, ар абы кърищIэнкъым. Апхуэдэ хъыджэбзкъым Iэсят. Псалъэ быдэ зратакъэ? НтIэ, дэмыкIуамэ, сыт мазитI хъуауэ зы письмо къыщIимытхар? Сыти жыIи, абы зыгуэр щыщыIэщ.

... ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ мафIэгур къос Ростов. А къалэрат ар къыздэкIуэр. Адыгэ щIалитIым такси къаубыдри, вокзалым толъадэ. Минвод кIуэ автобусыр ежьэн къудейуэ тетти, абы йотIысхьэ...

Гур зэрыгъум дыгъуэр ирожэ, жи. Нэсыжа нэужь Беслъэн къищIащ Iэсят зэрыдэкIуар. Зыми къимылъагъуу Мухьэдин абы къыIэщIилъхьэжат «къэкIуэжмэ, схуIэрыгъэхьэж», жиIэу хъыджэбзым къигъэна конвертыр. И анэри, и шыпхъухэри, и Iыхьлы-Iэулэдхэри сыт хуэдизу къыщымыгуфIыкIми, Беслъэн и нэгур ужьыхат. Абы гу лъамытэу къэнэнт? «Щхьэ унэщхъей?» – жаIэу къеупщIамэ, «сщIэркъым, сезэшагъэнщ, жэщитI лъандэрэ дахэ-дахэу сыжеякъым», яжриIэрт. Ар пIащIэрт конвертыр зэтричу Iэсят и письмом къеджэну, икIи къемыжьэу щIыдэкIуам и щхьэусыгъуэр къищIэну. Апхуэдэ Iэмал щигъуэтари жэщыбг хъууэ псори зэбгрыкIыжа нэужьщ.



**ЯПЭ IЫХЬЭ**

КIэртIофыр Iузыш тракторыр къыщыгувэм, нартыху хэзыш машинэ блэжхэм ящыщ зым зридзэри, Беслъэн хьэмымкIэ иунэтIащ. Бжьэ къэпщIауэ абы щызэрызехьэрт цIыхур: кIэртIоф зэхэдз къыдаша ныбжьыщIэхэм я дыхьэшх, зэрыгъэкIий макъымрэ хьэмым зэпымыууэ къытелъадэ-тежыж автомашинэхэм я макъымрэ зэхыхьэжауэ, ихъуреягъыр Iэуэлъауэшхуэт. Беслъэн зыпэплъэ «Беларусыр» хьэмыбгъум пэмыжыжьэу щытт, трактористыр епэщэщу.

– Сыт, Хьэбыж, и лажьэр? – бгъэдохьэ абы Беслъэн.

– Уэрей, прицепым и шэрхъыр пщэхам.

– НтIэ, зыгуэр нэпIуэхуам хъуртэкъэ?

– Сэ езыр сыпэлъэщынущ. ПсынщIэу зэфIэзгъэкIын си гугъати...

Махуэм зэхуэдитI ирищIыкIат. ШэджагъуашхЭ зыщIа еджакIуэ гуп хьэмым къытекIауэ гъуэгу Iуфэм Iутт, къакъэ-пщIыпщIу.

– Алыхь-алыхь! Сабийхэм маршынэр ирахужьащ!

Беслъэн къызэплъэкIмэ, бжьэпэмкIэ ежьа «ГАЗ-53»-мкIэ мажэ зы лIы пIащэ. ЦIыхубз гужьеям и макъыр щызэхахым, хьэмым къызэрыдох балигъхэри еджакIуэхэри. Къэхъуар къыгурымыIуэу зы меданкIэ Iэнкунауэ, и лъэ къызэрихькIэ Беслъэн щIопхъуэ зи кабинэм щIалэ цIыкIуитI къилъу илъэгъуа машинэмкIэ. ЛIы пIащэр къызэренэкI, машинэм и лъакъуэ тегъэувапIэ-итIысхьэпIэм допкIей, кабинэбжэр Iуех, зредзэри, джабэм иригъэзыха къудейуэ, гулъэфым тоувэ...

Рулыр зыIыгъа щIалэ цIыкIур, илъэс пщыкIуз-пщыкIутI и ныбжьыну хъунт, апхуэдизкIэ гужьеяти, псалъэ къыхужьэдэшыртэкъым.

Гъуэгу егъэзыхыгъуэм щыщIидзэ дыдэм къыщагъэувыIа машинэм къежэлIат хьэмым дэтам и нэхъыбэр.

– Тхьэ, Беслъэн мыхъуамэ, иукIатэм щIалэ цIыкIур!

– Тхьэ, шофёрыр зи пIащагъ абы лъэщIыхьэну къыщIэмыкIынт.

– IункIыбзэIухыр Iулъу къэбгъанэ хъун, мы еIуящIэ цIырушыру къомыр мыбдей тету? Iейуэ бэлэрыгъащ Хьэжкъасым.

ЩIалэ цIыкIур кабинэм къизышыжа Беслъэн псори къеплъырт, я нэр къытраубыдауэ. НыбжьыщIэхэр губгъуэм къыдэзыша егъэджакIуэхэр къыбгъэдыхьэурэ фIыщIэ къыхуащIырт, нэхъыжьыIуэхэм и Iэр къаубыдурэ къехъуэхъурт. Беслъэн, укIытати, абыхэм я нэгум щIагъуэу иплъэфтэкъым, «ягъэ кIакъым, сыт-тIэ абы щхьа», жиIэ мыхъумэ. ИтIанэ «мы щIалэ цIыкIум и гур фIы хуэфщI, фемышхыдэ», жери зи шэрхъыр пщэха тракторымкIэ иунэтIыжащ, зы заулрэ щытауэ. Гу лъитакъым армыхъу, джабэ егъэзыхыгъуэм къыщызэхуэжэса егъэджакIуэхэм зы бзылъхугъэ ныбжьыщIэ яхэтащ, Беслъэн а щIыпIэм къыIуигъэзыкIыжыху и нэр къытримыгъэкIыу къеплъауэ. Ауэ къыбгъэдыхьакъым, и Iэр къиубыдыну, фIыщIэ къыхуищIыну, псалъэ гуапэ къыжриIэну, сыт хуэдизу и нэ къимыкIми.

... КIыфI мыхъупэу унэм щIыхьэжа Беслъэн и анэм, Хьэжыгуащэ, къыIэщIелъхьэ тхылъымпIэ кIапэ:

– Мыр пощтзехьэм къихьащ. Военкоматым къикIыу аращ жиIар.

«Зыхуейр сыт мыхэри? – тхылъымпIэм ней-нейуэ еплъащ щIалэр. – Армэм сыкъызэрикIыжрэ мащIэ щIа? Иджыпсту военкомат си Iуэху сэ? Нартыхури кIэртIофри ныкъуэIухыжщ ...»

– Iейуэ уезэшаифи, – тхылъымпIэм итым нэкIэирижэ и къуэм еплъащ Хьэжыгуащэ, – шэджагъуашхэ пщIагъэнкъым аргуэру.

– Хьэуэ, сышхащ, – пцIы иупсащ Беслъэн.

– Тхьэ, уэ пшхаи щыIэу къыщIэмыкIын. Уи нэхэр къолэл. НакIуэ пщэфIапIэмкIэ.

– Сыт щыIэр хьэзыру?

– Псыхьэлывэ пхухэздзэнщ.

– Уо-о, уэрей, мис ар хъунум...

И пщыхьэщхьэшхэр зэрызэфIэкIыу, Беслъэн и пхъуантэр шифонерыщхьэм кърехьэх, военнэ билетыр къыдихыну. Куэд щIауэ къищтэжатэкъым абы и документхэр зыдэлъыр. Документхэм я закъуэ, дзэ къулыкъум кърихa альбом Iувышхуэри щихъумэрт и пхъуантэм. Альбомыр къыщищтэм, абы и нэр хуэзащ пхъуантэ лъащIэм щIэлъ конвертым. Дапщэрэ, я нэхъ мащIэрамэ, зы щэ никъуэрэ щIиджыкIагъэнт абы дэлъ тетрадь напэм итыр. Ауэ, пэжщ, иужь илъэс зыщыплIым къищтатэкъым ар. Абы итыр фIыуэ ищIэ пэтми, письмор къыдехри зегъэукIурий: «Беслъэн, къохъусыж! Мы письмом итым уемыджэу зэфIэптхъыжми схуэфащэщ, зы мастэкIэ усхуэгъэкъуэншэнукъым. Укъыщысыжыну махуэр къысхуэмыгъэсу, сэ сытым хуэдэу си нэ къикIрэт услъагъуну! ИгъащIэкIэ си фIэщ хъунтэкъым уэрэ сэрэ ди лъагъуныгъэм зэран къыхуэхъуфын гуэр къыкъуэкIыну. Уэ, дауи, жыпIэну хъунщ: «ФIыуэ сыкъэплъагъумэ, щхьэ укъызэмыжьарэ?» СлъэкI къэзгъэнакъым, ауэ си адэми си дэлъхуитIми сапэлъэщакъым. Си дэлъхухэм зыгуэрурэ сафIэкIынт, ауэ си адэрщ Iэмал зыхуэзмыгъуэтар... Си Iуэхур зэрыхъуаращ... Школым сыщыщIэсым щыгъуэ си ужь Iэджэрэ итащ ар – Мурид – боцIыху, Дохъушыкъуей щыщщ. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым сымыщIэххэу сихьащ. СакъыфIэкIуэжащ, я дейхэри, я гъунэгъу

фызхэри къыскIэрыщIауэ. Зэман дэкIри, етIуанэу лъэщыгъэкIэ сихьащ. Аргуэрым сакъыфIэкIуэжащ. Клубым индийскэ кино деплъауэ дыкъикIыжу, тхьэ, ещанэ гуэру срехьэжьэм. Абы щыгъуэ сэ зы къаугъэ къэсIэтати!.. ИтIанэ си адэм ниIуэхуащ: «Щхьэр щIигъэузыр сыт, си напэ техыныр абы и пщэ къина?! Жылэм цIейнэпейкIэ дахигъэIуэну ара? Унагъуэ здашар унагъуэфIщ, къэкIуэжыну хуежьэми ди пщIантIэ лъэмбытI къызэрыдезмыгъэчэнур хьэкъыу зыпхрырегъэкI», – жери... ЖэщитIкIэ сымыжейуэ икIи сахуэмышхэу лэгъунэм сыщIэсащ си закъуэпцIий, сыпыхьэу. Беслъэн, сыт мыгъуэр си Iэмалт... Си адэр уэ боцIыху, къуажэ ефэндыщ, цIыху ткIийщ, игъащIэм и зы бын дыпэпсэлъэжакъым. УзыфIэфIырамэ, си адэми седэIунутэкъым, ауэ а ещанэу сыщахьам си адэ къуэшри, си анэм и нысэгъури, Мурид и шыпхъухэри къыстезэрыгуэри сагъэбэуакъым... Инықъуэми сыкъытехьэрт, «Тхьэ зызмыукIыжрэ», жысIэу, иныкъуэми сыщIэпхъуэу дэнэми зыщIыпIэ сыкIуэну – е Москва, е нэгъуэщI щIыпIэ. Апхуэдэу сщIэнуи къыщэкIынт, ди анэращ къыщIэзгъэнар. Си нэгу къыщIэзгъэхьащ ар абы зэрыхуэмыхьынур. НтIэ, япэм мызэ-мытIэу бжесIащ, бощIэж: мамэ и гур мэуз. СыздэкIуэри сыздэжэри имыщIэу сежьамэ, абы къелыну-тэкъым.

Апхуэдэу хъуащ си Iуэхур. Беслъэн, сщIэркъым дяпэкIэ си гъащIэр зэрыхъунур, ауэ нэгъуэщI фIыуэ зэрысхуэмылъагъунур си фIэщ мэхъу. Ар жесIащ сызышами. Уэ ущIалэфIщ, Беслъэн. Сэ нэхърэ нэхъыфIи нэхъ дахи дэсщ ди къуажэм. Сэ си насыпыр къутащ, ауэ уэ Тхьэм насыпыфIэ уищI. Уигу къызумыгъабгъэ, ди лъагъуныгъэ къабзэр зыкъутахэм сазэрыпэмылъэщам щхьэкIэ. Узыншэу. Iэсят».



* * *

Нартыху пасэр пыупщIын яухауэ, бригадэ унэ бжэIупэм Iут тетIысхьэпIэм щIалэхэр тест, уэршэру. Дунейр есыж жыпIэну пщтырт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуами, хуабэр тIысыжыртэкъым. Уэмт. ЖьауапIэм щIэс механизаторхэм гукъыдэжыфI яIэт. ЯIэнтэкъэ, я нэхъ мащIэрамэ, зы махуитху хуэдизкIэ унэм дэсыну ягъуэтат Iэмал: я щхьэ Iуэху зэрахуэну, я унагъуэ исыжыну. Адрей хьэсэм ухыхьэну пасэт иджыри.

– НтIэ, нобэкIэ къэдухащ жывоIэ, – унэм къыщIэкIри щIалэхэм къабгъэдыхьащ я бригадирыр.

– Уэрей, къэдухам,– жэуап ирет абы Беслъэн, – къакIуэ, Бухъарид, къэтIыс.

Бригадирыр етIысэхри, щIалэхэм яхэплъащ:

– Махуэ зыплIытху дызэрыдэсынум дыгъэри тIэкIу нэхъ къэщэбэну къыщIэкIынщ, армыхъу... тхьэ соIуэ, ди фэр ирехым.

– Уэрей, Бухъарид, а хуабэм зыгуэрурэ дыкъелынтэм, ауэ нартыхупкъэр зывэнухэращ гугъу ехьынур, – къопсалъэ щIалэхэм ящыщ зы. – ЩIыр мывэ тыкъырщ.

– Ари пэжщ, ауэ ди «КировецитIым» дащогугъ дыкъамыгъэщIэхъуну. Нэгъабэ, фощIэж, ди агрономыр къытщыхьэри, абы и зэранкIэ тракторитIри гъунэгъу бригадэм тфIакъутащ. Мы гъэм си Iуэхущ нэбгъузкIэ тезгъаплъэм. Председателым дыгъуасэ жесIащ хьэхуу зэрызмытынур.

– НтIэ, сыт къыбжиIар?

– Ар хъурэ, дыхуей хъумэ, ди гъунэгъу къуажэм дебгъэлъэIунутIэ? – жери аращ къыспидзыжар. Сэри сыхутечакъым. ИтIанэ, сытми, «хъунщ, зыгуэр къэдгупсысынщ», жери, дызэIэпыкIащ.

– Уэ ар къомыдаIуэу хъурэ, – къэпсэлъащ зы комбайнер, – фщIэжыркъэ, выборым щыгъуэ кандидату тIу къыщагъэлъэгъуам, укъэпсалъэу «Хъалид колхоз председателыфI хъуну къысщохъу», щыжыпIэм, район унафэщIми клубым щызэхуэсахэм и нэхъыбэми къыбдаIыгъри...

– Аракъым Iуэхур здэщыIэр, – еплъэкIащ абы дежкIэ Бухъарид, – бригадэмрэ колхоз правленэмрэ дяку дэлъ договорымкIэ, ди техникэмкIэ дэращ жэуап зыхьыр. Ар фощIэ. Зыгуэр къащыщIмэ, колхоз кассэм щхьэхуэу илъ ди ахъшэмкIэ зэдгъэпэщыжын хуейщ. Нэгъабэ ди гъунэгъу бригадэм щытфIакъутам тхурамыгъэщIыжу бэлыхьу дэсшэчар сыт хуэдиз. Ар щыгъупща уи гугъэу ара Хъалид?

– Ди гъунэгъухэм зы «Кировец» хьэдэжь яIэу арщ. Агрономыр аргуэру къытщымыхьэну пIэрэ, нэгъабэ ещхьу?

– Хуейми къытщрехьэ. Iэмал имыIэмэ, договоркIэ еттынщ, а зэрылэжьам къыпэкIуэр бригадэм дыдейуэ. Ауэ нартыху пасэ зытелъар вэн духмэ, тракторхэр едмыту, абы теситIыр дгъакIуэми хъунущ. Зыгуэр къалэжьынщ, зи мыхъуми.

– Уэрей, мис ар нэхъыфIым!

Гупыр щым щыхъум, Бухъарид и дэIэпыкъуэгъум зыхуегъазэ:

– Беслъэн, нтIэ, дызэрызэгурыIуам тету, нэху укъызэрекIыу элеваторым уокIуэ. Абы и директорыр лIы хъарзынэщ, укъигъэпщIэн хуейкъым. Зыкъом щIауэ соцIыху.

– Нартыхур элеваторым фшэну ара? – щIоупщIэ зы щIалэ.

– Аращ ди мурадыр. Нартыху пасэм щыщу колхозым лъысыр еттакIэщ, адрейр дыдейщ. Гъэ кIуам пуду идгъэкIри, ди Iэпэм дедзэкъэжащ. Иджы тщэнукъым, и уасэ къэмыкIуауэ.

– БжьыхьэсэзэредгъэкIуэкIыну жылапхъэ къызэрытщэхун диIэмэ...

– Сыт щIыдимыIэр? ДиIэщ.

– Уэрей, иджыпсту ахъшэ нэхъыбэIуэ къытIэрыхьэми мызэрант. Школ щIэтIысхьэжыгъуэр къэсащ, сабийхэр зымыхуэпа къытхэтщ.

– НтIэ, зиунагъуэрэ! Махуэ зы-тIу нэхъ дэмыкIыу къытIэрыхьэнущ колхозым еттам и уасэр. Хъарзынэу, я кассэр ахъшэншэкъым. Дыгъуасэ председателым къызжиIащ ар. «Дрикъунукъым» жыфIэрэ, бригадэм зэхуэтхьэс комбайн уасэм къыхэтхынщи, иужькIэ, гъатхэм нартыхур тщэмэ, хэтлъхьэжынщ. Учётчикым жефIэмэ, фхуитхынщ аванс. Дэнэ щыIэ ар езыр, слъагъуркъыми?

– Модэ псыIэрышэмкIэ иунэтIауэ слъэгъуащ, иджыпсту сыкъеджэнщ, – къотэдж Беслъэн.

Здежьам нэмыс щIыкIэ, пхъэ гъур къишэну мэз кIуэ шыгу гуэрым къокI хъумакIуэр.

– Мыр сыт, ТIэхьир, нобэ укъепэсэуаи?

«Iыхьсыхь» жиIэу гум къеувэха лIы тыкъыр цIыкIум и Iэр къеший:

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, Беслъэн, сыдозэшыхьым, ей. Фэ сыфхэтмэ, сыкъэщIэлэжауэ къысщохъум, узыхуейрамэ.

– Тэмэмщ, тэмэм.

ПсыIэрышэ Iуфэм Iус учётчикыр къраджэжри, щыри тохьэж пщыIэм.

– Уо-о, къеблагъэ, Шагъыр! – тIысыпIэ кIапэм пыс щIалэм мащIэу зыкъытреIэтыкI.

– Сэ сы-Шагъыркъым, ТIэхьирщ си цIэр, щхьэгъум! Уэ пэшыницIэм дапщэрэ бжесIэну ар?

ЩIалэхэр ину зэщIэдыхьэшхащ.

– Уей, сымыщIэ, зэрысщIэжрэ псоми «Шагъыр» жаIэ...

– Уэ пхуэдэ хабзэмыщIэхэращ жызыIэр. Мес, Бухъариди Беслъэни зэи я жьэ къыжьэдэкIыркъыми-тIэ?

– Уэ ущыщымысым дей псоми...

– Хъунщ, иджы фи хъурджэуэныр къэвгъанэ, кхъа, – къопсалъэ Бухъарид.

Абдежым зы щIалэ нэкIуплъ хъумакIуэм дежкIэ къоплъэкIри, мафIэр нэхъри зэщIегъэст:

– Уэлей, ТIэхьир, сымыщIэ а цIэр щIумыдэр. Шагъыр тIэкIур зэи уи хьэрэму щытакъым уэ.

– Уэ алаушыным дэнэ щыпщIэр си хьэрэмрэ симыхьэрэмрэ? Зыкъом щIауэ зыIуслъхьэжырIым аркъэи винои.

– Пэжщ, – жеIэ Бухъарид, – ТIэхьир фадэр хыфIидзэжащ. Гъатхэ лъандэрэ ткIуэпс ефакъым.

– Уэрей, хыфIимыдзэжам нэхъыфIтэм. Зи мыхъуми, фыз тIэкIу къишэну нэхъ тегушхуэнт.

– Си щхьэр къысхуумыгъавэ! Фадэ сызэремыфэм щхьэкIэ сыкъанэрэ сэ? Хъун хуэдэ згъуэтырIыми аращ.

– ЛIо, а физищ уиIам хъуну зы яхэмытауэ жыпIэну ара?

– Аращ. Яхэтамэ, изгъэкIыжрэт!

– Уэрмырауэ пIэрэ мыхъуар?

– Тхьэ уи къэвэбжэр зэIупхауэ сыбгъэбампIэрэ? Мыбдей уи дзэлыфэр птIыуэ ущыс нэхърэ бэзэрым тес а уи физ шхужьыгуэ зэхэцIэлам тIэкIу укIэлъыплъам нэхъыфIт. А и нэ топхэр щIалэхэм яхуимыгъэджэгуу узиIэ абы?

Щысу хъуар аргуэру ину зэщIэдыхьэшхащ.

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, иджырей сондэджэр физхэм ахъшэ щхьа къыпхуамыщIэн щымыIэ!

Беслъэн ТIэхьир хуеплъэкIащ. Джэдгыныфэу щыта и джэлэфеймрэ и фурашкIэ гъуабжафэ-кхъуэщыныфэмрэ езым нэхърэ мынэхъыжьмэ, нэхъыщIэу къыщIэкIынтэкъым. И пэ псыгъуэ кIыхьыр, дунейр къызэрызэIыхьэу сыт щыгъуи пэпс къызыпыжыр, щIэх-щIэхыурэ дрилъэфейуэ къыхуинат хьэл мыгъуэу. И жьакIэ ныкъуэтхъури зэзэмызэт щиупсыр. И нэкIу плъыжьыр плъагъумэ, фадафэ гуащIэу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым. ЩыщIыIи щыхуаби зэпымыууэ щыгъ и кIагуэ тецIуукIыр иужьу щагъэкъэбзар езыми ищIэжу къыщIэкIынутэкъым. И нэ сэмэгур зэпымыууэ щIиукъуанцIэу, и лъакъуэ сэмэгумкIэ хэпщIыкIыу ещIэкъуауэу апхуэдэт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI зэрыхъуу, ар къакIуэрт бригадэ пщыIэм – абы тет тракторхэр, комбайнхэр, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр нэху щыху ихъумэну и пщэрылъу. ГъэщIэгъуэныракъэ, зы илъэс пщыкIутху хуэдэ хъуауэ ецIыху ар Беслъэни, абы лъандэрэ зы мастэкIэ зихъуэжауэ къыхуэщIэркъым.

– Догуэт зэ, ТIэхьир, – Бухъарид къотэджри хъумакIуэм бгъэдохьэ, – пщIэжрэ гъатхэм зэдухылIауэ щытар?

– Гъатхэми? Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, сымыщIэж.

– Мы бжьыхьэ дызыхуэкIуэм Беслъэнрэ уэрэ къэфшэну дызэгурыIуат.

– Ы-м, ар... абы щыгъуэ тIэкIу сеIубауэ «хъунщ» жызбгъэIат. Абырэ нобэрэ къизэхуакум зы стэчан згъэщIеякъым. Сэ сыт, жьы сыхъуащ, мес, Беслъэн кърырешэ. Абы и пIэм ситами! Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, жэщ здэхъум фIэзмыгъэкIынт. СщIэркъым къыщIимышэр. Мо Мухьэжид хуэдэу къэвэрейIым, щIалэ зэтесщ, и Iэпэр зыхуишийр къыдэкIуэнущ. Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, сэ унэидзыхьэ сыныбдэкIуэнкIэ, Беслъэн.

Гупыр аргуэру къыщиудащ.

– Уэрей, ТIэхьир, уи жьыщхьэ Беслъэн щIыгъуу унэидзыхьэ укIуэмэ, хъыджэбзыр щтэнщи щIэпхъуэжынмэ! – мэдыхьэшх механизатор лIы курытхэм ящыщ.

– Си щхьэр къысхуумыгъавэ! Уэ нэхърэ сызэрынэхъыжь щыIэкъым сэ, пенсэм иджыри ровну илъэсищ сиIэщ.

Гупыр зэрызэтесабырэу, бригадирыр къотэджыж:

– Хъунщ иджы, дызэбгрывгъэкIыж. Беслъэн, хьэмым кIуэи зы грузовой маршынэ къэху, дызэбгришыжыну.

* * *

Бухъарид зэрыжиIам хуэдэу, Беслъэн элеваторым кIуэщ, Iуэхур зэфIигъэкIри, шэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ къыдэлъэдэжащ и унэ. И анэмрэ я гъунэгъу фызымрэ дей щIагъым щIэст уэршэру. И «Нива»-р гуэщым щIигъэлъэда нэужь, щыгъын тIорысэкIэ зыкъиихуапэри, хадапхэм кIуэцIрыкIащ, абыкIэ иж псыIэрышэм зыхидзэн и гугъэу. АрщхьэкIэ щIегъуэжащ, пхъэнкIий къом къыхакIутауэ кърихьэхыу щилъагъум.

ПщIантIэ кIуэцIми хадэми щыпщIэн гъунэжт, ауэ дунейр апхуэдизкIэ пщтырти, уIэбэну, улъэбэну къохьэлъэкIырт.

– Сэ псыхъуэмкIэ сокIуэ, мамэ, – и анэм хуеплъэкIри куэбжэ цIыкIумкIэ иунэтIащ Беслъэн.

– ТIэкIу уемыдзэкъауи? – къыкIэлъопсалъэ и къуэм Хьэжыгуащэ.

– Элеваторым я столовэм сыщышхащ.

... Псыхъуэм инри цIыкIури дэзт. И закъуэу псы Iуфэм Iулъым нэхъ къищтэри, ищхъэрэкIэ иригъэзыхщ, Шэрэджыпсыр тIууэ щызэгуэж щIыпIэхэм ящыщ зым нэсщ, нэхъ тепхъэмкIэ икIри пситI зэхуаку ныджэм деж зыщитIэщIащ.

Дунейр исыжми, псыр щIыIэфIт. Зэ-тIэу нэхъ зыхимыдзэу, Беслъэн пшахъуэм хэгъуэлъхьащ, джанэр и нэкIум триубгъуэри...

Армэ нэужьым Беслъэн и Iуэхур къекIуэкIат хъарзынэурэ. Университетыр инженер IэщIагъэр иIэу къиухри, бригадирым техникэмкIэ и дэIэпыкъуэгъу къулыкъур къыхуагъэфэщауэ, илъэситI хъуауэ лажьэрт. Апхуэдэ IэнатIэ къызэрылъагъэсари зи фIыщIэр Бухъаридт, «сэ къызэфт а щIалэр, и адэр, Мусэбий, псоми фIыуэ фцIыхуу щытащ, абы лIы къищIыкIынущ», жери. А илъэситIым къриубыдэу Беслъэн зригъэсат губгъуэ лэжьыгъэ псоми: щIыр ивэфу, жылэ трисэфу, гъавэр Iуихыжыфу. Механизаторхэм ящыщ щхьэусыгъуэ гуэркIэ губгъуэм къыдэмыкIамэ, абы и пIэкIэ тракторым е комбайным шэсырт. ФIыуэ зыхимыщIыкI, къыхуэмыгъэIурыщIэ техникэ бригадэ пщыIэм теттэкъым.

И Iуэхур хъарзынэт, ауэ... ауэ иIэт и закъуэ къанэмэ гупсэхугъуэ къезымыт зы гупсысэ-гукъеуэ. А гукъеуэр иджыри къэс къызэримышарт. Унагъуэ ис и шыпхъуитIыр и дыщ къэкIуэжамэ, и фэр ирахырт «къыщыпшэнур дапщэщ?» жаIэурэ. Мес, къыдеджахэм, Мухьэдин фIэкIа къэмынэу, псори унагъуэ хъужащ. Уеблэмэ школым кIуэ сабий

яIэт и нэхъыбэм. Мухьэдин къыщIимышэм щхьэусыгъуэ иIэт. Игу ирихьа пщащэр къратын ядакъым. Япэу зи ужь ихьа хъыджэбзым и адэр министрти, тхьэм ещIэ, бригадирым и къуэр благъэ ищIыну и щхьэ хуимыгъэфэщарэ. Ар щымыхъум, нэгъуэщI хъыджэбз кърихьэжьащ. АрщхьэкIэ абыи и насып хэмылъу къыщIэкIащ: район прокурорым и пхъур унагъуэм кърапэсакъым. Къулыкъушхуэ зыIыгъхэм япхъухэм Мухьэдин щIызыпишэр къыгурыIуэртэкъым Беслъэн. А тIур, школым щыщIэсым зэныбжьэгъуу щытами, иужь илъэсхэм апхуэдэ IэфIагъ яку дэлъыжтэкъым. Щызэхуэзэхэми я гурылъкIэ зэдэгуэшэжыртэкъым. Нэхъапэхэм хуэдэу, зыщIыпIи зэщIыгъуу кIуэжыртэкъым. Ар нэгъуэщI Мухьэдин хъуат. И адэм и хьэтыркIэ колхоз комсомол комитетым и секретару хахауэ, и пэшым щIэст, илэжь щымыIэу. Беслъэн зэхихат ар куэзыркIэ ахъшэ зэрыджэгур, езым хуэдэу лэжьэн зи жагъуэ гуп пэшэгъу хуэхъуауэ...

Беслъэн и нэгу къыщIыхьэжащ япэ дыдэу Iэсят щилъэгъуауэ щытар.

Абы щыгъуэ ар епщIанэ классым щIэст. Щилъэгъуари псыхъуэрт. Иджы хуэдэу гъэмахуэ цIывыгъуэу, и ныбжьэгъу щIалэ цIыкIу зыщыплI хъууэ Шэрэдж Iуфэ Iулъу, псыхъуэм къыдохьэ хъыджэбз цIыкIу гуп, ебланэ, еянэ классхэм щIэсу хуэбгъэфэщэну. Мо щIалэхэр щалъагъум, хъыджэбз цIыкIухэр лъэбакъуищэ хуэдизынкIэ йокIуэтэхри абдеж щотIысэх. Беслъэн нэкIэ абыхэм къахеубыдыкI зы хъыджэбз цIыкIу, и гъусэхэм къахэлыдыкIыу – и нэкIукIэ лъагъугъуафIэрэ езыри зэкIужу. Псом хуэмыдэу и зекIуэкIэрат дэзыхьэхар. Адрейхэм хуэдэу дэлъей-дэпкIейуэ щымыту, щIыкIафIэу бакъуэу... Къакъэ-пщIыпщIу псы щIыIэм зыхэзыдзэ-къыхэжыжхэм еплъу, зэзэмызэ пыгуфIыкIыу щыса мыхъумэ, ар псым хыхьакъым. Япэмыжыжьэу щIалэ танэ гуп зэрыщысым щхьэкIэ зитIэщIын укIыта къыщIэкIынт.

А зэм фIэкIа хъыджэбзыр псыхъуэм къыдыхьауэ илъэгъуакъым Беслъэн, гъэмахуэр икIыхункIэ езыр махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу кIуа пэтми. И гур зытхьэкъуам и цIэри зейри ищIэртэкъым. Ар щеджэр нэгъуэщI школу къыщIэкIынт. Апхуэдэурэ здекIуэкIым, бжьыхьэу, индийскэ кино клубым къашауэ, абы зэрымыщIэкIэ къыщелъагъу. ЩIоупщIэ, хэтми зрегъащIэри, Мухьэдин и саулыкъукIэ зэроцIыху, зэхуэзэу щIадзэ...

АпхуэдизкIэ я гур зэкIэрыпщIат а тIуми, Беслъэн игъащIэкIэ и фIэщ хъунтэкъым ар нэгъуэщIым дэкIуэну. Еплъ иджы, илъэсибл мэхъу абы лъандэри, иджыри къыздэсым нэгъуэщI хъыджэбз епсэлъакъым. ЕпсэлъакIэ епсэлъащ, университетым щыщIэса илъэситхум къриубыдэу пщащэ зыбжанэм ядэгушыIащ, ауэ и гур зыкIэрыпщIэн, хьэщыкъ зыщIын къахэкIакъым. Илъэсибл... Абы лъандэрэ илъэгъуакъым Iэсят, здашар я гъунэгъу жылэра пэт. Дэнэ щилъагъун? Армэм къикIыжу, ар зэрыдэкIуар къищIа нэужь, «уэрамым сыщыхуэзэми, сеплъэкIынкъым» игукIэ жиIэу щытами, иджы идэнут илъагъуми. Уеблэмэ и нэ къикIырт. ГъэщIэгъуэнщ, сыт и псэукIэу пIэрэ? КъыхуэцIыхужыну пIэрэ?

* * *

КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, мыгувэу паупщIын зыщIадзэну нартыхум и хъуреягъыр къызэхажыхьу, Бухъаридрэ Беслъэнрэ яIуоуэ чы-бжэгъу мэзым къизыш лIым. Абы и шыдыгу шэрхъ лъэныкъуэр нар-

тыхум къыбгъурылъ помидор хьэсэм хэтт, ибгъу сатырыр лъэрыщIыкI ищIу.

– КъэгъэувыIэт, Беслъэн!

Бухъарид машинэм къокIри, сэлам-чэлами хэмыту, шыдыгум исым йохъурджауэ:

– Е уанэ мыгъуэ тезымылъхьэн, помидорыр зэрызэхэбутэр умылъагъуу ара, Мухьэз?

«Дырр-ррр»! – къегъэувыIэ шыдыгур зейм:

– Бэлыхь хъуати, помидор зытхух сытеувамэ. Апхуэдэ Iэджэ йофыхьыж, яхузэщIэмыкъуэжу.

– Уэлэхьи, Мухьэз, мыр хэзысахэм е Iузыхыжхэм уахэтамэ, си Iуэхутэм апхуэдэу Iисраф пщIымэ. Я бгыр гъэшарэ дыгъэ къэракъэм хэту, мыбы цIыхубзхэр гугъу зэрыдехьар умыщIэу ара?

– Уа, Бухъарид, уи щхьэ мыузым боз къыщIепшэкIыр сыт? Мы хьэсэр зейр уэракъым, ЛатIифщ.

– А зиунагъуэрэ, хэт еймы аракъэ, щIызыхэбутэнур сыт? ЦIыхум яIухуэмэ нэхъыфIкъэ? ЕмыкIущ, емыкIу...

– А сэ къыздэплъэгъуам нэхъ емыкIу умыщIэу уэ дунейм тет, Бухъарид! Сыт емыкIу злэжьыр? ЖыIэт!

– «Но-о!» – и чы къуэрагъымкIэ шыдым хэуэри ежьэжащ шыдыгум исыр.

– Ей, а Сталин ямыдэжыр къэзгъэтэджыжарэт нобэ! – и щхьэ хужиIэжми, Беслъэн къыжриIэми умыщIэу, шхыдэрт Бухъарид, машинэм къитIысхьэжауэ къыздэкIуэжым. – Уэлэхьи, щымышхэм ущигъэтIэхъуэнтэм. Иджы сыт, перестройкэ, жари, зэрыщыту къагъэубэлэцащ, кърикIуэнури Тхьэм ещIэ.



Абы и ужькIэ къуажэм къыдэлъэдэжыху щымащ Бухъарид. Я пщIантIэ щыIуишэжым, и нэгур тIэкIу нэхъ зэлъыIукIауэ фэ ириплъри, Беслъэн абы хуеплъэкIащ:

– НтIэ, пщэдей жыыуэ щIыдодзэ.

– Тхьэм жиIэм, нэху здэщым дыхохьэ. Насып диIэмэ, уэлбанэ къыттехъуэнкъым. Къешхыныфи теткъым. Ди комбайнитIри хьэзырщ, цIыхури аращ. Беслъэн, укIуэжмэ, зи унэ телефон щIэтым иджыри зэ ягу къэбгъэкIыжынщ, телефон зимыIэм, кхъыIэ, я дей уIухьэурэ яжеIэ пшэплъ къызэрищIу хьэсэм дызэрыхыхьэнур.

– Умыгузавэ, псоми езгъэщIэнщ хъыбар.

* * *

ШэджагъуэхуегъэзэкI хъуат. Нартыхур пызыупщI комбайнитIым я зым жагъын къыщищтэм, Беслъэн абы и хущхъуэгъуэр къигъуэтри иригъэжьэжауэ хьэсэпэм къыщыIулъэдэжым, гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми къагъэсэбэпу къуажэм яIэ автобус цIыкIур къыIуолъадэри, къакъэпщIыпщIу щIалэгъуалэ зыхыбл къокI. Сэлам-чэламыр зэфIэкIа нэужь, я нэхъыжьыр, самодеятельностым и унафэщI Зубер, Бухъарид къоупщI:

– Сыт щыгъуэ щIалэхэр къыщыхэкIыжынур?

– А-а! Концерт девгъэплъынуращ фэ, дауи. Зы сыхьэт нықъуэ хуэдэкIэ псори мыбдей къесылIэжынущ шэджагъуашхэ.

ИтIанэ пщыIэмкIэ маджэ:

– СэIимэт, ди хьэщIэхэр тIэкIу егъэдзакъэт!

Клуб тхьэмадэм ар имыдэу:

– Хьэуэ, Бухъарид, дэ...

– Сыт «хьэуэ» жыхуэпIэр? Фэ фышхэу фыкъежьауэ жумыIэ. ФыкъызэрыкIуэнур ящIэ хуэдэ, нобэ гъуэмылэр хъушэу къытхуашащ. Ди щIалэхэр къызэхуэсыжрэ тIысмэ, шхэхукIэ, фи концертми деплъынщ. Беслъэн, уэ ди хьэщIэхэм ядыщыс...

Iэнэм къетIысэкIахэм зы медан ягъэувыIэртэкъым я жьэр. ЗэрымэжэлIар бэяну, ерыскъыр ирагъэмэрэкIуэхырт яфIэфоупсу. Ауэ зы хъыджэбз яхэст, едзэпыIэ мыхъумэ, ишх щымыIэу.

– Уэ сыт, ди шыпхъу, ущIыхэмыIэбэр, – йоплъэкI абы дежкIэ Беслъэн, – ди ерыскъыр уигу иримыхьу ара?

– Ар щышхэ хабзэр концерт нэужьырщ. Иджыпсту шхэмэ, уэрэд хужыIэжынукъым, – къопсалъэ зы щIалэ, – ауэ концертыр иухмэ, пэжалустэ, зы мэл хутелъхьи, и пIэ къригъэкIынукъым.

Абы къыбгъурысищыр къокъуэлъыкI.

– Уа, Фадир, мы хъыджэбзыр щхьэ бгъэукIытэрэ? – къопсалъэ Зубер. – ЕрагъпсэрагъкIэ зыхэтшауэ аращ, имыдэу. Ари, и адэр мыхъуамэ, къытхуэкIуэнутэкъым. Уэрэд дахэу жызыIэф дымыгъуэту гугъу дызэрехьар бощIэ, итIани...

– Хъунщ, хъунщ, сыгушыIауэ аращ.

Хьэсэм къыхэкIыжа щIалэхэм затхьэщIу Iэнэм къетIысэкIа нэужь, художественнэ самодеятельностым хэтхэр къэфащ, уэрэд жаIащ. Автобусым щитIысхьэжым, Бухъарид худрукым зыхуегъазэ:

– Уэлэхьи, псапэ къэфхьам, Зубер. Ди щIалэхэм я гукъыдэжыр къэфIэтащ. Сэри си щIалэгъуэр сигу къэвгъэкIыжаи. КхъыIэ, иджыри фыкъакIуэ. Тхьэ соIуэ, ди бригадэм къылъыс гъавэм щыщ, фыщыгуфIыкIыну, фэттынмэ. Дэ мы гъэм нартыхушхуэ къыдэхъулIащ, зэрыфлъагъущи.

– Ахьейми дыкъэкIуэн. Уэлей, Бухъарид, ари хэмыту дыкъыфхуеблэгъэфынум, ауэ а нартыху жыхуэпIэри лей хъунукъым. Дэ ди улахуэр зэрымыхьэнэншэр уэ пщIэуэ къыщIэкIынщ. Дапщэщ, Бухъарид, дыкъыщыпхуэкIуэнур?

– Хъыбар фэдгъэщIэнщ зы махуэ и пэ иту. ХьэщIэ къытхуэкIуэнкIэ хъуну ягъэхъыбарри, абы фыкърихьэлIэмэ нэхъыфIыжщ. ДызэрыщIэнщ.



### ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

Пщыхьэщхьэшхэр зэрызэфIэкIыу, пщIантIэм тIэкIу щыIэбэлъэба нэужь, Сэнят, зэрихабзэу, и пэшым щIохьэжри школакIуэхэр зэрыригъаджэ тхылъымрэ конспектхэмрэ къещтэ. Къызэгуех, ироплъэ, къызэрегъэдзэкI-нызэрегъэдзэкI, арщхьэкIэ и нэхэр зы сатырми хутеубыдэркъым. Хъыджэбзым и гупсысэр иIыгът губгъуэм щата концертым... Къотэдж, и пхъуантэм доIэбэри, абы щихъумэ дневник Iувышхуэр къегъэIэгъуэ. Сэнят абы иритхэ хабзэт махуэ къызэринэкIам илъэгъуа, зэхиха Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэ зиIэу къилъытэхэр. «Нобэ колхоз губгъуэм дыщыIащ. Б. щIыгъуу зы Iэнэ дыпэрысащ. Ар адрейхэм ещхькъым. КъызэрымыкIуэу щIалэ зэтетщ. Абы и нэгум зы угъурлыгъэ, гуапагъэ кърехри... Си фIэщ хъуркъым абы игъащIэм мыхъумыщIагъэ гуэр жиIауэ, илэжьауэ е цIыхум и жагъуэ ищIауэ. Хэту пIэрэ зи насып къикIыу абы къишэнур?»

Дневникыр зэгуепIэж, егъэтIылъыжри, гъуэлъыпIэм зрегъэщI. И нэхэр зэрызэтрипIэу, аргуэру и нэгу къыщIохьэж ар армэм къыщикIыжа зэманыр. ЩIалэр лъагъунлъагъу къэкIуат и шыпхъум – и адэ къуэшым

ипхъу Индирэ – деж. Абы щыгъуэ ебланэрат зыщIэсар, армэ фащэ екIу зыщыгъ мо щIалэ щхьэпэлъагэм хъыджэбз цIыкIу къомыр еплъырт, хьэщыкъ хуэхъуауэ... Алъандэрэ сыт щIа, илъэсибл мэхъу, щIалэм зыгуэркIэ зихъуэжауи фэ теткъым, кIуэ и щхьэцым тхъугъэ мащIэ хидзащ ахъумэ. ГъэщIэгъуэнщ, сыту пIэрэ иджыри къэс къыщIимышар? Индирэ зэрыжиIэмкIэ, фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзыр къежьакъым. Апхуэдэ щIалэм пэмыплъэфар иджы и Iэпэм емыдзэкъэжу узиIэ...

Я школым къыщыдыхьа махуэм и гум хъуаскIэ къизыдза щIалэр Сэнят щыгъупщэжат хуэм-хуэмурэ. Куэд щIатэкъым къуажэ губгъуэм етIуанэу зэрыщилъагъурэ. Абы щыгъуэ щIалэ цIыкIухэм ирахужьа машинэм кIэлъыщIэпхъуэу къызэригъэувыIар щIэкIат и нэгу. А меданырат, гузэвэгъуэ ятелъу ежэхыпIэм щызэхуэжэса гупым къахыхьэжа щIалэм Iуплъа нэужьт, и гущIэм щыужьыха мафIэр щIэрыщIэу къыщылыдыжар.

* * *

Нышэдибэ дунейр кIагъэпшагъэу щытами, къулъшыкъум щынэблагъэм уафэм и нэгур хуэм-хуэмурэ зэлъыIуихыжу хуежьат. Ебланэм щыщIэдзауэ класс нэхъыжьыIуэхэм щIэсхэр нобэ еджэртэкъым – къуажэ уэрамхэр, губгъуэ пэIущIэм ухуэзышэ гъуэгубгъухэр ягъэкъэбзэну къралъхьат я пщэ. Махуэ зытIущ дэкIмэ колхозым къыхуеблэгъэну хьэщIэшхуэм, Мэзкуу къикIыну космонавтым, екIурэ ещхьу IущIэну я мурадт жылэм и унафэщIхэм. Сэнят иригъаджэ ныбжьыщIэхэр щIыгъуу еунэтI хьэсэпэхъумэм и пщыIэмкIэ – абырэ Бухъарид и нартыху хьэсэ бэгъуамрэ я зэхуаку дэлъ гъуэгу Iуфэр зэщIагъэкъэбзэн хуейт.

ШэджагъуэхуегъэзэкI хъухункIэ щхьэкъэIэт ямыIэу лэжьащ школакIуэхэр. ПхъэнкIийуэ, тхылъымпIэжьу, птулъкIэу, псыпсу – зэхуахьэсар къэпхэм из ящIурэ гъуэгубгъухэм щагъэуващ, тракторым зэрыхишынум хуэдэу. Абы и ужькIэ, гъуэмылэ къыздащтахэр яшхыу здэщысым, напIэзыпIэм жьапщэшхуэ къыкъуэуащ. Дунейри къызэщIэуфIыцIэу хуежьат. «Уэлбанэм сфIыхиубыдэнущ сабийхэр», – къыщылъэтащ Сэнят.

– ИIэ, зызэщIэфкъуи фынежьэ! Уэшх къешхынущ.

Гъуэгу теувэжа къудейуэ «Нива» машинэ къакIэлъосри къоувыIэ. Абы къикIа щIалэм щыIуплъэм, Сэнят Iэнкун къохъу.

– Мыгувэу уэшхышхуэ кърикIутынущ, – къыбгъэдохьэ абы Беслъэн. – Ди бригадэ унэр, мес, гъунэгъущ, фынакIуэ абыкIэ, уэшхым фыхиубыдэнщ. Теужмэ, фынэдгъэсыжынщ зыгуэрурэ.

Бухъарид и гупым я хэщIапIэм Сэнят сымэ нэса къудейуэ арат уэшх ткIуэпс пIащэхэр сабийхэм къатеткIуэу щыщIидзам. «Сыту угъурлыуэ къыдихьэлIат Беслъэн, – унэм хэлъ щхьэгъубжэ цIыкIум къыдэплъу увыжащ Сэнят, еджакIуэхэм я гъуэмылэ намыгъэсар къагъэIэгъуэху. – Ар мыхъуамэ, диуфэнщIатэIэ».

Сабийхэр шхэуэ, къакъэ-пщIыпщIу здэщысым, унэм къыщIохьэ Беслъэн.

– Хъарзынэу зэщIэфкъуащ гъуэгубгъуэр, тхьэразэ къыфхухъу.

Сэнят абы гуапэу еплъащ. Я нэхэр щызэхуэзэм, мащIэу плъыжь къэхъури, и напIэр иридзыхыжащ.

– Тхьэмахуэ кIуам ди пщыIэм щыдвгъэлъэгъуа концертыр ноби си нэгум щIэтщ. Сигу ирихьат уи уэрэдхэр.

Сэнят абы аргуэру къеплъри, мащIэу и Iупэр зэтежащ.

– Уэ школым ущылажьэу ара?
– НтIэ.
– СыткIэ зэребгъаджэр?
– БиологиемкIэ.
– Университетыр къэбухащ, жысIэнущи, усфIэщIалэIуэщ.
– Хьэуэ, еплIанэ курс сыхъуауэ аращ. Заочнэу соджэ.
– Предмет гъэщIэгъуэнщ. Школым сыщыщIэсым сэри сыдихьэхыу щытащ абы. ИужькIэ – астрономием.

Сэнят щIалэм къыхудэплъейри, аргуэру къыпыгуфIыкIащ.

– Сыт, уи фIэщ мыхъуу ара?
– Хьэуэ, сэри... сэри а тIурат нэхъ сфIэгъэщIэгъуэныр.
– Абы щыгъуэ ди гупсысэхэр зэтохуэ.

Хъыджэбзым абы зыри пидзыжакъым.

– Нобэ хъумакIуэм фIэкIа пщыIэм тескъым зыри. Ари мыбы къыпыт пэшым щощхьэукъуэри щIэлъщ. Уэлбанэр теужыху, шей пщтыр тIэкIу къахузэзгъэпэщынщ сабийхэм.

ЩIалэр щыщIэбэкъукIым, Сэнят зэрымыщIэкIэ къыжьэдокI:

– Беслъэн!
– Сыт? – къегъэкIэрэхъуэж щIалэм.
– Сэ зыгуэркIэ... здэщыIэр сыгъэлъагъуи, сэ яхуэсщIынщ шей.
– УнэхъыфIыжщ. Пэжыр жысIэнщи, абыкIэ сыхуэмыхущ. НакIуэ, пщэфIапIэр модэкIэ къыщыт гуэщ цIыкIуращ. Ауэ мы уэшхышхуэм...

Зэ умыпIащIэ, сэ зытебубгъуэн гуэр къыпхущIэсхьэнщ.

– Хьэуэ. Ягъэ кIынкъым...
– Сыт «хьэуэ»? Мы уэшхышхуэм ухэзгъэхьэуи?

Хъыджэбзым жиIэнIауэ хунимыгъэсу, езым щыгъ плащыр зыщихри, абы и плIэм триубгъуащ.

– Умыгузавэ, уэшхри иджыпсту хуэдэу теужынущ.

Пэж дыдэу, сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу, школакIуэ ныбжьыщIэхэр шей ефэу щысыху, уэшхыр увыIэжащ. Уафэм и нэгу зэлъыIуихыжри, дыгъэри къыкъуэплъащ. Мыгувэу пщыIэм къытолъадэ чэтэнымщхьэ зытелъ машинэ, тIысыпIэхэр итуи, я хьэм бажэ къиубыда хуэдэ, гуфIэу ныбжьыщIэхэр йотIысхьэ.

* * *

Сэнят и дневникым иретхэ.

Махуэ кIуахэр угъурлыуэ къысхущIэкIащ. Районом къикIа хьэщIэр си урокым щIэсати, хуабжьу къысщытхъуащ, «зэребгъэкIуэкIари, сабийхэм я жэуапри сигу ирихьащ», жери. Завучыр зыкIэ гуфIэрти! Ауэ псом хуэмыдэу сэ дэрэжэгъуэ къызэзытар Б-щ. Абы и нэгум зы нэхугъэ кърехри! Си фIэщ хъуркъым а щIалэр мыбегъымбару. «Уэшхышхуэм ухэзгъэхьэуи?» жери, пщэфIапIэм сыщыкIуэм езыр уэлбанэм хыхьащ, и плащыр къызитри. «Уи уэрэдхэр сигу ирихьащ», жи. Сэ-щэ? Сэ игу срихьам нэхъыфIт. ГъэщIэгъуэнщ – хэбдзыну зы хэлъкъым а щIалэм – и псэлъэкIи, и зекIуэкIи, и зыхуэпэкIи. Сыту цIыху зэпIэзэрыт. Адрей щIалэ ихъу-ипкIхэм, пIэрэпIарэхэм, зи нэгу мыджылу узэпэзыплъыхьхэм зыкIи гъунэгъуу екIуалIэркъым. Сыщымыуэмэ, зыщIыпIэ щызоцIыху ар. Ауэ дэнэт сыщыхуэзар?

* * *

Бухъарид и бригадэм хэт щIалэхэм закъыдищIу, уафэм и нэщхъри зэхихыжат, нышэдибэ лъандэрэ зэ-тIэу фIэкIа къыкъуэмыплъа дыгъэри гуфIэжу къиуват щхьэщыгум. БжьыхьэкIэ мазэр и кIэм нэблэгъами, дунейр уэфIурэ екIуэкIырт. Гъэмахуэ нэужьым тIэу-щэ фIэкIа уэлбанэу щытатэкъым. Абы и фIыгъэкIи Бухъарид и гупым зэрыщыту зэщIакъуэжат гъавэр. Ари сыт хуэдэ гъавэ! Зылъагъур къехъуапсэу, яфIэтелъыджэу, нартыху кIэчан гъуэжьхэр пIащэрэ хьэлъэу. Губгъуэм илъыр зэрагъэкъабзэрэ мазэ нызэрыхьэсат. Иджы бригадэм и кIэм нигъэсыжырт нартыху зытелъа, мэз пэIущIэм къыбгъурылъ хьэсэр вэныр. Мо уэшх куэд щIауэ зымылъэгъуа щIыр быдэт, ауэ «Кировец» абрагъуэхэм апхуэдэщI я щыпэлъагъутэкъым. Ари нэхъ пасэу яухыфыну щытащ, ауэ Бухъарид и щIалэхэм я нэхъыбэм, къелъэIуурэ, адрей бригадэхэм нартыхур щыпаупщIат, къыпэкIуэр кIэрымыхуIауэ къратыну псалъэ быдэ зэIэпахри. Уеблэмэ гъунэгъу къуажэм щылэжьаи яхэтт – «фи комбайнхэр хьэхуу къыдэвмытмэ, ди гъавэр губгъуэм йокIуэдэж, мы куейм фэр фIэкIа зыуха яхэткъым, кхъыIэ, ди хьэтыр къэфлъагъу», жиIэу къабгъурыс жылэм я агрономыр зигъэтхьэмыщкIафэу къащылъитIысхьэм, комбайнхэр хиутIыпщхьэу иримыгъэкъутэн щхьэкIэ, Бухъарид щIалитI игъакIуэри, лъэныкъуитIми я фейдэ хэлъу, ядигъэIэпыкъуат.

Бригадэ унэ бжэIупэм Iут тетIысхьэпIэхэм уэршэру тест губгъуэ лэжьакIуэхэр. Псоми я нэгум дэрэжэгъуэ ин кърихырт. Кърихынтэкъэ, районым къикIыу хьэщIэ лъапIэ къахуэкIуэну пэплъэхэрт. Бухъарид хъыбар къызэрырагъэщIамкIэ, район мэкъумэш управленэм и Iэтащхьэ Чэлимэт къахуеблэгъэнут, саугъэт къахуихьынурэ. ХьэщIэм хуэфащэу зэрыIущIэнум зыщыхуагъэхьэзырат бригадэм. Ныш яукIат, пщафIэми ерыскъы хъушэ къигъэхьэрычэтат.

ТетIысхьэпIэм тес и лэжьэгъу зи IутIыжхэм щIагъуэу къахыхьащэртэкъым Беслъэн. Зэзэмызэ къабгъэдыхьэрт, жаIэм зытIэкIурэ едаIуэрти, IуигъэзыкIыурэ бригадэ пщыIэм пэгъунэгъуу къытрахуэжа комбайнхэр, тракторхэр зэпиплъыхьырт. Абы и гум зыгуэр къилъыхьуэрт, зыгуэрым хуэныкъуэт. Ауэ а и гур зыхущыщIэр зищIысыр ищIэртэкъым езы дыдэми. Зыгуэр щхьэкIэ пIейтейт. ЩIэгузэвэн лъэпкъ щыIи хуэдэтэкъым – техникэрат жэуап зэрихьри, нартыхур паупщIыхункIэ комбайнхэм языхэзым тIэу-щэ фIэкIа жагъын къимыщтэу, апхуэдэхэм дежи сыхьэт зы-тIу фIэкIа щамыгъэту зэрагъэпэщыжурэ, тэмэму екIуэкIат. АбыкIэ къыхуэарэзыт бригадирри колхоз тхьэмадэри.

– Беслъэн!

Бригадирыр къыщыджэм, щIалэм пщыIэмкIэ иунэтIыжащ. Бухъарид и пэш щхьэхуэ цIыкIум и бжэщхьэIум къыщебэкъуэхым, Беслъэн абы бгъэдохьэ.

– Ди хьэщIэхэр къежьауэ къокIуэ, – жеIэ бригадирым, – правленэм къипсэлъыкIри хъыбар къызагъэщIащ.

– Хэт сымэу пIэрэ?

– Районым къикIыр цIыхуитIщ зэрыхъур, Чэлимэтрэ нэгъуэщI зырэ. Чэлимэт къыздишэр хэтми сщIэркъым, райкомым и инструктору къызгурыIуащ. Ди председателыр, агрономыр, инженерыр ящIыгъущ. Аращ. А-а, ди художественнэ самодеятельностри абыхэм я ужьым иту къэкIуэнущ.

– Хъарзынэщ. КъакIуэмэ, дыхьэзырщ.

– Вэныр нагъэсыжакъэ иджыри? КъыхэкIыжа Хьэсэн сымэ?
– Хьэуэ.
– НтIэ, хьэщIэхэр къэсмэ, зыгуэр гъакIуи къыхегъэшыж.
– Ыхьы, хъунщ...
Мэкъумэш управленэм и унафэщIыр машинэм къыщикIым, тетIысхьэпIэм тес щIалэхэр къызэфIэуващ. Бухъариди къапежьащ, бжэIупэм къыIулъэда машинэм и макъ щызэхихым. Чэлимэт абыхэм къабгъэдыхьэри, я Iэр икъузащ псоми. Председателми, галстук зыкъызых зыдэлъу абы щIыгъу щIалэщIэми аращ ящIар. Ауэ агроном нэхъыщхьэм зыми и Iэр иубыдакъым. Бухъаридрэ абырэ зэфIыщэтэкъым, тIэу-щэ зэтелъати, арагъэнт къабгъэдыхьэну щIыхуэмеяр.
Районым и мэкъумэш бригадэхэм я зэпеуэныгъэм бжьыпэр зэрыщаубыдамкIэ Чэлимэт гупым къехъуэхъущ, нып плъыжь цIыкIу зэIэпахыр бригадирым къыIэщIилъхьэри щIигъужащ:
– Мыбы ахъшэ саугъэти щIыгъущ. Сом минитху! Фи колхоз кассэм пщэдей къифхыж хъунущ. Бухъарид, дауи, уэ нэхъ пщIэнщ ар бригадэм зэрызэхуэвгуэшыжыну щIыкIэр.
– Тхьэразэ къыпхухъу! – гуфIащ бригадэм и нэхъыжьыр. – Уэлей, ахъшэ хъарзынэм... Иджы, псы тIэкIу фи Iэм дэвгъэжэхи, пщыIэмкIэ фынеблагъэ, ди ерыскъыр хьэзырщ.
Бригадэ унэ нэхъ Iэхуитлъэхуитым щIешэри, Бухъарид хьэщIэхэм захуегъазэ:
– Фыныдыхьэ жьантIэмкIэ. Чэлимэт, мо нэхъыжь тIысыпIэр уэращ зейр.
– Хьэуэ, Бухъарид, уи пщыIэм сыщыначальниккъым сэ. Хабзэр думыгъэкъутэ. Уэращ бысымыр...
Бжьэ зытIущ яIэту тIэкIу къэжана нэужь, Бухъарид хьэщIэм зыхуегъазэ:
– Уа, Чэлимэт, сыти жыIи, мы перестройкэр щIагъуэу къызгурыIуэркъым. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ар къыщрахьэжьам щыгъуэ сыгуфIат. Иджы, сщIэркъым, гуитIщхьитIу сыщытщ. Дауэ, зиунагъуэрэ, ар, си пхъур Налшык дэсщи, тыкуэнхэм уи жьэм хуэпхьыну зы дзэкъэгъуэ щIэлъкъым, жи. КъэкIуэжурэ, унагъуэм яшхынур дэ ядот. Уэ республикэм и унафэщIхэм щIэх-щIэхыурэ уахуозэ, сыт а ищхьэмкIэ щызэхэпхыр? КъызжеIэт, ар сыт перестройкэ, къалэдэсым яшхын тыкуэным щамыгъуэту? ИлъэсиплI хъуащ а перестройкэ жыхуэпIэр къызэрырагъэажьэрэ, итIани...
– Сэри, уэщхьыркъабзэу, сыгуитIщхьитIщ, Бухъарид. СщIэркъым бжесIэнур. ИщхьэмкIэ къиIукIыращ: фымыпIащIэ, зыхуэвгъэшэч, мыгувэу псори зэтес хъужынущ, жаIэ.
– И щхьэ течауэ жысIэнщи, зикI си псэм къищтэркъым мы нобэ екIуэкIхэр. Телевизорыр щIэбгъанэмэ, зэхэпхыр сыт, зыр адрейм тоухь, ирекъухь, хекухь, еуэ мэпсалъэхэр, еуэ мэпсалъэ ...
– Хъунщ, Бухъарид, къэдгъэгъанэ мы политикэр. Уэри сэри ди щIэщыгъуэжкъым а псалъэмакъ къекIуэкI къомыр. Абы нэхърэ фи Iуэхум дытегъэпсэлъыхьи нэхъыфIщ. Уэ санаторэ укIуэну уи гугъэ? Путёвкэ нэхъыфIыIуэ къыпхущIэтIукIынщ. Ухуеймэ, Кърымым, хьэуэ жыпIэрэ Нартсанэ...
– Тхьэразэ къыпхухъу. НэхъыфI-нэхъ Iейми, Налшык сыфIэкIыу зыщIыпIэкIи сымыунэтIыну, уэлей. А сызэсам, «Голубой елым», сы-

щепсыхыну си гугъэщ колхозым и отчёт собранэ нэужьым. Председателыр арэзымэ.

– Сыт, Хъалид, зыри жыпIэркъыми? – Чэлимэт хуоплъэкI и бгъумкIэ къыщыс колхоз тхьэмадэм.

– Нобэ начальникыр Бухъаридщи, абы ищIыр унафэщ, – мэгушыIэ председателыр.

Гупыр нэхъ щым щыхъум, Чэлимэт бысымым зыхуегъазэ:

– Бухъарид, уи щIалэхэм зыри жаIэркъыми? Апхуэдэу жьэмейуэ ара?

– Жьэмейри сыт, ауэ нэхъыжьхэм жытIэм едаIуэмэ нэхъ къащтэ.

– Шагъыр къытхэсамэ, къэпщIэнт дыжьэмейрэ дымыжьэмейрэ, – къопсалъэ Iэнэм щысхэм ящыщ зы.

– Хэт а Шагъырыр? – щIоупщIэ Чэлимэт.

– Ди бригадэ хъумакIуэрщ. ТIэхьирщ и цIэ дыдэр. Уо-о-у, хъыбарышхуэ иIэщ, абы, хъыбар Iэджэ, апхуэдэ цIыху гъэщIэгъуэн уигъэлъыхъуэнщ. НтIэ, нэхъапэм амбарым и хъумакIуэу щытащ ар. Ефэн тIэкIур и жагъуэтэкъым. Псом хуэмыдэу шагъырыр зэнзэныпсу къыщыхъурт. Аращ а цIэ лейр абы щIыфIащари. Зы гъэ щIалэ бзаджэжь гуэрхэм ирагъафэри, гуэдз маршынэ дашауэ щытащ амбар пщIантIэм. Парткомым «судым етын хуейщ», жери сабэр дрипхъейт, арщхьэкIэ председателым, Мэхьил, цIыхуфI мыгъуэт ар, тхьэмыщкIэ, и хьэдрыхэ нэху Тхьэм ищI, идатэкъым «гуэдз маршынэ щхьэкIэ дгъэунэхъункъым», жери. ЛэжьапIэм IуагъэкIри, илъэс зы-тIукIэ IэнатIэншэу щысащ. Иужьым, яфIэгуэныхь хъущ, ягъэувыжри, Iэпыдзлъэпыдз хуэдэурэ щаIыгъащ складым. ИтIанэ фермэми тIэкIурэ щыIащ. ИкIэм, дэ къэтщтауэ, мыбы тесщ жэщ хъумакIуэу. 

– И, Бухъарид, Шагъыр кIэлъыгъакIуэ зэрыщыIам и гугъу хуэщIыжыт ди хьэщIэм, – къопсалъэ колхоз тхьэмадэр.

Бухъарид погуфIыкI, щIалэ зы-тIуи къыщетхъ.

– Еуэри, а Шагъырым и адэ къуэшым и къуэм нысэ къишэри, хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIауэ, кIэлъыгъакIуэ кIуэн хуей щыхъум, мор ящыхьащ «сэри сыздэфшэ», жери. Шагъыр гуп хагъэтIысхьэ хабзэтэкъым, «чэф хъунурэ, Iэмал имыIэу зы мыхъумыщIагъэ гуэр яхидзэнущ, ди напэр трихынущ», жари. Сытми, ящыхьапэри я гъусэу здашащ хамэ къуажэ. Ежьэн и пэ лъэпкъым я нэхъыжьым Шагъыру плъагъум и тхьэкIумэр быдэу хуиIуэнтIащ «къызжиIакъым жумыIэж, уемыфэ, зыри жумыIэу щыс», жери. АрщхьэкIэ дэнэт, емыфэу хуэшэчакъым. Моуэ-щэ сыхьэт зы-тIукIэ щысауэ, Iэнэм бгъэдэсхэр тIэкIуи къэжанагъэнт, бысымым я нэхъыжьым жеIэ: «Малъхъэм и щытхъу зэхыдохри дыщогуфIыкI, уэлэхьи, нысэ фхуэхъуа ди хъыджэбз цIыкIури, си IэплIэм къихъукIащи сощIэм – Iэсэлъасэм, гъэсам, и нэгур сыт щыгъуи зэлъыIухам». Ар щызэхихым, Шагъыру плъагъур къыхокIиикI: «ЗэлъыIухам, жыпIа? ХьыI! Мыбы жиIэрелъ. Зымахуэ абы я пщIантIэ сыдыхьауэ, ар зы нэщхъкIэ къызэплъати, тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, ужьэдилъэфэну зызыгъэхьэзыра благъуэм хуэдэтэм».

Ар щызэхахым, Чэлимэти, адрейхэри макъкIэ дыхьэшхащ. ИтIанэ Бухъарид пещэ:

– ХьэщIэм я нэхъыжьыр къогузавэри, «сыт жыпIэр, ТIэхьир, апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ Iэнэм...» АрщхьэкIэ Шагъырым абы и псалъэхэр жьэдегуэж, «сыт си Iэщхьэм укъыщIекъур? НтIэ, пэжкъэ?», жи. Абдежым хьэщIэм я нэхъыжьыр бысым тхьэмадэм и тхьэкIумэм ихъуцэцащ, «мы

ди къуэшыр еIуба нэужь жиIэр ищIэжыркъым, ховыхь, фи щхьэм иривмыгъэжэну сынолъэIу», жери. Сытми, зыкъомрэ щымащ гупыр. ИтIанэ, «сыхъуэхъуэнущ, щхьэ псалъэ къызэвмытрэ?» жери нэхъыжьитIым ящыхьащ ТIэхьиру плъагъур. КIэлъыгъакIуэр езышэжьам «зэ умыпIащIэ», къыжриIа щхьэкIэ, мыдрейр ихъу-ипкIырт. Щымыхъужым, «кIэщIу хъуахъуэ», жари псалъэ ират. Зыкъом кърикъутэкIри, и кIэм щIигъужаращ: «Ди щIалэр тIэкIу щабэIуэщ, тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, фыкъаплъи фыкъэдаIуэ, и лъакъуитIыр къелэлэхыу, нысащIэр абы и пщэдыкъым дэтIысхьауэ флъагъунмэ».

Чэлимэт сымэ аргуэру къыщиудащ.

– АдэкIэ хьэлэбэлыкъ къикIынкIэ хъунут Iуэхуми, и гъусэхэм ТIэхьиру плъагъур лъэщыгъэкIэ щIашщ, маршынэ псынщIэм ирагуэри яшэжащ.

– Уэлей, лIы гъуэзэджэм а зи гугъу фщIыр, – щыдыхьэшхым къыфIыщIихуа и нэпсхэр бэлътокукIэ щIелъэщIыкI хьэщIэм.

– Шагъыр и ещанэ фызым и хъыбарыр-щэ? Ар псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжщ, – къопсалъэ зы щIалэ.

– А-а. Ар сигу къэкIыжтэкъыми, – пещэ Бухъарид. – Ауэ ди хьэщIэр едгъэзэша хъунщ, ТIэхьир и гугъу хуэтщIурэ.

– Хьэуэ, хьэуэ, сыт жыпIэр. Уэрей, сфIэфIыпсу седэIуэнмэ. А жыхуэфIэм теухуа хъыбарым утезашэ хъурэ?

Гупыр зэтесабыра нэужь, Бухъарид ирешажьэ:

– ЕтIуанэ фызыр икIыжа нэужь, къуажэ щIалэ бзаджэжь зытIущ зэрогъэIущри, ТIэхьиру плъагъур фIыуэ ирагъафэ, гъунэгъу-жэрэгъу жыпIэми, щыгъын нэхъ къабзэIуэ хьэхуу къыIахри къахуапэ, Дохъушыкъуей дэсу зы физ пIащэ гуэр, иужькIэ зэрызэхэсхыжамкIэ, езыр бзаджэрэ узыIуридзэсыкIыу, нэщхъкIэ къоплъамэ, узыIуридзэн пфIэщIу уи лъэнкIапIэхэр щIэщIэу, кърагъашэ. Тхьэм ещIэ мо цIыхубзыр къызэрытрагъэхьа щIыкIэр. Сытми, зы мазэ хуэдэ зэдэпсэуауэ, фызым къыжреIэ ди ТIэхьиру плъагъум: «Ауэрэ сыпкIэлъыплъащ иджыри къэс. Алыхь сиIэкъым, уефауэ иджыри зэ унэм укъекIуэлIэжмэ, си гушыкъур птезмыкъутэм!». ТIэхьирым зыкърисащ, «сэ сыадыгэлIщ, сэращ унагъуэм и унафэщIыр, сыхуеиху сефэнущ, щхьэр куэдрэ къысхуумыгъэуз», жери. «Сэ бжесIар бжесIащ, абы къытегъазэ иIэкъым», – жери фызым къыфIигъэкIакъым – унэм щIыхьэжащ. А тIум я псалъэмакъыр пщIантIэрат щекIуэкIри, я гъунэгъу цIыхубзым зэхихащ. Арати, хьэблэм дэз хъуащ. Абы и ужькIэ махуэ зытIущ дэкIауэ, я хьэблэм зэрыгъэкIий макъ къыдоIукI. Гъунэгъухэр къызэхуэжэсмэ, ялъагъур сыт – физ пIащэшхуэм ТIэхьирыр пщэпкъкIэ иубыдауэ унэ джабэм иреудэкI. Сытми, гъунэгъухэм мо лIы цIыкIур и фызышхуэм къыIэщIахыжри зэбгрокIыж. АрщхьэкIэ ар дерс хуэхъуакъым ТIэхьирым. МахуитI-щы дэкIырти, аргуэру ефэрт. АпщIондэхуи и фызым накIэлъакIэ къищIырт. АдкIэ-мыдкIэ и нэкIум, и натIэм, и пэм дыркъуэ телъу кIуэрт лэжьапIэм. Абы и Iуэхур зытетыр къыщищIэм, фермэ унафэщIым гушыIэу къыжреIэ: «Уэлей, ТIэхьир, уэ сыпхуэдам сельсэветым сыкIуэнти сытхьэусыхэнтэм. Си Iуэхущ а уи фызыр абы Iэсэлъасэ къамыщIым. ЗаконкIэ ухуиткъым, зиунэрэ, уи лIыр бубэрэжыну. КIуэ, фызым тIэкIу утеухьми ар ягъэ кIынукъым».

– НтIэ, и фIэщ хъуа? – щIоупщIэ Чэлимэт, дыхьэшхыурэ.

– Хъуащ, – бэлътокур кърехри и натIэм къекIуа пщIэнтIэпсыр ирелъэщIэх Бухъарид. – Арати, етIуанэ махуэм ТIэхьирыр макIуэ сельсэветым. ЩIыхьэну хъуар щIыхьэу къыщIэкIыжыху йожьэри, бжэ

дамэдазэм и щхьэр щIешие, «сынымщIыхьэ хъуну», жери. «КъакIуэ, къыщIыхьэ, сыт щIэмыхъунур? Илъэс пщыкIутху нэсауэ мы кабинетым сыщIэсщи, иджы япэу укъакIуэу аращ. Уэлей, уэ Iуэху цIыкIуфэкIукIэ укъежьауэ къыщIэмыкIын», – къыпожьэ къуажэ тхьэмадэр.

ТIэхьир шэнтым тIыса къудейуэ къыщIохьэ председателым и ныбжьэгъу, и гъунэгъу зы лIы гушыIэрей – Темыр жари. Ар щилъагъум, ТIэхьир Iэнкун мэхъу. «Абы щхьа къыумыгъанэ, ар дыдейщ, щэху лъэпкъ зэхудиIэкъым», – жеIэ председателым. Сытми, щIэкIуа Iуэхур щыхуиIуатэм, сельсэветым и нэхъыщхьэр Iэнкун мэхъу, жиIэнур имыщIэу. Абдежым Темыр къопсалъэри, «уа, ТIэхьир, уэ къыплъыкъуэкIа Iуэхум хуэдэ сэри сыхэтащ», жеIэ. Модрейм «пэжуи?», жи. «Пэжщ-тIэ. КъызжеIэт, уи фызым фIыуэ къыщыпкъуилъхьэкIэ зыгуэр щигъэузым дей угърэ?». «Сыгъри сыт, ауэ тIэкIу сыщыгыз щыIэщ», – жэуап ет ТIэхьиру плъагъум. «НтIэ, си къуэшыжь, – пещэ лIы гушыIэрейм, – сэ си фызым сыщиубэрэжьым щыгъуэ, сыгъын дэнэ къэна, сыщэIуну сыхуиттэкъым. Ауэ Iэмал зимыIэ щыIэ, хэкIыпIэ хъарзынэ къэзгъуэтри абы и ужькIэ, и Iэпэ къыстрилъхьэн дэнэ къэна, щынэ IэрыпIым хуэдэ хъуащ, зиущэхужауэ къызоубзэ». «Ар сыт хуэдэ Iэмал?» – щIоупщIэ мыдрейр. «Зэкъуэхуауэ зыхуэзгъазэри бжэгъукIэ субэрэжьащ. В общэм пщIэнуращ: уэ жэм уиIэщ, ар уи фызым къеш, пэжкъэ?» «Пэжщ», – жеIэ мыдрейм. «НтIэ, а уи Iуэ ихьэпIэм хэт набжэм зы бжэгъу, фIыуэ гъуауэ, къыхэч, и жэм шыгъуэм зрегъэхьэлIэ, фызыр жэмым зэрыщIэтIысхьэу и щIыбагъымкIэ щэхуу къыдыхьи и пщэдыкъым зэ фIыуэ дэуэ. Абы и ужькIэ ар къыпщышынэнурэ си Iуэхущ къоубзэу къыпкIэлъимыжыхьмэ. УзыфIэфIырамэ, аркъэ къыпхуищэхуурэ уригъэфэнущ. Е-й, а фызхэм нэгъуэщI яхэзэгъэнукъым, апхуэдэущ зэрыщIын хуейр».

– И фIэщ ищIыфа? – дыхьэшхым къыфIыщIихуа и нэпсхэр щIелъэщIыкI Чэлимэт.

– ИщIащ. Дахэ цIыкIум хуэдэу кIуэжщ, тегушхуэн щхьэкIэ зы стэчаныжьыфI щидзщ, набжэм зы бжэгъу гъурыжь къыхичри, хадэр зэщIэзыщта удзыжьым зыхигъэпщкIуащ. Темыр къызэрыжриIам ещхьу, фызыр жэмым зэрыщIэтIысхьэу, щэху цIыкIуу бгъэдыхьэщ, бжэгъумкIэ и пщэдыкъым дэуэри, мо бжэгъу гъурыр тIууэ зэпыщIыкIащ. ЦIыхубзыр къыщылъэтщ, ТIэхьиру плъагъур кърихужьэри къылъэщIыхьакъым.



– НтIэ, дауэ зэгурыIуэжа?– мэхыным нэсауэ дыхьэшхыурэ Бухъарид дежкIэ зригъэзэкIащ Чэлимэт.

– ТIэхьир фермэм щыхъумакIуэу арати, тхьэмахуэ псокIэ къахуехыжакъым. И фызым хьэпшыпу иIэр зэщIикъуэщ, маршынэм ирилъхьэри кIуэжащ и дыщ.

– Уэлэхьи, цIыху телъыджэ фиIэм.

Хъуэхъу жаIэу зы бжьэ ефа нэужь, зы щIалэ къопсалъэ:

– Мес, зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIум тесщ, къэсащ хъумакIуэр.

– НтIэ, къыщIэфшэрэ дывгъэцIыхумэ хъуркъэ? – Бухъарид дежкIэ йоплъэкI Чэлимэт.

ТIэхьир къыщIохьэ, жьантIэмкIэ зегъазэри жеIэ:

– Сэлам алейкум!

Чэлимэт щIыгъуу къэкIуа хьэщIэм, инструкторым, стэкан къыхуеший.

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ сефэркъым, – и IитIыр и щIыбагъымкIэ ирехьэкI ТIэхьир.

– Iагъ! Апхуэдэ хабзэ щыIэ? Уемыфэми, къеIых бжьэр, зыгуэрым хуэпшиижынщ, – къопсалъэ Чэлимэт.

ХъумакIуэм стэканыр къещтэри ищIэнур имыщIэу щытщ, зепIытIзехузри.

– Нобэ ди бразникщ, ТIэхьир, – жеIэ Бухъарид, – ди бригадэр районым пашэ щыхъури, нып плъыжь къытхуагъэфэщащ, ахъшэ саугъэти щIыгъуу. Уэри Iыхьэншэ утщIынукъым. Ягъэ кIынкъым, районым къикIа ди хьэщIэхэм я саулыкъукIэ къефэ а зы бжьэм. Хуит узощI мы зэм.

ТIэхьир Iэнкуну зытIэкIурэ щытри, стэканыр игъэщIеящ.

– ТIэкIу къыддыщыс, ныбжьэгъу, хъунумэ, – абы дежкIэ къоплъэ Чэлимэт.

– Сыт щIэмыхъунур? – Бухъарид зегъазэ щхьэгъэрытыр здэщытымкIэ: – Мэсэдин, къэгъэтIысыт ТIэхьир.

Гупыр тIэкIу къэжанауэ, ТIэхьири бжьэ зы-тIуи щидзауэ здэщысым, Бухъарид абы дежкIэ къоплъэкIри къыдэгушыIэн щIедзэ:

– Уа, ТIэхьир, уэлей, ди хьэщIэхэм къытхуахьа хъыбарыр умыщIэ уэ. ЗаконыщIэ къыдэкIащ, жи. ЕтIанэгъэ щыщIэдзауэ фыз зимыIэ щагъэлэжьэнукъым колхозым. Так што, икIэщIыпIэкIэ зы нысащIэ уи унэм къыщIумыгъэтIысхьэу хъунукъым.

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, ныщхьэбэ фIэзмыгъэкIынт, хъун хуэдэ згъуэтыркъым ахъум.

– Сыт щхьа? Iэмсэлхэ я дей къэкIуэрей цIыхубз хьэщIэм лIо и лажьэр?

– Уэрей, мис ар здэнутэм. Ар слъэгъуа нэужь си гур мэхьэшкIуэрашкIуэ. Ауэ, зэ-тIэу есIуэкIати, сыхэзагъэ мыгъуэкъым. И гум IункIыбзэ етащ.

– НтIэ, Лалусэ хъунукъэ? Абы ахъшэ хъушэ иIэщ, зэтрилъхьауэ. Хуеймэ, маршынэ щIэрыпс къыпхуищэхуфынущ.

ТIэхьир и пэр дрелъэфей, и кIагуэ IэщхьэмкIэ ирелъэщIэкIыжри:

– Лалуси? Iух адэ! Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, сэмэлот къысхуищэхунуми къэзмышэн, – жи.

Гупыр къыщеудри зэщIодыхьэшхэ.

– Сыт апхуэдизу уигу щIебгъар?

– Унагъуэ изэгъэну а жьы кIэрахъуэр? Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, зы пщыкIутхурэ дэкIуауэ къыщIэкIынмэ ар. Хъуну щытамэ апхуэдизрэ къррагъэкIыжынт? И нэкIур зэрыщыту пудырэрэ и жьэр зы сикунд имыгъэувыIэу ... Уэлей, си унэр зэрыщыту дыщэкIэ къибгъэнуми сыхуэмей.

... Гупыр зы сыхьэтыфI хуэдэ щысауэ, бригадэ пщыIэм пэмыжыжьэу къыщоувыIэ автобус цIыкIу. Абы къокI къуажэ клубым и самодеятельностыр.

– Сыту фыкъэгува, Зубер, – хъуэхъубжьэ IэщIигъэува нэужь, Бухъарид зыхуегъазэ къуажэ артистхэм я нэхъыжьым.

– Гъуэгу дытету автобусыр къутэри...

– НтIэ, зыгуэрурэ къытхуэфIуэхуамэ грузовой маршынэ гуэр нэдгъэкIуэнтэкъэ... Хъунщ, ар зэфIэкIащ, сыт нобэ тхуэвгъэхьэзырар?

– ХьэщIэ лъапIэхэр къызэрыфхуэкIуэнур зэхэтхати, уэрэди къафи – ди программэм и курыхыр фэдгъэлъагъунущ.

– Ыхьы. Хъунщ-тIэ, иужькIэ, щIыбым дыщIэкIмэ...

– Бухъарид, дефащ-дешхащ, дывгъэтхъащ, куэдщ дызэрыщысар, концерт деплъмэ нэхъ къэтщтэнущ, – зыкърегъэзэкI абы дежкIэ Чэлимэт.

– ХьэщIэм жиIэр хуэщIэн хуейщ. Зы псалъэ гупым къыджепIэжыну хъунщ, дытэджыжын и пэ. Сэри зыгуэр щIызгъужынщ.

... ПщыIэм щIэсхэр къыщIэкIыу щалъагъум, самодеятельностым хэт щIалэгъуалэм зыкъаIэтащ, бжэIупэм Iут тетIысхьэпIэхэм тести. Унэм щIэт шэнтхэр къыщIахри, хьэщIэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ хъурейуэ къетIысэкIащ.

И лэжьэгъухэми хуэдэу, Беслъэн иIэт гукъыдэжыфI. МащIэу зэIуба фадэм абы и дэрэжэгъуэр нэхъри къиIэтат. Утыкум зы шэнт щагъэувa нэужь, самодеятельностым и унафэщIым жеIэ:

– Иджыпсту Шэмэдж Сэнят, езыр пшынэм еуэу, фригъэдэIуэнщ лъагъуныгъэ уэрэд.

«ЖэщкIэрэ си нэгум
ПщIыхьу уэ ущIокI,
Сэри си щIалэгъуэр
Уэ сыножьэу йокI... »

Уэрэдыр зэриухыу, Бухъарид йоплъэкI хъумакIуэм дежкIэ:

– Зэхэпхрэ, ТIэхьир, мы уэрэдыр? Лалусэ уэ къыпщIэбэгыурэ пхуиусауэ аращ Зубер жиIэр.

Гъунэгъуу щысхэр зэщIодыхьэшхэ.

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, жэщи махуи схуаусынуми сыхуэмей.

Аргуэру гупыр мэтхъэж.

– Иджы федаIуэ «Нэкъулэн» уэрэдым, – жеIэ клубым и худрукым.

... «Гъатхэ жэщу жейр щыIэфIым,
СызэфIэту нэху сыкъокI,
Нэкъулэну сэ си дыгъэ, уей.
Сыту гуащIэ лъагъуныгъэр,
Дыгъэр пшабэу сегъэлъагъу,
Узмылъагъумэ, махуэр кIыхькъэ, уей...»

Зыбгъэдэсхэр къепсалъэурэ хъыджэбзым дахэ-дахэу щрамыгъэдаIуэм, Беслъэн зытес шэнтыр къиштэри тIэкIу IукIуэтащ.

Сыту уэрэд псэгъэтынш! КIуэаракъэ, дэтхэнэ зы псалъэри уи гущIэм нос. Носри, зищIысыр къыпхуэмыщIэу, гурыщIэ IэфI гуэрхэр уи псэм къыщоуш. Къыщоушри, жэнэт щIыналъэ укъыщыхутауэ къыпщегъэхъу... Уэрэдыр жызыIэ пщащэр-щэ! Дыгъэм дыщафэу илауэ къыпщыхъу и щхьэцыр жьы мащIэ къепщэм гуэдз пхыр Iэрамэу щIигъэхъаеу... Йогупсысри къыхуэщIэжыркъым, дунейм дэнэ япэу, бригадэм къытехьэн и пэ, ар Беслъэн щилъэгъуар? Е къыфIэщIу ара? Хьэуэ, къыфIэщIыркъым, нэхъапэм, армэм дэкIын и пэ, хъыджэбзым ар зыщIыпIэ щыIууащ. Ари мызэ-мытIэу. Тхьэм ещIи, школырауэ къыщIэкIынщ, армыхъумэ, дэнэ? Пэжщ, абы щыгъуэ ар цIыкIуащ, дауи. Аращ и акъыл щIыхуэмыкIуэжыр.

... Районым къикIа хьэщIэхэр ирагъэжьэжа нэужь, Беслъэн Зуберым зыбгъурегъахуэ (а тIум зы гъэм къызэдаухат школыр):

– Фи уэрэджыIакIуэ хъыджэбзыр щыпсэур дэнэ лъэныкъуэ? Хэтхэ ящыщ? Щхьэ къысхуэмыщIэжрэ?

Зубер мащIэу къыподыхьэшхыкI:

– Дауэ, Iагъ, зэрумыщIэжыр? Iэсятхэ я гупэ къисщ.

Ар щызэхихым, мащIэу плъыжь къэхъури, лъэныкъуэкIэ IукIуэтащ Беслъэн. Дауэ щыгъупщэнкIэ хъуа ар? «Iэсят къысхуеджэ» жриIэурэ, зэпсалъэу щыта хъыджэбзыр тIэу-щэ къыхудишат абы. Сыту къимыщIыхужарэ? Арщхьа дэнэ къыщицIыхужын, абы щыгъуэ ар илъэс зыбгъупщIым нэса-нэмысами арат. ИкIи, зэуэ зыкъызэкъуихри, пщащэр автобусым щитIысхьэж дыдэм бгъэдыхьащ:

– Тхьэразэ къыфхухъу, Сэнят, псапэ къэфхьащ...

И Iупэр мащIэу зэтежа мыхъумэ, хъыджэбзым абы жэуап къритыжакъым.

* * *

БжыхьэкIэ мазэр уэфIурэ екIуэкIырт. Нышэдибэ щIыIэтыIэу щытами, къулъшыкъу нэужьым хуэм-хуэмурэ хуабэ къэхъуу хуежьат. Бригадэ унэм и бжэIупэм щызэхуэсыжауэ уэршэрырт нартыху пыупщIыныр и кIэм нэзыгъэсыжа щIалэхэр. Хьэсэм къыхэна гъавэр къащыпу хэтт цIыху Iэджэ – хэти шыдыгукIэ, хэти машинэ псынщIэкIэ, хэти лъакъуэрыгъажэкIэ губгъуэм къыдэкIауэ. Бухъарид унэм щIэст гъэр къазэрехъулIам теухуа бжыгъэхэр зритхэ тхылъымпIэхэр зэIипщIыкIыу. Зэи хуэмыдэу угъурлыуэ къахущIэкIат мыгъэрей илъэсыр. Колхозым иратын хуей гъавэмкIэ я къалэныр ягъэзащIэри, зыхуагуэшыжын хуейуэ, нартыху хъушэ къахуэнат бригадэм хэтхэм. Хэт сыт хуэдиз къилэжьами зэригъэзахуэу здэщысым, агроном нэхъыщхьэм, Сэхьид, и «Уазик»-р пщыIэм къытолъадэри, макъышхуэ ищIу гулъэф ирет.

– Догуэ, Бухъарид, жьэкIэ зуплъыхьурэ колхоз нартыхур щIызэбгребгъэлъэфыр сыт? – и нэм лъы къытелъэдарэ сэлам-чэлами хэмыту, къобакъуэ бжэщхьэIум.

– Ар колхоз нартыхукъым, колхозым договоркIэ лъысыр зэрестар фIы дыдэу уощIэ. Хуит сщIауэ къызогъэщып.

– СлIожь, планым и лейуэ епт мыхъуну ара?

– Хъунущ, ауэ естынукъым, къэнар бригадэм дыдейщ.

– Бухъарид, уи щхьэзыфIэфIагъым щхьэкIэ къыпщыщIынур пщIэрэ уэ? Уи къулыкъум упагъэкIынкIэ зэрыхъунур умыщIэу ара? А зиунэрэ, колхозым зы бригади диIэкъым уи дей щыслъэгъуа хьэдэгъуэдахэм хуэдэ щекIуэкIыу. Зыми кърагъэщыпыркъым...

– Зы мастэкIи сыхущIегъуэжыркъым цIыхур хуит зэрысщIам. Псапэщ, я джэдкъазым, Iэщым ирагъэшхынщ.

– Мыр мэжджыткъым, Бухъарид, къэрал колхозщ. КъыбгурыIуа? Псапэ пщIэнумэ, кIуэ мэжджытми, уи мылъкур щыгуэш!

– Уэ къаугъэ улъыхъуэу аращ, Сэхьид, сэ сыздэкIуэнум и унафэр уэ къыплъысыркъым, узыфIэфI дыдэм кIуэи щытхьэусыхэ!

– Ара?

– Аращ.

– НтIэ, уи къулыкъум упызмыгъэкIмэ, сэ сы-Сэхьидкъым.

– ПлъэкIIауэ къыумыгъанэ!

Агроном нэхъыщхьэр пщыIэм тежыжа нэужь, Бухъарид бжэIупэм къытоувэ:

– Беслъэн, къакIуэт мыдэ.

ЩIалэр щIохьэ Бухъарид и лэжьапIэ пэш цIыкIум.

– Зэхэпха агрономым сэрэ дызэрызэтекIияр?

– НтIэ.

– СщIэркъым а лIым и пэм кърихур. ФIэгъэнапэ къилъыхъуэ зэпытщ: еуэ мэпэбжьауэ, еуэ мэпэбжьауэ...

– Ди нартыхумкIэ дызэрыдэмыгуашэрауэ къыщIэкIынщ, адрей бригадэхэм ещхьу.

– Уэлэхьи, ари хэлъым! Ауэ абы хуемыгъэхыр ди бригадэ IуэхукIэ демычэнджэщу, зыкIи дыщымыгугъыу, демыубзэу ди щхьэ и унафэ зэрытщIыжырщ. Аращ бдзэжьей къупщхьэу и тэмакъым телъыр. Зэгуэудамэ, зы кIэчан естынукъым. ЦIыху хуэдэ цIыхуу щытамэ, и хьэтыр слъагъунт. Шынагъэрэ кIий-гуокIэ сэ къыспыпхын щыIэкъым. КъыбгурыIуа а псор щIыбжесIэр? Уэ ущызахуэм деж, зэи укъикIуэт хъунукъым. Зэ укъикIуэтамэ, уи гъащIэр пхьынущ укъикIуэту... Си IэнатIэм сытригъэкIыну жеIэ, сигъэшынэн и гугъэу. Уэлей, Сэхьид, уэ нэхъри нэхъ зызыгъэцыдж Iэджэ срихьэлIам сэ. Фронтым сыщыIутами, зауэ нэужьми.

ЗаулкIэ Бухъарид щым мэхъу.

– ПщIэрэ, Беслъэн, сэ, арыншами, сытIысыжыну си мурадщ, колхозым и отчёт собранэр зэфIэкIмэ.

ЩIалэр «хъущт» жиIэу абы йоплъ:

– Сыт ущIэтIысыжынур, Бухъарид? Ди бригадэм нэхъыфI колхозым...

– И чэзум IукIыпхъэщ. Гъуэгу етын хуейкъэ нэхъ щIалэхэм. Зымахуэ председателми жесIащ ар. Зауэ нэужь лъандэрэ сыбригадирщ, гъуэгумахуэрэ! Зэм Iэбгъэм, зэм мэлым, зэм гъэш фермэм сахуурэ... Еплъ си ныбжьми, хыщIрэ тхум нэсхусащ. Япэрей узыншагъэри дэнэ щыIэж? Си тхьэмбылым хэлъ Iэсколкэми зыкъызигъащIэ хъуащ жэщкIэрэ... Ауэ, сыIукIмэ, а Сэхьид си пIэкIэ игъэувыну зыхуеймкIэ гурыщхъуэ сощI. Езым ещхь хьэкIэпыч гуэрщ – и хьэихубжэхуэщIу, бейгуэлым ещхьу къыздришэкIыу, ефакIуэ-ешхакIуэ кIуэмэ, и щхьэгъэрыту. Ауэ ар нэкIи пэкIи тезгъэплъэнукъым си местэм. Си IэнатIэр хъун хуэдэу зезыхьэфын цIыху ягъэувыну сыкъагъэгугъэмэщ сыщыIукIынур, армыхъумэ аргуажьэ нып зылъагъэсыну бригадэ кIашэ си гупыр зыщIыну цIыху си пIэкIэ къагъэкIуэну сыхуейкъым.

– Аргуажьэ нып жыхуэпIэр сыт зиIысыр?

– Зауэм и пэкIэ зэхьэзэхуэм иужь дыдэ къина колхоз бригадэм, ауаныщIу ирату щытащ апхуэдэ нып, къамыл нэхъ теплъэншэм къыхэщIыкIауэ. Уэ ущIалэщ, зэхыумыхами емыкIу иIэкъым.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

«Зы Iуэху гуэркIэ сыпхуейщи, пщэдей шэджагъуэ нэужьым си дежкIэ укъыщIыхьамэ арат», – жиIэу колхозым и комсомол секретарыр телефонкIэ къыщепсалъэм, щэбэт махуэм, урокхэр зэрызэфIэкIыу, Сэнят иунэтIащ клубымкIэ. Мухьэдин къулыкъуитI зэдихьырт – икIи комсомол Iэтащхьэт, клубми и директорт. ЗдыщIыхьам, хъыджэбзым зэуэ къыIууащ аркъэмэрэ тутын Iугъуэрэ. Телевизорыр ину лажьэу, тхылъымпIэ гуэрхэм хэплъэу щIалэр диваным ист.

– Къеблагъэ, Сэнят!

ЗыщIыхьа пэшыр хъыджэбзым гурымыхь зэрыщыхъуам гу щылъитэм, щIыбагъ щхьэгъубжэр ныкъуэIух ищIащ:

– Мыбы хьэулей гуэрхэр къыщIопщхьэри тутын щофэ, «фыкъыщIэмыхьи» схуажеIэркъым. Зы гуп щIэкIыжа къудейщ.

ИтIанэ кIуэри бжэм IункIыбзэ иритащ:

– НетIэ щIэсахэм иджыри къагъэзэжынкIэ хъунщ, зыцкIэ сахуейкъым. Щых плащри хуиту къэтIыс. Iуэху серьёзнэкIэ сынопсэлъэнущ.

Iэнкун-Iэнкунурэ Сэнят и плащыр щех. Ар Мухьэдин къыIехри, фIэдзапIэм фIегъэзагъэ. СтIолым тхылъымпIэ гуэр къытрехри диваным йотIысхьэ:

– КъакIуэт, еплъыт мы спискэм.

Сэнят абы тхылъымпIэр къыIехри нэкIэ ирожэ. Абы итт школым къыщыдэлажьэ щIалэгъуалэм ящыщ зыплIытхум я цIэ-унэцIэхэр, езым ейри хэту.

– Сыт мыр зиIысыр?

– Урысым «В ногах правды нет», жи. Моуэ зэ етIысэх.

Зи фэр ныкъуэтекIыж диван фIеифэм щымэхъашэурэ, и кIапэ дыдэм тотIысхьэ хъыджэбзыр.

– Мыхэр кандидату аращ си заму згъэув хъунухэм ящыщу. Райкомым чэнджэщ къызатащ «мыосвобождённэу зы зам къыхэх», жари. Мыбыхэм сахэплъэжри, уэ нэхърэ нэхъыфI хэмыту къэслъытащ. Фи директорым жесIати, ари акъылэгъущ.

МэкIуатэри хъыджэбзым нэхъ гъунэгъуу бгъэдотIысхьэ:

– Сэнят, мы Iуэхур уэ нэхърэ нэхъ зезыхьэфын мыбыхэм яхэткъым. Уэ нэхърэ нэхъ жыджэр...

– Хьэуэ, сэ...

– Сыт «хьэуэ» жыхуэпIэр? Ар трамплину арщ. Сэ куэдрэ сылэжьэжынукъым, куэд дэмыкIыу районымкIэ къулыкъу къыщызатыну сыкъагъэгугъэри, си пIэкIэ уэращ згъэлъэгъуэнур.

Хъыджэбзым и Iэпкълъэпкъ зэкIужыр гъунэгъуу щилъагъум, фадэ зэрефар къыхыхьэжа, и Iэ сэмэгур Сэнят и дамащхьэм трелъхьэ. Блэ зэуам хуэдэу, хъыджэбзым абы и Iэр кърехьэхыж. КъэтэджыжыНу зыкъыщиIэтым, Мухьэдин мапхъуэри пщащэр зэщIеубыдэ:

– Сэнят, уэ нэхъ сигу ирихь...

Мухьэдин къыжьэдих фадэмэм хъыджэбзым и щхьэр игъэунэзауэ зыкъыIэщIихыну къокъу. АрщхьэкIэ модрейм нэхъри быдэу зэщIекъузэ.

– СутIыпщ! Сыт мы пщIэ делагъэр?

– Сэнят, сэ уэ укъэсшэнущ...

– Сытыфэ уэ къызуплъыр? СутIыпщ, – гужьеяуэ мэкIий хъыджэбзыр.

Абдежым бжэм зыгуэр къокъу:

– Мухьэдин, къыIух, ар сэращ. Ахъшэ къэзгъуэтащ.

ЩIалэм хъыджэбзыр еутIыпщри, и Iэпэр и Iупэм Iуелъхьэ.

Мухьэдин и Iэр стIолымкIэ ещI, «мобдей тIыс», жыхуиIэу. Сэнят плащыр щетIэгъэжри ищIэнур имыщIэу утыкум йоджэрэзыхь. Зы лъэныкъуэкIи бжэ гъэбыдакIэ пэшым зэрыщIэсар зыми къригаъэщIэну хуейтэкъым, зы лъэныкъуэкIи...

– Мухьэдин, къыIух, ар сэращ, Хьэрэбийщ.

Комсомол секретарыр къэгубжьарэ папщэу IункIыбзэIухыр къещтэри бжэмкIэ еунэтI. Сэнят и сумкэр иIыгъыу пэротIысхьэ стIолым. Мухьэдин бжэр зэрыIуихыу зы щIалэжь къыщIопкIэ:

– Уа, нобэ къыумыгъэзэжыну дызэгурыIуатэкъэ? Бжэр щIэзгъэбыдар Iуэхушхуэ диIэщи арaщ. Комсомол лэжьыгъэ обсуждать

дощI, къыбгурыIуэмэ. Мы хъыджэбзыр дяпэкIэ, мазэ зытIущкIэ си пIэкIэ згъэувыну си гугъэщи, къысхутегъэхьэркъым...

ЩIалэжь къыщIыхьар и нэ утхъуахэмкIэ абы къоплъри:

– А-а, мыр ди Аллэ Пугачёвэраи?

Сэнят къотэдж, «нэгъуэщI секретарь къэлъыхъуэ», жери лъэ псынщIэкIэ и щхьэр пэшым щIехыж.

Унэм къосыжри, и анэшхуэр зыщIэсымкIэ иунэтI хабзэми, накIуэпакIуэу щIохьэж и пэшым. Щыгъынхэр зыщедзри, и гъуэлъыпIэм зрегъэукIурие.

Сэнят и акъылым къыхуигъэтIасэртэкъым нобэ зыхэхуа Iуэху мыщхьэпэр. Мухьэдин апхуэдэ напэншагъэ къылъыкъуэкIыну хэт и гугъэнт. Сытыфэ абы кърипплъар? И къуэдзэу хригъэхмэ, щIасэ щэху хуэхъуну къыщыгугъыу ара? И комсомоли и щхьи теплъэну хуейкъым. Самодеятельностми къыхэкIыжынщ. Репетицэхэм щIэмычэу къокIуэ ар езыр. Абы Iуплъэу... Хьэуэ, ар игу темыхуэнщ. Япэм самодеятельностым уэрэджыIакIуэу хэта, къуажэм щIалэу дэсыр зи кIэм ищIауэ щыта, иджы чыхум хыхьэжа пхъужьым ещхь хъун и гугъэу ара?.. А къэхъуар и дэлъхум жриIэжмэ..., жриIэжмэ, Мухьэдин ар къызэрыхуэмыгъунум шэч лъэпкъ хэлъкъым. И дэлъхур щIалэ лъэрызехьэщ, къэралым и чемпионщ бэнэнымкIэ. Абы фIэмылIыкIыу, жриIэжынкIэ зэрыхъунум емыгупсысу, дауэ зыкърипщытынкIэ хъуа?

И дэлъхум къищIэмэ, абы Мухьэдин къелынкъым. Къелми, удынышхуэ тридзэнущ. Иубэрэжьмэ, тутнакъ Iуэху къыхэкIынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. ИтIанэ... езыри хэIущIыIу щыхъунущ къуажэ псом. Уеблэмэ лей кърихауэ хахьэнщ. Узижагъуэр цIыхум я жьэм жьэдэухуэ. Хьэуэ, ар мыхъун Iуэхущ, и дэлъхури игъэунэхъункъым. А нобэ зыхэхуар кърепэж щэхуу. НэхъыфIщ хэмылъадэмэ. ПсэухункIэ дунейм къытригъэхьэнкъым...

– Сыт, КIунэ, си дейкIэ укъыщIыхьаIыми? – бжэр къыIуех Дадухъан.

– ТIэкIу сезэшати зызгъэукIуриящ, нанэ, – къотэдж Сэнят.

Фызыжьыр и къуэрылъхум къыбгъэдохьэри, и Iэхэр щабэу и дамащхьэм трелъхьэ:

– Алыхь, уэ гуныкъуэгъуэ гуэр уиIэу къыщIэкIынум, уи нэгур сигу ирихьыркъым. Зыгуэрым уи жагъуэ къищIаифэщ.

И натIэм йоIусэри:

– Уплъыржьэрщ, си хъыджэбз, уэ зыгуэр...

– Хьэуэ, нанэ, нобэ лэжьыгъэшхуэ сиIати, тIэкIу сезэшауэ аращ.

– Хъунщ, КIунэ, зыгъэукIуриинж. ХьаIэ, япэщIыкIэ пщэфIапIэм накIуи шхэ.

– Иджыпсту зыми сигу хуэкIуэркъым, нанэ, зыкъом дэкIмэ.

– Хъунщ, си нэху, хъун.

И анэшхуэр зэрыщIэкIыжу, Сэнят зыкъомрэ щылъащ а къэхъуар и щхьэм къыхуимыгъэтIасэу. Мухьэдин ар игъэделэну зэрыхэтар зикI и гум хузэгъэзахуэртэкъым. НтIэ, уэрэд жызыIэ, пшынауэ цIыхубз псоми апхуэдэфэ ираплъу пIэрэ, къэгъэделэгъуафIэ я гугъэу? ЗаулкIэ гупсысэу щылъауэ, къотэджри и дневникыр пхъуантэм къыдех. ЗытэлайкIэ иIыгъащ ар, къызэрыригъэжьэнур къыхуэмыщIэу. Хьэуэ, а нобэ зыхуэхуа Iуэхур иримытхэмэ нэхъыфIщ. Зыщигъэгъупщэнщ, пщIыхьэпIэ Iейм хуэдэу. Хуейкъым апхуэдэ гукъэкIыж – и дневникыр къызэгуихыхункIэ ар и нэм къыщIэуэу, и гум мастэу къыхэуэу...



8 Заказ №333

* * *

Блыщхьэ махуэм, урокхэр иухауэ Сэнят еджапIэ пщIантIэм къыщыдигъэзыкIыжым, школ дыхьэпIэм деж зигъэджэрэзу щытт Мухьэдин, сыт щыгъуи хуэдэу екIуу хуэпауэ, галстук зыкъизых дэлъу. Ар щилъагъум Сэнят и нэгур зэIууащ.

– Сэнят, зыгуэр бжесIэнут, – Мухьэдин абы и ужьым къиуващ.

Хъыджэбзыр зэи зыми пхъашэу епсэлъауэ ищIэжыртэкъым. Ауэ вэсэмахуэ Мухьэдин дилъэгъуам, и псэр уIэгъэ зэрищIам къыщригъэчащ:

– Услъагъунуи усцIыхунуи сыхуейкъым, нобэ щыщIэдзауэ афIэкIа уи нэгу сумыгъаплъэ.

– Хъунумэ, зы псалъэ...

АрщхьэкIэ Сэнят, нэхъ хуабжь зищIри, школым къыдэкIыжауэ и унэ кIуэж и лэжьэгъу цIыхубзым бгъурыуващ.

* * *

Илъэсыщ Iэ нэужьым сабийхэм еджэн щIадзэжауэ, шэджагъуэхуегъэзэкIыу, «телефоныр къоджэ», жари, егъэджакIуэхэр зыщIэс пэшышхуэм Сэнят щIохьэ. «Худрукыра си гугъэщ», – трубкэр къыIэщIелъхьэ и лэжьэгъухэм ящыщ зым.

– Сэнят, пщыхьэщхьэ репетицэм щIыдодзэж. ТхьэмахуитI-щы дэкIмэ, колхозым отчёт собранэ иIэнущи, абы и ужькIэ концертышхуэ ттыну ди пщэ къралъхьащ.

– Зубер, уи жагъуэ умыщI, сэ афIэкIа самодеятельностым сыхэтыжынукъым.

– Ар сыт, зиунагъуэрэ, а жыпIэр? КъэхъуаIа?

– Зыри къэхъуакъым. Ауэ...

– НтIэ, сыт уи щхьэусыгъуэр?

– МыдэкIэ школым лэжьыгъэр си пщэм къос. ИтIанэ... уэ бощIэ, сыхуэмейуэ залымыгъэкIэ жыхуиIэм ещхьу сызыхэфшауэ аращ.

– А жыпIэр хъункIэ Iэмал иIэкъым, Сэнят. А зиунэрэ, апхуэдэу утыку дыкъибнэу... Дэ къуажэ псор къытщогугъ. Ди программэм и курыхыр уи уэрэдхэращ.

– Зубер, талант зиIэ щIалэгъуалэ зыкъом дэсщ ди къуажэ. Ди школми щIэсщ. УфIэфIмэ, сэ езгъаджэхэми яхэтщ макъ дахэ цIыкIу зиIэ. Абыхэм ящыщ...

– Сыт жыпIэр, зиунагъуэрэ? Тхьэмахуэ зытIущ къэнэжам уэрэджыIакIуэ дэ тхуэгъэхьэзырыну? Хьэуэ, мыр телефон псалъэмакъIым, дызэхуэмызэу хъунукъым.

– Дызэхуэзэми, ар дыдэращ бжесIэнур. Уи жагъуэ умыщI.

... ЕтIуанэ махуэм, шэджагъуэ нэужьу, самодеятельностым и унафэщIыр къокIуэ школым. ЕгъэджакIуэхэм я зэхуэдэ пэшым деж щхьэхуэ зыщащIри, зыкъомрэ зэпсэлъащ а тIур. Пэжщ, нэхъыбэу псэлъар Зуберщ, Сэнят дыгъуасэ жиIам щIигъуа щыIэкъым. Худрукым гурыщхъуэ зэрищIымкIэ, хъыджэбзым зыгуэрым и жагъуэ къищIат. Ар къриджыкIат пщащэм и нэгум. АрщхьэкIэ хъыджэбзым зригъэумысакъым.

Сэнят зыри къыщыпимыхым, и щхьэм бжьэ еуауэ, Зубер зыкъомрэ икIукI-никIукIыу тетащ кIэлындорым. Школ унафэщIым ар къилъагъури:

– Къеблагъэ, Зубер. Зыгуэрым упэплъэу ара?

– Хьэуэ, ... а-а, зы Iуэху гуэр сиIэти, уэри пщIамэ си гуапэ хъунут, Хьэцацэ.

– НакIуэ-тIэ си кабинетымкIэ.

Зубер абыи хуэтхьэусыхащ, «Сэнят жагъын къыщIищтар къызгурыIуэркъым, утыкум дыкъренэ», жери. Уеблэмэ, урокым щIидзэжа къудейуэ, «директорыр къоджэ», жари хъыджэбзыр етIуанэ къатым драшеящ. Арщхьэкlэ Сэнят «хъунщ, собранэм и щIыхькIэ мы зэм сыхэтыжынщ концертым, ауэ репетицэ лъэпкъ сынэкIуэнуIым», жери зытригъэхьакъым.

* * *

Илъэсыщlэм и пэщIэдзэ махуэ пщыкIутху-тIощIыр Беслъэн зыхэт бригадэм и зыгъэпсэхугъуэ зэмант. Тхьэмахуэм щIигъуат Бухъарид санаторэм зэрыкIуэрэ. Унагъуэми щищIэнышхуэ щыIэтэкъыми, махуэ щIагъуэ къэмынэу, Беслъэн къуажэ мастерскойм кIуэурэ я техникэр гъатхасэм зэрыхуагъэхьэзырым кIэлъыплъырт. Езыри сыхьэт зытIукIэ ядэIэпыкъурти, къэкIуэжырт и унэ. Ауэ унэми щIэзагъэртэкъым. ЩIэкIынт, хадэм зыкъомрэ итынти къыщIыхьэжынт.

Псом хуэмыдэу илъэсыщIэр къызэрыунэхурэ губампIэр къыкIэрыхъыжьауэ псэхугъуэ къритыртэкъым. Ар егупсысырей хъуат дяпэкIэ и Iуэху зэрыхъунум. И шыпхъуитIыр я дыщ къэкIуэжамэ, сыт щыгъуи хуэдэу, къыхагъэзыхьу хуежьэрт «къашэ, мамэ и закъуэщ, махуэ псом и щхьэр пIийуэ унэм щIэсщ, уэ губгъуэм укъикIыркъым, дэ мор, модрейр доцIыху, ухуэдгъэзэнщ, уэдгъэцIыхунщ», жаIэурэ. АрщхьэкIэ и шыпхъухэм къызэрыхагъэзыхьыр щIалэм уэим ищIырт, «зэ фымыпIащIэ, абыи дыхунэсынщ», жиIэурэ. Беслъэн и губампIэр къэзышар фIы дыдэу къыгурыIуэжырт, ауэ и щхьэм зыхуиумысыжыну хуейтэкъым. Сэнятт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Хъыджэбзыр зи пIэкIэ лэжьа егъэджакIуэр къыщыдэкIыжым, «мазэ зытIущ хуэдэ къытпэплъэ, Iэмал иIэххэмэ, нэгъуэщI IэнатIэ зыгуэрурэ пхузэхуэдгъэхъунщ», жиIэу директорым къыжриIа щхьэкIэ имыдэу, къалэм Iэпхъуэну триухуат. И дэлъху нэхъыжьым я дей щыIэнут. Щхьэхуэу хухахакIэт зы пэш. Индирэ къызэрыжриIамкIэ, абы хъыбару зэхихыу хъуар и дэлъхум къриIуэтылIэ хабзэт, къалэ школым щригъэджэнут ботаникэмкIэ. Мыгувэу пэрыхьэнут и лэжьыгъэм. Ар щызэхихам, Беслъэн къыфIэщIат уафэр къеукIуриехыу и псэм абрэмывэу къытехуауэ. Хэт ищIэн, хъыджэбзыр къалэм Iэпхъуэну мурад ищIыну къыщIэкIынтэкъым, щIалэ иIамэ. Адыгэм «иужьрей акъыл» жыхуиIэращ, и нитIыр къижу щхьэ зыIэщIигъэкIа?

Щхьэ емыпсэлъарэ?.. Тегушхуакъым, а тIум я зэхуаку илъэсий зэрыдэлъымрэ и щхьэц ныкъуэтхъумрэ зы хъужри. «Мо хъыджэбз щIалэм сыкъызэрипэсынкъым», жери таучэл ищIакъым...

– ТIутIэ (арат и анэри, Iыхьлы гъунэгъухэри къызэреджэр), а ТIутIэ, – пщэфIапIэм къыщIэIукIащ Хьэжыгуащэ и макъыр, – телефоным къакIуэт.

Зоотехникырат ар. Бухъаридрэ абырэ зэныбжьэгъут куэд щIауэ.

– Нобэ сыт хуэдэ план уиIэ? – къоIукI трубкэм.

– СщIэнышхуэ щыIэкъым. ТIэкIу седзакъэу мастерскоймкIэ сыплъэн си гугъэу арщ.

– НтIэ, Бухъарид и дей лъагъунлъагъу дыбгъакIуэм хъуркъэ?

– Уэрей, Мухьэжид, сэри сигу илътэм ар.

– Сэ си маршынэр ремонтым щытщ...
– СысеймкIэ дыкIуэнщ.
– НтIэ, сытхэм дей укъикIыну?
– Сэ иджыпстуи сыхьэзырщ.
– Хьэуэ, зиунэрэ, иджыпсту жьыIуэщ. Еуэ, шэджагъуэ нэужьым, сыхьэтищхэм дей дегъажьэ.
– Тэмэмщ.
– Беслъэн, бжьэ, зэкускэ щхьэкIэ умыгузавэ, къыумылъыхъуэ. Хьэзырыпсу щыIэщ, зэзгъэпэщауэ. ДызэгурыIуа?
– ДызэгурыIуащ.
– НтIэ, щыхэм дей ди унэ укъыIуолъадэ.

ТIэкIу зэIурыуа нэужь, Беслъэн зихуапэри щIэкIащ. Абы мурад ищIащ мастерскоймкIэ мыхъуу, нобэ губгъуэмкIэ иунэтIыну. Махуэ зыбгъупщI хъуауэ плъатэкъым и хьэсэмкIэ. Губгъуэм удэзыш Iуащхьэм машинэкIэ дэмыкIыфынкIэ шынэри, ежьащ лъэсу. Бжьыхьэсэм и щытыкIэр зыхуэдэр и нэкIэ зригъэлъагъуну хуейт. Гъатхэ фIэкIа умыщIэну, дунейр нэхъ хуабэ къэхъуат, уэрамхэр ятIэт, лъащхьэм къыфIэкIыу. Уэрам нэхъ щэхухэм ящыщ зымкIэ дигъэзыкIри, Iуащхьэм дэкI гъуэгум теуващ Беслъэн. Алэрыбгъум хэщIыхьа тхыпхъэщIыпхъэу, джабэ нэкIум уэсыр Iэрамэ-Iэрамэу кIэрылът. Iуащхьэм зэрыдэкIыу щIидзэрт хьэцэпэцэр зытелъа, бжьыхьэм ява я хьэсэм. Вагъэм, къандзэгу Iуащхьэу, къыхэпIиикIырт уэсыр зытеткIукIыжа щIыгулъ фIыцIэр. Абы щхьэщыт гъуэзыр гъатхэмэу къыпщIихьэрт. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Беслъэн хуэзэшат губгъуэм. Лэжьыгъэхэр яухыу хьэсэм къызэрыхэкIыжрэ мазэ иримыкъуами, къехьэлъэкIырт пщIантIэм дэсыну. Мастерскойм кIуэурэ тIэкIу зэрыпэщащцэр, зэрытеур мыхъуамэ, унэм дэзэгъэнтэкъым. ПщIантIэми щищIэнышхуэ щыIэтэкъым. И хадэр къитIат. КъитIынышхуи иIэтэкъым абы, бжьынрэ бжьыныхурэ зыхасэн тIэкIу фIэкIа, и лъапсэм нэхъыбэр пхъэщхьэмыщхьэ жыгт...

Гуэдзыр Iуву хьэсэм къызэрыщызэщIэрыуар илъэгъуа нэужь, игу зэгъауэ, Беслъэн къигъэкIэрэхъуэжащ. Бухъарид и дей кIуэмэ, жриIэнщи игъэгуфIэнщ. Санаторэ щымыIамэ, бригадирыр махуэ къэс жыхуиIэм ещхьу, дэкIынут губгъуэм.

Губгъуэшхуэр нэщIт, щымт. Уеблэмэ мэзым пхъэгъурашэ кIуэ лъэпкъи къыхуэзатэкъым Беслъэн. Ауэрэ ар иубыдыжащ бжьыхьэсэм кърита гукъыдэжыр лъэныкъуэегъэз зыщIа гупсысэм. Иужьу и шыпхъуитIыр къыщыкIуэжам, илъэсыщIэр къыщихьа махуэм, хуабжьу къыхагъэзыхьат «къашэ» жари. Езыми, зыщхьэщигъэкIын щхьэкIэ, «хъунщ, мы гъэм фIэзгъэкIынкъым», яжриIат. Ауэ и анэкъилъхуитIым мы гъатхэм фIимыгъэкIыну жаIэри къытракъузащ. Пэжт и шыпхъухэм жаIэр. И анэм узыншагъэшхуэ иIэжтэкъым. Я Iуэм ит жэмымрэ танэмрэ шэджагъуэм нартыху бзий яритыну, псы иригъэфэну и пщэ дэлът. Ар хэмытми, джэдкъаз къудейм кIэлъыплъыну ирикъунут лэжьыгъэу. Унэ кIуэцI Iуэхумрэ пщэфIэнымрэ и гугъу умыщIыххэ. НысащIэ дэсамэ, къалэным и нэхъыбэр щхьэщихынут и анэм. Ауэ... хэт къишэнур? Дауи, Беслъэн игъуэтынут къыдэкIуэн. Я жылэм дэст и анэри, и шыпхъухэри нысэу зэхъуапсэ хъыджэбз зыбжанэ. Абыхэм яхэтт Беслъэн ицIыхуу зытIущи, арщхьэкIэ «слъэгъуарэт, сыхуэзарэт», жиIэу и гур зыхуэпабгъэ яхилъэгъуакъым. Абы и псэм къилъыхъуэр нэгъуэщIт.

* * *

Клуб пщIантIэм, бжьэ къэпщIауэ, цIыхур Iуву дэтт. А махуэм екIуэкIынут колхозым и отчёт собранэ. ЗэIущIэм и щIэдзэгъуэ хъуат, ауэ районым къикIыну хьэщIэхэр къызэрыгувэм щхьэкIэ зэIущIэр яублатэкъым. Куэд дэмыкIыу клуб пщIантIэм къыдэлъэдащ районым и Iэтащхьэр зэрыс «Волга» щIэрыпсыр. Ар щалъагъум, пщIантIэм дэтхэр епIэщIэкIыу щIыхьащ клубым.

Хозяйствэ тхьэмадэм и къэпсэлъэныгъэр иуха нэужь, чэзууэрэ утыкум къихьащ колхозым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр. Къуажэм и илъэс лэжьыгъэм кърикIуам район тхьэмадэр арэзы къызэрищIыр и нэгум къигъэлъагъуэрт.

– Иджы псалъэ идот, колхозым и мызакъуэу, район бригадэхэм я зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда Гуэныкъуэ Бухъарид, – жеIэ председателым.

Я IуэхущIафэр зыхуэдэм кIэщIу ирикIуэжа нэужь, Бухъарид президиумым исхэм я дежкIэ еплъэкIри пищащ:

– Сэ зы лъэIу сиIэщ...

– Уи лъэIур зыхуэдэр дощIэ, – зэпиудащ ар председателым, – мыгъэризэр и кIэм тхунэгъэсыж...

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ си шым ижынур зыхуэдизыр сощIэж. Си узыншагъэм къитIэсэжыркъым. Гъатхасэр зэфIэкIыху сылэжьэн си гугъащ. Ауэ... илъэс хыщIрэ тхурэ мы гъатхэм сохъу, зиунагъуэрэ. Сэ нэхърэ нэхъыжь хэтыжкъым колхозым. ЩIалэгъуалэ, тхьэм и шыкуркIэ, ди мащIэкъым, еджахэу. Техникум, университет къаухауэ. Абыхэм гъуэгу етын хуейщ.

– Бухъарид, уи гъащIэр колхозым щыпхьащ, иджыпсту утIысыжкIэ пщIантIэм удэзэгъэну си фIэщ хъуркъым. Завскладым ди гур тIэкIу зригъабгъэри IудгъэкIащи, абы и пIэкIэ узгъэкIуэнщ. Ар лэжьыгъэ хьэлъэкъым, губгъуэм хуэдэу.

– Иджыпсту жэуап уэстыфынукъым, Хъалид. Дегупсысынщ. Ауэ си лъэIур зытеухуар нэгъуэщI Iуэхущ. КъыздэфIыгъыу щытмэ.

– Iагъ, район псом щыпашэ бригадирым и лъэIур хуумыщIэу хъурэ? – хьэщIэхэм я тхьэмадэр хуеплъэкIащ колхоз председателым.

– ТхузэфIэкIмэ, дгъэщIэхъункъым.

– Апхуэдизу селIалIэу, сыхэщыпыхьу зэхуэсшэса бригадэр кIашэ хъуну сыхуейкъым. СщIэмэ сфIэфIт си пIэкIэ бригадиру вгъэувынур хэтми. И щхьэ течауэ жысIэнщи, бригадэр екIурэ ещхьу зезыхьэфыну иджыпсту слъагъур си помощникырщ – Беслъэнщ.

– Дегупсысынщ, Бухъарид, – абы дежкIэ къэплъащ председателыр, – агрономым сэрэ дызэчэнджэщынщи...

– И щхьэ течауэ жысIэнщи, агрономым ар къызэрыбдимыIыгъынур фIы дыдэу сощIэ. Ауэ фи фIэщ фщIы, Беслъэн хуэдэ фэ вгъуэтынкъым. ЩIалэми пщIэ иIэщ, дэтхэнэ зы комбайнми, трактормми, жыласэ маршынэми Iэрыхуэу иролэжьэф, зыгуэр хэкъутыкIамэ, хуощIыж. Ар къэбгъанэу нэгъуэщI къыщIэплъыхъуэнур сыт?

– Уэлей, Бухъарид, а жыпIэр пэжу щытмэ... хьэуэ, абы шэч къытесхьэу аракъым... нэгъуэщI кандидатурэ къыщIэплъыхъуэн щымыIэ, – къопсалъэ районым и унафэщIыр. – Уэ дауэ уеплърэ, Хъалид?

– Сэри ар тэмэму собж.

Собранэр щиухым, клубым щIэсхэм захуигъэзащ председателым:

– ФызэбгрымыкIыж, ди къуажэ самодеятельностым концерт бэлыхь игъэхьэзыращи, дакъикъэ зыбгъупщI дэкIмэ щIидзэнущ.

Беслъэн иджыри зыкъищIэжатэкъым. Бухъарид апхуэдэ Iуэху зэи къыхутепсэлъыхьатэкъым, и пIэкIэ къигъэнэну жиIэу. Бригадиру ягъэувмэ, пэлъэщыну пIэрэ? Пэлъэщынт, абы зыхимыщIыкI Iуэху я лэжьыгъэм хэлъкъым, ауэ агрономымрэ абырэ зэзэгъыну? Иджыри ищIэркъым ямыгъэувынуми. Езыми иджыпстукIэ и нэ къикIыркъым жэуапышхуэ зыпылъ апхуэдэ Iуэхум пэрыувэну.

Клубым зыри щIэсыжтэкъым Беслъэн къыщытэджыжам. ЦIыхур пщIантIэм дэтт уэршэру, язынык ъуэхэм тутын ягъэсу. ЩIымахуэку мазэми, дунейр щIыIэтэкъым. ЩIагъуэу уимыгъэхуабэми, пшэхэм къаIэщIэкIа дыгъэм уи гукъыдэжыр къиIэтырт. Беслъэн и мурадат концертыр уэим ищIыну, ауэ Сэнят абы зэрыхэтынум и гупсысэр хуэкIуэжри къызэтеувыIащ.

– Сэлам алейкум, – къыбгъэдыхьащ абы Мухьэдин.

– Уалейкум сэлам.

– СлIо, си ныбжьэгъур дунейм утеткъыми? Кино укъакIуэу зэи услъагъуркъым.

– Губгъуэ лэжьыгъэм урегъэзэш. Абы и ужькIэ сыт кино?

– Уэрей, Беслъэн, уэрэ сэрэ дыхуэмыхум. Ди классахэм ящыщу дэ тIуращ къэзымышар. Зубер ещанэу. КIуэ, абы зэ къишэри иригъэкIыжащ. Сыт уи гугъэр, къэпшэну мы гъэм?

– Алыхьым ещIэ ... Уэ-щэ?

– Уэрей, Iэмал иIэу, мы гъэм, бжьыхьэм фIэзмыгъэкIыну. Си ныситIыр къыслъитIысхьэпащ. Нэхъапэм зыгуэрхэм яужь ситащ сэ, уэри бощIэ, ауэ си кIэн къикIакъым. Иджы, ди къуажэ хъыджэбзхэм сахоплъэри, нэхъ хъун хуэдэу зы яхызолъагъуэ. ТIэу-щэ есIуэкIати, абыи тIэкIу зегъэщIагъуэ. Сыщыуэми сщIэркъым, ауэ иужьым и гупэр нэхъ къысхуигъэзауэ, и гур нэхъ щабэ къысхуэхъуауэ къысщохъу.

– НтIэ, занщIэу «хъунщ» къыбжаIэн уи гугъэ? Хъыджэбзхэр псори апхуэдэщ. ТIэкIу къакIэлъыбжыхьмэ я жагъуэкъым. Сэ сцIыхуу пIэрэ?

– БоцIыху. Ауэ... зыми жесIакъым. Уеблэмэ Зубер... Хъунщ-тIэ, уэ дэнэ сыпхьыжын, ди зэхуэдэ щэхущ. Сэнятщ жыхуэсIэр, уи шыпхъу Индирэ къыдэлажьэр.

Ар щызэхихым, Беслъэн и фэр занщIэу къызэкIуэкIащ. И щхьэр кIэрэхъуащ. Абы къыщыхъуащ и гум гъущI папцIэ къыхаIуауэ. «Концертым щIедзэ, иIэ, фыкъыщIыхьэ», жаIэу къыщыджэм, занщIэу абыкIэ имыунэтIамэ, и нэгур пшагъуафэ зэрыхъуам Мухьэдин гу зэрылъитэнур бэянт.

И нэм щIы имылъагъу жыхуаIэм хуэдэу, къэзыцIыху е ицIыху гуэрым хуэзэну хуэмейуэ, клубым щIыхьэри цIыху зыплIытху фIэкIа зытемыс япэ сатырым и кIапэ дыдэм деж тIысащ Беслъэн. Мухьэдин къыжриIар апхуэдизкIэ и гум щIыхьати, утыкум къихьа ныбжьыщIэхэр къызэрыфэр илъагъуртэкъым. Щыст зиудыгъуауэ, хьэдэ изыхам хуэдэу нэщхъейуэ.

– Иджы федаIуэ Шэмэдж Сэнят игъэзащIэу цIыхубэ лъагъуныгъэ уэрэд, – къызэхуэсахэм яжреIэ самодеятельностым и унафэщIым.

Адыгэ фащэр щылыдыкIыу, щабэрыкIуэу, псым ес къазу, утыкум къохьэ Сэнят. Къохьэри, клубым щIэсхэм яхоплъэ, зыгуэр къилъыхъуэ хуэдэ. ИтIанэ пшынауэм дежкIэ йоплъэкI, «сыхьэзырщ», жыхуиIэу.

«... ЖэщкIэрэ си нэгум
ПщIыхьу уэ ущIэтщ,
Сэри си щIалэгъуэр
Уэ сыножьэу йокI ...»

Унащхьэр трачыным хуэдэу, Iэгуауэшхуэ хуаIэт хъыджэбзым. Абы зыкIэ макъ дахэ, макъ щабэ иIэщи... Езыри зэрыщIыкIафIэ. «Аргуэру зэ дегъэдэIуэж», жари, етIанэу утыкум кърашэри жрагъэIэ. Абы щыгъуэ Беслъэн къыщыхъуащ Сэнят абы и дежкIэ къаплъэу, къыщыгуфIыкIыу. Е къыфIэщIауэ пIэрэ? Концертыр иухыхункIэ зигъэхъеякъым Беслъэн. И кIэухыу аргуэру Сэнят уэрэд жрагъэIащ. Хъыджэбзым уэрэдыр щиухым, удз гъэгъа Iэрамэшхуэ иIыгъыу утыкум лъэ псынщIэкIэ Мухьэдин йохьэри абы IэщIелъхьэ. Ар щилъагъум, Беслъэн и нэгур занщIэу зэIуоуэри, и щхьэр клубым щIех.

* * *

Сэнят и дневникым иретхэ.

Нобэ, концерт нэужьым, къызэхъуэхъуар сыт хуэдиз! Си щхьэр лъагэу сагъэлъагъужащ. Уеблэмэ районым къикIа хьэщIэшхуэм си Iэр гуапэу къиубыдри, «уэ артисткэ Iэзэ къыпхэкIынущ», къызжиIащ. Ауэ абы дэнэ щищIэн сэ уэрэджыIакIуэ сыхъуну сызэрыхуэмейр? Зубер фIэкIа зыми ищIэу къыщIэкIынукъым самодеятельностым афIэкIа сызэрыхэмытыжынур. Псори зи ягъэр М-щ. Мы щIымахуэ гущIыIум дэни кърихауэ абы къызита удз гъэгъа Iэрамэшхуэр? ФIы зыкъысхуищIын щхьэкIэ лъэкI къигъанэркъым. Илъэс тIощI сыщыхъу махуэм школым накIуэри, дыху лъапIэрэ кIэнфет коробкэшхуэрэ директорым и кабинетым къыщысIэщIилъхьащ. КъеIысхынутэкъым, директорыр мыхъуамэ. СщIэркъым си ужь щIимыкIыр. Абы си гур зэрыбгъэдэмыхьэжынур хьэкъыу спхыкIащ. Мызэ-мытIэу жесIащ си Iуэху къызэримыхуэну, итIани... «укъэсшэнущ», жи... Еплъ абы и гугъэм. Концертым щIэсащ Б. Ауэ щхьэ нэщхъейуэ къысфIэщIа ар? Щхьэхуэ зищIри, къэхъеякъым концертыр иухыху. Сыту пIэрэ игу къеуэр? Аращ, нобэр къыздэсым хуегъэхыркъым фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзыр къызэремыжьар. И гур зэщыуащи, нэгъуэщIхэм еплъыжыркъым. Сыту Iейуэ щыуа а I-р. ДэкIуа нэужь тIэу-щэ сыхуэзат и дыщ къэкIуэжауэ, ауэ сытегушхуэу сеупщIакъым, «ущIегъуэжаIэ?» жысIэу.

* * *

– Сэнят, а си нэху, къакIуи къызжеIэжыт къуажэ пащхьэм нобэ уэрэд зэрыщыжыпIар, – унэбжэр дамэдазэ ещIри, къыщIоплъэ Дадухъан.

– Иджыпсту, нанэ, – и дневникыр зэгуепIэж Сэнят.

– Мо удз гъэгъа Iэрамэшхуэри хэт къыуита?

– Комсомол секретарым.

– Бухъарид и къуэми?

– НтIэ, аращ.

Сэнят и анэшхуэм и ужь иту пщэфIапIэм кIэлъыщIохьэ.

– Кхъуейжьапхъэ пхуэсщIащ, КIунэ, узэрыфIэфIыр сщIэрти. Къыпхуислъхьэн?

– СфIэфIщ, тхьэ, ауэ мащIэу къысхуилъхьэ, нанэ. Е сэ къислъхьэжынщ. Армыхъумэ, уэ куэдыIуэ къызыбот.

И къуэрылъхур шхэуэ здэщысым, зыкъомрэ щыму еплъащ фызыжьыр. «Си насыпти, хъыджэбз тхьэIухуд сиIэщ, и ишэгъуэ дахэу. Хабзэр ещIэ, губзыгъэ цIыкIущ. ШкIуол щылажьэми фIыуэ къалъагъуу аращ и анэм жиIэр. Алыхь, хэт ишэми ехъулIам. Хэтхэ я щIалэу пIэрэ и натIэ хъунур? А кIэмсэмол сикритар жыхуаIэрауэ пIэрэ? Алыхь, щIалэ зэкIужым, нэмысыфIэуи къысщыхъуам. Си хъыджэбзым «ТIыхъужь Алий къэкIуэнущ», жиIэу театрым сыщишам къызбгъэдыхьэри Iейуэ гуапэу си Iэри къиубыдам. Бухъарид зэрикъуэр сщIаIым. Си хъыджэбзым и гурылъыр сщигъэпщкIу хабзэкъым. СеупщIынти...»

– Удз гъэгъа къозыта щIалэр фIыуэ пцIыхурэ, КIунэ?

Сэнят абы «хъущт» жиIэу хуеплъэкIащ:

– СоцIыху. Ар уэрэд щыжысIэ клубым и унафэщIщ. ИкIи колхозым хэт комсомолхэм я нэхъыщхьэщ.

– Тхьэ, щIалэфIыфэ есплъам абы. Унагъуэ иIэ?

Сэнят и анэшхуэм хупыгуфIыкIащ:

– Сыт, нанэ, себгъэшэнура?

– Алыхь, щIалэ зэпэщым. Индири, а уи ныбжьэгъур, щотхъу. Уи ужь къиту, уэ умыдэу аращ жиIэр, зымахуэ ди куэбжэмкIэ блэкIыу къысхуэзати. Апхуэдэ щIалэ...

– Игу ирихьмэ, езы Индирэ дрырекIуэ-тIэ, – мэдыхьэшх Сэнят, – сэ сигу ирихьырIым.

– Сыт, на-а-а, дэбгъуэр? Алыхь, щIалэ къекIум, къэзылъхуаращи, Бухъарид хуэдэу пщIэ зыхуащI мы жылэм дэсу къыщIэмыкIын. Апхуэдэ благъэ уиIэныр сыт и уасэ! Езыхэри хуэщIауэ мэпсэум.

– Ей, си нанэ цIыкIу, «щIалэ къекIущ, хуэщIауэ мэпсэу», жыбоIэ, ара Iуэхур здэщыIэр, абы нэхърэ нэхъ щIалэфI дунейм темытми, уи гум, уи псэм къыдэмыхьэмэ...

– Ущоуэ, си хъыджэбз, уи адэшхуэр сэ сигу ирихьу, фIыуэ слъагъуу щыта уи гугъэ? Джэгум зэ закъуэ сыкъыщигъэфа мыхъумэ, алыхь, и натIэгу нэ закъуэ исми сымыцIыхуххэт. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу сихьащ.

Сэнят мэдыхьэшх:

– НтIэ, щхьэ укъэмыкIуэжарэ?

– Сыт къэкIуэж? Апхуэдэ хабзэ щыIэт абы щыгъуэ?

– Тхьэ, къысхуэмыхъуат ар хабзэ.

– ЩIалэр дядэм ицIыхут, и цIэфI мыхъумэ, и Iей зэхихатэкъыми, хьэлэбэлыкъ къиIэтакъым. Сэри хуэм-хуэмурэ сесэжащ. Езыри къысхуэIеякъым, ахърэт нэху Тхьэм къритауэ къыщIигъэкI.

– Иджы нэгъуэщI зэманщ, нанэ. Хъыджэбзыр мыарэзыуэ яхь щыIэжкъым. Зэзэмызэххэщ апхуэдэ къыщыхъур.

– Хамэ къуажэ удэкIуэмэ, жызори согузавэ, си нэху. НэгъуэщI жылэ уашэмэ, щIэх-щIэхыурэ услъагъунуIым. АпхуэдизкIэ сыносащи...

– Умыгузавэ, си нанэ, дэнэ сашэми, тхьэмахуэ къэс зэ сыкъыплъыгъуэзэнщ.

– Ар щIыжыпIэр сыт? Уэ сэ слъагъум хамэ къуажэ щыщ щIалэ уепсалъэу уимыIэу пIэрэ?

– ХьаIэ, нанэ, сиIэкъым. СиIамэ, уэ пщызбзыщIын уфIэщIрэт?

– А си нэху, уэ илъэс тIощIым ухыхьащ, унагъуэ уиIэн зэрыхуейм уегупсысыну хъуащ и чэзу. Иджыри къыздэсым уи гур зыкIэрыпщIэн уримыхьэлIауэ ара?

– Апхуэдэ гуэрми сыхуэзагъэнщ. Ауэ езыр нэкIи пэкIи къомыплъмэщэ?

– Алыхь, си тхьэIухудыр укъэзылъэгъуауэ, хьэщыкъ мыхъур хэтми, гунэф дыдэм...

* * *

«Индийскэ кино къашащи, пщыхьэщхьэ дыгъакIуэ», жиIэу Индирэ къыщыхуиIуэхум, Сэнят арэзы хъуащ. Пэжыр жыпIэмэ, мазитI-щы хъуауэ клубым кино щеплъатэкъым ар. Школым къикIыжри, тIэкIу зэIурыуа нэужь, унэм щыIэбэлъэбащ. И дэлъхум дыгъуэпшыхь тренировкэм кърихыжа щыгъынхэр ижьыщIу ахэр кIапсэм фIидзэху, пшапэр зэхэуащ.

Абы и ужькIэ фIыуэ зызэпилъэщIыхьщ, и щыгъын нэхъыфIыIуэхэр щитIагъэри, щIыхьащ и анэшхуэр зыщIэс пэшым.

– Аращ, нанэ, зэрыбжесIауэ, сокIуэ кином.

– Ар гувауэщ щиухынур, си нэху, жэщыбгым уи закъуэ...

– Умыгузавэ, Индирэрэ ар зэпсалъэ щIалэмрэ сыкъашэжынущ.

– Хъунщ, тIасэ, кIуэ. Арыншами, шкIуолым укъикIыжа нэужь, махуэхэм щIэкI уимыIэу ущIэсщ унэм.

Клубым щIыхьауэ Сэнят къыпэплъэрт Индирэрэ абы и щIалэмрэ.

– КъыщIыхьэ, Сэнят, уи билетыр къэтщэхуакIэщ.

Клуб кIуэцIым цIыхур Iуву щIэст. ЩIалэгъуалэт и нэхъыбэр. Ауэ курыт ныбжьым ит цIыхубзхэри мащIэтэкъым. Щыри щIыхьэри я тIысыпIэхэр яубыдыжащ. Кином щIидзэным иIэжышхуэ щымыIэу, зыкърихыу Мухьэдин къабгъэдохьэри я Iэр къеубыд. ИкIи Сэнят къыбгъурыс щIалэжь цIыкIум жреIэ:

– КIуэ, ПIытIэ, мо си местэм дей тIыс. Сэ мыбыхэм сабгъэдэсыну сыхуейщ.

Сэнят жиIэнури ищIэнури имыщIэу къэнат. СыткIэ хуейт ар Мухьэдин къыбгъэдэсыну? ИщIэнур сыт? Къэтэджу IукIыжынущи – къыхуегъэкIуркъым. Ар ибгъукIэ къызэрыщетIэсэхынур ищIамэ, и лъапэр къыщIишиентэкъыми клубым.

– Индирэ, мы уи ныбжьэгъум ди самодеятельностыр щIибгынар сыту пIэрэ? – Мухьэдин хуоплъэкI Сэнят къыбгъурыс хъыджэбзым. – Сэ соупщIри къызжиIэркъым.

– Тхьэ сымыщIэ, – мэдыхьэшх Индирэ, – пщыкъуэцIэу ебзыщI.

– Ди репертуарыр нэхъ фагъуэ хъуащ Сэнят зэрыхэкIыжрэ. Пэжкъэ?

– Пэж дыдэщ, тхьэ. И, Сэнят, сыт самодеятельностыр щIубгынар? Пэжу, макъ дахэ уиIэщ уэ.

Сэнят и ныбжьэгъум хуеплъэкIри къыпыгуфIыкIащ:

– Сэ абы сыдихьэхыркъым. Артисткэ сыхъунуи си нэ къикIыркъым. ИтIанэ... уэрэд жызыIэхэр делэ цIыкIуу, ди хабзэм къемызэгъ лъэбакъуэ пхэнж ячыфыну къызыфIэщIхэри щыIэщ.

Ар щызэхихым Мухьэдин и нэгур къызэIууащ...

Кинор иуха нэужь, Сэнят щыпсэу лъэныкъуэмкIэ ежьат плIыри, ауэ Мухьэдин адрей щIалэм зыхуигъазэу, – «Уэ Индирэ шэж, сэ Сэнят нэзгъэсыжынщ», – щыжиIэм, тIурытI зэрыгъэхъури, лъэныкъуэ зырызымкIэ яунэтIащ. Сэнят шэми шхуми исырт. Зэми, – «Сыхуейкъым, си закъуэу сыкIуэжмэ нэхъ къызощтэ», – жиIэну и Iупэм къэсырт, ауэ и напэм къыхуегъэкIуакъым. Зыкъомрэ щыму кIуащ а тIур.

– Сэнят, цIыху укIа дяку щыдэмылъкIэ, щхьэ сыбгъэбийрэ? Къысхуэбгъэгъуну дапщэрэ сынолъэIуа. Мылъэпэрапэ, щымыуэ щыIэкъым.

Псори зи лажьэр Зуберщ. «Уи день рожденэм зы бжьэ сыбдефэнущ», – жери къыщIыхьэри... СщIэркъым, шейтIаныр къыстекIуагъэнщ.

Хъыджэбзым абы жэуап иритакъым.

– Ухуейми уи фIэщ щIы, Сэнят, ухуейми умыщI, ауэ «сянэм нысэ хуэхъунущ мыр» жыхуэсIэ уэр фIэкIа зы хъыджэбз ди къуажэм сыщримыхьэлIа.

– Мис ар пэжIым, – иритыжащ абы жэуап Сэнят, – си дэлъхум щхьэкIэ ехъуапсэу нанэ дапщэм я цIэ ириIуа?

– Хьэуэ, дэскъым жысIэу аракъым. Ауэ а псоми уахэплъэжмэ, уэращ...

Я унэм нишэсыжа нэужь, Мухьэдин жеIэ:

– Сэнят, уи фIэщ щIы, уифI къызэкIащ хуабжьу. И щхьэ течыпауэ бжесIэнщи, си акъылыр щытIысар иджыуэ къысщохъу: тутынафи, аркъафи, зы цIыху хьэулеи си кабинетым къыщIэзгъэхьэжыркъым. Пызгъэхуащ зыкъэмынэ. Иджы къыщIэкIынщ гъащIэр къыщызгурыIуэр. А пщыхьэщхьэм къэхъуам сриткIуурэ, нэгъуэщI цIыху сыхъуащ.

Къеплъа мыхъумэ, хъыджэбзым абы зыри пидзыжакъым.

– Сыт хуэдэ жэуап къызэптынур? Мыпхуэдэу куэдрэ схьыну си гъащIэр? КъысхуэбгъэгъурэгI?

– Пхузогъэгъу, ауэ си ужь уимытмэ, си Iуэху къызумыхуэмэ нэхъыфIщ. Сэ... фIыуэ слъагъу щIалэ сиIэщ. «Езым сыкъищIэркъым, ахъумэ», – пещэ игукIэ.

– Си фIэщ хъуркъым. Ар пэжу щытмэ, сэ зэхэзмыхынкIэ, къэзмыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

– Абы пцIы лъэпкъ хэлъкъым. Лейуэ зэман къыстумыгъэкIуадэ.

– Хэт а... жыхуэпIэр?

– КъэпщIэнщ, и чэзур къэсмэ.

– Хьэуэ, итIани си фIэщ хъуркъым.

* * *

Колхоз собранэ нэужьым правленэм хэтхэр зэхуэсри гъэ зэрыхьам зэфIагъэкIынухэм, хьэмрэ гуэдзымрэ зытращIа хьэсэхэм халъхьэну щIыгъэпшэрыр, гъэсыныпхъэхэр къэщэхун зэрыхуейм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми тепсэлъыхьащ. Апхуэдэу и гугъу ящIащ Бухъарид и пIэкIэ бригадэм и нэхъыжьу ягъэувынуми. Председателым а Iуэхур Беслъэн и пщэ ирилъхьэну зэримурадыр утыку къыщищIым, агроном нэхъыщхьэм зифыщIыжу хуежьащ: «Ар щIалэщ, фыз къудей къызыхуэмышэм гуп хуэгъэлэжьэн, бригадэ пашэр кIуэцIригъэхунущ», – жери. Адрейхэм я жьэр зэтрахакъым, агрономым и ней къамыхьын щхьэкIэ, кIуэ зоотехникым, – «щIалэ зэтесщ, пэлъэщыну къысфIощI», – жиIэу председателым дежкIэ еплъэкIа мыхъумэ. Хъалиди, «район тхьэмадэми ар щыфIэкъабылкIэ девгъэплъ, пэмылъэщмэ зэтхъуэкIынщ», – жиIэу щиукъуэдийм, агрономым къищынэмыщIа, правленэм хэтхэр акъылэгъу къыдэхъуащ. А псор зэрекIуэкIар Беслъэн къыхуиIуэтэжащ зоотехник нэхъыщхьэм. ИужькIэ председателым ириджэщ, Бухъарид и къалэныр и пщэ къызэрыдэхуэр, къыщIэхуэ зэрымыхъунур, сыт и лъэныкъуэкIи езыр чэнджэщэгъу, дэIэпыкъуэгъу къызэрыхуэхъунур къыжриIэри къыщIигъэкIыжащ.

* * *

Зэи хэжае и хабзэтэкъым Беслъэн. Ауэ нышэдибэ жьы дыдэу къэушат. Нэху мыщу зэ къызэщыуамэ, жейм езэгъыжыртэкъым. И щыгъын тIорысэхэр зыщидзэри, иунэтIащ хадэмкIэ. Абы и хьэлт хадэкум иж псы цIыкIум, ищхьэмкIэ пхъэнкIий къыщыхамыкIутэ щIыкIэ, алюмин кружкэшхуэмкIэ къыщIигъалъэурэ и бгым нэс зытрикIэу. ЩIымахуи гъэмахуи. Жылапхъэ IуэхухэмкIэ жэуаптакIуэу колхозым хэт агроном щIалэм щIыгъуу нобэ ар кIуэн хуейт районым и щыхьэрым дэт гъавэ IыхыпIэм. Абы яIэ нартыху жылэр ягу ирихьмэ, къащэхунут. Ауэ гъуэгу теувэным иджыри зэманыфI иIэти, и Iэпкълъэпкъым зригъэукъуэдийуэ щIидзащ. Иужь илъэс зы-тIум абы нэхъ кIащхъэ ищIат а Iуэхур. Ауэ зэрыщыуэр къыгурыIуэжри, иджы щIидзэжауэ, къызэрыушу хадэм илъадэурэ сыхьэт никъуэ хуэдэкIэ зарядкэ ищIырт, Iэлъэ зыIэритIагъэрти, кхъужьейм фIэдза, пхъэ упсахуэ зэрыкIута фэ зэгуэдам, «грушэкIэ» зэджэ къэпыжьым «езауэрт». Армэм щыщыIам щыгъуэ, боксым зэрыдихьэхыр ящIэрти, ар ягъакIуэрт спорт зэхьэзэхуэхэм. Уеблэмэ спортымкIэ мастерхэм я кандидат хъуат.

ТIэкIу къэпщIэнтIауэ шэч щищIым, Беслъэн и Iэлъэр зыIэрихыжщ, псыежэх цIыкIум деж фIыуэ зыщызэпилъэщIыхьыжри, и джанэр зыщитIэгъэжащ. Абдежым, къыздикIари къыздихуари мыгурыIуэгъуэу, жьапщэ щIыIэ къыкъуэуащ. «Къесыну пIэрэ?» – уафэм дэплъеящ Беслъэн. ЩIымахуэкIэ мазэм зэхуэдитI ирищIыкIа пэтми, зэ закъуэ фIэкIа къесатэкъым уэс. КIуэ, зэ-тIэу мащIэу кърипхъых хуэдэу зищIа мыхъумэ. Уэшх щIагъуи къешхатэкъым. Беслъэн гузавэу хуежьат бжьыхьэсэм щхьэкIэ. Хьэсэм псыIагъэкIэ зимыгъэнщIмэ, хьэцэпэцэр щIагъуэ яхуэхъунутэкъым. ЩIышхуи хухахатэкъым абы. Хьэмрэ гуэдзымрэ зытращIар гектарищэрэ никъуэрэт зэрыхъур. Иужь илъэсхэм бригадэм нартыхум нэхъ зритат. Абы щIэупщIэ иIэт. Гуэдзым, уеблэмэ, трагъэкIуэдар къахущIэхыжыртэкъым. Ауэ хьэцэпэцэр хыумысэу хъурэт, нобэ щIагъуэу ямыщэхумэ, пщэдей и уасэр къэкIуэну щыгугъхэрт.

ПщэфIапIэм щIыхьэщ, къалмыкъ шейр игъэхуэбэжщ, кхъуейрэ лэкъумрэ дрифри, и пэшымкIэ иунэтIыжащ.

– Сыту жьыуэ укъэхъея, ТIутIэ, – и анэр сенэм къыщыIууащ Беслъэн. – УдэкIыну ара?

– Районым дыкIуэн хуейщ агрономым сэрэ.

– ТIэкIу узэIурыуа?

– НтIэ.

Зихуапэщ, и машинэр зэщIигъанэри, абы агрономым я унэмкIэ иунэтIащ. Ар щыпсэур къуажапщэ дыдэрт. Мыгувэу уэсыр кърипхъыхыу хуежьащ. Нэхъ хуэм зещIри, Беслъэн уафэм доплъей. Зы фIыгъуэ гуэрым хэн нэхъей, щIылъэм къызэрысыным хуэпIащIэу, зыр зым еIунщIу уэсыр кърипхъыхыу хуежьат. Агрономым я унэм нэсыху гъуэгум зэрытета дакъикъэ бжыгъэм уэсыр куэдкIэ нэхъ Iув зэрыхъуам гу лъитащ абы. Ар щилъагъум, и гур зыхуз Iэдэм къиутIыпщыжат. Бригадиру ягъэува къудейуэ хьэцэпэцэр къемыхъулIэмэ, жагъуэгъу зимыIэ щыIэ, абы щыгуфIыкIын гуэрхэри зэрыщыIэнур къыгурыIуэрт. Иджы, тхьэм и шыкуркIэ, уэсыфI къытрилъхьэн хуэдэщ.

* * *

Мэкъумылапхъэр хэсэн зэраухыу, техникэмкIэ дэIэпыкъуэгъуу кърата щIалэщIэм Беслъэн чэнджэщ зыбжанэ иритщ, и машинэм зридзэри къежьэжащ, шэджагъуэ нэблэгъауэ. Абы зыхуигъэхьэзырын хуейт пщэдджыжь зэрежьэнум. Повесткэ етIуанэу къыхуагъэхьат. ЗэрызэхихамкIэ, армэм дашыжынут мазитIкIэ. Нэгъабэ военкоматым щраджам зыгуэрурэ яфIэкIами, етIуанэм щыгъуэ уэгъури чыхури зэрахэмызэгъэнур пхыкIат хьэкъыу. ЯпэщIыкIэ правленэм Iулъадэри председателми, езыр къэтыхункIэ и пIэкIэ бригадирынуми яIущIащ. И машинэм зридзэжауэ къыздежэхыжым къилъэгъуащ автобус къэувыIэпIэм тет хъыджэбзыр, Сэнят. Зы шумэдани тетIысхьэпIэм тетт. И машинэр гъуэгубгъум къыщигъэувыIэри, Беслъэн абы бгъэдыхьащ. ЩIалэм гу лъимытэу къэнакъым, и Iэр къыщишийм, Сэнят и нэхэр къызэрилыдыкIам.

– Дэнэ уежьа, Сэнят? НакIуэ, сэ унэзгъэсынщ.

– Хьэуэ, сэ... сэ жыжьэ сокIуэ.

– Дэнэ нэс?

– Къалэм.

– НтIэ, ар жыжьэ? НакIуэ, пэжу.

– Хьэуэ, сэ къалэм... соIэпхъуэ.

А меданым и щхьэм лъы дэуеяуэ къыщыхъуащ Беслъэн:

– Ар... дауэ? Уэ...

Зымахуэ Индирэ я деж къыщыкIуам, «фи школым сытхэр щыхъыбар?» жиIэу щеупщIым, Сэнятым и гугъу къыхуищIат, – «щIегъуэж хуэдэу хъуащ, гуитIщхьитIщ, къалэм Iэпхъуэн-мыIэпхъуэнщ, и анэшхуэми къабыл ищIыркъым», – жери.

– Зи пIэкIэ сылэжьа биологыр декрет нэужьым къыдэкIыжащ. Си дэлъхум къалэм къыщысхуигъуэтащ местэ. Дыгъуасэ къысхуиIуэхуащ «къакIуэ» – жери...

Беслъэн жиIэнур имыщIэу, и щхьэр кIэрэхъуауэ здэщытым, хъыджэбзыр абы нэщхъейуэ къыхудоплъей:

– Уэри... пщэдей уежьэ си гугъэщ.

– Сожьэ. Дэнэ щызэхэпхар?

– Уи шыпхъум, Индирэ, къызжиIат.

Беслъэн аргуэру щIэплъащ Сэнят и нэхэм. Езыри зэ къыхудэплъейри, и напIэр иридзыхыжащ. Абы и нэхэр псыIэ зэрыхъуам гу лъимытэу къэнэнт Беслъэн.

– НакIуэ, нитIысхьэ, сэ... унэзгъэсынщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, – идакъым Сэнят. – Уэ... зыбгъэхьэзырын хуейщ. Автобусыр къуажапщэм кIуауэ къэтщ, иджыпсту къежэхыжынущ.

Зы заулрэ тIури щытащ щыму, жаIэнур ямыщIэу. Хьэуэ, жаIэнур я куэду, ауэ къахудэмышейуэ. Ауэрэ автобусыр къосри, Сэнят шумэданэмкIэ мэIэбэ. Беслъэн ар къыIэщIехри, бжэм нэсыхункIэ хуехь. Автобусым щитIысхьэм хъыджэбзыр зэ къызэплъэкIыжри, мащIэу щIалэм къыхупыгуфIыкIащ. Беслъэн абдеж щытащ и пIэм ижыхьауэ, илъэгъуамрэ зэхихамрэ гузэрыдзэ къритауэ. Щытащ автобусыр аддэ нэсыху, имылъагъужыху. Хъыджэбзыр къызэреплъа нэр-щэ! ЩIалэм къыфIэщIащ лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа нэкIэ Сэнят къеплъауэ. Е къыщыхъуауэ пIэрэ?

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

* * *

Уахътыншэу къысщыхъути, си адэ.
СыкъегъапцIэ мы гъащIэм аргуэру.
Сыпсэуныр уэрыншэу сегъадэ, —
ар лъэщыгъэкIэ хэти текIуэнущ.

Сыт-тIэ пщIэнур, дунейр мэкIэрахъуэ,
къэбзыхьащ къыщытлъысыр мы щIылъэм.
КъэбгъэщIар мис иджыщ сэ щыслъагъур,
хъуа нэужькIэщ хьэрш жыжьэмкIэ сыплъэ.

Ухэтащ гугъуехь куэдым, си адэ,
упсэуащ лIыгъэм уи псэр дикъузэу.
Слъагъут, итIани, уи нитIым къаIуатэр, —
уи гурыщIэр ягъэпщкIуу пхуемысэт.

СощIэ, жыжьэ IукIакъым уэ уи псэр, —
хуогузавэ утыку кърина хэм.
Къелъэтыхь хьэндырабгъуэ хужьыбзэм,
щхьэ къысщыхъурэ ар уи псэрауэ.

Зэхихынум, жесIэнт зигъэпщкIуну
хьэндырабгъуэ уи гъащIэм пызыщэм.
КIуэрэ пэт, жэр зищIыну хуей гуэрым
ар и лъэгум щихуэныр зым щыщкъым...

* * *

Куэд щIауэ унэм щIэмытыж пэшхьэку,
унащхьэм зэшу къытенащ уэнжакъыр.
КъыщIидзэм ар гъуэгурыкIуэхэм я нэгу,
«Мо унэр зейр щхьэхынэ гуэр хъунщ», — жаIэ.

Ар зейм уэнжакъыр щIыпымыкIыр игу
гурыбгъэIуэн Iуэхуншэу блэкI дэтхэнэм.

## Усыгъэ

Ар зейм и кIуапIэщ здэщытар пэшхьэку,
абдежырщ къехуэбылIэу хэтыр унэм.

Мы хьэблэ щэхум сэри срибынщ,
лей хъуа уэнжакъым сэри стелъщ и щIыхуэ.
Сыт хуэдэу сигу хигъахъуэрэт абы,
щыщ хъужу уэгум Iугъуэ къыщрихукIэ.

Уэнжакъым къыхэхуащи зы чырбыш,
унащхьэм телъщ, уэшх-уэсым япэщIэту.
Абы къысфIощIыр зыхуэмыIэтыж,
иувэжыну и пIэ екъу зэпытми.

Зэшыгъуэр, а чырбышым ещхьу, телъщ
мы махуэ псыIэ гуэрым си тэмакъым.
Си гущIэм къина куэдми къахэплъэнщ,
пщэдей къиплъэжмэ дыгъэр мо уэнжакъым...



* * *

Сыхэтщ уи жьауэм удз гъужыну,
пшэ закъуэ уэгум щыгъуэща.
Ущытщ Iэнкуну, уздэкIуэнур
къыпхухэмыхыу щхьэ сфIэщIа.

СыкъыщIэщынущ, усщхьэщыкIмэ,
зэпхыпсу дыгъэр лъынтхуэ къэс.
СызэрыцIыкIум, схулъэмыкIым
гу лъызытэни гъащIэм хэзщ.

Сыкъыумыгъанэ, мо жыг щIагъым
нэхъ мыхъуми си лъэр нэсхьэсыху.
Нэху лейр игъащIэм схуэхькъым щIагъуэу,
бзий пщтырым си гур сфIощI исын.

Улъагэу щытми, куущ уи жьауэр,
псэхугъуэр си гум къыщегъэщI.
АрщхьэкIэ, гу лъыстащ куэд щIауэ —
абы хухэпхыр зэман кIэщIщ.

Уи гъусэ къомыр къызэрысу,
бгъэдалъэу щыблэр, уежьэжынщ.
Жыг сызыхуэкIуэр умыгъэсым,
куэд къысхуэпщIауэ плъытэжынщ.

А псори сощIэ, ауэ зэкIэ,
ситыхункIэ губгъуэм, сыпщогугъ.
СызэхэщIыкI, уи закъуэ щIыкIэ,
иужькIэ сфIощI ар хъуну гугъу...

* * *

Бжьыхьэщ. Хуэдэщ жыг хадэр Iэпхъуэж.
СыкъэкIуами имыгъуэу — сотхъэж.
ЗэIухащ, ещхьу бжэм, хадэм и псэр,
къиIущэщми хэлъыжкъым щIагъыбзэ.

Тхьэмпэ гъуэжьхэр мамыру къыпоху,
къофэ, ящIу ухыгъэр Iэпэгъу.
Апхуэдизу мы си псэр зыщыщтэм
хадэр сфIощIыр Iэгу хуеуэ щэху дыдэу...

* * *

Счым лъэбакъуэ — губгъуэм сынэсынущ,
ещхьщ къэрал гъунапкъэм къалэ гъунэр.
Ар зэпысчу щытмэ — си фIэщ хъуркъым
щIэх мыбыкIэ сэ къэзгъэзэжыну.

Губгъуэр, къалэм хуэдэу, мыпсэупIэ,
жьапщэми джэгупIэу ращ иIэр.
ЖэщкIэ ар уэгу лъащIэм щеджэ щыIэщ,
зыпэмылъэщ зэшым иубыдыпэу.

Заудыгъу щIыкIэу, Iуащхьэхэр къыхоплъыр,
здэплъэр ахэр дэнэкIэми къащIэ.
УщыблэкIкIэ зыхашынущ мащIэу —
уэ уегупсысынщ я щIагъым щIэлъым.

И макъ щэхухэм пщIэнукъым уздашэр,
губгъуэр узыхуеймщIэупщIэу хэткъым.

Еух арикI, адрей псоми хуэдэу.
АдэкIэ – аргуэру къалэщ, къуажэщ.

Губгъуэри къонэжыр къалэм пыту
е къуажэбгъуу, псори зэсэжауэ.
Губгъуэр щхьэхуэу, зым емылъытауэ
си фIэщ сщIыну сыхэтати быдэу...

* * *

Згъэзэжынут сэ хы IуфэмкIэ,
адэжь хэкум сыкIуэжынут.
Толъкъун Iупэ хыр щыгуфIэкIэ
си гур хэхъуэу сыпсэунут.

Хым и гъащIэр сигу къыщихьэкIэ,
хы тхьэрыкъуэр щоджэ си бгъэм.
Дыгъэ езэшар щыкъухьэкIэ,
хым хыхьэжу фIэкI къысщыхъукъым.



Си гупсысэр пхокI лIэщIыгъуэхэм,
хым и макъыр итщ тхьэкIумэм.
ЗыхызощIэ сытым щыгъуэми
хым щэху куэд зэрысхуихъумэр.

Сыт мо къуршхэм уахуэгуфIэкIэ,
сыт удэплъэкIэ мо къуакIэм?
Згъэзэжынут сэ хы IуфэмкIэ, –
зы гупсысэщ схуемыхьэкIыр.

ГуфIэ защIэу хыр екIуэкIыркъым,
зэзэмызи инщ и губжьыр.
Схуэшэчынкъым, ар зыгуэркIэ
си адэжьхэм яхуэхъущIэм...

* * *

Мэзым къыхэкIауэ щытщ зы жыг,
зыпежьар езым ищIэжу пIэрэ?
Жыбгъэ ежэжьам къигъэзэжыху
ар хэплъэнщ, щIым ходэIухь жыпIэну.

Жьыбгъэм къигъэзэжмэ — фIэкIуэдынщ
и зышыIэр, тхьэмпэр Iэпэу сысу.
Абы къыщIэнакIэ куэд хэтынщ
зи щхьэ закъуэр зымылъытэ мэзым.

Пэгъунэгъу зызмыщIу сыблэкIынщ.
Сыщхьэхынщи, сытекIынкъым лъагъуэм.
Абы щхьэкIэ гъуэгур хъункъым кIэщI, —
зэхэуэнщ и нэгур жыгым слъагъуу.

СыткIэ къысщыгугърэт мы дунейм
закъуэныгъэм есэжа а жыгыр?
И пагагъэр щхьэкIэм нэс дэкIуейт,
и гупсысэр лъабжьэм фIэкIыу ехырт.

Пэгъунэгъу зысщIакъым, сыблэкIащ,
мэзым и Iувагъым сызыщIишэу
Жыг щхьэ закъуэм сыкъыхуоплъэкIыж,
Си гур хэщIу хъуху ар нэхъ спэжыжьэ.

Мы лъэныкъуэм сэ къэзгъэзэжынщ
жыгым иужь тхьэмпэр щыпыху махуэм.
Ди нэхэр абдеж зэхуэзэжынщ,
дигухэр хъуауэ IэджэкIэ нэхъ махэ.

Дызэгъусэу дэ дегупсысынщ
дызыпэплъэ гъатхэр зэрыжыжьэм.
Ди къэкIуэнум къытхуихьынур сыт?
Гугъущ тIум дязым фIэкI ар зэримыщIэр...

* * *

Изотыж сабиигъуэм и Iуащхьэр,
къыщIитхъыпэурэ сигу, изотыж.
Си щIалэгъуэм сIихыжыр фIэмащIэщ,
щысхь жыхуэпIэхэм ар хэмытыж.

Е зыгуэрхэр щызгъэпщкIуу къыщыхъурэ.
Иджы дыдэ гугъэфI сIихыжащ...



9 Заказ №333

Сэ сожьэж, къысхуэнар здыщIызогъури,
гум сыздишэмкIэ сыкIуэу сожьэж.

СIэщIэкI защIэу йокIуэкIыр си гъащIэр,
щэхуу зэм къэзгъэщIам сыхоплъэж.
КъэскIуа гъуэгухэр си лъынтхуэхэрщ зэщхьыр,
гум къыщожьэри — гум йокIуэлIэж.

САБИИГЪУЭМ ЩЫЩЩ

Иныжь нэ закъуэу, жэщыр щIым щхьэщытщ,
щыбауэкIэ ди жыгхэр егъэтхытхыр.
Ар си щхьэгъубжэм къыщIыдэплъыр сыт,
зэм щхьэ къысфIэщIрэ ди унэбжэр Iуихыу?

Сытэджри, щэхуу пщIантIэмкIэ сыплъат —
мэкъугъыр ди хьэр, щIэплъэу жэщым и нэм.
ПIэ хуабэм согъуэлъыжыр. Къэслъытащ,
щыжейкIэ дадэ, зыри къэмыхъуну.

Нэху щыху пщIыхьэпIэ зэмыфэгъу сыхэтщ.
Сыкъегъэушыр пщэдджыжь дыгъэм сакъыу.
Къыспожьэ ди хьэр, езыращ жыпIэнт
езыхужьэжар иныжь нэ закъуэр.

* * *

Сыту куэд фIызэтрихьа мы уэшхым,
хъуэхъури тхьэусыхафэри зэщIэтщ.
Къыспоуври, унэм сигъэкIуэжкъым,
игу илъ псори къызжиIэну хэтщ.

Зэхэзмых и гугъэу, къыстоуIуэ,
сыгубыдэ фIощIри — къыстоухь.
КIыхьт си гъащIэр, седэIуащ куэдыIуэ,
иджы псалъэ лейр си дежкIэ щхъухьщ.

Си гупсысэр зыхищIащ жыпIэну
и Iэуэлъэуэныр уэшхым печ.

Iэпохужри зы ткIуэпс гуэрхэр пIэнкIыу,
жьыбгъэр и Iэпэгъуу жыжьэ пхокI.

Сыту куэд щызэтрихьа си гущIэм,
уэшхри, сигъэпхъэрри, ежьэжащ.
ПхужымыIэ псалъэр псом нэхъыщхьэу
сэ къысхуэмыщIэж зыщIар си фIэщ…

* * *

И нэщхъым зыхуэзгъэщхърэ пэт,
зыкъызощIэжри, сыкъокIуэт.
Ар сыт къару, дэтхытхыу щIыфэр?
Стелъ къыщIэкIынщ абы и щIыхуэ.

Абдеж къэхъуар си фIэщ мыхъуж.
Гуапагъэр си лъым къыщоуш,
гущIэгъур си нэм къыщIоувэ,
си Iупэм къызэпхопсыр гуфIэр.

Гужьгъэжь къутэжым куэд икIунт,
цIыхубзри зэуэ мэхъу Iэнкун.
Мэкъутэ мылуи плъэкIэ щIыIэр,
нэпс уэрыр къыдокIуей и щIыIум.

Арыххэу ар къызоцIыхуж.
Ар псом нэхъ дахэт, псом нэхъ хужьт…
Иджы ныкъуэтхъуу итт си пащхьэм,
и щапхъэу къуищIэфынум гъащIэм.

Зы псалъэ сымыгъуэтыжа.
Езыр, ещхь хъури щIегъуэжам,
щэху цIыкIуу, и плIэри гъэшауэ
теувэжащ и гъуэгу зэшыгъуэм.

СыкIэлъыджэну сыхъуэпсат,
ауэ, дяку дэлъти гъащIэ псо,
зэхихыжынутэкъым зыри.
НэгъуэщI зыгуэр сыхъуакIэт сэри.

Сэ сщIэжкъым ар щIысфIэкIуэдар.
СыщIалэт — Iэджэм сыхэтащ.
Иджы къэсщIат псом нэхъ шынагъуэр —
ар уесэжынырт уи къуаншагъэм...

* * *

Сызыгъэпсэур уэрагъэнщ
щыжысIэ щыIэщ, акъужь щабэ.
Си гуныкъуэгъуэм хыбогъэщI,
уеубзэу щIыфэм укъепщамэ.

Зи лъынтхуэр пщIанэ псэр зыхуейр
щымыIэ пхуэдэу зыхэзыщIэ.
Уэ ущыщIихукIэ мы дунейм,
уIэгъэ уепщэу фIэкI сымыщIэ...

* * *



Сэ сфIэфIщ сыкIуэн къуажэ гъунэгъум нэс,
абы сыдэплъэу Iуащхьэм сытетыну,
гупсысэр и уэрамхэм дэзгъэтыну,
къыбгъэдэувыIэу щэхуу унэ къэс.

А къуажэм сэ щызиIэкъым ныбжьэгъу,
си благъэ абы дэсуи къысхуэщIэжкъым.
АрщхьэкIэ си псэм сыткIи пэгъунэгъущ
абы и махуэм Iуэхуу ирищIэкIыр.

Сытетщ аргуэру Iуащхьэм. СфIэнэщхъейщ
икI махуэр игу къыщIитхъыу хэплъэ къуажэр.
Абы и щыпэлъагъуу къысщыхъуащ
Гъуэгу кIыхь тет дыгъэр бгым зэрыкъухьэжыр...

* * *

ЩыхупIэм екIуэкI лъагъуэ закъуэм
сыкъыхуэнауэ нэгу къыщIохьэ.
И мывэ дапщэ сыхуэзами,
сигъэджэлэну хэт къысщохъур.

КъыдоIэбей щыхупIэ лъащIэр,
зэIусэ щIыфэр игъэтхытхыу.
Къэнар сыздэкIуэм нэс зымащIэщ,
хъуащ къылъэIэс уэгу лъащIэр си тхым.

А псор мыIуэху, къемысмэ уэс,
сфIигъэкIуэдынущ уэсым лъагъуэр...
ЗыкъызощIэжри — сытест
сымаджэ хьэлъэм и пIэ лъапэм.

Сымаджэм и нэр къызэтрех.
КъыщIэзджыкIар абы нэхъыбэщ.
Къару ущимыIэжым деж —
гъуэлъыпIэ нэзри щыхупIэщ.

* * *

Мы гъащIэм зэзэмызэ сегъэзэш,
здэсхьынур щхьэр сымыщIэу сыкъигъанэу.
Апхуэдэм деж ди псыхъуэм согъэзэж,
зыкъезгъэлыну зэшым и архъуанэм.

Гу быдэщ псыхъуэр, мывэ щIыIэр дэзщ,
къыхоплъэ си псэм, имыбзыщIу пэжыр.
Жьы сызэрыхъури абы сегъэдэж,
и псы толъкъунхэр напIэу зэтрипIэжу.

Гу быдэщ псыхъуэр, ауэ пэсщIкъым зым.
СыIэрыхьат абы сыщIалэ цIыкIуу.
ЕгъэIу дзапэ уэрэду ноби псым
сыкъызэралъхурэ зыпэджэжыр си гур.

Си сабиигъуэм и лъакъуапIэ куэд
къызогъуэтыж, пIейтейуэ сыздэбакъуэм.
Зэм лъагъуэ Iузэм ар дамыгъэу хэтщ,
къыхощыр зэми нэпкъым и ятIагъуэм.

Илъэсыжари уэшхым сыт хуэдиз,
щыщ дуней иным хъуну хунэмысу.

Си сабиигъуэ нэху, зи гугъэр из...
Къимыгъэза, кIэлъыжэри къуршыпсым.

* * *

Къэлъэтэжащ аргуэру бзухэр,
гъэмахуэ Iуэхухэр яубзыхуу.
Сэ бжьыхьэ Iуэхум сыхэмыкI,
щIымахуэ кIыхьыр нэгу щIэмыкI.

Слъэгъуащ: имыIэу щытмэ бзухэр,
ещхьщ махуэр кърачам зи бзэгур.
Бзу абгъуэ нэщIри — унэ нэщIщ,
гум пхыкIыу зэш абы къегъэщI.

Иджы хъужащ дунейр гухэхъуэ,
къэлъэтэжащ псэм и Iэпэгъухэр.
Арщхьэкlэ бжьыхьэр сигу имыкI,
щIымахуэ кIыхьри нэгу щIэмыкI.



ИрахьэкIынущ бзум гъэмахуэр,
джэгу фIэкI умыщIэу гъуэрыгъуапщкIуэ.
Къэсынщи бжьыхьэр — нэщхъей хъунщ,
ягъэпщкIуу нэр зэм къысщыхъунщ.

Хэт зыщIэр бзухэм я гум щыщIэр,
теувэжыгъуэ хъуам гъуэгу жыжьэ,
ар сэ гъэ псом зыхэсщIэм ещхь?
А упщIэм къаруушэ сещI.

* * *

Зэхоуэ пшапэр. ПщIантIэр мэхъу нэхъ зэв.
Сыкъощтэ, жыгым зы дэ къыщыпыхум.
Зэрыщытауэ жэщым къегъэзэж,
КъысфIощI ар къитIысхьэну си щIыбыкум.

Зэшыгъуэ куум псыIэмэ къыкIэрех,
зэпхокIыр гум, си къупщхьэми нэсынущ.
Мы жэщыр псом хуэмыдэу хъунущ кIыхь,
сэ куэдрэ си блэкIам сегупсысынущ.

Зэм-зэмкӀэрэ, жей ӀэфӀыр къыстекӀуэху,
сыщхьэукъуэнщ, пщӀыхьэпӀэу дыгъэр слъагъуу.
Зы гурыфӀыгъуи сиӀэщ: здэщым нэху
сыкӀуэнщ, сеубзэжыну сщӀам зи жагъуэ...

* * *

Макъ гуэр ныжэбэ си тхьэкӀумэм итщ.
КъысхуокӀуэ ар, зыгуэркӀэ сигу щынықъуэм,
А макъыр зейри куэдрэ си нэгу щӀэтщ,
зыхэсщӀэу, си бжэӀупэм Ӏут къысщыхъуу.

Ныжэбэ гуэрым абы сыпыщӀащ.
Сэ сощӀэ, ар псэужкъым Ӏэджэ щӀауэ.
Дызэпсэлъауэ зэгуэр сымыщӀэж,
къысхуэмыщӀэж игу илъи сигъэщӀауэ.

СыблэкӀрэ пэткӀэ зэхэсха къудейщ
дунейр зужэгъуа гуэрым игу фӀы хуищӀу.
Иджы ар сэри Ӏэджэрэ къыздощӀ,
къыщӀокӀ и макъ шэщӀар си гъащӀэм щыщу.

Дунейм щызэхуэмыкӀуэр сыту куэд,
сащыхэплъэжкӀэ сымыщӀэу къэсщӀахэм.
Куэд щӀауэ мыпсэужым гугъэ къуеt,
къыбдэгъуэгурыкӀуэ Ӏэджэм ар птрахыр...

* * *

Мэпсэур цӀыхухэр. Гугъэурэ мэпсэу,
гъуэгу къэгъэшыпӀэ къэс нахьэсу псэр.
Нэхъ кӀыхь я гъащӀэр ящӀыр зэралъэкӀкӀэ,
гъэм и зэманхэр ягуми щызэблэкӀыу.

Мэпсэур цӀыхухэр, гугъэри мэпсэу,
пэщӀэту жьапщэм, къелу мафӀэм, псым.
Псэущхьэр куэдщ, мэхъу нэхъыбэж къэкӀыгъэр,
цӀыхур абыхэм я пӀэкӀи мэгугъэ.

* * *

КъыщIоплъэ си нэм — сыкъилъагъукъым,
къодаIуэ жысIэм — зэхимых.
Абы иджыри и щIалэгъуэщ,
зыхуейри ищIэу си фIэщ мыхъу.

КъокIэрэхъуэкIыр и гупсысэр,
къыхуэмыгъуэту зэуэлIэн.
Абы бгъэдэсыр — имыгъусэ,
зылъэмыIэсыр — и псэлъэгъущ.

Iэнкун къудей ар пхуэмыщIыну,
къыпхуэгъэшынум ящымыщ.
Зы псалъэ гуэркIэ сущиину
иужь симыхьэми нэхъыфIщ.



А псор гукъуэпскIэ зыхызощIэ.
Сытэджыжынуи игъуэ хъуат,
арщхьэкIэ зым емыщхь гурыщIэм
гупсысэу сиIэр зэхитхъуащ.

СыщIоплъэ и нэм — солъагъу и псэр,
жимыIэу хъуари зэхызох.
СщибзыщIми нобэкIэ игъэпсыр,
къыпэплъэ жыжьэм хэлъщ си Iуэху...

* * *

Сигу тепыIэншэ, укъызозауэ,
гухэлъ зэмыщхьхэр къысхубогъэщI.
Сэри семысэ сыныпхуэсакъыу,
СфIощI уи къеуэкIэр хъуауэ нэгъуэщI.

Зэм узолъатэ, къысфIощIыр зэми
бгъэм шэ къэуэжу зыщыбудыгъу.
Уэрщ насыпыфIэу сызыгъэпсэур,
сыбукIыжынуи зэм сэ къысщохъу.

* * *

«Си дунеижь, сыгъащIэ
зэресхьэкIынур гъащIэр,
зым и жагъуэ сымыщIу.
Ар къытонэ си гущхьэм».

Апхуэдэу сэ жызоIэ.
СыпходэIукIыр жыжьэ.
Зэхэсхкъым, зыхызощIэ
и макъыр дунеижьым:

«Уи губжьыр сыт зыщыщыр,
си губжьым елъытауэ?
Хэт зи жагъуэ сымыщIыр,
зыгуэркIэ сыетамэ?

Си Iэщэщ псыдзэр, жьапщэр,
мафIэр си Iуэхутхьэбзащ Iэщ.
Абыхэм яфIэмащIэщ
зэранычгъэу езгъащIэр.

Сытеужа нэужькIэ,
къызоузыжыр сэри
уIэгъэм ещхь лъэужьхэр,
сфIэмыIэфIыжу зыри.

Уэ сыт, укъэзгъэщIакъэ
сэ нэхърэ унэхъыфIу,
пхуэдэм и жагъуэ пщIамэ,
«Къысхуэгъэгъу!» — жепIэжыфу?..»

* * *

Мы иужьрей илъэсхэр сыту зэщхь,
гъэ кIуам къигъэзэжауэ къысфIагъэщI.
АтIэми сэ сахуейт щIэщыгъуэ гуэрхэм,
цIыху цIыкIур, сощIэ, дуней теткъым куэдрэ.

ЕкIуэкIыу щыта псор иджы йожэкI,
зыщIыпIэ къыкIэрыхуу сагъэщI шэч.
АтIэми сэ сыхуейт, сакIэлъымыджэу,
яхуэсIуэтэну куэдым си псэукIэр.

АрщхьэкIэ сщIэуэ пIэрэ сэ езым
и гъуэгум пIащIэу щIыхигъэщIыр псым,
къэувыIэм, жьыбгъэр щIэхъур лIа пэлъытэ?
Абыхэм сегупсысмэ — гур къолъэтыр.

Дунейм и щэхухэм сэ сапэлъэщын,
зым сылъэIэсмэ, нэгъуэщI къыкъуэщынщ.
АтIэми сэ сыхуейт тIэкIу сыпсэуну,
ещхь къысщыхъужу дуней псор си унэм.

Мы иужьрей илъэсхэр сыту жэр —
зэрыщытауэ си псэр къэнэжащ.
И сабэр пщIыпщIу губгъуэм зэпхыкI гъуэгум
тет щIалэ цIыкIур схущIэмыкI си нэгум...



* * *

Сыпхоплъ уэгу гъунэмкIэ. Си лъагъуэр
еубзыхур сяпэ ищ акъужьым.
Хэзгъэувэху гупсэхуу лъакъуэр,
щэху дыдэу хощэтыкI удз гъущэр.

ЛъакъуапIэ къэскIэ йоплъэ дыгъэр,
дэпщIыпщIу сабэ дыжьыныфэр.
Къэсащ абы и къухьэжыгъуэр,
гумащIэщ, къедэхащIэу щIыфэм.

«УздэкIуэр дэнэ?! — жиIэу зыри
къызэупщIынукъым — солъагъур.
ЗэпиупщIынурэ мо псыри,
пхыкIынущ адэкIэ си лъагъуэр.

Бгы лъапэм нэс сигъэкIуэтэнщи,
ебэкъуэжынщ уэгу гъунэм дыгъэр.
Сегупсысынщ пIейтейуэ жэщым,
къэслъытэжынщ аргуэрыр тыгъэу.

# ЕВРОПЭМ АДЫГЭГУР КЪЫЩОУЭ

Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ мы гъэм илъэсипщI ирокъу. Апхуэдиз дыдэ хъуауэ ар здэщыIэ Германием адыгэ щэнхабзэм и махуэхэр щрагъэкIуэкI, фестивалкIэ еджэу. Мы гъэм епщIанэ зэхыхьэшхуэр зыхуэгъэпсауэ щытар Щэнхабзэ федерацэр къызэзыгъэпэща, адыгэ лъэпкъым и лIы щэджащэ, зи хэкум, лъэпкъым щхьэкIэ къарурэ мылъкурэ щымысхь Уджыхъу Ихьсант. Абы ирыригъэхьэлIэри, федерацэм и тхьэмадэ ДыщэкI Эртан Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэри иригъэблэгъащ Германием икIи ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр абы щекIуэкIащ.

## Остердамме – бысым къуажэ



**ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.**

Илъэс къэс пхъэидзэкIэ къыхахыурэ Германием и къалэ нэхъ инхэм къыщызэрагъэпэщ зэхуэсыр мы гъэм Бремен Хасэм къылъысати, абы километр 70 хуэдизкIэ пэжыжьэ Остердамме нэмыцэ жылэ цIыкIум щызэхуэсащ ди лъэпкъэгъухэр. Нэмыцэхэр зэрыкъабзэр, зэрыгъэсар, псэукIэ зэIузэпэщ зэраIэр зэбгъэщIэнумэ, цIыху мин 16-м щIигъу зыдэс Остердамме абыкIэ щапхъэфIт. Махуэ зыбжанэ щыдгъэкIуат а къуажэми, егъэлеяуэ удэзыхьэх псэукIэщ щытлъэгъуар. Къуажэ уэрамхэм зы кIэрыхубжьэрыху къэгъэнауэ, сабэ щыплъагъуркъым, ауэ щыхъукIи, ди деж хуэдэу пхъэнкIийидзыпIэ лъэбакъуэ къэс ущрихьэлIэркъым. Куэбжэ, бжыхь, пщIантIэр къызэрыщIыхьа блын лъагэ щыIэкъым абы, атIэ пщIантIэри, лъэс лъагъуэри, гъуэгу бгъуфIэри зэхуэдэщ, псори плиткэкIэ къиищIыкIауэ. Чырбыш гъуабжэкIэ щIа унэхэм я унащхьэ

лъагэхэм ятелъыр зы кхъуэщын плъыфэщи, таурыхъым хэт щIыпIэ укъыщыхута хуэдэщ. Дэтхэнэ унэ зэгъэпэщами и пщIантIэм машинэ зыбжанэ дэтщи, къуажэр пхыдза пэтми, цIыхухэр зыхуей хуэзэу зэрыщыпсэур абыхэм къыбжаIэ.

Езы нэмыцэхэр-щэ?! ЦIыху гуапэхэщ! Зы цIыхухъуи цIыхубзи къыдблэкIакъым сэлам къыдамыхауэ, зы машини къыдблэжакъым исхэм я щхьэр къытхуамыщIауэ. Зэрызехьэ къэгъэнауэ, ину зэпсалъэ дэсу си фIэщ хъуркъым абы. Нэмыцэхэм апхуэдизкIэ ямыIуэху зэрахуэркъыми, цIыхуитI щызэтрихьэ щIыпIэ щыIэкъым, дэтхэнэри и Iуэху иужь итыж мыхъумэ. Уеблэмэ, зэгъунэгъуитI зэпсалъэу щыслъэгъуатэкъыми, я зэныбжьэгъугъэмрэ зэгъунэгъугъэмрэ сэлам закъуэкIэ зэфIэкIыу къысщыхъуащ. ИгъащIэ лъандэрэ укъацIыхум хуэдэу, къыпщыгуфIыкIынущ нэмыцэхэр, ауэ гъунэгъу узыхуащIынукъым, ар я хабзэщ.

Остердамме зыщыбгъэпсэхуныр зэрыхъуэпсэгъуэр къалъытэри, адыгэ щэнхабзэ зэхыхьэр абы къыщызэрагъэпэщат, хьэщIэщ зыбжанэ дэтти, къекIуэлIахэр абыхэм щIагъэтIысхьащ.

## Европэм щыщ адыгэхэм я «жьэгу»





**КъэралипщIым я лIыкIуэ адыгэхэр хэтащ фестивалым.**

Фестивалым зэхуишэсат Германием и къалэхэу Берлин, Кёльн, Мюнхен, Бремен, Дюссельдорф, Ганновер, Нюрнберг, Штутгарт, Маннхайм, Австрие, Швейцарие, Бельгие, Финляндие, Франджы, Голландие европэ къэралхэм, Америкэ Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-

Шэрджэс республикэхэм, Краснодар крайм щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ЦIыхухэр пщэдджыжьым жьыуэ зэхыхьэрти, зэдэуэршэрхэрт, утыку зэхуэмыдэхэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щекIуэкIти, щхьэж зыхуейм кIуэуэрэ, еплъхэрт. Зи IутIыжыр щIалэгъуалэрат. Зэхуэсым зыкъыщызыгъэлъэгъуэнухэри, еплъыну къэкIуахэри пфIызэхэгъуэщэжу адыгэ Iуэхум зэришалIэрт. Жэщымрэ махуэмрэ яфIызэхэгъуэщами ярейуэ, дзапэ уэрэд жаIэу, къафэу нэху щыху зэхэси яхэтащ.

ХамэщIым адыгагъэр щыпхъумэну, бзэр щыпIурылъыну, хабзэр щызепхьэну гугъу пэтми, ди лъэпкъэгъухэм а гугъуехьхэм зэрыпэлъэщын Iэмал зырыз къагупсыс. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, хэти адыгэ фащэхэр, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа бостейхэр ед, абыхэм я гъэлъэгъуэныгъэ дахи екIуэкIащ. Сурэт щIыным хуэIэзэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIыр зэрыадыгэр къозыгъащIэ хъэтIкIэ тха сурэтхэрщ. Ахэри лъэныкъуэкIэ щегъэувэкIащ. Адыгэхэм, абыхэм я хабзэхэм, щыIэкIэ-псэукIэм теухуа тхылъхэмрэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэмрэ ящэ. Уеблэмэ, зэхуэсым адыгэ матэкхъуей нэгъунэ къахьащ. Ари Германием щащI, адрей адыгэ шхыныгъуэхэр зэрыщапщэфIым хуэдэ дыдэу.

Фестивалым и зы махуэ зэIущIэр зыхухэхауэ щытар япэ дыдэу нэмыцэ щIыналъэм итIысхьа, адыгэ дунейм щыцIэрыIуэ Уджыхъу Ихьсант. Ар Сирием къыщалъхуащ, лэжьыгъэ IуэхукIэ нэмыцэм Iэпхъуэри, и Iуэху щыдэкIыу къекIуэкIащ. Ихьсан и щхьэ Iуэхум япэ лъэпкъ Iуэхур иригъэщу мэпсэу жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Абы иухуа «Адыгэ пхъуантэ» фондыр илъэс 30-м нэблэгъауэ мэлажьэ. А пхъуантэм къыдэкIа мылъку лъэмыIэсауэ зы къэрали щыIэжу къыщIэкIынкъым. Адыгэ сабийхэм папщIэ гъэсапIэ Дамаск щиухуэгъащ Ихьсан, зыхуейзыхуэфIхэмкIэ къызэригъэпэщри, гъэсакIуэхэми улахуэ яриту игъэлэжьащ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэкIэлъыкIуэным ахъшэ куэд тригъэкIуэдащ, къэфакIуэ ансамблхэр иригъэблагъэу, езыхэм я сабийхэр адэжь щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къигъакIуэу. Езым и лъапсэр къыщежьэ Адыгэ Республикэм и къэрал университетым Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и факультетым нэхъыфIу щеджэхэм Уджыхъу Ихьсан и цIэкIэ стипендие ирату щытащ. Мис апхуэдэ лъэкIыныгъэ зиIэ лIыщ нэхъыжьыфIыр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм и тхьэмадэ, Бремен Хасэм и унафэщI ДыщэкI Эртан жиIащ европей адыгэхэм я дежкIэ фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы дэнэ щыпсэу адыгэри зэрызэхуишэсыр. АбыкIэ Уджыхъу Ихьсан фIыщIэ хуищIри, зэхыхьэшхуэр илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу нэхъыжьыр зэрагъэлъапIэр игъуэу Эртан и псалъэм къыхигъэщащ. ДыщэкIым фIыщIэ яхуищIащ зэхуэсым кърихьэлIахэм, псом хуэмыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр абы зэрыщрагъэкIуэкIым езыхэм я пщIэр къызэриIэтыр жиIащ.

Ганновер Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ игу къигъэкIыжащ Ихьсан и фIыгъэкIэ зэхыхьэн зэрыщIадзар. Уеблэмэ цIыхуиплI фIэкIа мыхъуу Уджыхъухэ я унагъуэ щызэхуэсу зэрыщытар, зыгуэр къытщыщI хъужыкъуэмэ, жаIэу, а цIыхуиплIым ахъшэ зэ-

халъхьэу зэрырагъэжьар, иужькIэ илъэс куэдкIэ а «Адыгэ пхъуантэр» цIыхуийм зэрагъэлэжьар. А пщыхьэщхьэм Ихьсан хуэгъэза псалъэ дахэхэр жаIащ Къумыкъу Уэхьбий (Берлин Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ), Бэрсбей Мыхьэмэт (Нюрнберг Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ), Псыбланэ Фарукъ (Кёльн Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ). Апхуэдэу Уджыхъу Ихьсан псалъэ гуапэ куэд хужаIащ абы и жьэгур зи адэжь лъапсэу къэзылъытэ, Финляндие Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мыщэ Сэлам, Канадэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ СтIащ Орфан, Голландие Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шывлъакъуэ Зэфер сымэ. Абы и гукъэкIымрэ и лIыгъэмрэ нэмыщIамэ, европей адыгэхэм нобэ яIэ зэхэтыкIэр щымыIэнкIэ хъунт. Финляндием къикIа щIалэм къэпсэлъапIэр хуит щыхуащIым, игу къызэфIэнэри, псалъэхэр хузэпыщакъым: «Нэхъ лъапIэ дыдэу сиIэр сщхьэрыгъ хъурыфэ пыIэрщ, цIыху нэхъ лъапIэ дыдэу си гъащIэм хэтыр уэращ», – жиIэщ, и адыгэ пыIэр щхьэрихри, Ихьсан щхьэритIэгъащ. Пэшым цIыхухъууи цIыхубзуи щIэсым я нэпс къекIуат. Абы къиIуатэрт Ихьсан и гукъэкIымрэ и зэфIэкIымрэ хамэщI щыпсэу адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Уджыхъум и щапхъэм тету, Канадэ Адыгэ Хасэм фонд къызэрызэригъэпэщар, куэдым щIэгъэкъуэн зэрахуэхъур жиIащ СтIащ Орфан икIи абы къыхэкIыу доллар 500 ягъафIэ нэхъыжьым тыгъэ хуищIати, езы Ихьсан иджыри зы доллар щитху хилъхьэжри, «хэкужьым кIуэну жэрдэм зиIэ сабийхэм гъуэгупщIэу язот», – жиIэри игъэтIылъащ.



Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и псалъэм къыхигъэщащ лъэпкъ псор иригушхуэ хъуну, къэрал куэдым ипхъа адыгэхэм щапхъэ трахыпхъэу, хамэхэм яхэс зэкъуэшхэм шхэпс яхуэхъуу ди япэ ит нэхъыжьыфIым гъащIэ кIыхькIэ зэрыхуэхъуахъуэр.



**Сэхъурокъуэ Хьэутий Уджыхъу Ихьсан хуоупсэ.**

– ГъащIэ гугъу, ауэ IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа къэбгъэщIащ, Ихьсан, – жиIащ Сэхъурокъуэм. – Уэ пхуэдэ нэхъыжьыфI диIэху лъэпкъыр кIуэдынкъым, щапхъэ птезыхын щIэблэ Тхьэм къытщIигъахъуэ. Уи хэку, уи лъэпкъ, уи хабзэ бгъэлъапIэу уопсэу, ар къыбдэзыIыгъ уи щхьэгъусэ Дороти (нэмыцэ бзылъхугъэщ) адыгэ псоми къабгъэдэкIыу фIыщIэ хузощI, узэхищIыкIрэ къепхьэжьэ Iуэхухэр къыбдиIыгъыу къызэрыпкъуэтым щхьэкIэ.

Сэхъурокъуэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щIыхь тхылъымрэ и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ абдежым тыгъэ щахуищIащ Уджыхъу Ихьсан, ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ, ДыщэкI Эртан сымэ икIи саугъэт лъапIэхэр яритащ. Апхуэдэу Уджыхъум ехъуэхъуащ АР-м, КъШР-м, Краснодар крайм щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, Аслъэн Алий, КIэкIыхъу Мэжид сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъыхуащIа пщIэм и щхьэр лъагэу зэрыригъэлъагъужар жиIащ Уджыхъу Ихьсан.

– ХамэщIым ипхъа адыгэхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм адэжь хэку зэраIэр, лъэпкъ дахэ къызэрыхэкIар ящIэжу къэхъуным сытелажьэу аращ. КъысхуэфщIа гулъытэм сигъэукIытащ, – къыхигъэщащ Ихьсан. – Германием сыкъэкIуа нэужь, илъэсиблкIэ сыщылэжьащ зы адыгэ цIыху сымылъагъуу, си анэдэлъхубзэр зэхэзмыхыу. Делэ сыхъуным мащIэщ иIэжар (игу къызэфIэнащ). Сыдохутырти, езым си клиникэ къызэIусхащ. Мыбы тырку куэд къэIэпхъуауэ щыпсэут. Абыхэм ящыщ сымаджэ си деж къыщIыхьэху сеупщIырт: «Ярэби, си лъэпкъым и нэхъыбэр Тыркуращ зэрысыр, зы адыгэ умыцIыхуу пIэрэ, уи хэку ущисыжым уи гъунэгъуу щымытауэ пIэрэ, удэмылэжьауэ пIэрэ?» – жысIэу. Апхуэдэу адыгэхэм я телефон номер къыщIэсIукIыурэ, сепсалъэрт, абыхэм яхэтт нэмыцэм къэIэпхъуахэри. Къэзгъуэтхэм яжесIэр зыт: «Уэри уокIуэд, сэри сокIуэд, сыт ягъэ кIын зэгъусэ зытщIрэ, мы Iуэхум хэкIыпIэ гуэр къыхуэдгъуэтмэ». Апхуэдэ щIыкIэкIэ, си унэ дыщызэхуэсу едгъэжьащ, зыбжанэ дыхъуа нэужь, Хасэ духуащ. Ауэрэ къалэхэми хасэхэр къыщызэIуахащ.

– 1990 гъэхэм, «гъущI куэбжэр» зэIуахыжа нэужь, япэ дыдэу хэкум лъагъунлъагъу кIуэжахэм сащыщ сэ, си адэжьым и лъапсэр зэзгъэлъагъун, си унэцIэджэгъухэм сахуэзэн, си лъэпкъэгъухэр зэзгъэцIыхун щхьэкIэ, – и гукъэкIыжхэм къыпещэ Ихьсан. – Туристхэм адыгищ дахэтт. А зэманым Урысейм узэрыхуейуэ къыщыпкIухьыну ухуиттэкъым. Налшык дашащ, «Хэку» зэгухьэныгъэм дригъэблэгъащ, Iуащхьэмахуи дагъэлъэгъуащ, ЧеркесскIэ щыдунэтIым, къалэм дыдашакъым, адыгэ къуажэ дыIуагъэплъэнуи ядакъым, къуршхэр дагъэлъэгъуа къудей мыхъумэ.

Уи нэпсыр къыпфIемыкIуэнкIэ Iэмал имыIэу Уджыхъум игу къегъэкIыж и адэжь лъапсэр здэщыIэ Мейкъуапэ хьэщIэщ зэрыдэмытым къыхэкIкIэ, зэрыдамыгъэхьар, Краснодар бэзэрым адыгэбзэ зэхихынкIэ гугъэу, даIуэу зэрытетар.

# Дэрэжэгъуэр зэбэкI пшыхь



**Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа ДыщэкI Фурканрэ Къуэдз Оксанэрэ.**

Остердамме дэт концерт гъэлъэгъуапIэм щыпащащ пшыхьым. Ар ирагъэкIуэкIащ ДыщэкI Фурканрэ (Эртан и щIалищым язщ) Къуэдз Оксанэрэ (КъБР-м щыщщ, абы унагъуэу щопсэу).

ЗэIущIэр къызэIуаха нэужь, япэу псалъэ иратащ илъэс 40-м щIигъуауэ нэмыцэ щIыналъэм адыгэ Iуэхур щыдэзыгъэкI ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ. Абы къыхигъэщащ зи чэзу фестивалым ДАХ-м хэтхэр зэреблэгъар, къэрал куэдым щыщ адыгэхэр зэрыщызэхуэзар гурыфIыгъуэшхуэу зэриIэр. «Къафэмрэ джэгумрэкъым дэ нэхъыбэу дгъэкIуэтэну дызыхуейр. АтIэ, зи ужь дитыр мы зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэмрэ хамэщI дызэрыщызэбгрыпхъамрэ зэран къытхуэхъуу нэгъуэщI лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжынырщ. Мис абы и хэкIыпIэхэр дэ, нэхъыжьхэм, къэдгъуэту ди щIалэгъуалэр гъуэгу захуэм тедгъэувэн хуейщ. Ди зэхуэсхэм къекIуалIэ щIэблэм зедгъэцIыхужыну, иджыри къэс дэ дыкъезыгъэла гупсысэм ахэри къытетшэну гугъапIэ диIэщ. Мы гъэм хэкум къикIа гупышхуэр зэхуэсым зэрыхэтым нэхъри къару къытхелъхьэ. ДыщэкI Эртан фIыщIэ хузощI фыкъызэрыригъэблэгъам щхьэкIэ, нэхъапэм тхузэфIэмыкIар абы наIуэ тщищIащ, дигъэлъэгъуащ. Нэхъ зэпыщIа дызэрыхъуам дигу игъэкIуэдыркъым», – пищащ Умар-Фарукъ.

– Мы зэхуэсым илъэс къэс щIалэгъуалэр нэхъыбэу къызэрыкIуэм дегъэгуфIэ. Щэнхабзэ махуэхэм я купщIэу къэтлъытэр ди щIэблэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр яхэтлъхьэнырщ. Абыхэм захедгъэхын хуейщ ди хэкужь и хъыбар, ди лъэпкъ и къекIуэкIыкIар, едгъэцIыхун хуейщ адрей лъэпкъхэм дакъыхигъэщу дбгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр. Ахэр фестивалым щыдогъэлъагъуэ, дызопсалъэ, нэхъыщхьэращи, къалэ, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэр дызэкъуегъэувэ, – къыхигъэщащ Эртан.

– Сэ быдэу къызгурыIуащ псэупIэ, лэжьапIэ къалъыхъуэу мы къэралым щепсыха ди къуэшхэм зэрыадыгэр зэи зэращымыгъупщэнур, – къыпищащ адэкIэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. – Адыгагъэр апхуэдизу фыхуэсакъыу зывохьэри, си фIэщ мэхъу щIалэгъуалэри а гъуэгум зэрырикIуэнур. Гугъущ фи Iуэхур, нэхъыжьхэм фхьы жэуаплыныгъэ-

ри инщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, фэ вгъэлъагъуэращ щIэблэм щапхъэ яхуэхъунур. Абы хъарзынэу фыпэлъэщу къысщыхъуащи, Тхьэм фыхущIигъэхьэ, фхуэфащэн щIэблэ Тхьэм къывит.

Дэрэжэгъуэр я бэрэ нэшхуэгушхуэу а пщыхьэщхьэм къызэхуэсахэм концерт цIыкIу ирагъэлъэгъуащ. Жылокъуэ Бланэ адыгэ пшынэр дахэу игъэбзэрэбзащ, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Аксол Мертрэ Шахин Селинрэ адыгэбзэкIэ егугъупэу уэрэд зэрыжаIэм гур хигъахъуэрт. АР-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артисткэ Хьэрэдурэ Динэ и уэрэдхэм гуапэу едэIуащ къызэхуэсахэр. Пэшым щIэсхэр къэтэджауэ дежьууэ уэрэд жиIащ ди лъэпкъэгъу щIалэ, ГИТИС-р къэзыуха уэрэджыIакIуэ, артист ныбжьыщIэ Теунэ Джэмал. А пщыхьэщхьэм ягъэлъэпIащ адыгэ къафэмкIэ зэпеуа ныбжьыщIэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъытахэри.

Мыр концерт къызэрыгуэкI щекIуэкI пшыхьтэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, утыкум къыщыIу уэрэдратэкъым зэхэпхыр, атIэ европей адыгэхэм ягу къеуэкIэрт. ЦIыхур апхуэдэу ухуащ, зыхэсхэм я зыхуэпэкIэм тохьэ, я бзэм иропсалъэ, я хабзэхэр ягъэзащIэ. Европей жыпхъэхэр зи теплъэ щIалэгъуалэм я адыгагъэр згъэщIагъуэрт. Адыгэ уэрэдхэм дежьурэ, уардэу къэфэну къыщытехьэкIэ, гур къызэрыгъуэтыжт.

НэмыцэбзэкIэ псалъэ, зи щхьэцыр гъэщIэгъуэну щIэща щIалэм бжэм деж сыщрихьэлIати, адыгэбзэкIэ «неблагъэ» жиIэу япэ сызэрыригъэщар си гуапэ хъууэ къэна къудейкъым... Адыгэгу къыщемыуэу хэт жиIэфын абыхэм я пкъым?!





**Европей адыгэ щIалэхэр.**

## ХамэщIымрэ хэкужьымрэ

Адыгэ щэнхабзэ фестивалыр европей адыгэхэм я гум жьы дезыгъэху Iуэхугъуэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыбы щызэхуэсыр зи лъэпкъэгъухэм яхуэзэш, зи анэдэлъхубзэм хуэлIэ, зи къуэшхэм яхуэгумащIэ защIэщ. Адыгэ унагъуэ, уеблэмэ цIыху зырызу европэ къэралхэм ипхъа хъуа ди къуэшхэр зэрыубыдын, зэдэIэпыкъун, зэкъуэтын папщIэ ящIа зэхыхьэщ мыр. Хамэ къэралым зы адыгэ цIыху закъуэу исыныр зи натIэ хъуа Уджыхъу Ихьсан и къуэш хуэзэнымкIэ, и бзэкIэ псэлъэнымкIэ хэкIыпIэу къигъуэтар и пщIэнтIэпскIэ къилэжьа мылъкур хилъхьэу федерацэ иухуэнырщ, фестиваль къызэригъэпэщынырщ. Апхуэдэ лъабжьэ зиIэу къежьа фестивалым и мыхьэнэр ноби аращ. Адыгэ цIыху 500 фIэкIа зэрымыс къэрал щыIэщ Европэм. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэрэ Германием илъэсым зэ кIуэуэ а фестивалым хэтыныр ди лъэпкъэгъухэм я дежкIэ зэрыгурыфIыгъуэр?!

Хэкурысхэм я дежкIэ нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ сэ зи гугъу сщIыр. МахуищкIэ йокIуэкI зэхыхьэр. Мыбы зэлъэпкъэгъухэр щызэрылъагъуу, я щIэблэм бзэр зэрырагъэщIэмрэ лъэпкъ хабзэм зэрыщIапIыкIымкIэ щызэдэгуашэу, ахэр утыку къыщрахьэу аращ. Адыгэбзэр зэхахын, я анэдэлъхубзэкIэ зэпсалъэу шэджагъуашхэ зэдащIын къудей щхьэкIэ кхъухьлъатэкIэ фестивалым къокIуэ цIыхухэр.

Лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм, мыхьэнэшхуи егъэзащIэ европей шэрджэсхэр адыгэу къызэтенэнымкIэ. Ауэ щыхъукIи мыхэр къэралым гулъытэ зыхуищI хэхэсхэм ящыщкъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Тыркум, Иорданием, Израилым щыпсэу адыгэхэм яIэ Iэмалхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэм хуэдэрэ европей адыгэхэм ягъуэткъым, мыхэр зэрызэхэтыр езыхэм я жып кърах сомкIэщ. Адрей къэралхэм адыгэхэм папщIэ школ здэщыIэ яхэтщ, езыхэм я бзэкIэ еджэну хуитыныгъэ иратауэ, къуажэ щхьэхуэу зэхэсу адыгэбзэ фIэкIа щызэхыумых жылэщ Израилым и Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ, я лъэпкъ щэнхабзэмрэ бзэмрэ яхъумэжын папщIэ къэралым ахъшэ хъарзынэ яхухихыу. Европэм исхэр апхуэдэкъым, абыхэм езыхэм зэрызахъумэжыфщ.



ГъэщIэгъуэнт европей адыгэхэм уахэтыну, я гупсысэ ущIэдэIуну, я псэукIэ зэбгъэлъагъуну, я гум щыщIэхэр къыпхуаIуэтэну. А псори бзэ зэмыщхьхэмкIэ псалъэрт, ауэ адыгэпсэм зэришалIэрт. Адыгэбзэ нэхъ зымыщIэ дыдэми адыгэгу зэрыкIуэцIылъыр, адыгэ хабзэ зэрыхэлъыр нэрылъагъут. Къэрал куэдым щыщ адыгэхэр нэIуасэ схуэхъуащ сэ. Хэкум сыкъызэрыщалъхуам, хэкум сыкъызэрикIам щхьэкIэ нэхъ насыпыфIэ дыдэу дунейм тетыр сэрауэ къысщагъэхъуэжу къыздэуэршэрхэрт. Пэжу, насыпщ ар. Си адэжь и жьэгу хуабэм сызэрыдэсыр, си анэдэлъхубзэкIэ сызэрыпсалъэр, абы срилажьэу зэрыщытыр арагъэнщ си щхьэр ину сэзыгъэлъагъужыр. Абы еплъытмэ, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуахэр псэкIэ тхьэмыщкIэщ. ИтIани, хамэщI уисыным и гугъуагъыр дэ, хэкурсыхэм, къыдгурыIуэнукъым. АдыгэлIым и нэпс къыщIэзыгъэкI хъыбархэм емыдэIуам, къызыхэкIам щытепсэлъыхькIэ зигу къызэфIэнэ цIыхухъухэр зымылъэгъуам, дуней фIыгъуэр ябгъэдэлърэ пэт и хэку зэримысыжым щхьэкIэ насыпыншэу зыкъэзылъытэжхэр зымыцIыхуам дэнэ щищIэн «тхъэжу» Европэм щыпсэу адыгэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр.

Апхуэдизу хэкум щIэбэгхэр щхьэ къэмыкIуэжрэ жызыIэни къыхэкIынущ. Ауэ ар къызэрыгуэкI Iуэхукъым. Къэрал хабзэхэм ехьэлIа Iуэхухэр, дэфтэрхэр зэгъэпэщын зэрыхуейм и гугъу сщIыххэнкъыми, Урысейм лэжьыгъэ IэнатIэ къыщыбгъуэтыныр, унагъуэ зэрыбгъэпсэун мылъку къыщыблэжьыныр гугъущ, адрей къэралхэм елъытауэ. Ахэр зэса псэукIэ тыншымрэ беймрэ, мазэ бжыгъэм къалэжь улахуэмкIэ къащэху «люкс» жыпхъэм изагъэ машинэхэм, зыщIэс унэхэр зэрызэгъэпэщам ди къэралыр лъэщIыхьэнукъым. Яхэткъым абыхэм къулейрэ къулейсызрэ. Псоми лэжьыгъэ IэнатIэ зырыз яIэщи, зыхуей хуэзэу иропсэуф. Нэхъыбэм хьэрычэт Iуэху яIэщи, къэрал зыбжанэм щагъэлажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лъагъунлъагъу къэкIуауэ, хьэрычэт Iуэху къыщызэIуахыну, щыпсэуну я гугъэу е нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэмкIэ къэкIуэжауэ хэкур, къуэшыр «зэрыпежьам» теухуа хъыбархэри щызэхэсхащ абы. Апхуэдэ зращIам афIэкIа къигъэзэнукъыми, ар гурыIуэгъуэщ. Ахэр зэса къэрал хабзэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ ди деж щытепщэ Iулъхьэмрэ гулъытэншагъэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. КIэщIу жыпIэмэ, хэхэс гъащIэр гугъуми, хэкужь гъащIэр дыдж зыщащIаи яхэтщ абыхэм.

Европэмрэ Къэбэрдеймрэ я зэпыщIэныгъэр зыхэслъэгъуахэм ящыщщ ди пщащэ куэд абы щыщ адыгэ щIалэхэм щхьэгъусэу зэрашар. Илъэс 15-20-м щIигъуауэ абы щопсэу адыгэ пщащэхэр, ахэр Хасэхэм жыджэру зэрыхэтми сигу хигъэхъуащ, абыхэм я бынхэм бзэр нэхъ зэращIэр си гуапэ хъуащ. Бзылъхугъэхэми жаIащ абы щыпсэууэ есар Урысейм щыIэ псэукIэм хэзэгъэнымкIэ гугъу зэрехьынур. Зыхуейр ягъуэт абыхэм, ауэ гуныкъуэгъуэшхуэу яIэщ я хэку зэримысыжыр. Апхуэдэуи екIуэкIынущ ар, щIэх зихъуэжынукъым а щытыкIэм. Къэдвгъащтэ Сирие зауэ лыгъейм кърихужьэжу ди лъахэм къэкIуэжын хуей хъуа ди лъэпкъэгъухэр. Пэжщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр дэIэпыкъуэгъу хъури, унэ зырыз, цIыкIуу щытми, къыхуащэхуащ, лэжьыгъэ къэзыгъуэтаи, хадэ зыщIи яхэтщ. Ауэ яхэтщ мыбы щымыпсэуфу Европэ къэралхэм кIуэжаи. Дапщэ Iэпхъуа Тыркум, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм, хэкумкIэ къэмыкIуэжыххэу. СыткIэ къыдэтхьэха хъуну ди лъэпкъэгъухэр, хэкум къагъэзэжын папщIэ? Къэгъуэтыгъуейщ абы и жэуапыр.

## Ину къемышхми, мащIэу къыттоткIуэ

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум ис адыгэхэм къатепщIыкIауэ аращ европей адыгэхэр, илъэс 30-40 ипэкIэ лэжьыгъэ, псэукIэ тынш къалъыхъуэу а къэралхэм Iэпхъуауэ. Абы я нэхъыбэр щыпсэур Германиеращ, цIыху мин 40-м ноблагъэ. IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытщ ахэр, хьэрычэт Iуэху зиIэр куэдщ, ауэ Германием къыщалъхуа лIакъуэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтауэ щIэныгъэлIи, дохутыри, инженери яхэтщ. Сабийр щыщIыкIум деж зэрыпсалъэр, зэрыгупсысэр нэмыцэбзэми, балигъыпIэ зэриувэу адыгэбзэр зригъэщIэн щIедзэ. Мис ар я къалэн нэхъыщхьэщ Германием и къалэ нэхъ инхэм къыщызэIуаха Адыгэ Хасэхэм. Нэмыцэ хэгъэгум иIэпхъукIыу нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуа адыгэхэми я гупэр къэгъэзащ ГерманиемкIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Европэм

щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэр здэщыIэр аращ, аращ абыхэм жьантIэ яхуэхъур.

– Голландием адыгэу цIыху 500 хуэдиз дисщ, – къыддогуашэ Хасэ тхьэмадэ Шывлъакъуэ Зэфер. – Дэри Адыгэ Хасэ догъэлажьэ, тхьэмахуэм зыбжанэрэ дыщызэхуос. Псом хуэмыдэу сабийхэр къетшэлIэну тфIэфIщ, адыгэ лъэпкъым зэрыщыщыр ящIэжу къэдгъэхъун папщIэ. Ар цIыкIу щIыкIэ хыупщэмэ, гува-щIэхами и лъэпкъыбзэри хабзэри зыхилъхьэжынущ. Мы фестивалым псоми я нэ къыхуикIыу апхуэдэщ икIи зы къэмынэу зыкърагъэхьэлIэ. Европэм и къэралхэм сыт хуэдэ адыгэ зэхыхьэ щыIэми докIуэ дэ. ДэркIэ зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Нюрнберг щыIэ Адыгэ Хасэм и лIыкIуэщ абы дыщыщыIа махуэхэм зи машинэмкIэ дыкъезышэкIа Гугъэжь Мурат. Километр 700 хуэдиз къызэпачащ Нюрнберг къикIахэм. Мурати абыхэм ящыщ зыщ. «Унагъуэ 20 хуэдиз дэсщ Нюрнберг, ахэр зэроцIыху, Хасэм щызэIуощIэ, – жеIэ Мурат. – Нэмыцэм и дэнэ къали дэтщ апхуэдэ зы «адыгэ жьэгу» цIыкIу. Ахэр мыхъуамэ, куэд щIауэ дыхэшыпсыхьыжат. НэгъуэщI зы лэжьыгъэ щемыкIуэкIми, зэлъэпкъэгъухэр адыгэбзэкIэ ущызэпсалъэу Хасэ уиIэныр сэбэпышхуэщ. Ди Хасэм сабийхэм адыгэбзэ щрагъащIэ, къыщагъафэ. Мы фестивалыр илъэс къэс дэнэ щекIуэкIми докIуэ. Ди хасэми бжьыхьэм зы гуфIэгъуэ зэхыхьэ щызэхэтшэну ди мурадщ, мыбы щыпсэухэм фIыуэ ялъагъу уэрэджыIакIуэ Быщтокъуэ Азэмэт къедгъэблагъэу». Мурат и щхьэгъусэр Аушыджэр щыщщ, Гъутхэ япхъущ, зы щIалэ яIэщ.



1980 гъэ лъандэрэ Хасэ Iуэхум хэтщ Берлин Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Къумыкъу Уэхьбий. Тыркум щыпсэухэми, нэмыцэ щIыналъэм Iэпхъуахэми я Iуэху зыIутыр ещIэри, хэзыгъаплъэр нэхъыбэщ.

– Абазэхэр, абхъазхэр хэмыту, адыгэ унагъуэ 300 дэсу къыщIэкIынщ Берлин. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хасэм къекIуалIэр мащIэщ. Ди лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэн щхьэкIэ, хэкурысхэр ди дэIэпыкъуэгъуу лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIын хуейщ. Дыпсэлъамэ, Тыркум адыгэу мелуани 7-м нэблагъэ щыIэщ жыдоIэ. Нахуэу зэрыадыгэр имыгъэгъуащэу, ар псэкIэ зыхищIэу зы мелуан исущ щытмэ, си пыIэжьыр щэ дэздзеинт, – жеIэ Уэхьбий. – Дэ ди зэманым нэгъуэщIу щытащ ди гупсысэкIэр. Ди бзэр дджыжыну дыхуимытрэ пэт, гъэпщкIуауэ деджэрт. Нобэ адыгэу дыкъызэтенэн щхьэкIэ, хэкум фIэкIа плъапIэ диIэ хъунукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ, фэ, хэкурысхэми, къалэнышхуэ фи пщэ къыдохуэ. Совет Союзым и лъэхъэнэм сыщыIащ хэкум, абы щыгъуэ бгъэзэжмэ, уи щхьэр зэрыбгъэпсэужын IэнатIэ гуэр къыпхуагъэлъагъуэрт. Ауэ иджыпсту псэукIэми дэфтэрхэми ехьэлIауэ нэхъ гугъу хъуащ, дымыIэпхъуэжыфми, туристу дихьэжурэ ди ахъшэр хэкум къиднэу, ди зэпыщIэныгъэр едгъэфIакIуэу дыпсэуныр хэкIыпIэщ.

Уэхьбий зы щIалэрэ зы пщащэрэ иIэщ – Нартрэ Жанейрэ. Жаней Къэбэрдейм фIыуэ къыщацIыху, куэдрэ къокIуэж, ди университетым мазибгъукIэ адыгэбзэр щиджауэ уэр-сэру ещIэ. Мис а пщащэм и щапхъэр дуней псом щыбгъэлъэгъуэну урикъунщ. Адыгэну, адыгэ щIыгур зригъэлъагъуну, адыгэбзэр зригъэщIэну хуейти, и адэ-анэм япиубыдри, къэкIуэжащ. «Илъэсищ хъуху адыгэбзэкIэ фIэкIа псэлъакъым Жаней, итIанэ гъэсапIэм, еджапIэм кIуэн щIидзэри щыгъупщэжащ. Нэхъ балигъ къызэрыхъурэ жиIэрт: «Гимназиер къэзухмэ, хэкум

сыкIуэжынурэ зы илъэс си адыгэбзэр зэзгъэщIэным тезгъэкIуэдэнущ». Апхуэдэурэ еджапIэр къиухри, дипломыр къыщихьыжа махуэм къыджиIащ: «Иджы хэкум сывутIыпщ». Япэрауэ, пщащэр тфIэсабийт, етIуанэрауэ, ЦIыпIынэ Аслъэн щаукIа лъэхъэнэрат, зэрызехьэти, тфIэшынагъуэт. А псор зэдгъэзахуэу зыщитлъэфыхьым: «Сэ сыкъызэрыхъурэ си адэ-анэр адыгэ Iуэху иужь фитщ, Адыгэ Хасэм фыщолажьэ. Сэ хэкум сывмыгъакIуэмэ, фэ фщIэм зыри къикIыркъыми, Iуэхум фыкъыпэрыкI», – жиIэри вакъэ зэв дригъэуват», – игу къегъэкIыж Уэхьбий.

КъагъэкIуащ Жаней Налшык, и бзэри зригъэщIащ, куэди зригъэцIыхуащ, ауэ, зэрыщыпсэун къызэрыщимылэжьыфым къыхэкIыу, Германием игъэзэжауэ щыIэщ, щIэх-щIэхыурэ и «дыщ» къэкIуэжу.



**Кёльн щыпсэу адыгэхэр.**

Кёльн Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Псыбланэ Фарукъи и щIалэ МураткIэ къепхащ хэкужьым. Мурат Мейкъуапэ къэкIуэжри, «Налмэс» ансамблым илъэсиплIкIэ къыщыфащ, илъэситIкIэ пшынауэу щытащ, иджы Нэхущ Чэрим и гъусэщ, пшынауэу Налшык щолажьэ. Мурат нэхърэ нэхъыжьу зы щIалэрэ зы пщащэрэ иIэщи, ахэр унагъуэщ, Кёльн дэсщ.

– Унагъуэ 500 хуэдиз дэсщ Кёльн. ЦIыхуи 104-м хэтыпщIэ къату Хасэм къокIуалIэ, ахъшэ къэзымыту къакIуэхэри щыIэщ. Илъэси 10-15 хъухэр зыхэт къэфакIуэ гуп диIэщ, Iэмал зэриIэкIэ бзэр зэредгъэщIэным иужь дитщ, – жеIэ Фарукъ. – Дэ Тыркуращ дыкъыщыхъуар. Адыгэхэр къуажэ-къуажэу дызэхэсу, ди адэ-анэхэр адыгэбзэкIэ псалъэу, радио, телевизор димыIэу дыкъэхъуати, бзэр фIыуэ тщIащ. Иджырей щIалэгъуалэм анэдэлъхубзэр ебгъэщIэныр куэдкIэ нэхъ гугъу хъуащ, мыбы адэ-анэхэр жэщи махуи елэжьын хуейщ, армыхъумэ

Хасэ IуэхукIэ зэфIэкIынукъым. Европэм щыпсэу адыгэхэм я Щэнхабзэ федерацэм къалэнышхуэ егъэзащIэ. ЦIыху зыбжанэ фIэкIа дымыхъуу щыщытар сощIэж сэ, япэ фестиваль зэрызэхэтшари сощIэж, Хасэм къакIуэ зи хабзэхэм фIэкIа хэмыту. ИужькIэ Германием щыпсэу адыгэ псори къекIуалIэ хъуащ, итIанэ нэгъуэщI къэралхэми къикIыу щIадзащ. Хэкужьым ещхьу адыгагъэр ину «къемышхми», мащIэу къыттоткIуэ. Иджыпсту интернетыр диIэщи, хэкум нэхъ дыпыщIа хъуащ, абы щащIэхэр-щалэжьхэр дэри къыдогъэсэбэп. Ахэр зылъагъу ди щIалэгъуалэми ягу къегъэуш.

Апхуэдэ щIалэгъуалэ зэпыщIэныгъэм и щыхьэтщ мы фестивалым Теунэ Джэмал зэрыхэтари. «Германием щыпсэу адыгэ щIалэхэр си ныбжьэгъущ, – жеIэ абы. – Ахэращ сыкъезыгъэблэгъари. Нэмыцэм щыпсэу ди къуэшхэр зэрыадыгэм зэрыригушхуэр, ар ягъэлъэгъуэну зэрыхэтыр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Уеблэмэ, Къэбэрдейм щыщхэм нэхърэ нэхъыбэу пщIэ хуащI адыгэ фащэм, адыгэмэ зыщыуа хьэпшып цIыкIум, нэхъыщхьэращи, я бзэр зрагъэщIэжыну яужь итщ. Сэ гу зэрылъыстамкIэ, щыцIыкIум деж нэмыцэбзэм ireджэурэ дехьэхри, я анэдэлъхубзэр Iэпэдэгъэлэл мэхъу, ауэ, балигъ зэрыхъуу, адыгэбзэр зрагъэщIэж, нэхъуеиншэу Хасэхэм кIуэн щIадзэ. Германием щыпсэу адыгэхэр нэмыцэхэм яхэшыпсыхьыжынукъым, ар си фIэщ ящIащ сэ си ныбжь щIалэгъуалэм, куэд щIауэ си ныбжьэгъухэми, иджы зэзгъэцIыхуахэми».

Москва щыIэ «Адыгэхэр» фондым и унафэщI Къэжэр Ланэ фестивалыр щекIуэкIа махуэхэм языхэзым щигъэлъэгъуащ фондым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэмрэ проект гъэщIэгъуэнхэмрэ. Социальнэ сетхэм Iэмал куэд къыдат иджыпсту. Хамэ къэралхэм къыщыдагъэкI таурыхъхэр адыгэбзэкIэ зэрызэрадзэкIыр, лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэр студием кърагъэблагъэурэ къызэрагъэпсалъэр, къэфакIуэ гуп Москва зэрыщызэхашар, нэгъуэщI Iуэхухэри яфIэгъэщIэгъуэнти, ар утыку кърахьэмэ, яфIэигъуэу ирагъэблэгъащ Ланэ.

– Мыбыхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ хэкум щекIуэкI лэжьыгъэми, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езыхэр адрейхэм яхэмышыпсыхьыжын щхьэкIэ Iэмал гуэрхэр къагупсыс зэпытщи, ди дежи щIэгъэкъуэн къыщалъыхъуэ, – жеIэ Ланэ. – Сэ си адэ Къэжэр Альберт гулъытэ хэха хуищIу щытащ хамэщI щыпсэу адыгэхэм. ИкIи щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэным теухуа проект иригъэжьэри, 2012 гъэм хамэ къэрал щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэр нригъэблэгъауэ щытащ, мис абы къыпызыщэ Iуэхуу аращ мыри. Хэкум исхэм къафIэIуэхукъым мыбы щыпсэухэр зэгупсыс псор, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, я нэхъыжьхэм я жьауэм щIэту, зыщIэупщIэм и жэуап ягъуэту, я бзэр дэнэ дежи къыщагъэсэбэпыфу апхуэдэщ.

Тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзына лъэпкъыжьщ дэ дыкъызыхэкIар, ар дгъэкIуэд, хэхэсхэм ящыдгъэгъупщэ хъунукъым. Мыпхуэдэурэ дызэкIэлъыкIуэмэ, дызэдэIэпыкъумэ, тхузэфIэкIынущ ар. Си щхьэкIэ си гуапэ мэхъу адыгэбзэр шэрыуэ дыдэу яIурымылъми, къызыхэкIар ящIэжу, щхьэж зэрыпсалъэ бзэмкIэ я лъэпкъыр зыхуэдэм тепсэлъыхьу щIалэгъуалэр къызэрыббгъэдэсыр.

Гур зэрыгъур куэдми, гугъапIэ дахэхэр уэзыгъэщIыщ зэхуэсым щытлъэгъуа зэхэтыкIэр. Зыми химыгъэзыхьауэ километр щэ бжыгъэ къы-

зэпачу, кхъухьлъатэкIэ къэлъатэу ди лъэпкъэгъухэр щэнхабзэ фестивалым зэрыхэт къудейм къегъэлъагъуэ европей адыгэхэр я лъэпкъым зэрыхуэпэжыр.

## ДАХ-м и лэжьэгъуэ махуэ



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр йокIуэкI.**

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и зэIущIэм щхьэкIэ зы махуэ хэха щыIэти, ари купщIафIэу екIуэкIащ, къэрал куэдым къикIахэр хэтыну Iэмал яIащ. ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ Европэм щыIэ Хасэхэм я лэжьыгъэр зэтеублауэ зэрекIуэкIым, цIыхухэр гукъыдэж яIэу фестивалым къызэрекIуэлIам IуэхуфIхэр зэрызэдащIэр къызэригъэлъагъуэр.

Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм и лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ абы и унафэщI ДыщэкI Эртан. Абы къыхигъэщащ ДАХ-мрэ Европэ федерацэмрэ Iэмал имыIэу быдэу зэпыщIауэ лэжьэн зэрыхуейр.

– Европэм щыIэ Хасэхэм я нэхъ ин дыдэщ фыкъыздедгъэблэгъа федерацэр, – къыхигъэщащ ДыщэкIым. – Фэ зэрыфщIэщи, дэ илъэс къэс мыпхуэдэ фестивалхэр къызыдогъэпэщ, махуэшхуэхэм епха зэхыхьэхэр диIэщ. Iэмал зэриIэкIэ иужь дитщ адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр къыдэкIуэтей щIэблэм зэредгъэцIыхуным, къызыхэкIар ящIэжу, лъэпкъ зэхэщIыкIыр яхэлъу ахэр къызэрыдгъэтэджыным. КъищынэмыщIауэ, мыхьэнэ нэхъ зэттхэм ящыщщ дызыхэсхэм дыкъэцIыхунымрэ ди щэнхабзэр едгъэлъагъунымрэ. Хамэ хэку дыщалъхуами, ди хабзэр зетхьэжыным нэхърэ нэхъыщхьэ щыIэкъым. Абы папщIэ ди федерацэр иджыпсту нэхъ зыхуэныкъуэр цIыхухэр щызэхуэсын унэщ. Дыщызэхуэсын унэ диIэ хъумэ, ди Iэмалхэми нэхъ заубгъунущ.

Эртан и псалъэхэм къыпищэу, нэмыцэхэм яхэс адыгэхэм я Iуэху зыIутым тепсэлъыхьащ ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ. Абы къыхигъэщащ Сирием къикIа щIалэгъуалэ куэд Германием зэрыщыIэр, абыхэми иджыпсту жыджэру зэрадэлажьэр. «Сирием щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр хьэкъ тщащIащ абы къикIа ди къуэшхэм. СХьР-м щыIэ Хасэм я Iуэху щызэфIагъэкIыу есати, гуныкъуэгъуэ щаIэм, япэу къызэкIуэлIар ди дежщ. Дэ, Iэмал зэриIэкIэ, защIэдгъэкъуащ я дэфтэрхэр зэрагъэпэщынымкIэ, унэ зыщIэсынухэр къахуэгъуэтынымкIэ, бзэр зрагъэщIэн папщIэ еджапIэхэм щIэдгъэтIысхьащ. Хасэ псоми апхуэдэ лэжьыгъэ щокIуэкI», – пищащ ТIамжьыкъуэм.

Сирием щекIуэкI зауэм бэлыхь хидза ди къуэшхэм я псэукIэмрэ хэкум къэзыгъэзэжахэм я Iуэху зыIутымрэ тепсэлъыхьащ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Бырсекъуэ Орфан.

– Илъэсибл хъуауэ екIуэкI зауэр, ди жагъуэр зэрыхъунщи, иджыри иухакъым. Сирием цIыхуу исым ядэIэпыкъухэм Тхьэр арэзы къахухъу, ауэ псом нэхърэ нэхъ дигу зыгъэфIыр ди къуэшхэм щхьэегъэзыпIэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ адэжь щIыналъэм зэрыщагъуэтырщ, – жиIащ Орфан. – Хэкум зыгъэзэжахэм нэмыщI, фэ фыщыгъуазэщ хамэ къэралхэм кIуэ куэди зэрыщыIэм. Бзэр ямыщIэу здэкIуа къэралым псом япэу дэIэпыкъуэгъу къащыхуэхъур я къуэш адыгэхэращ, Хасэхэращ. НобэкIэ къапщтэмэ, Иорданием цIыху 1600-рэ щетIысэхащ, абыхэм ящыщу унагъуэхэм екIуэлIахэр мащIэкъым, Хасэм зыхуэзыгъэзахэми доллар зы мелуанрэ мин 300-м щIигъу трагъэкIуэдащ. Уеблэмэ, Израилыр Сирием и бий пэтрэ, Иорданиер къагъэсэбэпурэ ди къуэшхэм къадоIэпыкъу журт къэралым ис адыгэхэри. Сирием икIа щIалэгъуалэм я нэхъыбэр здэкIуар Европэращ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хабзэм теухуауэ ущыпсэуну нэхъ тыншщ. Хэкум укъихьэжу ущыпсэуным къиин нэхъыбэ зэрыпыщIам къыхэкIыу, цIыху мини 2 иримыкъущ къэкIуэжар, Адыгейм – цIыху 760-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым – 900-м щIигъу. Фэ фощIэ, КъБР-м къэзыгъэзэжахэм ахъшэ хъарзынэ иратри, езыхэр зэрыхуейм хуэдэу унэ 86-рэ къащэхуащ, псэукIэми фIыуэ хэзэгъащ. Благовещенкэ унагъуэ 25-рэ Iэпхъуати, хадэ ящIэ, былым зэрахуэ, Крем-Константиновкэ дэс унагъуэ 15-ри хъарзынэу мэлажьэ. Сабийхэри щIалэгъуалэри еджапIэхэм щоджэ. Гугъуехь щымыIэу схужыIэнукъым, ауэ къэрал властри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри къэдгъэсэбэпурэ ахэр зэрызэфIэтхыным иужь дитщ.

ДыщэкI Эртан къыхилъхьащ ДАХ-м фонд иIэн зэрыхуейр. Европэм ис адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм иIэщ апхуэдэ фонд. ДАХ-м мылъку бгъэдэлъу щытамэ, хэкум зыгъэзэжхэм зыгуэркIэ къахуэсэбэпынут, абы дихьэхыу, тригъэгушхуэу кIуэжыни щыIэнут.

Сирием зауэм зэрыщыщIидзэрэ Тыркум Iэпхъуа ди къуэшхэм КАФФЕД-м (Тыркум щылажьэ кавказ хасэхэм я федерацэ) хыхьэ Хасэхэм зэрызыщIагъэкъуам тепсэлъыхьащ Мэкэр Ведат. Абы къыхигъэщащ адыгэ мини 3-рэ 600-рэ хуэдиз зэрыIэпхъуар, нэхъыбэм лэжьыгъэ къызэрагъуэтар, лъэ быдэкIэ зэрыувар. Абыхэм ящыщу Европэм Iэпхъуэну, хэкум кIуэжыну хуейхэми КАФФЕД-р ядэIэпыкъуащ, цIыху 1200-м тырку паспорт къыхуIахащ.

ДАХ-м и фондым теухуа Iуэхур, ар зэрылэжьэнум, зыгъэлэжьэнум, зи мылъку хэзылъхьэнум теухуауэ псори убзыхун хуейщи, къэблагъэ Конгрессым щытепсэлъыхьу унафэ зэрыщыIэр жиIащ Сэхъурокъуэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ зыуэ щыт хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ ДАХ-мрэ зэрызэдэлажьэм, Интернетым и Iэмалхэр къагъэсэбэпу хъыбархэр цIыхухэм я пащхьэ зэрыралъхьэм. Абы и лъэныкъуэкIэ къэпсэлъахэм къыхагъэщащ ДАХ-м и сайтыр иджырей жыпхъэхэм изагъэу зэрылажьэр, абы щекIуэкI лэжьыгъэр и чэзум, зэхыхьэхэр щекIуэкI сыхьэтым къралъхьэу фейсбукымрэ инстаграмымрэ напэкIуэцI щхьэхуэ зэрыщиIэр. Сайтым илъхьапхъэ тхыгъэхэр Хасэ къудамэ псоми икIэщIыпIэкIэ кърагъэхьу зэтеублэн зэрыхуейр, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ нэхъ ебэкIми, тыркубзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ тхыгъэхэр зэрилъхьапхъэр, абы сайтым и сэбэпынагъыр зэрыхигъэхъуэнур, ди къуэш хэхэсхэми, ахэр зыбгъэдэс лъэпкъхэми ДАХ-м и лэжьыгъэр нэхъыфIу зрагъэцIыхунымкIэ ар щхьэпэ зэрыхъунур жаIащ. Апхуэдэуи Иорданием щылажьэ «Нарт-TV» каналымрэ хэкумкIэ щыIэ адыгэ хэгъэгухэм я телевиденэмрэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм тепсэлъыхьащ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ НэпIащэ Ахьмэдрэ.

Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщынымрэ абы папщIэ щIэныгъэ-практикэ конференц зэхэшауэ унафэ тещIыхьын зэрыхуеймрэ теухуауэ къэпсэлъащ Табыщ Мурат. «Мы тхыбзэ зэщхьэщыкIым гугъу иригъэхьыр хэкум исхэм я закъуэкъым, атIэ хамэ щIыналъэ щыпсэухэми гъуэгу пэжыр къахухэмыхыу хегъэзэрыхь, – жиIащ Мурат. – Адыгэбзэм тхыбзитI, хьэрфыпкъитI иIэщ жыхуэтIэм и лъабжьэр 1966 гъэм къыщыщIедзэ. Къэбэрдей адыгэбзэм и пэжырытхэр щаубзыхум, къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зэрагъэзэхуауэ, адыгейм ейр иужькIэ зэрагъэзэхуэжыну къагъэнауэ хъури, профессор Урыс Хьэталий и лэжьыгъэр утыку къихьащ. ИужькIэ нобэ дызытепсэлъыхь проектыр Къумахуэ Мухьэдин къыхилъхьэри, абы лъандэрэ унафэ гуэр трамыщIыхьауэ къокIуэкI мы псалъэмакъыр. Илъэс 30-м щIигъукIэ Мухьэдин щIэныгъэ-лэжьыгъэ ирищIылIэу игъэхьэзыра проектым хуэмыарэзы лъэныкъуитIми къахэкIакъым. Ауэ абы щыгъуэм къамыщтэфыну ябжри, ягъэтIылъыжауэ щытащ. КъБР-м 2002 гъэм къэрал хабзэкIэ къищтат, ауэ Адыгэ Республикэм абы унафэ щытращIыхьакъым иджыри къыздэсым».

Проектым лъабжьэ хуэхъуар, зэхъуэкIыныгъэу халъхьэнухэр, еджэныгъэм теухуауэ зэрыщхьэпэнур, лъэныкъуитIымкIи щаIэ еплъыкIэхэр убзыхуауэ утыку кърилъхьащ Мурат. ИкIи жиIащ щIэныгъэлIхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм я хьэкъкIэ Iуэхум гулъэф хуэхъу зэрыщымыIэр. Абы ипкъ иткIэ Хасэшхуэм хэтхэр зэгурыIуащ зэман кIэщIым къриубыдэу республикищми я бзэщIэныгъэлIхэр зыхэт щIэныгъэ зэхуэс зэхашэу Iуэхум тещIыхьын хуей унафэр яубзыхуну.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 154-рэ зэрырикъум иращIэкIыну дауэдапщэхэм теухуауэ Сэхъурокъуэм жиIащ ар зэи тщыгъупщэ мыхъуну Iуэхуу зэрыщытыр, къэралым и лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэхъыжьыIуэхэр, щIалэгъуалэр хэту Iуэхур Налшык зэрыщрагъэкIуэкIыр, ар программэ убзыхуам тету илъэс къэс къызэрызэрагъэпэщыр. АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ

Рэмэзан игъэбелджылащ Адыгейм и къуажэхэм, районхэм апхуэдэ дауэдапщэхэр къызэрыщызэрагъэпэщыр, пэкIу нэхъ иныр Мейкъуапэ зэрыщекIуэкIыр. Абы ди адэжьхэм яхуэщыгъуэнымкIэ, ди блэкIар тщымыгъупщэнымкIэ, лъэпкъым и щхьэ кърикIуар ди щIэблэм ящIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщащ.

КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар жиIащ хэкум къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, хы ФIыцIэм и лъэныкъуитIми щыгъуэ пэкIухэр зэрыщекIуэкIыр. Тыркум ис адыгэхэр Щыгъуэ-щIэж махуэм къалэ куэдым щызэхуос, КАФФЕД-м епха Хасэ 64-м хэтхэр къыдокI.

А махуэм хэкум икIыу Тыркум кIуэхэм е абы къикIыу Къэбэрдейм къихьэжхэм дызыгъэулъиин, дызэрыс къэралхэмрэ абы и хабзэхэмрэ къемызэгъын яIэщIэмыщIэу Iуэхур зэфIэгъэкIын зэрыхуейр къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм.

ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ хамэ къэрал къыщалъхуа адыгэ щIалэгъуалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, сабийхэр гъэмахуэ мазищым кърихубыдэу зыгъэпсэхуакIуэ къэгъэкIуэным. Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий жиIащ сабийхэр сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ хэкум къихьэжми сэбэпынагъ зэрыпылъыр, ахэр Кавказым къыхуэхъуапсэу, хэкупсэ хъуауэ зэрагъэзэжыр.

Хьэгъундокъуэ Яшар къыхилъхьащ хэкумрэ хамэщIымрэ щыщхэр зэкIэлъыкIуэныр я нэIэ щIагъэтын зэрыхуейр. «Пщэдджыжьым ХасэщIэ къэунэхуауэ нэху къыщекI щыIэщ, ящIэнумрэ ялэжьынумрэ зэIумыбзу, УФ-м и Посольствэм и нэIэ щIэмыту. Апхуэдэ гупхэм кърашалIэхэм дрогузавэ, – пищащ Яшар, – лъэпкъ Iуэхум пылъу апхуэдэ гуэрхэм ирагъэблагъэхэм хъыбар къыдагъащIэмэ, нэхъ зэгъэзэхуа хъунущ. Дунейм адыгэу щызэхэзекIуэр дэ тхузэщIэкъуэнкъым, ауэ гуп зэрыIыгъ хэкум ныщикIкIэ, фэ невгъэжьэу, дэ едгъэблагъэу щытыпхъэт. Псалъэм папщIэ, иджыпсту гупищ концерт, нэгъуэщI IуэхукIэ нэкIуауэ щыIэщ, ауэ дэ дыщыгъуазэкъым. Ахэр Iуэху мыфэмыц гуэрхэм хашэмэ, япэу жэуап зыхьынур дэращ».



КАФФЕД-м и лIыкIуэ Урым Баки-Сами къыхигъэщащ Тыркум къикIыу зыгъэпсэхуакIуэ къагъакIуэ сабийхэр санаторэхэм зэрыщыIэм зы Iуэху хагъэхъуэну зэрыщIэлъэIур, адыгагъэр, адыгэ зэхэтыкIэр, адыгэбзэр нэхъ яцIыхун щхьэкIэ зы тхьэмахуэкIэ адыгэ унагъуэхэм яшэрэ щагъэIэу зэтраублэфамэ, сэбэпышхуэ зэрыхъунур. Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ ар гугъу демыхьу зэрахузэфIэкIынур, Тыркум къикI ныбжьыщIэхэр зыщыщ лъэпкъ нэгъунэ хэкум къыщагъуэту зэрагъэкIуэфынур, къищынэмыщIауэ, унагъуэ хуэщIахэм зэрытрагуэшэфынур. Ауэ абы щхьэкIэ езы сабийхэм апхуэдэ жэрдэм яIэн хуейщ, зэкIэрыдмычу зэгъусэу санаторэм щыIэмэ, нэхъ къэзыщтэхэр зэрыкуэдыр къыхигъэщащ тхьэмадэм.

Табыщ Мурат къыхигъэщащ Къайсэр адыгэбзэ зрагъэдж сабийхэр зэрыщыIэр, ахэр хэкум къатшэрэ а зэджэм и мыхьэнэр едгъэлъагъумэ, ядж адыгэбзэр я тхьэкIумэм иIуэмэ нэхъыфIу къызэрилъытэр.

Израилым и лIыкIуэ Тхьэухъуэ Зухьер иригузавэу зы Iуэхугъуэ къыхигъэщащ. Израилым адыгэхэр дэсу ит къуажэхэр Кфар-Камэрэ Рихьэниерэщ. Йемен лъэныкъуэм къикIа хьэрыпхэр дэсу Абу-Гош жылэ щыIэщ. Иджы абыхэм Кавказым къикIахэм къатепщIыкIауэ,

адыгэу, шэшэну жаIэу зэрыдэтым зэраныгъэ къызэрихьынур игъэбелджылащ Зухьер.

– Мыбы дызымыгъэтхъэн, ди напэ тезыхын куэд кърахьэжьащ. Ахъшэ куэду зэрыхухахым къыхэкIыу, а жаIэхэм щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр урысыбзэкIи, нэмыцэбзэкIи, инджылызыбзэкIи тхауэ зэбграгъэхащ, интернетым кърадъхьащ. Адыгэр зэрыдгъэбэгъуэну Iэмалкъым а нэгъуэщIылъ зыщIэтхэр зыхэдгъэхьэныр, ар къэхъункIэ Iэмал зимыIэщ, адыгэр зэрыбэгъуэн хуейр езым къилъху и сабийхэрщ, – жиIащ Тхьэухъуэм. – Иджыблагъэ «Черкес ДНК» проект гуэр кърахьэжьауэ шэрджэсу зыкъыщIрагъэдзыну хэтщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм абы теухуауи псалъэ жиIэну, Iуэхур зэхигъэкIыну сыхуейщ, армыхъумэ кърахьэжьа проектым фIы кърикIуэнукъым.

Сэхъурокъуэм къыхилъхьащ: япэщIыкIэ Iуэхум и пэжыпIэр зрагъащIэмэ, итIанэ гурыIуэгъуэ хъунущ ящIапхъэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм архив хъумапIэ ищIыныр зэрыфIэигъуэм теухуауэ къэпсэлъащ Щоджэн Iэминат. Абы къыхигъэщащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм цIыху зэчиифIэ куэд къазэрыхэкIар, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр тхылъу къызэрыдэкIар, хамэщIым ипхъа хъуа ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа дэфтэрхэр куэду зэрыщыIэр, а псори зэхуэхьэсыжауэ хъумапIэ щIын зэрыхуейр. «Хэхэс адыгэхэм я къекIуэкIыкIар къызыхэщыж дэфтэрхэр, ди тхыдэм и напэкIуэцIхэр, художественнэ тхыгъэхэр, публицистикэр зэхуэхьэсауэ ДАХ-м иIэныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ», – къыпищащ Iэминат.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI дамыгъэ лъапIэхэр ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий яхуигъэфэщащ Уджыхъу Ихьсан, Европэм щыпсэу адыгэхэм я щэнхабзэ федерацэм и унафэщIу куэдрэ лэжьа ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ, федерацэм иджыпсту и тхьэмадэ, Бремен Хасэм и унафэщI ДыщэкI Эртан сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм ятеухуа унафэхэр IэIэткIэ къызэдащтащ. КъыкIэлъыкIуэ зи чэзу зэIущIэр Тыркум щрагъэкIуэкIыну КАФФЕД-м иригъэблэгъащ.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**
*Остердамме – Дюссельдорф – Налшык*

# ЛІЭЩІЫГЪУЭХЭМ Я ЛЪЭУЖЬ

Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, синдхэмрэ меотхэмрэ, я лъахэм къалэ зыбжанэ итащ: Горгиппие, Анакопие, Гермонассэ, Финагорие, нэгъуэщIхэри. Нобэрей Анапэ и Iэхэлъахэм пасэрей адыгэхэм илъэс минитIрэ щихрэ и пэкIэ СиндикэкIэ зэджэ къэрал щаухуэгъащ. Синдикэм, пасэрей адыгэ къэралым, и лъэужь куэд къэсащ ди деж. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, синдхэм культурэ лъагэ ябгъэдэлъащ, тхыбзэ яIащ, грекхэм благъэ яхуэхъури, зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтауэ щытащ. Синдикэм и къалащхьэр, Горгиппиер, Анапэ деж щысащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, натхъуэдж адыгэхэм я щIыналъэм итащ. Музейхэм нобэ щахъумэ синдхэм, меотхэм, адрей адыгэ лъэпкъхэм я IэдакъэщIэкI куэд – дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм къыхэщIыкIауэ. Пасэрей адыгэ къалэхэм дэта сэрейхэм, скульптурэхэм я къутахуэ Iэджэ ущрохьэлIэ хы Iуфэм, Тамань, Псыжь и Iэхэлъахэхэм – пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм. Анапэ деж къыщагъуэта мывэ пхъэбгъухэм тIэунейрэ ущрохьэлIэ Ашэмэз и цIэм, пасэрей грекыбзэкIэ тхауэ; Ашэмэз и цIэм ущрохьэлIэ Краснодар деж къыщагъуэта тхыгъэ кIапэми. Ар щыхьэт тохъуэ нарт лIыхъужьхэм я хъыбархэр Синд къэралыгъуэми щызекIуэу зэрыщытам, абыхэм ныбжьышхуэ зэраIэм, лIэщIыгъуэ кIыхь куэдым къызэрыпхрыкIам.

* * *



Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр къыхохуэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я нэхъыбапIэм. Сосрыкъуэ Албэч и къуэ Тотрэш щиукIари езыр щаукIыжари Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ; Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ Батрэз и адэм и лъыуасэр нартхэм щапиубыдари. Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр къыхохуэ Нэсрэн ЖьакIи, Лъэпщи, Бэдынокъуи, Лъэбыцэжьеи, адрей нартхэми я хъыбархэм. Зэрынэрылъагъуущи, Хьэрэмэ Iуащхьэ нартхэм я гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, мыхьэнэшхуэ щиIэщ. «Хьэрэмэ Iуащхьэ зэхудипIалъэщ» – зэраухылIэ нартхэм, лIыгъэ-шыгъэкIэ зэпэувын хъумэ. Сосрыкъуэ яукIын мурад щащIым, Хьэрэмэ Iуащхьэ ираджэ. Жаншэрхъыр къызрагъэжэхыр Хьэрэмэ Iуащхьэщ. Хьэрэмэ Iуащхьэ деж нартхэр щохасэ, шурылъэс щоджэгу. Хьэрэмэ Iуащхьэ апхуэдэ пщIэ щIиIэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу, Iуащхьэм (лъагапIэхэм) IуэрыIуатэм щагъэзащIэ къалэныр уигу къэбгъэкIыжмэ: ахэр тхьэм я тIысыпIэу, я хэщIапIэу ялъытэрт. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм апхуэдэ къалэн щегъэзащIэ Олимп Iуащхьэм – ар тхьэ тIысыпIэщ, тхьэхэр щохасэ абы, санэхуафэ щащI; Олимп Iуащхьэ дежщ пасэрей алыджхэм Олимпийскэ джэгухэр щаублар. Нартхэм дежкIэ Олимп пэлъытэщ Хьэрэмэ Iуащхьэ: щохасэ, шурылъэс щоджэгу, тхьэ щолъэIу, псалъэ щызэраухылIэ, пIалъэ щызэрат.

Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр егъапщэ мэхъу пасэрей египтянхэм къащIэна пирамидэ цIэрыIуэхэм зэреджэ псалъэм: Хьарам – аращ а пирамидэ (Iуащхьэ) IэрыщIхэм ноби зэреджэр.

* * *

ЛIыгъэ зэрагъэунэху джэгукIэу нартхэм яIащ шурылъэсыр. «Нартхэ къыдагъаджэри, шурылъэс фыджэгу щыжаIэм, нартыжьхэр бжьыхьэкIапэм щIэзгуашэщ», – хуеIуэтэж Сосрыкъуэ и анэм.

Нартхэр шурылъэс щыджэгур Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ. Шурылъэсым джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ: шы къызэдагъажэ, шабзэ, бжы зэдадз, нэщанэ (псагъэ) зэдоуэ, шыбгъэрыуэ ящI, хэтIэхэсэ зэдоджэгу (зобэн), я пыкъуэр лъэсу, я пыкъуэр шууэ зобгъэрыкIуэ. Шурылъэсым щытекIуэм нарт хасэм я цIэкIэ тыгъэ ират. Тыгъэу ятынкIэ мэхъу шы, джатэ, шабзэ, фащэ, афэ джанэ, къинэмыщIхэри.

Шурылъэс джэгукIэр куэдрэ къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм – ди лIэщIыгъуэм къэсащ абы и лъэужь. Апхуэдэ джэгукIэ щызэхаублэрт хьэгъуэлIыгъуэм, нысашэм, гъэрэ щIырэ щызэхэкIкIэ, вакIуэ щыдэкIкIэ, вакIуэ къыщихьэжкIэ, къаныр щрашэжкIэ. Дауи, нартхэм я шурылъэс джэгукIэ псори зэщIэкъуауэ къэсакъым ди лъэхъэнэм, къэсар абы и пкъыгъуэ гуэрхэрщ, ахэри иужьым хуэм-хуэмурэ ужьыхыжащ.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэр алыджхэм я Олимп джэгухэми ирихьэлIэу зэрыщытам: пасэрей алыджхэм я Олимпиадэм пашэныгъэр щызыубыдыгъа синд щауэм и цIэр ихъумащ тхыдэм.

* * *

Ашэмэз и хъыбархэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, мэзым здыщIэтым ар ирихьэлIэгъащ жыг ку гъуанэ. Мэз щIагъым щыкIэрахъуэ жьым жыг ку гъуанэр зэрыдэпсалъэм гу лъитащ Ашэмэз. Абы гукъэкI иригъэщIри, къудамэм и кумылэр ирихри епщащ: къудамэм макъ къиIукIащ. Ашэмэз и бжьамийм ар къежьапIэ хуэхъуауэ яIуатэ нарт хъыбархэм.

Бжьамийр нарт лIыхъужьым, Ашэмэз, и цIэм щIрапхам щхьэусыгъуэ иIэщ: ар нэхъ пасэ дыдэу къежьа музыкальнэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ. И цIэмкIи зэрынэрылъагъущи, бжьамийр пасэрей цIыхум къызыхищIыкIар бжьакъуэщ. ИужькIэ ар къыхащIыкI хъуащ пхъэм, гъуаплъэм, жэзым; къамылым къыхащIыкI бжьамийм а къэкIыгъэм и цIэр къытенащ: бжьамий лIэужьыгъуэхэм ящыщ зым кIахэ адыгэхэр иджыри йоджэ къамылкIэ. НакъырэкIэ зэджэ бжьамий лIэужьыгъуи зэрахьащ адыгэхэм, ар нэхъ иужьыIуэкIэщ къыщыунэхуар (абы щыхьэт тохъуэ и цIэри: «накъырэр» нэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэщ).

Ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей музыкальнэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ адыгэхэм ноби зэрахьэ шыкIэпшынэри. ШыкIэпшынэм нэхърэ нэхъ кIасэу къежьащ пшынэдыкъуакъуэмрэ пшынэкъэбымрэ – ахэри къэсащ ди зэманым, къызэрагъэсэбэпыж щIагъуэ щымыIэми.

«ШыкIэпшынэми», «пшынэдыкъуакъуэми», «пшынэкъэбми» я лъабжьэр ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей псалъэщ – «пшынэ». Абы къытокI «пшыналъэ» псалъэри. «Пшыналъэм» мыхьэнэ зыбжанэ щигъуэтащ адыгэбзэм: абы «макъамэ» мыхьэнэи къокI, «уэрэд», «усыгъэ» мыхьэнэи иIэнкIэ мэхъу; апхуэдэ мыхьэнэ иIэщ абы «Сосрыкъуэ и пшыналъэ», «Бэдынокъуэ и пшыналъэ», «Ашэмэз и пшыналъэ» щыжытIэкIэ.

* * *

Нартхэ хасэм щызэхыхьэми, санэхуафэ ящIми, шурылъэс джэгуми, унафэ яхуэзыщIыр я тхьэмадэрщ, абы и псалъэм псори йодаIуэ, абы псори йочэнджэщ. «Ди нарт тхьэмадэр Нэсрэн ЖьакIэщ» – апхуэдэ псалъэ халъхьащ Ашэмэз и пшыналъэм. ЗекIуэ ежьэн хъуми, нартхэ тхьэмадэрэ гъуазэрэ яхуохъу Нэсрэн ЖьакIэ – аращ Ашэ илъ зыщIэж

шухэм я шу пашэр: абы емыдаIуэрэ и унафэм емыувалIэрэ яхэткъым зекIуэ ежьахэм. АпхуэдэпщIэ хуащI адыгэхэм я нэхъыжьым нартхэм я зэман лъандэрэ. Нэхъыжьым и пщIэр апхуэдизкIэ лъагэт, инти, абы и пащхьэм емыкIу къыщызыхьыр, и нэмысыр зыкъутэр гупым зыхагъэхьэжыртэкъым, цIыхуфи ираплъыжыртэкъым, апхуэдэр сэхъуауэ, адыгагъэм ебэкъуауэ, хабзэм щIамыпIыкIауэ ялъытэрти. Нэхъыжьым емыдэIуэн дэнэ къэна, и псалъэ зэпаудыртэкъым, пэпсэлъэжыртэкъым – къошхыдами, къогиями, къыпхуэгубжьами.

Дауи, зи пщIэмрэ зи щIыхьымрэ лъагэ нэхъыжьым дуней илъэгъуауэ, дунейм и пIалъэ ищIэу щытын хуейт. Апхуэдащ адыгэхэм я нэхъыжьхэм я нэхъыбапIэр, арат абыхэм я унафэмрэ я псалъэмрэ унагъуэри, лъэпкъри, жылэри щIеувалIэр. Унагъуэмрэ унагъуэр зыщыщ лъэпкъымрэ тепщIыхьмэ, нэхъыжьыгъэр зэлъытар ныбжьырат: унагъуэми ар зыщыщ лъэпкъми я тхьэмадэр нэхъыжьыгъэр ныбжькIэ зылъысырат (жьы дыдэ хъуарэ унафэр хузэкIэлъымыгъэкIуэжмэ, къуэдзэ хуащIурэ). Жылэм, хэкум тхьэмадэ хуащI хабзэр акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху Iущхэрт – ныбжькIэ ар къалъымысми, лIыпIэ иуварэ и акъылкIэ цIэрыIуэ хъуамэ.

УщрихьэлIэ елъытауэ, нэхъыжьым хуэпщIын хуей нэмысымрэ пщIэмрэ гъэбелджылауэ къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Шу гуп гъуэгу техьамэ, нэхъыжьыр яку дагъэувэрт, абы ныбжькIэ къыкIэлъыкIуэм сэмэгурабгъур лъысырт, нэхъыщIэр ижьырабгъумкIэ къыбгъурышасэрт. Iэнэ пэрытIысхьэми, арат хабзэр. Нэхъыжьым и гъуэгу зэпаупщIыртэкъым, ар блэкIыху заIэжьэрт, убгъурыувэу удэкIуэтэнри къыптехуэрт. Iэнэ тIысын хъумэ, нэхъыжьым и тIысыпIэр щхьэхуэт – жьантIэрт; хьэщIэ кърихьэлIамэ, хьэщIэ нэхъыжьыр абы и сэмэгурабгъумкIэ ягъэтIысырт. Iэнэм пэрысыху, хъуахъуэ хабзэр нэхъыжьым и закъуэт; хьэщIэ нэхъыжьми псалъэ лъагъэсырт. Iэнэм щыпэрысми гуп щызэрихьэлIэми, нэхъыжьхэм щIалэ яхэпсэлъыхь хабзэтэкъым (яхэхъуэхъухьын дэнэ къэна!), я псалъи зэпаудыртэкъым, нэхъ кърагъэкIур къабгъэдэкIуэтауэ лъэныкъуэкIэ зыщыIэжьэнырщ – къыпхуей хъумэ, къоджэнщи, узыбгъэдашэнщ.

Нэхъыжь тхьэм уимыщI – ар жаIэ хабзэщ нэхъыщIэм и цIэ щраIуэкIэ. Абы кърагъэкIыр щIалэм къыгуроIуэ: уи нэхъыжьыр куэдрэ тхьэм пхуигъэпсэу, уи нэхъыжьыр тхьэм къыпщхьэщигъэт. Нэхъыжьыгъэм щIэкъуныр адыгэм яфIэемыкIущ игъащIэм, зи нэхъыжьыгъуэм (ар ныбжькIэ зылъысам) уефыгъуэу аращ абы кърагъэкIыр. Пщыхэм (дзэпщхэм) хабзэ гъэщIэгъуэн яхэлъащ: зи жьакIэр тхъуху псэуа пщым (дзэпщым) фэ щрамыплъыж лъэхъэнэ щыIащ. Ари щхьэусыгъуэншэтэкъым: пщым (дзэпщым) и гъащIэр уанэгум щихьырт, шым шэсыф зэрыхъу лъандэрэ. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэтхъуа пщым щхьэкIэ жаIэрт: «ЛIыгъэ хэлъамэ, апхуэдиз къигъэщIэнтэкъым» («Алъандэм къаукIынт», жыхуаIэщ). Адыгэ тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, пщыхэм (дзэпщхэм, шу пашэхэм) я нэхъыбэр я ныбжь иримыкъуауэ хэкIуадэрт зауэм, закъуэтIакъуэт жьы хъуху псэур...

Адыгэм я нэхъыжьым я пщIэр езым къалэжьыжауэ, я акъылкIэ, я губзыгъагъэкIэ, я лIыгъэкIэ, я цIыхугъэкIэ къахьыжауэ къекIуэкIащ. Нэхъыжьым (лъэпкъым, жылэм я тхьэмадэм) фIыуэ ищIэрт хабзэр, тхыдэр, дунейм и пIалъэ щыгъуазэт, лей зэрихьэнутэкъым, нэфI-ней хэлътэкъым, хахуагъэм текIынутэкъым, цIыхур зэрызэгуригъэIуэнрэ фIыгъуэ зэрахуилэжьынрэт зыхуэпсэур.

* * *

Нартыр зекIуэ ежьэрэ лIыгъэ зэрихьамэ, хасэм ираджэри къохъуэхъу, лIыхъужьыбжьэ кърат. ЛIыхъужьыбжьэ къратакъэ – нартыр хъуэхъуэн хуейщ: и лIыгъэм хуэфащэ псалъэ жеIэ. Ар я хабзащ нартхэм. Нартхэм я лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуащ хъуэхъур – пасэрей цIыхум и гущIэм япэ дыдэ къиIукIа пшыналъэхэм ящыщщ ар.

Адыгэ хъуэхъухэр ди деж къэсащ лIэщIыгъуэ кIыхьхэм я Iущыгъэрэ я акъылкIэ гъэнщIауэ. ЩIэныгъэм зэригъэбелджыламкIэ, хъуэхъухэр япэ къызыдежьар пасэрей мажусий тхьэхэрщ, абыхэм яхъумащ Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Созрэщ, Псатхьэ, Щыблэ, Мэзытхьэ сымэ я цIэрэ я пщIэрэ. ВакIуэ дэкIауэ гъунэ щралъэкIэ, цIыхур ноби мэхъуахъуэ: «Я дэ ди тхьэ! Тхьэгъэлэдж! Телъыджэр зи Iэужь, едгъэжьа Iуэхур гъэбагъуэ!» – жари. Пасэрей цIыхум дежкIи тхьэр плъапIэт икIи гугъапIэт, цIыхур зыщыгугъыр, зыфIэлIыкIыр арат.

Пасэрей дунейм къыщежьами, и къуэпсыр мыгъуэжауэ ди деж къэсащ хъуэхъур – абы нэхъ псэ быдэ щыгъуэтыгъуейщ адыгэ IуэрыIуатэм.

ЦIыхур щIэхъуахъуэр фIыгъуэщ, хъуэхъукIэ щIэблэр ягъэIущ, захуагъэм, цIыхугъэм, лIыгъэм хураджэ, яузэщI, ягъэгушхуэ. ЩIэблэм йохъуэхъу: «Я гъуэгур бзэпсу, я псыр чэнжу, дыщэплъыр я пащIэу, мазэщIэр я натIэу» – жари. Щауэр щрашэжкIэ, тхьэмадэм хъуэхъубжьэ къретри къыжреIэ: «Бажэ уещэм, щыхь къэбукIыу, хъыкIэ уещэм, дыщэ къихъуэу». Нысэ къэзышам и гуапэщ ар щынэ хуэдэ Iущабэу, джэд хуэдэ быныфIэу, хьэфI хуэдэ Iумахуэу, шыфI хуэдэ цIэрыIуэу унагъуэм исмэ; я пхъур къэрэкъэтинэ, бэрэтинагъуэ, данагъуэ Iупэ хъумэ, и нитIыр вагъуэрэ мазэ къурашэр и набдзэу, и псалъэр IэфIрэ и Iуэхур ефIакIуэу, и нэмысыр инрэ и акъылыр изу къэтэджмэ, адэ-анэм я щIасэщ.

Псалъэм я нэхъ IэфIкIэ цIыхур йохъуэхъу унагъуэм, дунейм къытехьа сабийм, гъавэм, унэщIэм, Iэщым – адыгэ хъуэхъум гъуни нэзи имыIэ пэлъытэщ, апхуэдизкIэ къулейщ, зэмылIэужьыгъуэщи. Унагъуэм йохъуэхъу мыпхуэдэ псалъэкIэ: «Гуэлым хуэдэр я гъэшу, шэрхъым хуэдэр я кхъуейуэ, мыувыIэжыр я щхьэлу, я лIыжьым дзажэ дакъэр и Iусу, я сэр лыжьым къыIуигуэу, я хугум пшатхъуэ трихьэжауэ, я хьэ мынацIэу, я чыцI мыкIуэду, уардэ унагъуэу, выжьхэр щаукIыу, я фор гуибгъуу, я шыгъур гуипщIу, шэ зыпхымыкIыр я афэу, домбеифэр я бгъэну, зы губгъэни ямыIэу гъэ минкIэ гъэпсэу!» ВакIуэ дэкIарэ гъунэ иралъэмэ, вакIуэ тхьэмадэр мэхъуахъуэ: «Вабдзэ махуэ тетлъхьауэ, жыр махуэ дыхуэзауэ, щIым и махуэм къигъэзэну, къигъазэр щIыгулъу лъэлъэну, хум и фIыпIэкIэ къызэрылъэлъыну», – жери. Нарт хасэм я тхьэмадэр нарт щауэм ехъуэхъу пэлъытэщ нобэрей ди нэхъыжьхэм нобэрей ди щIэблэм мыпхуэдэ псалъэ щыжраIэкIэ: «Ди щIалэхэр гъущIыпсэу, псэ быдэу, зыубыдым елъэщэкIыу, зытесыр пщIэгъуалащхъуэу, данэ щIопщыр ягъаджэу, зэджэ-зэпсэр я гупсэу, псыблэм хуэдэу заупцIу, пцIащхъуэ лъатэм къыдэжэу, я жэрагъыр алъпыжьу ди ныбжьыщIэхэр кърехьу!»

Ди деж къэса адыгэ хъуэхъухэм къыбжаIэ дяпэ итахэм цIыху жьакIуэ – бзэ шэрыуэрэ акъыл бзыгъэрэ зиIа усакIуэ куэд зэрахэтар. Ахэращ хъуэхъужьхэм я нэхъыбэр зи Iэужьыр. Зи бзэр жан тхьэмадэм и гущIэм къиIукIа хъуэхъум и купщIэр уахътыншэ мэхъу, зыгуэрхэр щIагъужми е псалъэ гуэрхэр зэрахъуэкIми, нартхэм я лъэхъэнэм къежьауэ ди лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ ахэр нобэр къыздэсым.

* * *

Тхьэгурымагъуэм и цIэ куэдрэ къыхохуэ нарт хъыбархэм. КъэхъункъэщIэнур зыщIэ, зыIуатэ – апхуэдэущ ар нарт хъыбархэм зэрыщытлъагъур. Адыгэм я тхьэгурымагъуэр ебгъапщэ мэхъу пасэрей алыджхэм я оракулым – аращ абыи и къалэныр: къэхъунумрэ къэщIэнумрэ еIуатэ. Нартхэр тхьэгурымагъуэм йочэнджэщ зекIуэ щежьэкIэ, бийм пэувын хуей щыхъукIэ. Мазэр е дыгъэр иубыдамэ, щIыр хъеямэ, узыфэ гуэр етамэ, уэлбанэ кIыхь е уэгъу хъуамэ – а псом я щхьэусыгъуэмрэ кърикIуэнкIэ хъунумрэ пасэрейхэм къажезыIэр тхьэгурымагъуэрт. ЗэралъытэмкIэ, цIыхум и нэгу щIэлъри и гъащIэр щиухынури ищIэрт тхьэгурымагъуэм. Тхьэгурымагъуэр тхьэхэм япыщIауэ, тхьэхэр псэлъэгъурэ чэнджэщэгъурэ къахуэхъуу ябжырт, арат абы и пщIэр щIэлъагэр, и псалъэм шэч къыщIытрамыхьэр. Езы псалъэми хыболъагъуэ ар: «тхьэгурымагъуэм» лъабжьэ хуэхъуар «тхьэ», «магъуэ» («мэгъу») псалъэхэрщ, а тIур зэпызыщIэ псалъэр («агур») пасэрей латиныбзэм къыхэкIауэ хуагъэфащэ: латиныбзэм абы «аугур» теплъэ щиIащ.

* * *



ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэщ – апхуэдэ псалъэжь къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм: хьэщIэм пащI щыIакъым, тхьэм и пащхьэ къикIауэт ар зэралъытэр.

ХьэщIэр ирагъэблэгъэн щхьэкIэ, адыгэхэм унэ щхьэхуэ ящIу щытащ, хьэщIэщкIэ еджэу. Адыгэ хьэщIэщым и бжэр хэт и дежкIи зэIухат: зи цIи зи щхьи ямыщIэ гъуэгурыкIуэри еблагъэ хъурт абы, еблэгъакъэ – дапщэрэ исами, къыхуеблэгъам хьэщIагъэ ирихын хуейуэ адыгэм и пщэ къыдэхуэрт. ХьэщIэратэкъым ар адыгэм и пщэ дэзылъхьэр, хьэщIэр зэрыхьа унагъуэм езым и пщэ дилъхьэжырт – ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ.

ХьэщIэм бгъэдагъэсын щхьэкIэ, бысымым и гъунэгъухэр, и благъэхэр, и ныбжьэгъухэр къриджэрт, джэгуакIуэхэри къашэрти, хьэщIэм и нэгу зрагъэужьырт.

Махуищ исыху, къызытекIухьакIи нэгъуэщIкIи хьэщIэм еупщI хабзэтэкъым, махуищ иса нэужь, хьэщIэр унагъуэм ящыщ хъуауэ ялъытэрт, унагъуэм Iуэху кърахьэжьэмэ, Iуэхур ядищIэрт.

ХьэщIэм емыкIу къезыгъэхьым, жылэм я напэр трихауэ ялъытэрти, нэмыплъ иратырт, апхуэдэм и хьэщIэщ цIыху ихьэжыртэкъым, фэи ираплъыжыртэкъым.

Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ – апхуэдэ псалъэжьи къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Адыгэ хьэщIэщым ихьам игурэ и щхьэрэ зэтелът, къыщIыхэщтыкIыни щIызэплъэкIыни щыIэтэкъым: хьэщIэщым исыху, абы лей къытехьэнутэкъым, уеблэмэ ар зи хьэщIэщ ихьар лъыкIэ и бийми. ЩрагъэжьэжкIэ, хьэщIэм дэкIуатэрт, тыгъэ хуащIырт – шы, Iэщэ-фащэ иратырт.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

# ТЕАТРЫР ЗИ ГЪАЩIЭ



ЩищIалэгъуэм и деж зы IэщIагъэм егъэщIылIа гъуэгу къыхэзыхыу, сыт хуэдэ лъэпощхьэпо хуэмызами, абы дэдзыхрэ къэгъазэрэ имыIэу ирикIуэф цIыхум пщIэ лей хуэфащэщ. Абыхэм ящыщщ зи гъащIэр лъэпкъ культурэм щхьэузыхь хуэзыщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIэмыргуей Валентин.

КIэмыргуейр 1952 гъэм июным и 23-м Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. Ар къызыхэкIар гъуазджэм пыщIэныгъэ лъэпкъ хузимыIэ унагъуэщ: и адэр автокраным тесу лажьэрт, и анэр дохутырт. Дэтхэнэ щIалэ цIыкIури спортым е джэгукIэ гуэрхэм дихьэх хабзэщ. Валентин, абыхэм емыщхьу, гу зыхуищIар балетырт. АрщхьэкIэ, и лъакъуэм удын зэригъуэтам къыхэкIыу, а и хъуэпсапIэ щэхур IэщIыб имыщIу хъуакъым.

Валентин, иджыри ныбжьыщIэ дыдэу, и анэм и фIыгъэкIэ тхылъ еджэным дихьэхауэ щытащ. И сабиигъуэм абы фIэгъэщIэгъуэну щIиджыкIащ Чуковский Корней, Барто Агния, Маршак Самуил сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Балигъ хъуа нэужь, ар дахьэхащ беллетристикэм, театрым теухуа тхыгъэхэм, актёр цIэрыIуэхэм я гукъэкIыжхэм. А псори КIэмыргуейм и гъащIэм лъэужьыншэ щыхъуакъым. 1975 гъэм, Щукиным и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт театр еджапIэр къиухри и хэку къигъэзэжауэ, ар илъэс 40-м щIигъуауэ щолажьэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. А зэманым къриубыдэу Валентин игъэзэщIащ роль щэ бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Джэримэс (Акъсырэ З. и «Дахэнагъуэ»), Батыр («Мыщэ и къуэ Батыр»), Къэрабэ (Дударев А. и «Сэлэтхэр»), Джимми (Нэш Р. и «Уэшх зыщэ»), ХъыбарIуатэ (Думбадзе Н. и «Кукарача»), Курбский Андрей (Толстой А. и «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» япэу щагъэувам), Сильвестор (Толстой А. и «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» иужьу щагъэувам) сымэ я ролхэр.





**КIэмыргуей Валентин «Гулъытэншэ хъуахэр» спектаклым щоджэгу.**

НэгъуэщI спектаклхэми хэтащ КIэмыргуейр. Апхуэдэщ Николаи А. и «Гулъытэншэ хъуахэр», Филиппо Э. и «ЦIыхумрэ джентльменымрэ», Лабиш Э. и «Эдгар фыз къешэ», Миллер А. и «Ахэр псори си бынщ», IутIыж Б. и «Эдип» жыхуиIэхэр. Иужьрейм хэхауэ къытеувыIапхъэщ, сыту жыпIэмэ IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм Эдип и ролыр Iэзэу

зэрыщигъэзэщIам папщIэ, КIэмыргуей Валентин 1988 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ КъБР-м и Къэрал саугъэтыр. Езым зэрыжиIэжщи, а ролыр гъэхьэзырынымрэ екIуу утыку ихьэнымрэ ар хуабжьу гугъу дехьащ. Абы нэмыщIыжкIи, спектаклым и кIыхьагъкIэ, зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэ къыхэмыхуэу, утыкум итын хуейт. Дауэ мыхъуами, псэкIэ кууэ игъэва а ролыр артистым къызыхуэтыншэу къехъулIащ.

КIэмыргуейр и зэфIэкI щеплъыжащ киноми. Ар гукъинэжу щыджэгуащ «Балъкъ шууей», «Вершины не спят», «Белое проклятье», «Песни над облаками», «Азиат», «Расстанемся пока хорошие», «По небу босиком» кинофильмхэм, нэгъуэщIхэми. Псом хуэмыдэу абы нэхъ къехъулIахэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэ цIэрыIуэмкIэ траха «Вершины не спят» фильмым хэт Елдар и ролыр. Ар Валентин и гуи и пси етауэ, фIэщхъуныгъэ къыпхилъхьэу «къипсэуа» ролхэм ящыщщ.


**КIэмыргуей Валентин «Вершины не спят» кинофильмым щоджэгу. 1987**

Валентин кином хуиIэ гухэлъ къабзэр и щIалэгъуэ пасэм къыщожьэ. Абы, и нэгум нэхугъэ гуэр кърихыу, игу къегъэкIыж «Победа» кинотеатрым къыщагъэлъагъуэу зэплъа «Генералы песчаных карьеров», «Фанфан-тюльпан», «Ромео и Джульетта», «Загнанных лошадей пристреливают – не правда ли?» фильмхэр. КъищынэмыщIауи, ар дихьэхыу щытащ итальян фильмхэм, хэхауэ къапщтэмэ, Франко Дзеффиреллирэ Федерико Феллинирэ трахахэм. Апхуэдэу, абы игу дохьэ Марчелло Мастрояни, Софи Лорен, Джина Лоллобриджида, Жерар Филипп сымэ я джэгукIэр.

КIэмыргуейр режиссурэми дехьэх. Абы игъэувауэ щытащ IутIыж Борис и «Кхъужьеибэ» тхыгъэм къытращIыкIа теплъэгъуэ.

Артист цIэрыIуэр лэжьыгъэ IуэхукIэ щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыIащ. Псом хуэмыдэжу гукъинэж щыхъуахэм ящыщщ Венгриер, абы и къалащхьэ Будапешт. Ауэ КIэмыргуейм зыпищIын щымыIэу фIыуэ илъагъур зыщалъхуа щIыналъэмрэ Налшык къалэмрэщ. Ахэр сыт щыгъуи фIэщIэщыгъуэщ, Налшык и щIыпIэ куэдым и щIалэгъуэм и фэ ирепл. Апхуэдэщ езым и унэ етIуанэу къилъытэ Къэбэрдей театрыр, Къэбэрдей уэрамыр, «Победа» кинотеатрыр.

ЦIыху зэчиифIэр, и IэщIагъэм и мызакъуэу, нэгъуэщI куэдми дихьэх хабзэщ. Валентин куэд щIауэ зэхуехьэс медалхэмрэ орденхэмрэ. Тхылъыр зыхилъхьэ зэрыщымыIэххэм и щыхьэтщ тхылъ мин бжыгъэ зыщIэлъ библиотекэ ин дыдэ зэрызэригъэпэщар.

И гуащIэмрэ абы къыпэкIуа щIыхьымрэ нэмыщI, Валентин гухэхъуэшхуэ къезытхэм ящыщщ и бынхэмрэ и къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ. И бынищри, IэщIагъэ зырыз яIэжу, гъащIэм лъэ быдэкIэ щыуващ.

КIэмыргуейм игъэзэщIа ролхэри и бын пэлъытэщ: гъащIэ яритащ, егугъупэурэ къигъэхъуащ икIи гъуазджэм и дунейм хигъэхьащ.

«Театрыр си гъащIэщ, арыншамэ сымыпсэу пэлъытэщ», - щыжеIэ КIэмыргуей Валентин и интервьюхэм ящыщ зым. Дэри ди гуапэщ абы гъащIэшхуэ иIэну, адыгэ театрым и сценэр иджыри илъэс куэдкIэ игъэбжьыфIэну.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ**

# ДИ БЗЭР ТХЪУМЭЖЫНУ ДЫХУЕЙМЭ

Мы тхыгъэр нэхъапэIуи дунейм къытехьащ, «къытригъэзэжурэ щхьэ игъэнышцкIурэ» жызыIэни щыIэнщ. Мыр аргуэру къэсщтэжынып къыхэкIащ зи гугъу сщIы проблемэм ди лъэпкъым и дежкIэ иIэ мыхьэнэр зэрыинышцэм, ауэ, итIани, ар зэфIахыну зи къалэнхэм зыкIи зэрызамыгъэхъейм, къазэрыфIэмыIуэхум. Абы къыщызогъанэри, мы махуэхэм Къэрал Думэм къыщащтащ цIыху куэд арэзы зытемыхъуэ закон, Урысейм ис мыурыс лъэпкъхэм я бзэхэм хуэгъэзауэ: анэдэлъхубзэм еджапIэхэм щыхухах сыхьэт бжыгъэр къэралым мащIэ дыдэ зэрищIамкIи «ягу мызэгъауэ», ахэр бджынуми умыджынуми ухуиту къыщIрагъэдзащ.

Мыр нэгъуэщIу къыбгурыIуэнкIэ Iэмал иIэкъым, урысыбзэм къинэмыщIа, адрей бзэ псори Урысейм щагъэкIуэдыжыну яужь ихьауэ фIэкIа. Тэтэрстаным и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ щыта лIы Iущ Минтимер Шаймиевым зэрыжиIауэ, «лъэпкъ мащIэхэр дызэрыхэшыпсыхьыжыр зыгуэрхэм кIыхьлIыхьыIуэу екIуэкIыу къащохъу». Мы къыхалъхьа хабзэр нобэ зыри жыдмыIэу «едгъэхмэ», адэкIи абы къыкIэлъыкIуэнур нэхъеижщ.

Лъэпкъ цIыкIухэм ди бзэр тхуэхъумэнущ, абыкIэ Iэмалхэр мымащIэу щыIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ длэжь хъунухэращ си тхыгъэм зи гугъу щысщIыр.

Дэтхэнэ зы лъэпкъри уахътыншэ зыщI нэщэнэ нэхъыщхьэщ бзэр. Лъэпкъым зихъумэжыну игу илъмэ, псом япэу ар зыхуэсакъыпхъэр и анэдэлъхубзэр зэрыфIэмыкIуэдынырщ. Ар къазэрыгурыIуэн зэхэщIыкI зиIэ цIыхухэри аращ апхуэдизу щIригузавэр ди бзэм и къэкIуэнум. УсакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, «Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр» (Бещтокъуэ Хь.). Нобэ абыкIэ зэи хуэмыдэжу шынагъуэ къыткIэщIэзэрыхьащ лъэпкъ мащIэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иджырей гъащIэм, зэрыжаIэу, банэ бжыхькIэ зыкъэпхухьыжу зыри зыхыумыгъэхьэу икIи зыми уахэмыхьэу упсэужыфынукъым. Лъэпкъ куэду зэхэт къэралым а псори ирмзэгурыIуэну зы бзэ щымыIэнкIэ Iэмал иIэкъыми, апхуэдэ къалэн зиIэ хъуа урысыбзэр адрейхэм зэпымыууэ къатогуплIэ зэманыфI хъуауэ. Ауэ иужь лъэхъэнэм, къэралым и гъунапкъэхэр зэIуха зэрыхъу лъандэрэ, Iуэхур нэхъ хьэлъэж ищIащ «дунейпсо модернист культурэ» жыхуаIэу, хы къэукъубеям ещхьу, бзэи хабзи къытхуимыгъэнэжу дыщIэзылъафэм. Дэ тхуэдэхэр щыгъэтауэ, я нэхъ лъэпкъышхуэхэри егъэгулэз абы.

Сытхэр ди Iэмал, сыт тхузэфIэкIыну къэдгъанэрэ автономие зиIэ республикэхэм ди бзэр тхъумэжын, ар едгъэфIэкIуэн папщIэ мы дызэрыт лъэхъэнэм? А упщIэм и жэуапыр псом япэу къыщыщIэдзапхъэр ди къэралым абы и лъэныкъуэкIэ къыдит хуитыныгъэхэрщ. Урысей Федерацэм и законхэм е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, къэрал хабзэхэм щыубзыхуащ лъэпкъхэм я бзэхэм яIэн хуей увыпIэр. Хабзэ нэхъыщхьэм (Конституцэм) и 26-нэ статьям щыжеIэ дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр къигъэсэбэпыну, зэрыпсэлъэну, зэригъэсэну, зэреджэну, зэрылэжьэну бзэр езым къыхихыжыну хуитыныгъэ иIэу. А хабзэм и 29-нэ статьям идэркъым бзэхэр зэхуумыгъадэу зэхэгъэж пщIыну. УФ-м и Конституцэм и 68-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ республикэхэм езыхэм я къэралыбзэхэр къащтэжыну зэрыхуитыр, апхуэдэу къащта бзэхэр урысыбзэм щIыгъуу республикэм и къэрал, щIыпIэ органхэм къыщагъэсэбэп

зэрыхъунур, лъэпкъ псоми я бзэр яхъумэжынымкIэ, ар яджынымкIэ икIи абы зрагъэужьынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и шэсыпIэу къэралыр къызэрыувыр. ЩыIэщ нэхъ пыухыкIауэ «УФ-м и лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа» законри. Абы бзэ псори зэхуигъадэ къудейм къыщымынэу, УФ-м и Правительствэм къалэн щещI лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ программэхэр зэхалъхьэу абыхэм ятекIуэдэну мылъкур федеральнэ бюджетым хухихыну. Лъэпкъхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ хъумэным хуэунэтIащ «Лъэпкъ-щэнхабзэ автономием теухуа», «Урысей Федерацэм ис лъэпкъ мащIэхэм я хуитыныгъэхэм я шэсыпIэхэм теухуа», нэгъуэщI законхэри. КIэщIу жыпIэмэ, иужьрей илъэс зыбгъупщIым ди къэралым иIэ хъуащ лъэпкъхэм я бзэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ закон лъабжьэ быдэ. Ар къагъэсэбэпурэ лъэпкъ республикэхэм ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зыIэрагъэхьащ я лъэпкъыбзэхэм нэхъ къару иратын, абыхэм я мыхьэнэм хагъэхъуэн и лъэныкъуэкIэ. Псом хуэмыдэу а IуэхумкIэ япэ ищащ Тэтэрстанымрэ Башкортостанымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми 1995 гъэ лъандэрэ щызокIуэ ди республикэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм теухуа законыр. Абы ипкъ иткIэ, дэ диIэщ къэралыбзэу щы: адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ахэр я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэу щызекIуэн хуейщ республикэм и къэрал, общественнэ IэнатIэ псоми. А хабзэр гъащIэм хэпща хъуным хуэунэтIауэ къэрал программэ щхьэхуи къащтауэ щытащ, икъукIэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, закон зэхэплъхьэныр нэхъ тыншщ, ар бгъэзэщIэным нэхърэ. Зи гугъу тщIы программэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэр пэлъэщакъым. Пэжщ, ар езыри щызэхалъхьэм щыгъуэ тхузэфIэкIынум и инагъыр къамылъытэу къыщIагъэлъэIуауэ къыщIэкIынут. Ауэ мымащIэу Iуэхур къилъэхъащ емыгугъуныгъэми. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ, мы Программэм щхьэкIэ пыухыкIауэ жэуап зыхь орган гъэбелджылауэ щыIэн хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щыIакъым, нобэр къыздэсми апхуэдэ щыIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, бзэхэм я IуэхугъуэмкIэ комиссэ, е комитет, е президентым, е правительствэм егъэщIылIауэ зэпымыууэ щолажьэ Урысейм и республикэхэм я нэхъыбэм икIи абыхэм я фIыгъэкIэ бзэм и Iуэхур а щIыпIэхэм нэхъыфIу щыдокI. Ди деж, къызэрыхэдгъэщащи, «бзэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» жыдоIэри, зыми и мыIуэхуу къыщIедзыж. Парламентыр хущIэкъуат Программэм и гъэзэщIэныр щIигъэхуэбжьэну икIи тIэунейрэ а IуэхугъуэмкIэ парламент едэIуэныгъэхэр иригъэкIуэкIат, ауэ ари мащIэу къыщIэкIащ, зыгуэркIэ сэбэп хъуами. ИужькIи щIэрыщIэу бзэхэмкIэ аргуэру зы Программэ Правительствэм зэхилъхьауэ щытащ. Ауэ мыбыи япэрейм и щыуагъэхэм къытрегъэзэж икIи абы и махуэр къыхуэкIуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, адрей псори къыдогъанэри, илъэсиплIым тещIыхьа а Программэм адыгэбзэкIэ гъэхьэзырауэ къыдэгъэкIын хуейуэ къигъэув псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я закъуэ илъэсипщIкIи, уеблэмэ тIощIкIи пхузэгъэпэщынукъым республикэм иджыпсту бзэм елэжьу ис IэщIагъэлIхэм я бжыгъэ мащIэмкIэ. ДяпэкIэ абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъунымкIи гугъапIэ гуэрхэр щыIэкъым, сыту жыпIэмэ щIэныгъэм (наукэм) щIалэгъуалэр къыпхуешалIэркъым, абы и пщIэр къэралым зэрыщехуэхам, улахуэр зэрымащIэм къыхэкIыу. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ цIыху къыщыплъыхъуэу ебгъэлэжьыну яужь уихьэми, абы къыпэкIуэну гонорар мыхьэнэншэмкIэ зыри пхудегъэхьэхынукъым. Зэрытлъагъущи, проб-

лемэ куэду зэхэлъщ ди бзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным и Iуэхур. Дэ дызэреплъымкIи, апхуэдэ Программэ щызэхэплъхьэкIэ, «уи тепIэн еплъи, уи лъэр укъуэдий» жыхуиIэ псалъэжьыр уигу илъу бгъэдыхьапхъэщ. Абы игъэувапхъэр ди къарум къихьынурщ, уеблэмэ пункт къэсыхукIэ щагъэзэщIэн хуей пIалъэм къыдэкIуэу зыгъэзэщIэнум (е зыгъэзэщIэнухэм) щхьэтечауэ я цIэр къиIуапхъэщ. Апхуэдэу убзыхуауэ щытын хуейщ ар гъэзэщIэнымкIэ зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къызэзыгъэпэщынур, икIэм-икIэжым, ар гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъынур, абыкIэ жэуап зыхьынур. Арыншамэ, Программэ дапщэ дяпэкIи дунейм къытемыхьами, ди Iуэхур япэкIэ кIуэтэнукъым.

АдэкIэ нэхъ гупсэхуу сыкъытеувыIэнут адыгэбзэр еджапIэхэм щегъэджыныр ди республикэм зэрыщекIуэкIым. Си гугъэмкIэ, щIэблэ къэхъум бзэр егъэджыныр бзэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ди жагъуэ-ди щIасэми, зыдумысыжыпхъэщ щIалэгъуалэм бзэр зэраIэщIэхумкIэ. Дызыгъэгузавэр анэдэлъхубзэр зымыщIэххэ абыхэм зэрахэтым и закъуэкъым: псэлъэфхэми я нэхъыбапIэм я бзэр хуабжьу къулейсызщ. ЩытыкIэр адэкIи апхуэдэу емыкIэкIуэн папщIэ, сыт длэжьыпхъэр? ЩIэныгъэм (наукэм) щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ: зи бжыгъэкIэ мащIэ лъэпкъым и бзэр хъума хъун, къызэтенэн папщIэ хэкIыпIэрэ Iэмал нэхъыщхьэу щыIэр а бзэмкIэ школым щегъэджэн хуейуэ аращ. Къыхыдогъэщ: предмету ар щаджынырктым, атIэ зэрырагъаджэ бзэуэ щытынырщ зи гугъу ящIыр. Тхыдэм дриплъэжмэ, 1940 – 1950 гъэхэм етхуанэ-ебланэ классхэм ящыщ зыкъомым адыгэбзэ защIэкIэ предмету хъуар щрагъэджу къэрагъэжьауэ щытащ. ИужькIэ пэщIэдзэ щIэныгъэ (еплIанэ классым нэс) адыгэбзэкIэ иратрэ итIанэ урысыбзэм хуэкIуэжу къаублащ. ИкIэм-икIэжым, 1960 гъэхэм я япэ Iыхьэм япэ классым щыщIэдзауэ урысыбзэкIэ егъэджэным дыхуэкIуащ къэрал унафэкIэ. Ар къызыхэкIар гурыIуэгъуэт – а лъэхъэнэм ягъэуvауэ щытащ бзэ псори зэхыхьэжу зы бзэ зэрыхъужыну (н. ж., урысыбзэм зэрытехьэну) теориер, ар теориеми къыщамыгъэнэжу гъащIэми нэрылъагъу зэрыщащIыным и иужь итахэщ. Арати, адыгэбзэр, – ди гъащIэр зыIыгъыж къудамэхэм я нэхъыщхьэр, – ар щIэныгъэ зэрызрагъэгъуэт бзэуэ щытыныр – мы лъэбакъуэмкIэ пыупщIа хъуауэ щытащ. Апхуэдэуи екIуэкIащ илъэс зытIощIырыпщIкIэ. 1990 гъэхэм я пэщIэдзэм къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъ интеллигенцэм Iэмал игъуэтащ а щыуагъэр гъэзэкIуэжынымкIэ жэрдэмщIакIуэу къэувыну икIи аргуэру пэщIэдзэ щIэныгъэр анэдэлъхубзэкIэ ирату зэтраублэжащ. Ар Iуэху тыништэкъым. Япэрауэ, мыбы зыкъыпэщIэзысар мащIэкъым, уеблэмэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыт къулыкъущIэхэм къахэкIащ «адыгэбзэм дыхуэкIуэжмэ, туфлъэм и пIэкIэ гуэншэрыкъ лъыттIэгъэжу аращ» жызыIа. ИтIанэ адыгэбзэкIэ егъэджэнымкIэ опыт зиIэ егъэджакIуэу къэнар зырызыххэт, зэрырагъэджэн тхылъхэри пособиехэри щIэрыщIэу зэхэлъхьэн, къыдэгъэкIын хуейт. ГурыIуэгъуэкъэ а псор илъэскIи илъэситIкIи зэрызэфIэмыкIынур? Нобэр къыздэсым и кIэм нэсу зэфIэха хъуакъым «пэщIэдзэ лъэпкъ школым» и лъабжьэр гъэтIылъыным пыщIа Iуэхугъуэхэр. Абы куэд егъэтхьэусыхэ, уеблэмэ «урысыбзэм дытевгъэхьэж» жаIэу къэзыгъэувхэри щыIэщ. ЖаIэ къудейми къыщызэтемыувыIэу, дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, адыгэ къуажэхэм мащIэ-мащIэурэ урыс программэ къащтэж, «адэ-анэхэм ар нэхъ къащтэ» жаIэри, ар я щхьэусыгъуэу. Сыт жыпIэ хъунур абы теухуауэ?

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сыт хуэдэ егъэлеиныгъэми фIым ухуишэнукъым. Дэ дрителъхьэкъым «курыт еджапIэр зэрыщыту адыгэбзэм хуэгъэкIуэн хуейщ, еджапIэ нэхъыщхьэхэми адыгэбзэкIэ щедгъэджэнщ» жаIэу къэув язынықъуэ «акъыл пщтырхэм». Ар, япэрауэ, пхузэфIэмыкIын къалэнщ, етIуанэрауэ, пхузэфIэкIыпэуи дощIри, иджырей гъащIэм адыгэбзэ къудейкIэ узэрыхэмытыфынури шэчыншэщ. НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, адыгэбзэм «ирипщэIаи кърипщэхуIаи хъужыркъым» жыпIэу хыфIэбдзэж хъунукъым, адыгэу ущытыну ухуеймэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, егъэджэныгъэр зы лъэныкъуэ гуэркIи емыбэу, адыгэбзэри, Урысей къэралыгъуэм и бзэ урысыбзэри, дуней псом уазэрыгурыIуэфыну инджылызыбзэри зэхуэдэу фIыуэ ящIэу курыт еджапIэр къегъэухын хуейщ. Мыбы и лъабжьэр щыгъэтIылъыпхъэр сабий гъэсапIэхэращ. ЩIэныгъэм (наукэм) къегъэлъагъуэ илъэсищ-илъэсих ныбжьым деж сабийм гугъу демыхьу бзэ зытIущ зэрызригъэщIэфыр. Махуэ чэзуүэ, зы махуэм и кIыхьагъкIэ адыгэбзэкIэ бгъасэу, къыкIэлъыкIуэм – урысыбзэкIэ, ещанэм – инджылызыбзэкIэ. Пэжщ, сабий садхэр а лэжьыгъэм пэлъэщын кадркIэ къызэгъэпэщыным мылъку текIуэдэнущ, ауэ а лэжьыгъэр школ ныбжьым бгъэIэпхъуэмэ, текIуэдэнур куэдкIэ нэхъыбэщ. ИтIанэ мыри Iуэхум къыхэлъытапхъэщ: иджыпсту гугъуехь къешэ къуажэдэс адыгэ сабийхэмрэ къалэдэс адыгэ сабийхэмрэ я школ щIэтIысхьэгъуэ ныбжьым деж бзэ нэхъ ягъэшэрыуэфымкIэ зэрызэтемыхуэм: къалэм дэсхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, бзэ куэду зэхэт сабий садым кIуа нэужь, урысыбзэр токIуэри, школым щыщIэтIысхьэм деж зэрыпсалъэр нэхъыбэу урысыбзэрщ, адыгэбзэр дахэ-дахэу къахуэгъэсэбэпыркъым. Мо зэрыжытIам хуэдэу, садхэр дэни къыщызэгъэпэщамэ, япэ классым щыкIуэкIэ къалэдэсхэри къуажэдэсхэри зэхуэдэ хъужынт. Мыадыгэ сабийхэми апхуэдэ системэм и фIыгъэкIэ адыгэбзэр зрагъэщIэфынт, къуажэдэс адыгэ сабийхэм урысыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ зэрызрагъэщIэфынум ещхьыркъабзэу. АдэкIэ школым и япэ классым къыщыщIэдзауэ къуажэ сабийри, къалэ сабийри зы программэм тету ебгъаджэ хъунут. А программэр тещIыхьауэ щытын хуейщ сабийхэр бзищкIэ зэреджэным – езы бзищри яджу, адрей предметхэри а бзищым тегуэшауэ, н. ж., дэ дрителъхьэкъым адыгэбзэкIэ егъэджэныр еплIанэ классым деж щыпычынми, хамэ къэралыбзэр егъэджыныр етхуанэ классым нэмысауэ къыщIэмыдзэнми. Абы къишэр нобэ ди нэгу щIокI – адыгэбзэр шэрыуэу, къабзэу яхузэгъащIэркъым уеблэмэ къуажэдэс адыгэ сабийхэм. Къалэдэс сабийхэм я гугъу умыщIыххэ – адыгэбзэкIэ псалъэ зытIощIырыпщI къапсэлъыфмэ, дригуфIэу Iуэхур абы нэсащ. Хамэ къэралыбзэри кIасэу къызэрыщIадзэм, сыхьэт бжыгъэ хухахри зэрымащIэм къыхэкIыу нэхъыбэу алфавит къудейр и кIэм нэсу ямыщIэу школыр къаух – ар къалэми къуажэми. Нобэрей гъащIэм инджылызыбзэм Iэмал имыIэу ущыхуейщ, урысыбзэм хуэдэкъабзэу. ДяпэкIи нэхъыбэрэ ухуей, ухуэныкъуэ хъунущ абы, дунейпсо гъащIэм ди къэралыр нэхъ хыхьэ зэпытурэ зэрекIуэкIыр къэплъытэмэ. ЩIэблэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэфын, я Iуэху дэни щыдагъэкIыфын щхьэкIэ инджылызыбзэр хэкъузауэ егъэджыным егугъупхъэщ.

Лъэпкъ зыбжанэ зэхэпхъауэ щыпсэу къалэхэм адыгэбзэ зымыджын сабий къазэрыхэкIынур къэплъытэмэ, сабий садым адыгэбзэ гупхэр, школым адыгэбзэ классхэр къыщызумыгъэпэщу хъунукъым. «Адыгэ» жыдмыIэу «адыгэбзэ» щIыжытIэр мыбы адыгэ сабийм я мызакъуэу, адыгэбзэ зыджыну гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри кIуэ хъунущи аращ –

бзэхэмкIэ законым ипкъ иткIэ, ди республикэм ис дэтхэнэми «урысыбзэм нэмыщI, е адыгэбзэ, е балъкъэрыбзэ иджын хуейщ».

Зи гугъу тщIа реформэм хуэдэ ебгъэкIуэкIыным, дауи, лэжьыгъэшхуэ пыщIащ, мылъкушхуи текIуэдэнущ. Ауэ щIэблэм бзищ ящIэну пэж дыдэу дыхуеймэ, арыншауэ хъунукъым. Япэрауэ, сабий зыгъэсэну, езыгъэджэну кадрхэри а бзищымкIи диIапхъэщ; зэрагъэсэну, зэрырагъэджэну тхылъхэри пособиехэри аращ; мыпхуэдэ лэжьэкIэм и опытри методикэри зэтеувэным зэман ихьынущ – пэжщ, бджы хъун щапхъэ щыIэхэщ къэрал зыбжанэм (п.п. Швейцарием, Финляндием, н.).Финляндием шведу щыпсэур къэралым ис цIыхухэм я процентих фIэкIа мыхъу пэтрэ, шведыбзэр къэралым етIуанэ къэралыбзэ щащIащ, финн сабийхэм я анэдэлъхубзэмрэ инджылызыбзэмрэ къадэкIуэу, шведыбзэри зрагъащIэ. Нэхъ цIэрэ щхьэрэ яIэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIиплIым щыщу тIур шведыбзэм тегъэпсыхьащ, финныбзэкIэ щеджэ адрей тIуми узэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр шведыбзэкIи птыну хуит уащI. Ди гугъэщ лъэпкъ мащIэм и бзэм гулъытэ, пщIэ хуэщIынымкIэ ар щапхъэ нэсу.

Бзэр хъума хъунымкIэ егъэджэныгъэ системэм иIыгъ увыпIэм, иIэ мыхьэнэм ехьэехуэу иджырей лъэхъэнэм къалъытэ телевиденэр. КIэлъыплъыныгъэ ирагъэкIуэкIахэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, сабийм и зэманыр (щыжейр хэмыту) зыхьыр псом нэхърэ нэхъыбэу еджэныгъэрщ, абы къыкIэлъыкIуэу – телевизорырщ. Ику иту къапщтэмэ, телевизорым бгъэдэсу сабийм игъакIуэ зэманыр хэпщIыкIыу нэхъыбэщ адэ-анэм зэраригъусэм, зэрепсалъэм нэхърэ. А адэ-анэр анэдэлъхубзэкIэ къепсалъэу пщIыми, итIани, телевизорым и бзэр абыхэм ятокIуэ, н. ж., бзэ ассимиляцэр щIэгъэхуэбжьауэ телевиденэм и зэранкIэ йокIуэкI, абы нэгъуэщIыбзэкIэ сабийр щеплъкIэ. Сыт хуэдэ телевиденэ-тIэ адыгэ щIэблэр зэплъыр? Спутник системэм и гугъу тщIыхэнкъым, ауэ къызэрыгуэкI антеннэкIэ иджыпсту уоплъыф канал зыбгъупщI, къанэ щIагъуэ щымыIэу псори урысыбзэу. КIуэ зы канал-каналитI хамэ къэралыбзэуи хэтщ. Адыгэбзэм махуэм къылъысыр хьэдэгъуэдахэу мащIэщ, а мащIэри зыхуэзэр цIыхур телевизор нэхъ щемыплъыф, и Iуэху нэхъ щыхуэмыкIуэ зэманырщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а къагъэлъагъуэ тIэкIуми удихьэхыу уеплъыну яхэтыр закъуэтIакъуэххэщ. Суткэм хуэзэу сыхьэт 24-р зи анэдэлъхубзэм хухэха нэгъуэщI лъэпкъ гуэрым эфир зэман лъапIейр апхуэдэ Iуэхугъуэ мыхьэнэншэхэм хухихынкIэ Iэмал иIэкъым, эфир зэману дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа зимыIэ адыгэхэм ар мыхьэнэншэу зэрагъэкIуэдым хуэдэу. Аращи, сабийр гущэм щыхэлъым щыщIэдзауэ нэхъыбэу зэхихыр адыгэбзэкъым. Апхуэдэурэ кIуэмэ, зэман гъунэгъум къалэр къэгъэнауэ, адыгэ къуажэхэми адыгэбзэкIэ сабийхэр щымыпсэлъэжу хъунущ. Мыр едгъэлейуэ къыфщымыхъун папщIэ, щапхъэ къэтхьыну дыхуейщ, абы щыхьэт техъуэу. Тыркум щыпсэу адыгэхэм я деж 1994 гъэм экспедицэ дыкIуауэ щытащ, я бзэ, я хабзэ сытхэм дыкIэлъыплъыну. Къайсэр лъэныкъуэкIэ адыгэ фIэкIа нэгъуэщI лъэпкъ яхэмысу къуажэ пщIы бжыгъэхэр щыIэщ. Абыхэм дэс балигъхэр уэрсэру адыгэбзэкIэ къыдэпсалъэрт, сабийхэм анэдэлъхубзэм и пIэкIэ яIурылъыр тыркубзэт, кIуэ, зыгуэр тIэкIу къагурыIуэу арат анэдэлъхубзэмкIэ. Абы и щхьэусыгъуэм дыщIэупщIати, къыджаIар мыращ: апхуэдэу зэрыхъурэ куэд щIакъым – иужь илъэс 15-20-рщ. Ар нэхъыщхьэу зи ягъэу къалъытэри канал куэдкIэ тыркубзэкIэ къахэпсэлъыхь телевиденэрщ: еджапIэм макIуэри тыркубзэкIэ йоджэ, унэм

къокIуэжри тыркубзэ телевизорым йоплъ. Аращи, абы теша мэхъу. Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. Инджылызым и Уэльс щIыпIэм щыIэщ лъэпкъ мащIэ, валиибзэ жыхуаIэр яIурылъу. Инджылызыбзэм къыдигуэурэ хэкIуэдэж щыхъум, а лъэпкъым и интеллигенцэм зыкъаIэтащ, я бзэр хъума хъунымкIэ къэралыр къадэIэпыкъуну къагъэуву. Псом япэуи абыхэм правительствэм паубыдар я бзэкIэ лажьэ телеканал къызэгъэпэщынырщ. Валиибзэ езыгъаджэ егъэджакIуэхэм жаIэрт апхуэдизу гугъу зыдрагъэхьу сабийм ирагъащIэ анэдэлъхубзэр жэщи махуи телеэкраным къиIукI инджылызыбзэм сабийхэм зэраIэпиудыжыр, апхуэдэ щIыкIэкIи я лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрыхъур. Британием и правительствэм и унафэкIэ, 1980 гъэм Уэльсым «ЕплIанэ канал» жыхуаIэр иратауэ щытащ, валиибзэ защIэкIэ лэжьэну, абы лъандэри валиибзэр ассимиляцэм пэщIэтыф хъуащ.

Си дежкIэ нэрылъагъущ адыгэ телеканали щыIэн зэрыхуейр, икIи ДАХ-м и Программэм апхуэдэ телевиденэ къызэгъэпэщын Iуэхур хэту щыслъэгъуам сригуфIауэ щытащ. ЗэкIэ сэ сыщыгъуазэкъым а IуэхумкIэ зыгуэр лэжьа хъуауэ. Мыр адэкIэ ебгъэтIылъэкI хъунукъым. Дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ хуэгъэкъаруунукъым адыгэбзэкIэ лажьэ телевиденэ зэтегъэувэныр, Адыгейри аращ, ауэ дэнэкIи щыIэ адыгэри зэхыхьэу адыгэ псори зэплъыфын спутник телевиденэ яхузэтеублэну къысфIощI, суткэм сыхьэт зыбгъупщI лажьэу, къигъэлъагъуэхэри цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэну, н.ж., адрей канал къомым япеуэфу, абыкIи адыгэ псори я анэдэлъхубзэм тришэжу, езы адыгэхэри зэбгъэдишэжу.



Сэ шэч къытесхьэркъым си тхыгъэр зытеухуа къалэнитIыр тхуэгъэкъару закъуэмэ, нэгъуэщI зыри дымылэжьми, абыкIэ ди бзэр зэман куэдкIэ дяпэкIи зэрытхуэхъумэнум.

Бзэм гъащIэ иIэнуми имыIэнуми псом япэу зэлъытар ар зей лъэпкъыращ. ЗэхъуэкIыныгъэ екIуэкIхэр дапхуэдизу къыттемыгуплIэми, абы дызэрыпэлъэщын къарурэ ди бзэм делъэпауэ зэрымыхъунур къызэрыдгурыIуэн акъылрэ адыгэм къытлъыкъуэкIыну согугъэ.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# ГЪУКIЭ-МЭРЕМКЪУЛ Маринэ

# ЖЬАПЩЭ

*Рассказ*



Ныжэбэ лъандэрэ жьышхуэ къопщэ. Къали къуажи зэщIипхъэнкIащи, итIанэми и гур мызагъэу «мэшхыдэ». Жэщым абы мазэри еубзащ, нэху щыри, дыгъэри къыхуэгуфIащ, ауэ и губжьыр зикI яхутегъэуркъым.

Аслъэн фIэфIтэкъым жьапщэр, сыту жып1эмэ и гъащIэм и нэхъ махуэ Iейхэр абы епхати. Махуэм жьышхуэ къепщэу щIидзамэ, шынэ къищтауэ, гузавэрт зы Iей гуэр къэхъункIэ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, ноби апхуэдэ зы махуэ гугъущи, аргуэру жьышхуэ къопщэ.

– Аслъэн, псори тэмэм хъунущ, аракъэ? – жиIэри, Линэ абы и гупсысэхэр зэпиудащ.

Аслъэн и шыпхъум хуеплъэкIри, мащIэу пыгуфIыкIащ. Зы сыхьэтым кърихубыдэу иджы епщIанэу къритырт а упщIэр Линэ.

– Псори тэмэм хъунущ, умыгузавэ, – жиIэри, Аслъэн и шыпхъум и щхьэфэм щабэу Iэ дилъащ.

– Уэ удимыIамэ, дауэ дыхъунут? Хэтыт итIанэ мамэ и Iуэхур зезыхуэнур?

«Сэ сывимыIамэ, уи мамэр сымэджэнутэкъым», – щыкIэрахъуэрт щIалэм и щхьэм, ауэ и жьэм зы псалъи къыжьэдэкIыртэкъым.

– Операцэр тэмэму зэф1эк1мэ, мамэ езыр-езыру къикIухьыфынущи, Iэджэми кIуэну жеIэ. «Ди благъэу хъуам я деж сыкIуэнущ», къызжи1ащ, – мэгуф1э Линэ.

Аслъэн и тхьэкIумэ ауи ихьэртэкъым и шыпхъум жи1эхэр. Ар кIэлъыплъырт щхьэгъубжэм къеныкъуэкъу жьым, икIи игу къигъэкIыжырт илъэс тIощI и пэкIэ, и гъащIэ псор ихъуэжын мурад иIэу, абы къыхукъуэуауэ щыта «жьыбгъэшхуэр»...

А махуэри уэлбанэу къыщIидзат. Унэ лъахъшэ цIыкIум и щыгум щыджэгу жьыбгъэр Аслъэн иныжь шынагъуэ гуэру къыщохъу. Ар ябгэщ, къарууфIэщ, щысхь лъэпкъ иIэкъым. Абы зыщихъумэн папщIэ Аслъэн и нэ цIыкIухэр зэтрепIэ, и тхьэкIумэхэр IэкIэ еубыд. Ауэ сымаджэу хэлъ анэр къеджэ хъумэ зэхимыхынкIэ къогузэвэжри, и Iэхэр ирехьэхыж.

– Зэ убэяуну? – жери, Аслъэн цIыкIу щхьэгъубжэмкIэ дэплъурэ жьыбгъэм IэштIым хуегъэлъагъуэ. – Дыгъэри къыкъуэкIыжащ, увыIэ иджы!

Ауэ жьыбгъэри ерыщщи, «уэрэ сэрэ текIуэм деплъынщ», жыхуиIэу, унащхьэр тричыну къоныкъуэкъу. Аслъэн щхьэгъубжэм къыIуокIыжри, и анэр зыхэлъ гъуэлъыпIэм бгъэдохьэ.

– Мамэ, мамэ, – щэхуу йоджэ.

Анэм и нэхэр хуэмурэ къызэтрех, ауэ къаруушэ хъуа цIыхубзым ар къытохьэлъэри, занщIэу зэтрепIэж.

– Мамэ, умэжалIэрэ? Сэ иджыпсту Люсэхэ сыкIуэнщи, зыгуэр къыпхуеIысхынщ... – жи Аслъэн.

Ауэ дунейм ерыскъы гуэри тету зымыщIэж анэр пщIыхьэпIэ шынагъуэ гуэрхэм хэтщи, ихъуреягъкIэ къыщекIуэкIхэр къыфIэIуэхужкъым. Ар махуитI хъуауэ зэрымышхар, унэм зы дзэкъэгъуэ зэрыщIэмылъыр Аслъэн ещIэжри,

шхыныгъуэ гуэр къигъуэтын щхьэкIэ щIэкIыну мурад ещI. Пэжщ, ар жыбгъэм тIэкIу щышынэрт, ауэ апхуэдэ Iуэхушхуэ иIэу Аслъэн къикIуэтынт?! Абы быдэу и фIэщ хъурт: и анэм и ныбжьэгъу Люсэхэ деж кIуэрэ шхын тIэкIу къыхуихьмэ, и ныбэ изу игъашхэмэ, ар куэдкIэ нэхъыфI хъужынущ.

Куэд дэмыкIыу Аслъэн нэсащ Люсэхэ я деж, арщхьэкIэ куэбжэр гъэбыдауэ къыщIэкIащ. Ар и гум щIыхьауэ, икIи махуитI хъуауэ и анэм деж щIэупщIакIуэ нэмыкIуа Люсэ хузэгуэпу, Аслъэн къигъэзэжащ. «Ар мамэу щытамэ, зы махуэ къэмынэу Люсэ щIэупщIэнут. Зэрысымаджэри тэмэму зэрымышхэри ещIэ, итIанэми...», – шхыдэрт ар игукIэ.

Аслъэн унэм хуэзышэж гъуэгум техьэжын папщIэ парк цIыкIумкIэ икIын хуейт. И анэмрэ езымрэ сыт хуэдизрэ къакIуэрэт а паркым! Уеблэмэ абыхэм хэхауэ яIэт еша нэужь зыщагъэпсэху тетIысхьэпIи. Аддэ жыгхэм нэхъ хэгъэпщкIуахьауэ щытт ар. Сыту куэд щIауэ темысыжарэ а тIур абдежым? Аслъэн и анэм зэризакъуэм щхьэкIэ гузавэми, а тетIысхьэпIэм фIэкIыфакъым. И нэгу къыщIэувэжащ и анэмрэ езымрэ уэршэру, гуфIэжу мыбдеж зэрытесар. ЩIалэ цIыкIум зыздиплъыхьым, и нэр хуэзащ пэмыжыжьэу щыт тетIысхьэпIэм тес цIыхубзым. Абы и бохъшэм ахъшэ къыдихауэ ибжырт. Аслъэн занщIэу и нэгу къыщIигъэхьащ, а ахъшэм щыщ тIэкIу иIамэ, и анэм къыхуищэхуфыну псор. Ар игъэшхэнт, хущхъуэ зыхуеинухэр къыхуищэхунт. Ауэ дауэ ар къызэрыIихынур? Сыт жиIэу? ЦIыхубзым ахъшэр бжын иухри, бохъшэм дилъхьэжащ. Абы щыщ тIэкIу иIамэ…

Аслъэн къотэджри, хуэмурэ цIыхубзым бгъэдохьэ. Зыгуэр къигупсысынщи елъэIунщ, армыхъумэ апхуэдэу шхыныншэу дауэ щIэсынхэ?! ЩIалэ цIыкIур хуэмурэ хуокIуатэ цIыхубзым. Мыдрейми, игу хьэрэмыгъэ лъэпкъ къэмыкIыу, и бохъшэр тетIысхьэпIэм трилъхьауэ, и сумкэм зыгуэр къыщелъыхъуэ. Аслъэн цIыхубз хамэм бгъэдыхьэри, абы и пащхьэм иуващ.

– Сыт, щIалэ цIыкIу? Зыгуэр ухуейт?

– Сэ… – кърегъажьэ Аслъэн, ауэ адэкIэ жиIэнур хузэпымыщэу, зэуэ мапхъуэри бохъшэр къещтэ, икIи жэрыгъэкIэ щIопхъуэж.

– КъэувыIэ, напэншэ, къэувыIэ! – кIийурэ цIыхубзыр къыкIэлъожэ.

Аслъэн здэжэм бохъшэм сом щитху къыдехри, зредзэкIыж. Паркым щижыжым зэ къызэплъэкIыжри, къилъэгъуащ цIыхубзыр зэрыджэлар. «Ар къэтэджыжыху зэман сиIэщ», жыхуиIэу, Аслъэн щIопхъуэж, и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ.

ЦIыхубзым фIыуэ пэжыжьэ хъуа нэужьщ щIалэ цIыкIур къыщызэтеувыIар. «А сэ сщIар… А сэ сщIар...», – а гупсысэрат иджыпсту абы и щхьэм щызеуэр. «Ар мамэ къищIамэ, сиукIыпэнт. Абы нэхъ хьэл мыгъуэ щыIэкъым. Сыт хуэдизрэ къыжриIэрэт абы «уумей умышх», жиIэу?! Ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэтэкъым: анэр мэжалIэрт… АбыкIэ и гур игъэфIурэ, тыкуэным хуиунэтIащ Аслъэн цIыкIу.

ДакъикъипщI дэкIри, Аслъэн шэ птулъкIэ, щIакхъуэ, анэм фIыуэ илъагъу кIэнфет гуэрхэр иIыгъыу унэм щIыхьэжащ. «Дэнэ къыздипхар?!» – жиIэу анэр къызэреупщIынур ищIэ пэтми, абы зыгуэр зэришхыну къудейм игъэгуфIэрти, гупсысэ мышыухэр зытрихурт.

Унэм щыщIыхьэжам, анэр иджыри пIэм зэрыхэлът, и нэхэр зэтепIауэ.

– Мамэ, – хуэмурэ йоджэ абы Аслъэн. – Мамэ, еплъыт мы сэ къыпхуэсхьахэм. ТIэкIу ушхамэ, арат...

Анэм зыри зэхимых хуэдэт.

– Мамэ, мамэ, къэуш... Мамэ... - йоджэ щIалэ цIыкIур… ИгъащIэкIэ къызыхэмыкIыжыну жейм анэр зэрыхыхьар къыщыгурыIуэм, унащхьэр зэтричу кIиящ:

– Ма-а-мэ-э...

Аслъэн цIыкIу хуэмурэ гъуэлъыпIэм къыбгъэдэкIыжри, абы пэмыжыжьэу щыт шэнтжьейм итIысхьащ. Къежэхын хьэзыру и нэхэм нэпс къытелъэдат,

ауэ, итIани, зиIыгът. Аслъэн и нэр тенауэ еплъырт стIолым тет шэ птулъкIэм, щIакхъуэм, анэм зэикI имышхыжыну кIэнфетхэм. Абыхэм ябгъукIэ къыщылът нобэрей ахъшэ «фIейхэм» къадэхуа жыгъейхэри. Псори къызэпиплъыхьа нэужь, нэгъуэщI хэкIыпIэ зымыгъуэтыж сабийр щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри, и макъ къызэрихькIэ аргуэру кIиящ...

Зэман дэкIыу, къэхъуар къэзыщIа хьэблэр къызэхуэса нэужьи и пIэм икIакъым Аслъэн. Хэт къемыпсалъэми, сыт хуэдэ упщIэ кърамытми, ар щымт. Сытыт жиIэнури?! И гум щыщIэ псор къызэриIуэтэн псалъэ абы дэнэт къыздрихынур?! Аслъэн и сабий акъылым иджыри хузэгъэзахуэртэкъым ахэр.

Аслъэн псэлъакъым, и адэр къыщыдыхьэжами езым и деж зэришэжынур къыщыжриIами. Адэм и нэгу иплъэну гукъыдэж лъэпкъ иIэтэкъым абы. А къэхъуамкIэ Аслъэн псори игъэкъуаншэрт.

ЕтIуанэ махуэм Аслъэн и хьэпшыпхэр зэщIикъуэщ, и адэм и гъусэу машинэм итIысхьэри, ибгынащ къыщалъхуа и унэр. И гъащIэм Iейуэ къыщыхъуну хъуар махуэ блэкIахэм здахьауэ къыщыхъуми, нэхъ гъэщIэгъуэныр къыщыпэплъэр а здэкIуэрауэ къыщIэкIащ. Унэбжэр Iуахыу зэрыщIыхьэжхэу, Аслъэн и адэр джащ:

– Эммэ, дэ дыкъэсыжащ…

Унэм зыгуэри щIэсу къыпхуэмыщIэну, зы дакъикъэкIэ щыму щытащ. ИужькIэ пщэфIапIэбжэр зэIукIри, адэр «Эммэ»-кIэ зэджа цIыхубзыр коляскэкIэ къыщIэкIащ. Аслъэн абы и нэгум иплъэри – къэскIащ. Ар паркым щихъунщIауэ щыта цIыхубзыр арат...

– Къеблагъэ, Аслъэн, – жи Эммэ гуапэу. – Куэд щIауэ узэзгъэцIыхуну сыхуейт. Фи деж сынэкIуэну сынежьат махуэ бжыгъэ и пэкIэ, ауэ хъунщIакIуэ гуэр къыстеуэри, мис мыпхуэдэ фэбжь хэсхащ... НакIуэ, пэш пхуэзгъэхьэзырам уезгъэплъынщ... Мыр иджы уэри уи унэщ...

Аслъэн зыгуэр жиIэнут, ауэ къыхудэшейтэкъым, апхуэдизкIэ къэщтати. «СыкъицIыхужакъым», – аращ япэу игу къэкIар. Эммэ абы зыгуэркIэ къеупщIым хуэдэу къеплъырт...

... Аслъэн и гукъэкIыжхэм къыхишащ гъунэгъу палатэм щIэлъ сабийм и гъы макъым.

– Сыту гъыринэ а сабийр, – жи Линэ.

Абы жиIар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, Аслъэн и шыпхъум хуоплъэкI.

– Уэ унэхъ щIагъуэу ущыта уи гугъэжрэ? – мэдыхьэшх Аслъэн.

– Апхуэдизу сыгъыртэкъым сэ...

– Нэхъ Iеижу угъырт, жэщ-махуэ димыIэу утедгъэурт.

– Уэри сытебгъэурэт?

– Сэ псом нэхърэ нэхъыбэрэ...

Ар пэжт. Аслъэн и шыпхъу цIыкIум зэман куэд тригъэкIуадэрт, фIэгъэщIэгъуэну дэджэгурт. Пэжу, и адэм деж къыщыкIуэжагъащIэм ар щIыIэщIыIэут абы зэрыхущытыр. Сабийм и гъы макъ зэрызэхихыу, и пэшыбжэр къигъэбыдэрти, къыщIэкIыххэртэкъым. ХуэмышэчыжыххэщIыхъукIэ, «Мыр сыт?! Мыр сыт щыгъуи гъыуэ ара? Дапщэщ мыбы гъын щыщигъэтынур?» жиIэурэ шхыдэрт. ГъэщIэгъуэныракъэ, апхуэдэхэм деж Эмми, и адэми абы и жагъуэ хъуну зы псалъэ къыжраIэртэкъым.

Ауэ псоми зригъэхъуэжащ зы махуэ гуэрым къэхъуа Iуэхугъуэм. Пщэдджыжьым и адэр лэжьапIэ кIуэри, езы щыр унэм къыщIэнат. Аслъэн, сыт щыгъуи хуэдэу, и пэшым щIэст къыщIэмыкIыу. И анэм и сурэтыр и пащхьэ иригъэувауэ, абы тритхыкIыурэ сурэт ищIырт. Адрей пэшым зэпымыууэ къыщIэIукIырт Линэ и гъы макъ. «Умыгъ, умыгъ, иджыпсту узгъэшхэнщ, си хъыджэбз цIыкIу», – тригъэурт ар Эммэ. «Ар щымыгъ слъэгъуакъым, сэ», – игукIэ шхыдэрт Аслъэн.

Абы занщIэу гу лъитакъым сабий гъы макъым балигъ гъы макъ къызэрыщIэувам. «Уи Iуэху хэлъкъым, хуеймэ езыхэр бэяужынщ», – егупсы-

сырт ар. Ауэ, итIанэми, дяпэкIэ зыхущIегъуэжын Iуэху имыщIэну псалъэ зэрызритыжар ищIэжырти, къэтэджри щIэкIащ, икIи илъэгъуа Iуэхугъуэм хуабжьу къигъэщтащ. Эммэ игъэшхэну къищта сабийм зыIэщIиудри джэлауэ унэ лъэгум гъыуэ илът, ар къиштэжыну зыхузэфIэмыкI анэри гъыуэ коляскэм ист.

Аслъэн сабийм бгъэдэлъадэри къиштэжащ. Линэ зэран екIатэкъым, зэрыджэлам къигъэщтауэ гъыуэ арат.

– Аслъэн, сыту фIыуэ дызэхэпха, – гъырт Эммэ. – Зыми дыкъимыщIэурэ, сабийр мэхынущ, жысIэу сыгузавэрт.

– Къэхь мыдэ птулъкIэр, сэ згъэшхэнщ, уэ иджыри уи Iэхэр мэкIэзыз, – жиIэри, щIалэ цIыкIум сабийр и куэщIым иригъэгъуэлъхьащ.

Линэ зэрыгъар щыгъупщэжауэ, иджы гуфIэрт, и дэлъхум къыдэджэгуну хэтт.

Мис абдежым щыщIидзащ Аслъэн и гур къэткIужын. Иджы абы и гъащIэм дыгъэ къуэпсу хэтт Линэ. Абы щыдэджэгум и закъуэт Аслъэн и нэгум гуфIэгъуэ илъу щыплъагъур. Губжьымрэ гуауэмрэ зэуэ щхьэщыкIырти, сабиигъуэм и IэфIыгъуэ псори абы я пIэ къиувэрт. Апхуэдэхэм деж ар япэрей Аслъэным ещхь хъужырт, нэфIэгуфIэу, насыпыфIэу...

Сымаджэщым и кIэлындорым здытетым, Линэ Аслъэн зыкъыхуегъазэ:

– Аслъэн, япэу сызэрыпсэльар къызжеIэжыт, кхъыIэ?

– Сыту ухьэлэмэт уэ, – мэхъущIэ Аслъэн. – Дапщэрэ бжетIэжа ар?!

– КхъыIэ...

– Хъунщ, хъунщ... Уэ уджэгуу унэ лъэгум уздисым, сэ пэшым сыкъыщIэкIыу сыкъэплъагъури, «Аслъэн», жыпIэри укъызэджат. Аращ уи япэ псалъэр...

– Ар уэ псом нэхърэ нэхъыфIу услъагъути аращ...

Аслъэн къыпыгуфIыкIащ… Абы игу къэкIыжащ Линэ псалъэ гуэрхэр жрагъэIэным адэ-анэр темыгушхуэу зыкъомрэ зэрыщытар. Абы щхьэусыгъуэ иIэт… Линэ зыгуэрхэр къибж щыхъуа зэманти, ар яфIэгъэщIэгъуэну адэ-анэр абы епсалъэрт.

– «Мамэ» жыIэт, «папэ» жыIэт, – зэпымыууэ къытрагъэзэжырт абыхэм.

– ИIэ, «мамэ» жыIэ, «ма-мэ», – тригъэчыныхьырт Эммэ. Аслъэн абы здедаIуэм, гу лъимытэжу и нэпсыр къыфIыщIэжащ. Ар зылъэгъуа и адэри Эмми зэуэ щым хъуахэщ...

Псоми къалъагъуу зэрыгъам ириукIытэжауэ, Аслъэн къыщылъэтри, и пэшым щIэлъэдэжащ. Абы фIы дыдэу ещIэж зэм и адэр, зэм Эммэ къыщIыхьэурэ къахуигъэгъуну къызэрелъэIуар. ЩIалэ цIыкIум къыгурыIуэрт а къэхъуам абыхэм я къуаншагъэ зэрыхэмылъыр, итIанэми зы псалъэ къыхудэшейртэкъым...

– Сыту куэдрэ екIуэкIрэ мы операцэр, – жи Линэ, Аслъэн и гукъэк1ыжхэм къыхишу. – Зэ иухамэ арат, согузавэ. Мамэ тэмэм хъужауэ слъэгъуамэ...

– Умыгузавэ, псори тэмэм хъунущ.

– Линэ, шыIэныгъэ жыхуаIэ уиIэкъым, тIэкIу етIысэхи щыс, – мэшхыдэ иджыри къэс мамыра адэр. – Псори догузавэ, ауэ уэ зыращ темыпыIэр...

– Хъунщ, папэ, – зыри жысIэнкъым, – зегъэгусэ Линэ. – Жьы къабзэкIэ сыбэуэнщи сыкъыщIыхьэжынщ...

– Уешхыдэн хуеякъым, папэ, мэгузавэри аращ ар... – жи Аслъэн.

– Сабийм хуэдэщ мы хъыджэбзыр. Дапщэщ мыр балигъ щыхъунур?!

– Псоми чэзу иIэщ...

Зэман гуэркIэ псалъэмакъыншэу щысахэу, адэр щIоупщIэ:

– Дыгъуасэ псори дыкъыщIигъэкIри, Эммэ куэдрэ къопсэлъащ…

АдэкIэ зыри къыпищатэкъым адэм, ауэ Аслъэн къыгурыIуат ар сыткIэ къеупщIыну хуейми.

– Нобэрей операцэм дытепсэлъыхьауэ аращ, тIэкIу гузавэрти, тезгъэуащ.

Пэжу жыпIэмэ, операцэ Iуэху зэрихуатэкъым Эммэ. Абы и гур щIэгузавэр нэгъуэщIт: а тIум зы щэху гуэр яIэт, адэми Лини ямыщIэу, къащIи мыхъуну. Эммэ Аслъэн къелъэIурт а щэхур абыхэм яжримыIэу игъащIэкIи ихъумэну.

– Аслъэн, тхьэ къысхуэIуэ, – лъаIуэрт Эммэ. Сэ сыхуейкъым а щэхур уи шыпхъумрэ уэрэ фи зэхуаку блыну дэтыну.

Илъэс IэджэкIэ и гум щигъэват а щэхур Аслъэн, абы къыхэкIыуи ар ибзыщIыну къызэрелъэIур Iуэхушхуэ гуэру къыщыхъуртэкъым. Уеблэмэ япэ дыдэу ар зэрыхуиIуатэ лъандэрэ Эмми а зырат къызэрелъэIур.

А махуэр Аслъэн куэдрэ игу къегъэкIыж... Школыр къиухауэ, ар Мэзкуу еджапIэ ирагъажьэрт. Пщыхьэщхьэм, къажыхьу, абы и хьэпшыпхэр хузэралъхьэрт, апхуэдэу дзыхь хуэпщIу еджакIуэ бгъакIуэ хьун щIалэ Аслъэн къызэрыхэкIам адэри Эмми иригушхуэу. Ауэ ягу къызэрыкIынур ящIэрти, абы иринэщхъейхэт.

– Зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм укъэкIуэжынущ, пэжкъэ? Пщыхьэщхьэ къэс къэпсалъэ, уи Iуэху зытет тщIэн хуэдэу, – жиIэурэ гъырт Эммэ. – Ауэ сытми дигу укъэкIыну иджы...

Аслъэн зыри жимыIэу абы едаIуэрт икIи гузавэрт, апхуэдизу фIыуэ къэзылъагъухэм къащыщIа мыгъуагъэр зи лажьэр езыр зэрыарар къащIэмэ, дауэ зыкъысхуащIыну пIэрэ, жиIэу. ИгъащIэкIэ къыIумыплъэжыну жаIэми, хуэфащэт. Ауэ Аслъэн хуейтэкъым фIыуэ илъэгъуа, и гум къыдыхьа унагъуэр фIэкIуэдыну. Гъуэгуанэ жыжьэ теувэнути, зэгуэр къыIэщIэщIа щIэщхъур и гум хьэлъэу темылъу ежьэмэ нэхъ къищтэрт.

Зиплъыхьри, Линэ адрей пэшым джэгуу щIэст, и адэри зыгуэр къеджэри щIэкIауэ пщIантIэм дэтти, Аслъэн къэгуфIащ, Эммэ и закъуэ щIыкIэ сепсэлъэнщ, жери.

– Эммэ, кхъыIэ, хъунумэ, зы дакъикъэкIэ къызэдаIуэ, – жиIэри абы и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу щетIысэхащ Аслъэн. – Мы сэ иджыпсту бжесIэжынум ди зэхущытыкIэр ихъуэжынкIэ хъунущ, ауэ афIэкIа сигу схуигъэлъынукъым. Сэ япэу папэ и гъусэу мы унэм сыкъыщыкIуам уэ къызжепIэжауэ щытащ мамэрэ сэрэ укъытщIэупщIэну унакIуэ пэтрэ хьунщIакIуэ гуэр къыптеуэу уэзригъэджэлар, уи фэбжьри зыхэпхар арауэ. Мис а хьунщIакIуэр... а хьунщIакIуэр... сэращ… А махуэм сщIар игъащIэкIи схуэмыпшыныжын щIэпхъаджэщ... Ар къызыхэкIари мамэ езгъэшхын зэрызмыгъуэтырт... СрихулIат... Сэ сытым хуэдэу сыхущIегъуэжрэ абы...

– Аслъэн, – зэпеуд абы и псалъэхэр Эммэ. – Мыпхуэдэу сыкъэзыгъэна цIыхум и нэгур сэ сигу измыубыда уи гугъэ? Сэ сымыщIэ лъэпкъ къызжепIакъым уэ иджыпсту… Сынызэролъэlур зыщ: уи адэмрэ уи шыпхъумрэ ар къыумыгъащIэ... Зэ мыхъуми зэ ар фи зэхуаку къыдэувэнущ, итIанэ фызэфIэкIуэдынущ. Сэ псори пхуэзгъэгъуащ… Уэ усабийти, апхуэдиз бэлыхь абы кърикIуэну пщIакъым. ИтIанэ, уэ апхуэдэ гъащIэ уиIэн хуей зэрыхъуам дэри ди къуаншагъэ хэлъщ. Уи адэр щIэх-щIэхыурэ нэкIуэн хуеящ, фэ шхын фыхуэмыныкъуэныр арат зи къалэныр...

Куэдрэ зэбгъэдэсат ахэр зэдэуэршэру. Апхуэдиз илъэсым и псэм хьэлъэу телъар щхьэщыкIри, Аслъэн бэуэжат хуиту. Абы Эммэ къигъэгугъат ар зекIуэу хъужын папщIэ хузэфIэкI къимыгъэнэну.

ЕджапIэ ищхьэр къиухыу лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыхьа нэужь, Аслъэн дохутырыфIу щыIэр къызэхикIухьащ, Эммэ игъэхъужын папщIэ…

– Мор ди дохутырыракъэ? – кIэлындорым къреикIуэ лIым гу лъетэ адэм. Зэадэзэкъуэр пIащIэу абы бгъэдохьэ.

– Дауэ хъуа операцэр? – щIоупщIэ ахэр.

– Фымыгузавэ, псори тэмэму зэфIэкIащ, – жи хирургым. – АдэкIэ къыфпэщылъыр хуэм-хуэмурэ къикIухьу евгъэсэжын хуейуэ аращ. Абы теухуауэ иджыри зэ дызэпсэлъэжынщ, фщIэн хуейхэр вжесIэнщ. Ахэр тэмэму вгъэзащIэмэ, зы мазэкIэ езыр-езыру къикIухьыжынущ, фымыгузавэ...

Дохутырым и псалъэхэр зэпиуду, жьапщэ къыкъуэуам щхьэгъубжэр Iуиудри пэшым къыщIэуащ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, иджы ар Аслъэн щабэу къедэхащIэ мыхъумэ, ауи игъэшынэртэкъым...

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **5.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **6.** «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта драматург цIэрыIуэ IутIыж Борис къыщалъхуа къуажэ. **9.** «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа усакIуэ-уэрэдус. **10.** «Лъагъуэхэр. ... .» - Нало Ахьмэдхъан и рассказ. **11.** «ЗекIуэу щыплъагъукIэ а дахэм ... хуэм ес къазу уIуплъэрт.» - ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм щыщщ. **12.** Лъэпкъ искусствэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа адыгэ композитор. **14.** «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» романыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ. **18.** «... кIапэ» - МафIэдз Сэрэбий и повесть. **20.** «Фронтым ...» - Къардэн Бубэ и повесть. **21.** ЕкIуу, шэрыуэу псалъэ цIыху. **23.** Совет Союзым и ЛIыхъужь зэкъуэш-

хэм я унэцIэр. **24.** УсакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан сабийхэм яхуитха усэхэр зэрыт тхылъ. **27.** ДыжьынкIэ ла, щIэгъэна афэ. **29.** «Къэбэрдей тхакIуэхэр» тхылъыр зэхэзылъхьа щIэныгъэлI. **31.** Илъэс щэщI фIэкIа къэзымыгъэщIа адыгэ прозаик Iэзэ. **32.** «... уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ ...» - Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Бицу Анатолэ и усэ. **33.** КIэщт Мухьэз и усэ. **34.** Сабийхэм папщIэ адыгэбзэкIэ къыдэкI журнал. **35.** Адыгэ псысэхэм хэт бзылъхугъэ дахэкIей. **37.** «Дахэнагъуэ» пьесэр зи IэдакъэщIэкI адыгэ драматург. **39.** Гъэмахуэ жэщхэм къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыблэ вагъуищ. **41.** Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр зэзыдзэкIа адыгэ тхакIуэ.

*Къехыу:* **1.** «... хъуар гу махэщ» - ПащIэ Бэчмырзэ и усэ. **2.** Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэ» новеллэм къытращIыкIа спектаклым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа артистыр. **3.** Кхъухь къагъэувыIар и пIэм имыкIыу псым тетын папщIэ къагъэсэбэп гъущIыбжэ. **4.** «... лъэ макъ» - Щомахуэ Амырхъан и усэ тхылъ. **5.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **7.** КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым папщIэ сэшхуэ» романхэм хэт абрэдж хъыжьэ. **8.** «Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэу щыта тхакIуэ. **13.** ... зиIэм уахътыи иIэщ (псалъэжь). **15.** Улажьэмэ, ... пшхынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ (псалъэжь). **16.** «... и гъыбзэ» - адыгэ уэрэдыжь. **17.** «Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэу щыта усакIуэ КIэщт Мухьэз къыщалъхуа къуажэ. **19.** Адыгэ пшынауэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ (и цIэр). **22.** ... Борис - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и етIуанэ тхьэмадэу щытар. **25.** КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я ныбжьэгъуу щыта дагъыстэн усакIуэшхуэ. **26.** УсакIуэхэу Гъубжокъуэ Лиуанрэ Джэрыджэ Арсенрэ къыщалъхуа къуажэ. **28.** «... и къуэладжэ» - Уэхъутэ Абдулыхь и поэмэ. **30.** Сабий усакIуэ. **31.** ФIы зигу къыпхуилъ, уи дзыхь зэбгъэз цIыху (*архаизм*). **36.** «Мывэ ...» - КIыщокъуэ Алим и усэ тхылъ. **38.** «Шы ... лъэ псыгъуэм уи фэр изоплъри...» - ЩоджэнцIыкIу Алий щIыгъуу нэмыцэIуэм икIуэда Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **40.** Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу илъэс зыбжанэкIэ щыта, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ артист. Абы и цIэр зэрехьэ Черкесск къалэм дэт драмтеатрым. **42.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артисткэ.

---

**Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **1.** ХьэщIэ. **5.** ИкIута. **8.** Румын. **9.** ХъунщIакIуэ. **10.** Акъсырэ. **11.** Фэдэн. **15.** ЩIымахуэ. **16.** Мудрэн. **17.** Бру. **18.** Бжьэпэ. **20.** Дудакъ. **24.** Лэгъуп. **25.** Бжьэ. **26.** Адэр. **27.** Лэдэх. **28.** ХьэIупэ. **30.** Къан. **33.** Жэрыкъуэ. **35.** Дамэду. **38.** Джэлэс. **41.** Данагъуэ. **42.** Уэзрэдж. **43.** Дудар. **44.** Хъурмэ. **45.** Амур.

*Къехыу:* **1.** ХьэхъупащIэ. **2.** ЩIыщIэ. **3.** Арэф. **4.** Къунан. **6.** КIумыхъу. **7.** Адэжынэ. **12.** Даур. **13.** Шху. **14.** Шу. **18.** Билал. **19.** Пыпхэ. **21.** «Унагъуэ». **22.** Къармэ. **23.** Яжьэ. **29.** Бжэндэхъу. **31.** Анэл. **32.** Аушыджэр. **34.** Къум. **36.** Акъ. **37.** Анэм. **38.** Джэду. **39.** Сурэ. **40.** Кърым.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№4**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Granted Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Залина Гетокова

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 17.08.18. Выход в свет 31.08.18
Формат 70х108$^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.044 экз. Заказ №333
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».